# МАХ ДУГ

3
2021



**ЦÆЛЛАГТЫ Фатимæ.** *Уынайлаг дидинджытæ*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ
2021

# МАХ ДУГ

3
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**УАРЗОНДЗИНАДЫ ЛИРИКÆ**
*Æмдзæвгæтæ* .......................................................................................... 5
ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ Победæ. *Этюдтæ* ......................................... 10
**ДЗУГАТЫ ГЕОРГИ: 110 АЗЫ**
ДЗУГАТЫ Георги. Лæууын, табу кæнгæ, дæ разы. *Æмдзæвгæтæ* ... 15
ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ. Цин æмæ сагъæсты
æргъæу галуан. *Уац* ............................................................................. 20
Георгийы тыххæй йе 'мдугонты хъуыдытæ ..................................... 36
**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
ХУЫГАТЫ Ирлан. Хъодыгонд. *Уацау-новеллæ* ................................ 39
**ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ**
ÆЛБОРТЫ Беллæ. Уалдзæджы рухс ................................................. 85
**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**
**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
КОЛЫТЫ Аксо. *Æмдзæвгæтæ* ............................................................ 88
ГОСТИТЫ Ларисæ. Дыууæ ныхасы Колыты Аксойы
тыххæй. *Уац* ......................................................................................... 97
**ФЫСДЖЫТЫ ЦАРДÆЙ**
Æрдхæрæны уарзт. *Уац* ................................................................. 104
**ÆНÆРОХ ИВГЪУЫД**
ХЕТÆГКАТЫ Къоста. Цæлыккаты Аннæмæ. *Фыстæджытæ* ..... 108
БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо. Ольгæ Казбегимæ. *Фыстæджытæ* ..... 116
**ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ**
БИДЖЕЛТЫ Симæ ............................................................................ 120
**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
ЕГАР. Сылгоймаг – дунейы рухс ...................................................... 124
**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
ХЪАЗИТЫ Мелитон. Номхыгъдтæ. *Радзырд* ................................. 127
**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ................................................ 143

# УАРЗОНДЗИНАДЫ ЛИРИКӔ

*ЦӔРУКЪАТЫ Алыксандр*

## РОХ СИМФОНИ

Мæ хъустыл ауайы æнахуыр зæл...
Кæцæй уа уыцы диссаджы мелоди?
Кæддæр ныууагътон иу фæндыр дзæгъæл,
Бынтондæр ыл æз бакодтон уæд хъоды.
Ӕгас уа, уымæн нал уыдтæн æнхъæл...
Ныр ыл, цымæ, кæй къух æрзылд сындæг,
Ӕви йын дымгæ бавнæлдта йæ тæнтæм?..
Мæ цуры быдыры гæмæх быгъдæг
Кæд фестади уыгæрдæны тъæпæнтæ,
Ӕмæ дзы уддзæф алидзы фæйнæрдæм.
Изæрсатæджы суадоны хуылфæй
Ӕрыгон стъалытæ цæхæр æппарынц.
Сæ астæу та – сырхзынг дзæмбыйау мæй, –
Мæ кæддæры сызгъæринæфцæг уадындз
Ныххауд бынмæ, æмæ йын сисæн нæй...
Кæцæй у уыцы зæл? – Фæндырæй нæу:
Уый – уды тугдадзин кæд ризгæ тоны, –
Ӕвæццæгæн, æрымысыдтæн дæу,
Дæ сурæт мæ кæдæмдæр дардмæ хоны...
Уый райгас и кæддæры рох симфони.

*ХАДЖЕТЫ Таймураз*

* * *

Горæт аныгъуылд мигъы.
Тар æууилы йæ рæстæджы хай.
Мах хъæдласæджы дзоныгъау, уигъы
Афтид трамвай.

Зæрдæ – донгуырæн абон,
Ног уым абухы цардæн йæ хин.
Ды – мæ фæстиат амонд,
Ма уадз уарзын дæхи.

Рагæй нал кæны цума
Мæнæн рагбонты урсбазыр зæд.
Ды æрвæрдынау уымæн
Тар уысмы бæрц ныррухс кодтай кæд?

Афтæ ’ххормаг фæндаггон
Суыны иу ахæм фарны къæсæр
Ӕмæ, рацæй-рабон,
Ары хордзенты дзулы къæбæр.

Ис дæ тæрныхы урсыл,
Ис кæйдæр хъыгты мадзура фæд:
Иу уысм ивы æнусыл –
У йын демæ æгъгъæд.

Мæнæн никуы уыд рафтæн, –
Зæххæй дзабыр кæ, хурæй – хæдон, –
Фæлæ ’нувыдæй афтæ
Нал у демæ фæцæуын мæ бон.

Мæй дæ уадултыл бадон,
Йе дæ цæстыты арвы цъæх и?..
Ды, мæ фæстиат амонд,
Ма уадз уарзын мæ удæн дæхи...

*КАСАТЫ Батрадз*

# ÆРЫЗДÆХТ НЫФС

Æрыздæхт ныфс! Цæрын та мæм æрцыди –
Дæ иу ныхас ныррухс кодта мæ риу.
Нæ дæ мæ раттæг, сфæлдисæг куы нæ дæ,
Уæд а хорздзинад, ацы диссаг циу?!

Цæмæн раздæхт уæнгрогдзинад мæ уæнгтæм,
Мæ цæстыты цæмæн та фæзынд рухс,
Цыкурайау та разындтæн æмгæрттæм,
Фæцыдæр та мæ цæсгомы фæлурс.

Фæцардхъом дæн, æрцыд мæм ногæй зарын,
Мæ цин мæ риуы стъалыйау ныррухс,
Сæрыстыр дæн, кæй ныффæрæзтон барын,
Мæстаг хъуыды йæ уидагыл ныххус…

Ныр кувынæй дæ сыгъдæг ном ыссарын,
Æз ацы ‘хсæв дæ цæрайæ цæрын –
Æмæ дæ курын, мауал ыскæн уа зын…
Куы нал ныббыхсон, уымæй дын тæрсын…

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

* * *

Ды фæцæйцыдтæ, рухскалгæ, уынджы,
Уый уæлион дзæнæтау ысуынддæжын,
Дуне фестади кувæндон, аргъуан,
Ды йæ бæстастæу – судзгæ цырагъау.

Æмæ йемыдзаг уарзты цæхæрæй
Кодта ‘хцон дыз-дыз д’ алфамблай уæлдæф,
Æмæ, раст цыма аргъауы, фыны, –
Зæхх ныгъуылдтытæ кодта дæ быны.

*КЪАДЗАТЫ Станислав*

## ÆРТÆ ДЗЫРДЫ

*Зарæг*

Фæдæ та уалдзæгау мæ размæ,
Æмæ хъызт зымæг фестад сæрд.
Нæ зоныс ды, мæ сусæг уарзон,
Кæй дæ мæ удлæууæн, мæ зæд.

Мæ сусæг амонды Цыкура,
Нæй уарзтæн арæнтæ, кæрон,
Фæлæ æртæ дзырды – зын дзурæн –
Сæхи нæма кæнынц æргом.

Ныр афтæ цал азы æмбæхстæй
Æз дарын зæрдæйæн йæ фæнд!
Фæлæ та ацæуын дæ рæзты:
Нырма мын арвы дуар – æхгæд.

Дæ мидбылхудтæй нæй фæлмæндæр,
Йæ разы хурзæрин дæр циу?!
Æмæ нæ фембæлды кæлæнтæй
Зæдбадæн фестади мæ риу.

Цæй диссаг уыдзæн уыцы изæр,
Куы ралæууа мæ ныфсы рад!
Мæ зæрдæ нал уыдзæни сидзæр –
Мæнæн дæр байгом уыдзæн арв.

Æмæ æртæ дзырды бæлæттау
Кæндзысты хъарм цинтæ дæуыл.
Ехх, уыцы сахаты сæрвæлтау
Мæ азтæ иууылдæр дæттын!

*ХÆУЫТАТЫ Къоста*

# СЫЛГОЙМАГМÆ

Лæджы зондæн барын нæ комыс,
Цæимæ дæ барстæуа – нæй.
Хынцинаг – дæ хъару, дæ хъомыс,
Зæхх хъарм æмæ рухс у дæуæй.

Шекспир дæ йæ Пегасыл хаста,
Æрвон тых дæ Рерих хуыдта.
Есенин дæ дзыккутæ фаста,
Франческæ дæ фæстæ куыдта.

Зæгъ-ма уæд, цы зæд, йе цы хæйрæг
Ыскодта дæу зæххæн лæвар?
Мыййаг, кæд ды зæд дæ дæхæдæг,
Кæд дуне дæуæн у дæ бар?

Æвæццæгæн, дуджы æфсарм дæ,
Йæ удварн, йæ цыт æмæ ныфс.
Хъазуаты нын тых æмæ 'хсар дæ,
Уæлахиз нæ царды кæныс.

*ХЕСТАНТЫ-БУТАТЫ Победæ*

**ЭТЮДТÆ**

# КУЫДТА ЗÆРОНД УС

Цард æгъатыр у! Адæймагæн æрыгонæй цы хæрзты бацæуы, цы тыхтæ æмæ йын цы хъарутæ ратты, цы ныфсæй йæ фæхайджын кæны, уыдон ын зæронды бонты байсы. Йæ сывæллоны зонд та йын цæмæн раздахы? Æви сабидуг суадон æмæ фæдзæхст бынатау сыгъдæг у æмæ æнæвнæлдæй цыкурайы фæрдыгау æвæрдæй баззайы? Рæстæг та йæ йæ уæлныхты ахæссы, фидар дуæрттæ йыл бахгæны, къахвæндаг дæр æм нал ныууадзы. Зæрдæйы цы ахстон сбийы, удæвæрæнты цы ирд мысинæгтæй баззайы, уыдонæн та сæфæн æмæ рохгæнæн нæй.

Уыд æртхъирæны мæй. Уазал æнтъыснæг изæр. Куыстæй хæдзармæ здæхгæйæ, фæзылдтæн дуканимæ. Мидæмæ бахизгæйæ, æнæ бафиппайгæ нæ фæдæн, адæм цæуылдæр кæй æрæмбырд сты, уый. Зæронд урссæр сылгоймаг лæууыд сæ астæу æмæ куыдта. Йæ уæлæ уыд тæнæг фæззыгон сау палто, уый бынæй та зынд урс цикъæ мидæггаг хæдон. Йæ къæхтыл та – æнæ цъындатæй цыбырхъус нымæтын цырыхъхъытæ. Уазалæй æмризæджы рызт.

Хатгай-иу йæ кæуынæй фæлæууыд æмæ-иу сдзырдта: «Рæвдауæндоны цур цæрын. Нæхимæ афойнадыл куы нæ бацæуон, уæд мæм мæ мад хæцдзæн, фæнæмдзæн мæ». Чидæр фæцырд, медицинон тагъд æххуысы станцæмæ бадзырдта, æмæ йæ дохтыртæ аластой.

Æз æрхæндæгæй здæхтæн нæхимæ. Мæ зæрдæйæ нæ хицæн кодта уыцы зæронд ус. Мæгуырæг. Цард æй, цымæ, афтæ тынг цæмæ бафхæрдта, зæрдырох ыл цæмæ бафтыдта? Нал хъуыды кодта нæ йæ хæдзар, нæ йæ хиуæтты. Æрмæст дзы нæ ферох сты йæ ныййарæг мад æмæ йæ бæгъæввад сабидуг. Рæстæг сыл нæ фæтых и. Зæрдæйы рæсугъд æнкъарæнтæй, рæсугъд мысинæгтæй цæргæйæ баззадысты. Ныр йæ сабибонты зонд раздæхт, æмæ сæм агурæг рацыд…

# НЫЙЙАРÆГ

Уасыд гыццыл уæрыкк... Фæдзæгъæл æмæ дзуджы иу кæронæй иннæмæ агуырдта йæ мады. Куы иу фысмæ бакъул кæны йæхи, куы – иннæмæ. Ничи йын бамбæрста йæ тыхст æмæ йæ катай. Фæстагмæ йæ чысыл къæдзил æхсызгонæй батылдта, базгъордта, дзуджы кæрон цы хъулон фыс хызтис, уымæ, хатыр курæгау æрхаудта йæ уæрджытыл æмæ мады хъарм æхсырæй йæ тарст, йæ рыст æмæ йæ мондæгтæ суагъта.

Диссаг, цымæ, цæмæй базыдта йæ мады? Кæд, мыййаг, йæ хъæлæс иннæтæй фæлмæндæр уыди? Кæд æм йæ удæй фылдæр хъарм цыди? Кæд ын уый йæ зæрдæйы цæф уæлдай хуыздæр æнкъардта æмæ йын цин æмæ æхсызгондзинад хаста? Æви кæд, цы æрдзон тыхтæй баст уыдысты, уыдон сæ кæрæдзимæ æлвæстой?

Уасыд гыццыл уæрыкк... Мæ хъуыдытæ мæ сабидугмæ ахастой. Мæгуыргурау бахостой ивгъуыды дуар æмæ дзы рахастой мысинæгты æргъом.

Уалдзæг уыд. Авд азæй фылдæр мыл нæ цыд. Хъазыдтæн кæрты. Зæрдæ ради, хур зæххы йæ хъарм тынтæй куыд рæвдыдта, бæлæсты къалиутæ цъæх-цъæхид сыфтæртæй сæхи куыд сфæлыстой, зæрватыччытæ æмцæдисæй фидар ахстон куыд быдтой æмæ, цардыл цингæнгæйæ, куыд цъыбар-цъыбур кодтой, уымæй. Дуар æрбайгом и, æмæ кæртмæ æрбахызти нæ зæронд дада. Махæй цыппар хæдзары дæлдæр царди. Нудæсæм æнус йæ авдæн кæмæн ауызта, царды фæзилæнты чи сфæлтæрдта, хъæру, зонд, æгъдау æмæ фæразондзинадæй æххæст чи уыди, йæ амонд куысты чи ардта, уымæн ссæдзæм æнус йæ дуæрттæ парахатæй байгом кодта æмæ йын йæ азты нымæц сæдæйæ фæуæлдæр кодта. Йæ цæсгомы æнцъылдтæй зынди ивгъуыд царды азфыст. Сабыргай бахызти хæдзармæ æмæ бандоныл æрбадти. Æрбахъæбыс мæ кодта æмæ мæ йæ уæрагмæ систа. Цыма мæ карæн уыди, афтæ йемæ хъазыныл фæдæн. Куы йын йæ даргъ цыллæхуыз зачъетæй дзыккутæ быдтон, куы йын йæ куырæты цæппæртæ уæгъд кодтон æмæ йын сæ фæстæмæ æвæрдтон, куы та йын йæ къухты æнцъылдтæ цармæй ауæдзтæ арæзтон. Уымæн та йæ рустыл фæрдгуытау згъордтой йæ цæссыгтæ.

Уæдмæ фæзынд мæ нана, зæронд дадайæн йæ чызг, йæ цæстытæм ын фæкомкоммæ æмæ сдзырдта:

– Мæ хæдзар бахорз, уый кæугæ куы кæныс.

Зæронд дадайæн йæ урс-урсид сæр фæкъул и, хъæрæй скуыдта, стæй, йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ, сдзырдта:

– Гъер ма мын мад куы уаид, мад.

Цал азы аивгъуыдта уæдæй абонмæ? Ныр æз мæхæдæг дæр нана дæн, фæлæ уыцы æнкъард ныв мæ зæрдæйæ нæ хицæн кæны. Цымæ, цæмæн куыдта зæронд дада? Кæд дзы исты маст уыди, æмæ йæ æрмæстдæр йæ мадæн радзурын фæндыди? Чи зоны, мæ чысыл къухты бандзæвдæй йæ мады рæвдыд йæ зæрдыл æрлæууыд, æмæ йын кæм баззад, уыцы сабидуджы дуæрттæм дæгъæлтæ йæ хъарм цæссыгтæй агуырдта? Чи зоны... Æвæццæгæн, зæрондæй дæр ма нæ мадæлтæн сывæллæттæй баззайæм æмæ нæ цин æмæ нæ маст дæр нæ мидхъуыдыты уымæн фæдзурæм, фынты йæм уымæн фезгъорæм. Æмæ, цалынмæ а зæххыл вæййæм, уæдмæ нæ удты æмæ нæ зæрдæты арфдæр бынæтты фæцæрынц. Гъе, æрмæст хъæбулы фæстаг сулæфтимæ ацæуынц ацы цардæй нæ фæлмæн мадæлтæ дæр.

Гыццыл уæрыкк агуырдта йæ мады…

# ÆНÆНЦОЙ ДЫМГÆ

Абухы денджыз. Цæф сырдау уынæргъы. Лæбуры былгæрæттæм. Йæхи хойы айнæг къæдзæхыл. Тох кæны Галæгонимæ. Архайы егъау уылæнтæй дымгæйы базыртæ цонгсаст фæкæныныл. Чи сæ фæуæлахиз уыдзæн?

Уынæргъы денджыз. Хъæбысæй хæцы Галæгонимæ. Тæрхонгæнæгау сæм кæсы айнæг къæдзæх. Дымгæ та денджызы астæуæй рассивы егъау уылæнтæ æмæ сæ, кæрæдзиуыл хойгæ, аскъæфы былгæрæттæм. Ныццæвы сæ айнæджы риуыл. Фæнды йæ, цæмæй денджыз акæла йæ былтæй. Мингай азты цаутæ йæ зæрдыл чи дары, арвæн фидар æнцой чи у, мæргътæн фæлмæн ахстон, мигътæ сæ фæллад кæуыл суадзынц, уыцы къæдзæх цæмæй уылæнты цæфтæй фæцуда. Дургай æмæ мургай бауа, æмæ йын сæ дыууæ дæр ныхмæлæууæг мауал уой…

Дымгæ, æнæдомд дымгæ. Фыдыуæзæг, хъарм къона кæмæн нæй. Цымæ, хатгай афтæ сæртæг, афтæ сонт æмæ æдылы цæмæн вæййыс? Æрдз сæдæгай æнусты размæ домбай æмæ хæлар сыхæгтæй кæй сфæлдыста, ды уыдон рæстæгæй-рæстæгмæ кæрæдзиуыл цæмæн ардауыс? Дæхицæн сæ знæгтæ цæмæн аразыс? Дæ тых сыл цæмæн

æвзарыс? Бамбар æй, дæуæн дæ бон, денджызыл фæтых уай, уый нæ бауыдзæн. Нæ дын бакомдзæн афæлдахын къæдзæх.

Æмæ уæд æгæр дæр ма 'рсабыр уыдзынæ. Банцайдзæн йæ абухынæй денджыз. Æмæ та уылæнтæ, кæрæдзи сургæйæ, згъордзысты размæ. Былгæрæттæн кæндзысты, цы къæвдадæттæ, æхсæрдзæнтæ æмæ хæлхæлгæнаг дæттæй равзæрдысты, уыдоны кадæг. Лæгъстæгæнæгау сдæрдзысты айнæг къæдзæхы былтæ. Арвæн фестдзысты зæххон айдæн æмæ йæ аудзысты сæ хъæбысы. Хъаздзысты хуры тынтимæ. Сатæг изæрты рæвдаудзысты мæй æмæ стъалыты. Хæсдзысты сæ сæ уæлныхты. Кæндзысты сын алолайы зарæг. Рæдауæй сæ лæвар кæндзысты доны чызджытæн.

Дымгæ, дзæгъæлдзу дымгæ! Æрымыс-иу, бахъуаджы сахат æрдзæн цы хæрзты бацæуыс, æнæнтау хур бон удæнцойæн цы тæрккъæвдатæ расайыс, зæххæн йæ дойны рæдауæй куыд асæттыс, хосдзаутæн дæ уазал цы ‘хцондзинад æрхæссы, уый. Дымгæ, мауал хал къæдзæхы æнцойдзинад. Бауадз денджызы æнцадæй цæрын. Ма йæ змæнт. Ма дзы араз тохы фæз. Нæ дын бакомдзæн сæттын. Уый дæр дæу хуызæн сæрибарæй фæнды цæрын. Фæнды йæ æрдзæн æмæ адæмæн фæрнæй лæггад кæнын. Донбеттыры къæбицæй сын лæвæрттæ хæссын. Бæстæтæй-бæстæтæм сын бастдзинады æмæ хæлардзинады фæндæгтæ нывæндын.

# ЦАГЪТА ФÆНДЫР

Иры царды цалхыл фенкъуыст радон боны райдайæн. Æхсæв фæтарст фæстаг кæркуасæнтæй, æрбатыхта йæ фæдджитæ æмæ йæ сæр æфснайынмæ фæци. Бæстыбардуаг та байгом кодта йæ хатæны дуæрттæ, аузта хуры авдæн, райхæлдта йын йæ бæттæнтæ æмæ йæ ауагъта, тулгæ-тулын, адæмæн рухс, хъарм æмæ цин хæссынæн. Базмæлыд дун-дуне. Райхъал ис æрдз. Хур дæр, йæ тынтæ нывæндгæ, схæццæ арвы астæумæ. Дунесфæлдисæджы æнæкæрон фынгыл та Иры хорзæхæн гаджидæуттæ уагътой уæларвон тыхтæ. Æмæ бадты хистæры æрфæндыд, Цъæйы коммæ æхсызгон уазæгау цы рагон фæндыр æрбафтыд, уый зæлланггæнаг хъæлæс фехъусын. Фæцырд Галæгон, феуæгъд кодта йæ тæрттæ æмæ, зилдухгæнгæ, ауагъта дымгæйы.

Æмæ сцагъта Бæстыбардуаджы фæндонæй дыууадæстæнон фæндыр. Цагъта Батрадзы курдиатмæ гæсгæ, Хуыцауы удсыгъдæггæнæн цæссыгæй Рекомы цы рухс кувæндон равзæрд, уый цур. Дымгæ та йæ рæубазырæй агайдта фæндыры тæнтæ æмæ йын комæй-коммæ скъæфта йæ зæлланггæнаг хъæлæс. Уый хъырныдта Ирыы зæдтæ æмæ дауджытæн. Дымгæйы сыбар-сыбурмæ зæронд Рекомæн кодта фыдæлтыккон кадæг. Фæндыр йæ цæдисон æмбал уадындзмæ сидт æмæ, Иры дзыллæйæн куыд уарзон уыд, уый йæ фæндыд радзурын. Фæндыд æй, рæстæг куыд ивгæ цыд, афтæ йын æндæр уадынгæрзтæ йæ бынат барджынæй куыд бацахстой, уый йын йæ зæрдыл æрлæууын кæнын.

Бирæ æнусты сæрты æрæфтыд абонмæ дыууадæстæнон фæндыр Иры зæхмæ, фæлæ, хъыгагæн, иурæстæг рохуаты аззад. Афтыд Иры зæххæй фæсарæнтæм æмæ немыцаг музейы алы дзаумæтты ‘хсæн иунæгæй дзынæзта рагзаманты æвдисæндарæй. Музыкæйы дæсны, дзæнæтыбадинаг Æлборты Феликс ног цард радта дыууадæстæнон фæндырæн æмæ йын ныффыста уацмыс. Дыууадæстæнон фæндырыл рохуаты дуар бахгæнын нæ бауагъта æрмдæсны Моурауты Сослан дæр. Бакуыста йыл æмæ йæ сног кодта. Æмæ та кæддæрау Иры дзыхъхъы азæлыд йæ фарны хъæлæс. Азæлыд æмæ адæмы зæрдæты райхъал кодта фæндырмæ ног æнкъарæнтæ.

Фарн хистæрæй кæстæрмæ цæуы. Æлборты Феликс æмæ Моурауты Сосланы къухты цы дыууадæстæнон фæндыр сдзырдта, уый фæцагайдта Илаты Тимуры зæрдæ, фæхаста йын йæ уды æнцойдзинад æмæ дзы сбыдта йæхицæн хъарм ахстон. Тимур Феликс æмæ Сосланæн разынд аккаг фæдон. Басгуыхт дыууадæстæнон фæндыртæ аразæг. Фæзынд сыл йæ арæхстджын къухты æрмдзæф. Фæаивдæр, фæрæсугъддæр сæ кодта. Æмæ, нарты дугæй абонмæ чи æрцыд, уыцы фæндыр уарзон ссис канд кадæггæнджытæн нæ, фæлæ музыкалон къорд «Къона»-йы уæнгтæн дæр. Æрбамбырд вæййынц фæндыры алыварс æмæ сисынц зарæг – удсыгъдæггæнæн, фыдæлтæн дæр æхсызгон зарæг.

Æрдзы хъæбысы Рекомы рагон кувæндоны цур æнæ адæймаджы къухты бандзæвдæй Хуыцауы фæндонæй цагъта дыууадæстæнон фæндыр. Цагъта, Дунесфæлдисæг йæ сыгъдæг цæссыгæй кæй фæнысан кодта, уыцы кувæндоны раз. Цагъта дымгæйы базырты бандзæвдæй йæ ивгъуыд æмæ йæ рæсугъд фидæныл, ног цард ын чи радта, уыдоны кадæн. Галæгон та уæларвон тыхтæм скъæфта фæндыры хъæлæс æмæ йæ рæдауæй лæвар кодта Цъæйы комæн.

# ДЗУГАТЫ ГЕОРГИ: 110 АЗЫ



(1911–1985)

# ЛÆУУЫН, ТАБУ КÆНГÆ, ДÆ РАЗЫ

*ДЗУГАТЫ Георги*

## ÆФСИРТЫ НЫХАС

Æфсир æфсирыл йæ сæр æруагъта
Æмæ йын цадæг йæ хъусы загъта:
– Рæзын мæ бауадз, æрлæуу-ма дарддæр,
Мæн дæр нæ фæнды – дæуæй уон къаддæр.
Уæд, зæгъы, нæмыг нæмыгмæ дзуры:
– Фæхæц дæхиуыл, кæннод фырнæрстæй
Æз дæр нæ цæуын мæ чысыл хъузджы.

## МЕ 'ВЗАГ

Мæ цæст дæ сомы дæр нæ уарзы,
Дæ мæт мæ бадомдта, мæ зынгыл!
Тæрсын дын алы бон, тæрсын дын,
Æдзух мæ цин æмæ мæ зын дæ.
Лæууын, табу кæнгæ, дæ разы, –
Хъæбул йæ гыццийы куыд уарзы!..
Дæ цæхæр цæстытæм фæкæсын
Æмæ сын бацъындæй фæтæрсын...

## ЧЫЗГАЙÆН

О хъуымбылдзыкку, саурæсугъд,
Ды дæ æнусмæ мæ хуры хай.
Ды дæ мæ бæллиц, рæсугъд чызгай,
Фæлмæн мидбыл мæм фæхуд, гъей!

Фæрнæй фæцæрай ды, мæ царды бæллиц,
Ды мын ыссыгътай мæ риу, гъей!
Ды дæ мæ бæллиц, рæсугъд чызгай,
Фæлмæн мидбыл мæм фæхуд, гъей!

О уалдзыгон сырх дидинæг,
Зындзынæн æз дæ фæсидтмæ тагъд.
 Æрвитын дæм æз мæ фидиуæг
Мæ уарзæгой рухс зæрдæ, гъей!

О мæ дуне, фæрнæй цæрай,
Æхсызгон мын у дæ уынд, дæ конд.
Дæу цы бон федтон, мæ хуры хай,
Уæдæй дын мæ цард – нывонд, гъей!

## О, УЫЦЫ ДЫУУÆ САУ ЦÆСТЫ

О, уыцы дыуuæ сау цæсты,
Мæ тæригъæдæй бастъæлат!
Цæмæн бахаудтæн у' ахæсты,
Цæмæн базыдтон уарзты ад?

Уæ иу фæкастæй атайын,
Хуссары митау, хуссары.
Бæргæ уæ рохыл архайын,
Фæлæ уыйбæрц тых чи ссары!

Мидбылхудгæ мыл атыхсут
Хъызт зымæджы дæр уалдзæгау.
Зæрдæйы фатау аныхсут,
Æмæ фæвæййын уадзыгау.

Мауал мæм кæсут, ма кæнут,
Мауал мæ судзут алы бон!
Фæлтау мæ иу сыгъд бакæнут,
Æмæ уæ искуы фервæзон!

# РУВАС

Гæмми дæ, сау рувас, гæмми дæ.
Мæ зæрдæ нал бынсы дæ митæ.

Цæйбæрц дæ бавзæрстон мæстытæ,
Цæйбæрц нæ адавтай кæрчытæ!

Бæргæ-иу февзæрдтæ æхстбæрцмæ,
Æрттывтай, хъазыдтæ мæ цæстмæ.

Къæппæгмæ къахбæрц дæр нæ цыдтæ,
Æрмæст-иу й' алыварс фæзылдтæ...

Æмæ цæрæнбонты кæй уарзтон,
Мæ риуы стъалыйау кæй хастон,

Йæ иунæг мидбылты фæхудтæй
Кæмæн каст ирд мæйтæ, зынг хуртæ,

Ныр ууыл ме 'вастæй ныттыхстæ,
Йæ урс дæллагхъуырмæ ысхызтæ

Æмæ мыл уырдыгæй фæхудыс,
Æз та пысырайау фæдудын...

***

Бон афардæг, нæ дунейæ фæхицæн.
Æппæт – æнцад, æрдз бафынæй, ныхъхъус и.
Фынæй кæнынц дæлгом-уæлгом сæхицæн
Тæгæр къустæ, къуырф уидгуытæ сæ къусчы.

Æруазал и сырхуадул пец, ныссабыр, –
Æркодта сæ фæлмæн хуыссæг йæ быны.
Ныууагъта мыст лæгъз арынджы рæбыны
Йæ пыхцыл фæд фæлмæн дзуллаг ыссадыл.

Æппæт – æнцад... æмбæхст сæнттæ... рæубазыр...
Æрмæстдæр мад, ныййарæг мад, нæ хуыссы.
Кæсы, бецау, йæ рынчын хур йæ базыл
Куыд улæфы, йæ хиды ‘ртах куыд сысы.

Мыдадз цырагъ æмыр æхсæвы тары
Æнкъардхуызæй зæрин цæссыгтæ калы.
Раст афтæ мад æнæ сыбырттæй бады,
Йæ авдæныл æнус-æхсæвты тайы...

*ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ*

# ЦИН ÆМÆ САГЪÆСТЫ ÆРГЪÆУ ГАЛУАН

*Мæн Къостайы Ир æндавы,*
*Уый мæ скодта хъомыл.*
*Мæн æрмæст йæ кой дæр тавы, –*
*Мады ад дзы зонын.*

ДЗУГАТЫ Георги.
Мæ Иры бæстæ

Ирыстоны чи райгуырд, йæ мады æхсырау ын йæ суадæттæй чи фæхъæстæ, йæ сыгъдæг уæлдæфæй йын риуыдзагæй чи улæфыд, йæ фыдæлты зæхх йæ авдæн чи рахуыдта, афтæ чи загъта, Ир, дæ хъæбул дæн, æнæ дæу мын цард уæрæх дунейыл адджын нæу, зæгъгæ, уыдонæй иу уыд Дзугаты Хасæхъойы фырт Георги.

Адæймаг райгуыры, цæмæй исты фæд ныууадза, цы зæххыл цæры, цы адæмы 'хсæн æрвиты йæ царды бонтæ, уый тыххæй. Æрмæст фæдтæ алыхуызон вæййынц. Ирон адæммæ ис ахæм ныхас: «Фыдвæды бæсты æвæд – хуыздæр». Мæ ныхас у æцæг ирон лæг, куырыхон, фæлмæнтæдзураг хистæр, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ фæллойы ветеран, поэт, прозаик, публицист, драматург, тæлмацгæнæг Дзугаты Георгийыл.

Адæймаг йæ къухмæ фыссæн сис куы райсы æмæ йæ хъуыдытæ, йæ зæрдæйы арф æмбæхсæнты цы æвæрæнтæ вæййы хорз адæймаджы тыххæй зæгъынмæ, уыдон куы райдайы нывæндын сыгъдæг сыфыл, уæд ма уымæй рæстагдæр хъуыддаг цы уа! Уæлдайдæр, хъысмæт царды фæндагыл ахæм адæймагимæ куы саразы фембæлдтытæ, уæд (Георги æмæ йæ цардæмбал Калоты Фатимæимæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фембæлдыстæм. Сæ уæздандзинад абон дæр мæ цæстытæй нæ хицæн кæны, сæ фæлмæн рæвдаугæ ныхас та абон дæр уайы хъустыл).

Дзугаты Хасæхъойы хæдзары Георги куы райгуырд, уæд ын йæ хистæртæ цы рæсугъд куывдтытæ фæкодтой, уыдон хорзæй æрцыдысты уарзон хъæбулыл, æмæ дзы Ирыстонæн рауад фæзминаг, æрдхæрæны

гуырд. Ног дуджы зарæггæнæг æнувыд æмæ хъаруджынæй фæлæггад кодта Ирыстоны литературæйы рæстæн, йæ алы къабазмæ дæр ын бахаста бæркадджын хуынтæ. Йе 'мдзæвгæтæ, поэмæтæ, уацаутæ, романтæ æмæ драмон уацмыстæ йын цымыдис æмæ зæрдиагæй кæсынц ирон, гуырдзиаг, уырыссаг æмæ æндæр адæмты чиныгкæсджытæ.

Георгийы ныййарджытæ – Хасæхъо æмæ Плиты Пъаулейы чызг Гыгы цардысты Ирыстоны рæсугъддæр, фæлæ зынвадатдæр къуымтæй иуы – Дзомагъгомы, Дзугаты хъæуы. Ацы аргъæутты дзуринаг рæсугъд æрдзы хъæбысы райгуырдысты Хасæхъойы авд хъæбулы: цыппар лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Уый уыд Хуссар Ирыстоны Советон хицауад расидыны фæстæ уæззау æмæ гæвзыкк рæстæджы. Ныййарджытæ сæ цоты фыццаджыдæр ахуыр кодтой царды скъолайыл. Хохаг уæззау, зынвадат цард сæ арф ныхъхъуыды кæнын кодта сæ цоты хъысмæтыл. Кæд æнахуыргонд уыдысты, уæддæр æмбæрстой, ахуырæн цы стыр ахадындзинад ис, уый.

Хасæхъо хорз зыдта адæмон сфæлдыстад, зарынмæ уыд æрдзæй курдиатджын. Изæрыгæтты-иу йæ бинонтæ куы ‘рбамбырд сты, уæд сын-иу райдыдта алыхуызон таурæгътæ æмæ аргъæуттæ дзурын. Уæдæ йæ диссаджы зард та æмбисондæн баззад æнæхъæн комбæсты.

Композитор Галаты Барисы къухы бафтыд йæ зарджыты фылдæр хай ныффыссын фонографмæ, æмæ уый фæрцы абоны онг хъахъхъæд æрцыдысты æмæ æфснайд сты Гуырдзыстоны архивты.

Хасæхъо æмæ Гыгы сæ цоты сарæзтой ахуыры фæндагыл: Хаджумар æмæ Илья райстой уæлдæр хъæууонхæдзарадон ахуырад æмæ куыстой нæ республикæйы хæдзарæдты.

Хаджумар бирæ азты дæргъы фæкуыста Мæздæджы района колхозтæй иуы сæрдарæй. Кæдфæнды-иу йæ хæдзарад уыд раззагдæртимæ, фæлæ æдзух йæ зæрдæ æхсайдта æмдзæвгæтæ фыссынмæ, уымæн æмæ Хуыцауæй фæхайджын сфæлдыстадон курдиатæй. Периодикон мыхуыры цыдысты йæ цыбыр радзырдтæ æмæ æмдзæвгæтæ. Ирыстоны рауагъдæдты йын рацыд æртæ æмбырдгонды: «Мæ лæвар сабитæн» (1948, 1966), «Мæ къахдзæфтæ» (1975), «Цæхджын хойраг» (1976). Поэзиуарзджыты зæрдæтæм Хаджумар йæ нуарджын æмдзæвгæтæй ссардта аккаг фæндаг.

Георги æмæ Зауыр (Сæрæби) ахуыргæнæджы дæсныйадыл сахуыр кодтой Сталиниры педтехникумы, стæй фæсауууонмæ каст фесты пединститут дæр.

Зауыр йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта Мæскуыйы паддзахадон университеты аспирантурæйы æмæ райста экономикон зонæдты кандидаты ном. Йæ амæлæты 2014 азы онг фæкуыста Мæскуыйы электрон æмæ математикæйы техникон университеты экономикæйы теорийы кафедрæйы профессорæй. Ныффыста бирæ наукон куыстытæ, стæй ма иртасæн куыст бакодта Дзугаты мыггаджы равзæрды тыххæй (чиныг «Гоби»).

Чызджытæй Ханиффæ фæсауронмæ каст фæцис Мæскуыйы тынуафæн институт, Заретæ райста медицинон хойы дæсныйад.

Афтæ Хасæхъо йæ цоты сарæзта ахуыры фæндагыл æмæ сæ буц, сæрбæрзонд æмæ рæвдыдæй фæцард 103 азы онг.

Георги райгуырд 1911 азы 28 мартъийы Хуссар Ирыстоны, Ручъы, йæ мадырвадæлты хъæу Дзуарыбыны Плиты Леуаны хæдзары. Йæ сабибонтæ арвыста Дзомагъгомы Дзугаты хъæуы. Ацы хъæуы бынат ис бæрзонд къуылдымыл, æгас комбæстæ йæм «худæвæрдау зынынц». Цы ахуыргонд фæсивæд дзы рацыд, уыдон æй, хъазгæйæ, «Олимпы къуыпп» хонынц. Æмæ, æцæгæйдæр, уый, æвæццæгæн, зæдты бадæн бынат у. Цал æмæ цал курдиатджын сфæлдыстадон адæймаджы дзы рацыд. Зæгъæм, Хасæхъойы фырттæ се 'ппæт дæр хайджын фесты æрдзон курдиатæй æмдзæвгæтæ фыссынмæ, райстой уæлдæр ахуырад. Уæдæ, Ирыстоны адæмон поэт Джыккайты Шамил æмæ йæ кæстæр æфсымæр, Ирыстоны адæмон нывгæнæг Джыккайты Мураты чи нæ зоны Хуссарæй Цæгатмæ, ахæм адæймаг зын ссарæн у.

Дзугаты Георги йæ сабидуг уæззау, æххормаг æмæ уазалæй арвыста ам. Райдыдта уæлыгæсæй, уый фæстæ та сыхаг хъæуты цыд æххуырсты фыййауæй бонджынтæн. Афтæ йæ ныййарджытæн хаста йæ чысыл æххуысы хай. Даргъ зымæгон æхсæвты-иу Хасæхъойы алыварс сæ сау нымæты бын фæллад æмæ æрдæгæххормагæй ныббырыдысты се стыр хъæдын сынтæджы йе 'фсымæртæ æмæ хотæ. Сæ куырыхон, дзырдарæхст фыд-иу дзурын куы райдыдта, уæд-иу сабитæ сæ сæнтты балæууыдысты уыцы алæмæттаг аргъæутты бæстæты. Сæ улæфт дæр-иу нал цыд, афтæ цымыдисæй хъуыстой сæ фыды таурæгътæм. Уæдæ Хасæхъойæн йæ диссаджы хъуытаз хъæлæсæй цал æмæ цал адæмон зарæджы фехъуыстой йе 'мбæстæгтæ!

1921 азы Гуырдзыстоны Советон хицауад куы фæуæлахиз, уæд Дзугаты бинонтæ дыууæ-æртæ азмæ фæцардхъомдæр сты.

1923 азы Дзомагъы байгом скъола. Георги бинонты уавæртæм

гæсгæ æрæджиау бацыд ахуырмæ. Сæрд-иу æхххуырсты цыд, зымæг – скъоламæ. Афтæмæй Ручъы сахуыр кодта æрмæст дыууæ азы.

Цæмæй уырыссаг æвзаг хуыздæр базона, уый тыххæй 1928 азы рацыд Цæгатмæ Ногиры хъæумæ сæ хæстæджытæм æмæ дзы сахуыр кодта цыппæрæм æмæ фæндзæм кълæсты.

1930 азы æрыздæхт Дзомагъмæ æмæ бацыд Сталиниры педтехникуммæ. 1935 азы йæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци æмæ кусын райдыдта газет «Коммунист»-ы редакцийы хайады сæргълæууæгæй, уый фæстæ – бæрнон секретарæй.

Уыцы аз фæсаууон ахуырмæ бацыд Сталиниры пединституты æвзаг æмæ литературæйы хайадмæ. Литературæ æмæ дзырдаивады ад ын банкъарын кодтой йæ ахуыргæнджытæ Тыбылты Алыксандр, Бекъойты Гиуæрги (Дзипка), Хъоцыты Бидзина æмæ Харебаты Анисим.

Институты сахуыр кодта æртæ курсы. Облæсты кадртæ кæй нæ фаг кодтой, уый аххосæй æппæт студентты къорды дæр æмгъуыдæй раздæр рауагътой æмæ сын радтой дипломтæ.

Дзугаты Георгимæ уыд æрдзон курдиат æмдзæвгæтæ фыссынмæ. Поэзийы тыгъдады йæ фыццаг фæлварæнтæ байдыдта, Ногиры скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Къоста æмæ Нигеры æмдзæвгæтæ уыдысты йæ зæрдæмæ хæстæгдæр. Æнæ кæсгæйæ зыдта «Ирон фæндыр», ахуыр кодта ирон адæмон сфæлдыстады хъайтарты фæлгонцтыл, йæ фыд Хасæхъо-иу сын цы диссаджы хабæрттæ кодта даргъ зымæгон æхсæвты, уыдоныл. Йæ фыдау стыр аргъ кодта зарæгæн, уымæн æмæ йын йæ зæрдæйы тæгтæ арф агайдтой йæ зæлтæ. Йæ кадджын зæронд зараг фыдыл Георги ныффыста æмдзæвгæ «Зары». Чи йæ бакæса, уый æнæмæнгæй рахатдзæн, арф хъуыды кæй ис йæ рæнхъыты. Поэт хорз зыдта, зарæг æнусон кæй у, фæлтæрæй-фæлтæрмæ кæй хизы азты сæрты æмæ хæссы ирон дзырды аивдзинад. Йæ зæрдæйы тæгтæ йын агайынц зарæджы зæлтæ, æмæ сын стыр аргъ дæр уымæн кæны.

Галаты Барис Дзугаты зарджыты къорды Гуырдзыстоны радиойы хæдзары фонографы лентмæ куы фыста, уæд уыцы рæстæг Тугъанты Махарбег дæр разынд уым. Махарбег хорз бахъуыды кодта Хасæхъойы зардæй уаг, æмæ йæм йæ ныв скæныны фæнд дæр уыцы рæстæг райгуырд. Махарбеджы конд ныв «Хасæхъойы портрет» уыд Сталиниры музейы æвæрæнты, фæлæ, хъыгагæн, иурæстæг музейыл сирвæзт арт, æмæ бирæ нывтимæ уый дæр басыгъд.

Фыдыбæстæйы хæсты фæстæ, Чъребайы уынгты тезгъогæнгæйæ, амбæлдысты Тугъаны-фырт æмæ Георги. Кæрæдзийыл тынг бацин кодтой, æмæ се ´хсæн рауад ахæм ныхас Хасæхъойы тыххæй:

– ...Абон дæр ма хъуысы мæ хъусты йæ зæлланггæнаг хъæлæс. Уæлдай рæсугъд кодта «Уастырджийы зарæг». Йæ зæрдæйы æппæт æнкъарæнтæ йын йæ фæлмæн, дæргъвæтин зæлтæ, æхцон фæйлаугæйæ, хастой. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ ирон хъайтарон зарджытæ цæйбæрц бæрзонд сисынц, уыйбæрц дины æмæ цардыуагон зарджытæ та ныллæгдæр æмæ æнæскъуыйгæдæр фæзарынц. Уæвгæ, дæ фыд хъайтарон зарджытæ дæр бæрзонд нæ иста. Уый йæ дæсныйад хъæрæй зарыны фæрцы не ´вдыста, фæлæ зæрдæйы æнкъарæнтæй, зæлдаг æлвисæгау.

– Мæнмæ та афтæ кæсы, æмæ мæ фыд куывдты, чындзæхсæвты кæнæ куысты уæлхъус куы зарыд, уæд цыма аивдæр нывæста йæ зард, ам Галайы-фыртмæ куы зарыд, уыимæ абаргæйæ.

– О, уым, æвæццæгæн, рæстдзинад ис. Хъæууон лæг артист, мыййаг, куы нæ у. Уый, хибарæй заргæйæ, йæхи хуыздæр æнкъары. Æмткæй райсгæйæ, нæ адæмон зарджыты бирæ æхсар, бирæ хъару æмæ царды æцæгдзинад ис. Уыдон сты нæ историйы хицæн азæлдтытæ, хицæн ахсджиаг цауты æвдисæнтæ.

– О, уый раст у, фæлæ сæ бирæтæн фаг дзырдтæ нæй, се ´мыдзаг сты «уæрæйдæ»-тæй. Хорз уаид, поэттæ сын тексттæ куы ныффыссиккой. Науæд сæ хаттæй-хатт ахæм абарстытæ вæййы, æмæ хъæуынц æрмæст рифмæтæн, – загътон æз.

– Нæ, мæнмæ иууыл афтæ нæ кæсы. Ды цы абарстытæ кæнæ параллельты кой кæныс, уыдон уæддæр цæмæйдæр баст вæййынц зарæджы иумæйаг мидисимæ, зæгъæм:

*Дзæбидыры сæныкк цъитийыл баззад,*
*Дæ иунæг тугисæг дзидзийыл баззад.*

Цы зæгъдзынæ, ам абарст æрмæст рифмæйы тыххæй у? Нæ! Цъитийыл баззайæг сæныкк æмæ сидзæр сабийы хъысмæты иухуызонæй ницы ис?.. Науæд:

*Урс доны былыл сау фæрдыг,*
*Бирæ дзы уымæн баныстон.*
*Урсдæллагхъуыр дæ, сауæрфыг,*
*Бирæ дæ уымæн бауарзтон.*

Кæсыс, дзырдты равзæрст, сæ равæрд æмæ чызджы фæлмæн лирикон кой куыд æмбуар сты!

Афтæ кæй зæгъыс, ома поэттæ адæмон зарджытæн тексттæ ныффыссæнт, уый дæр мæм раст нæ кæсы. Адæмон зарджытæ уадзут сæхи адыл. Поэттæ æмæ композитортæ сфæлдисæнт ног зарджытæ. Æниу, адæмон зарджытыл бакусыны æгъдау дæр ис, фæлæ йæ кæнын хъæуы тынг арæхстгай, не стыр поэт Къоста нæ фольклорæй цы темæтæ иста, уыдон йæхи джиппы куыд уагъта, афтæ. Нæ абоны музыкалон аивады мах хъæуы, нæ адæмы кафт æмæ зарды æууæлтæ лæмбынæг чи бамбара, ахæм курдиат – зæгъæм, нæ поэзийы Къоста куыд фæзынд, ахæм. Уæд, бæргæ, уый æрбæстон кæнид ирон зарджытæ дæр, ирон лæджы музыкалон зæрдæйы уаг дæр, – фæлæ, гъа! – йæ ныхас фæци Тугъаны-фырт... (*Дзугаты Г. [мысинаг]: Æхсызгон изæр // Мах дуг. 2011. № 8. Ф. 43-48).*

Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы, фæзæгъынц. Хасæхъойы зард æмæ кафты миниуджытæй Хуыцау фаг фæхайджын кодта Георгийы дæр. Ирыстоны хæхтæ æмæ кæмтты циндзинады рæстæг нæрыд уымæн дæр йæ хъуытазмыр хъæлæс, йæ аив кафтыл ын-иу адæм сæ цæст æрæвæрдтой.

Сталиниры педтехникумы ахуыры рæстæджы Георгийы фарсмæ уыдысты Гафез (Гаглойты Федыр), Фецъа (Цъæритты Федыр) æмæ Цымырзæ (Плиты Никъала). Ацы лæппутæ се ‘ппæт дæр уарзтой поэзи æмæ фæлварæнтæ кодтой æмдзæвгæтæ фыссыныл. Арæх-иу фæзындысты сæ куыстытæ журнал «Фидиуæг» æмæ газет «Коммунист»-ы фæрстыл.

1939 азы Георги бацыд Коммунистон партийы рæнхъытæм, уыцы аз æм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм.

Йæ службæйы рæстæджы йæ Фыдыбæстæйы Стыр хæст æрæййæфта Украинæйы ныгуылæн хайы Перемышлы горæты арæнмæ æввахс. Цыфыддæр знаджы ныхмæ иннæ адæмты æмрæнхъ фистæг æфсады æрлæууыд ирон хохаг лæппу Дзугаты Георги дæр. Уый йе ´мгæрттимæ удуæлдайæ хъазуатонæй тох кодта Райгуырæн бæстæйы сæрибары сæраппонд, уымæн æмæ уыцы стыр райгуырæн бæстæйы иу къуым уыд Георгийы чысыл Дзомагъгом.

Хъыгагæн, 1944 азы хъазуатон тохы йæ сæр уæззау фæцæф, æмæ уацары бахауд знаджы къухмæ. Германы концлагерьты цы зындоны митæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдон дзурæг нæ радзурдзæн, фæлæ сын Георги сæ кæцыдæр хай равдыста йе `мдзæвгæты: «Фыдгулы минæйы зынг ысхъис...», «Акæс-ма ацы арийагмæ...», «Хæдтæхæг», «Гъей-джиди» æмæ æндæрты:

*Фыдгулы минæйы зынг ысхъис,*
*Цæмæн нæ ахызтæ мæ риуы,*
*Цæмæй фæуыдаин æдзæм мард,*
*Цæмæн дæ 'рурæдта мæ сæргæхц?!*
*Ныр мын хъæстæ калмау æууилы*
*Æгады сау сагъæс мæ зæрдæ,*
*Мæ алыварс – бур, згæ сындзын уарт.*

Дзугайы-фырт уыцы «бур, згæ сындзын гæрæнтæй» куы раирвæзт, уæд та ногæй æрлæууыд хæцæг æфсады рæнхъыты. Хъазуатонæй тох кодта йе 'мбæлттимæ фашистон тыхгæнджытимæ. Нæ горæттæ æмæ хъæутæ сæрибар кæнгæйæ, дæрæнгæнгæ, сырдтой сæ хуыккоммæ. Уæлахиз Георгийы æрæййæфта Чехословакийы зæххыл.

Бирæ хæрзиуджытимæ сыздæхт цæфтæ æмæ хæствæлладæй Уæлахизы Салдат райгуырæн къонамæ. Джусойты Нафи Георгийы 100 азы райгуырды фæдыл йæ уацхъуыд «Поэты зæрдæйы рыст» ныммыхуыр кодта газет «Рæстдзинад»-ы. Уый раст бахахх кодта, «уацайраджы хъысмæт бæхы дамгъæйау кæй баззад, уацары цы салдæттæ бахаудтой, уыдоныл. Цалдæр азы дæргъы уымæй нæ фервæзт Джиуæр дæр...» Æвæццæгæн, Георги паддзахады æдасдзинады оргæнты цæстдард тынг кæй æнкъардта, уыцы æнкъарæнтыл фыст æмдзæвгæ «Ныууадзут-ма мæ!» Нафи дæр дæнцæгæн уымæн æрхаста йæ уацхъуыды:

*Мæ сонты бонтæй*
*Мæ хосдзау азтæм*
*Бæгънæг, ыстонгæй*
*Цы нæ бавзæрстон...*
*Мæ цыбыр зондæй*
*Мæ фыдыбæстæн*
*Мæ тых, мæ хъару*
*Куы нæ ауæрстон...*

Фæсхæст Георги уæнгрог æмæ цардбæллонæй, ног сфæлдыстадон хъаруимæ бирæ азты дысвæлдæхтæй куыста журнал «Фидиуæг»-ы редакцийы фыццаг бæрнон секретарæй, стæй та – литредакторæй.

Георгийы уды баиу сты æрдзон курдиат, адæмон зондахаст æмæ бæстон зонынад. Уыд уæздан æмæ рæсугъд адæймаг. Æдзухдæр сыгъд ирон аив дзырды сфæлдыстадон куырдадзы цæхæры. «Йæ зæрдæйы иудадзыгдæр цыренæй сыгъд уæлтæмæны цæхæр, тырныдта æдзухдæр ног стыр æнтыстытæм. Поэты цæст кæуылты æххæссы, – алы ран

дæр уыны амонд æмæ фæрнæйдзаг фæллойы бæрджытæ». Йæ царды фæстаг бонмæ фæкуыста Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы консультантæй, уыд республикон нысаниуæджы пенсиисæг.

Дзугайы-фырт бирæ хæрзты бацыд райдайгæ поэттæн, ныййарæг фыдау-иу йæ фæлмæн ныхасæй алы рæнхъ дæр уырзæй æвзарæгау æмбарын кодта. Ныфс-иу бауагъта æрыгон уды, базыртæ-иу ыл басагъта. Уыдис зондамонæг, хорз уынаффæгæнæг: «Кусгæ æмæ агургæ, агургæ æмæ кусгæ!» – уыди йæ фæдзæхст.

Георгийы уацмыстæ фыццаг хатт мыхуыры фæзындысты 1935 азы, кæд фыссын раздæр райдыдта, уæддæр. Йæ фыццаг поэтикон чиныг «Хуры тын» латинаг алфавитыл мыхуыры рацыд 1938 азы. Раздзырд ын ныффыста Гæззаты Сослан.

Уæдæй фæстæмæ рауагъта бирæ поэтикон æмæ прозаикон уацмысты æмбырдгæндтæ, чиныгкæсæджы зæрдæмæ ссардта фæндаг. Пухаты Алыксандр Георгийы 70 азы бонмæ журнал «Фидиуæг»-ы 1981 азы 3-æм номыры йæ арфæйы уацы фыста: «Мæ зæрдыл ма лæууы, Георгийы егъау эпикон кадæг «Æхсаргард» хицæн чиныгæй мыхуыры куы фæзынд, уый. Уæд æвдæм къласы ахуыр кодтон. Уацмысы бирæ сæргæндтæ куыд æз, афтæ ме 'мкъласонтæ дæр зыдтой æнæкæсгæйæ. Уæдæй фæстæмæ йын йæ алы ног уацмысы фæзындмæ дæр цымыдисæй æнхъæлмæ фæкæсынц поэзиуарзджытæ».

Георги канд иу чиныгæй иннæмæ нæ, фæлæ уацмысæй уацмысмæ цыдис рæзты фæндагыл. Арæхстджынæй пайда кодта адæмон сфæлдыстадæй. Уый фыста: «Адæмон сфæлдыстады комулæфт цы аивадон уацмыстæм нæ хæццæ кæны йе æвзагæй, йе йæ хуымæтæг æнцонæмбарындзинадæй, йе йæ ирд сюжет æмæ композицийæ, уый адæмы зæрдæмæ æмбæлон фæндаг, гъа-дæ-гъа, ссара...»

Уæлдæр куыд бафиппайдтам, афтæмæй Георги уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг. Уым, «джебогъ æмæ сис æмиу кæнгæйæ», бирæ хæрзгъæд поэтикон уацмыстæ сфæлдыста, мыхуыры-иу бæргæ фæзындысты, фæлæ йæ поэтикон хъæлæс тынгдæр зæлын райдыдта хæсты фæстæ. Кæрæдзийы фæдыл Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны рауагъдæдты мыхуыры фæзындысты йæ чингуытæ: «Радзырдтæ æмæ аргъæуттæ» (1950), «Уацмыстæ» (1954), «Цины зарджытæ» æмæ «Хæлæрттæ» (1956), «Кадджытæ» (1957), «Зæрдæйы дæгъæл» æмæ «Дзего» (1959).

Ирон аив дзырд арф чи æнкъары, уыдон зæрдиагæй кæсынц Георгийы лирикон æмдзæвгæтæ, поэмæтæ «Æхсæртæг», «Къостайы кол-

хоз», «Уарзт», «Бындзыг», «Дзылаты рæсугъд», «Цæргæсы хæтæнтæ», уацаутæ æмæ романтæ «Карды комыл», «Сыгъзæрин суадон», «Комы нарæджы», «Мæйрухс æхсæв» æмæ æндæртæ.

Георгийы поэзийы рæзт ног хуызы райдыдта 50-æм азты кæрон – 60-æм азты. Уæд æрцыдысты фыст йæ егъау уацмыстæ: поэмæ «Бындзыг», роман «Карды комыл» æмæ æндæртæ. Ацы уацмысты бæлвырдæй разындысты адæймаджы зæрдæйы мидсагъæс æмæ æнкъарæнты драматизм. Георгийæн «ацы уавæр фæзынд йæ стиль æмæ поэтикæйы хицæндзинæдтыл, бæлвырдæй дзы уынæм фольклорон-романтикон æмæ реалистон аивады фæрæзтæ баиу кæныны фæлтæрæнтæ. Ахæм синтезы æнтыстджын фæстиуæг сси поэмæ «Бындзыг», – зæгъы зындгонд ахуыргонд Мамиаты Изетæ.

Уацмысы лирикон герой – Бухенвальды крематорийы удæгасæй кæй басыгътой æмæ ныр «фæздæджы бындзыг» чи сси, уыцы ирон салдат Будзи. «Авторы ссарæггаг фæрæз – мард лæджы монолог – у зæрдæагайгæ диссаг æмæ æнахуыр; ног æмæ ахадгæ у царды нывтыл лирикон геройы цæстахаст: уæле бынмæ, бæрзондæй ныллæгмæ. Ахæм «афæлгæст» рауæрæх кодта поэмæйы дæрддзæг æмæ афоны арæнтæ, сиу сты адæймаджы ивгъуыд æмæ абон, йæ зæххон буар æмæ уæларвон (æнæмæлæт) уды барæнтæ:

*Иры урс хæхты хæд сæрмæ*
*Æз ныдджджих вæййын, фæлгæсын,*
*Уым и ме ‘взонгад, мæ сæумæ.*

Лирикон герой мысы йæ сабидуг, – ныййарæг мадæн «йæ цины сæр, йæ бонрухс» куы уыд, хæххон æрдзы хъæбысы «хъал саджы лæппынау» куы рæзыд буц æмæ сæрибарæй:

*Ахстон суадæтты фынчытæ,*
*Зымты даргъ къуыззитмæ хъуыстон,*
*Урс æхсæрдзæнты чыр-чыртæм*
*Пух къуыпрагъ мигътæм æвзыстон.*

Уалынмæ йæ лæппуйы кары бацыд, зæрдæйы райхæлд уарзты тыхджын, фæлæ нымд æнкъарæн æмæ сси зарæджы гуырæн. Уыцы рæнхъытæ хицæн кæнынц иннæ текстæй сæ фольклорон фæлгонцад æмæ музыкалон ритмæй, фæлæ уый, Нафийы загъдау, у æрмæст «адæмон курдиатджын «имитаци»: цæмæй, лæппуйæн æрдзы нывтæм цы поэтикон ахаст ис, уымæн уа логикон кæрон, иннæмæй та – йæ зæрдæйы сагъæс, йæ уарзты фидыц ирддæрæй разына».

«Иртасджытæ уацмысы композицийы арæзты рахицæн кодтой дыууæ рефрены. Уыдон сты архайды эмоцион-энергетикон фæйнæ «туджы къуыбарау». Фыццагимæ баст у уацмысы стилы лирикон-поэтикон уылæн: ам сиу сты уарзт, хъыг, æрхæндæг æмæ тæригъæды æнкъарæнтæ. Лирикон герой дзуры, аргъауы хъайтарау хæстмæ «фæндаггаг» цы алæмæты «дзауматæ» айста, уыдоныл:

*Ме 'рдынæрфыджы фæлмæн ба,*
*Ме 'нкъард буц мады кæстытæ,*
*Йе стыр донæйдзаг цæстытæ.*

Сæ фарн, сæ цин хъахъхъæдтой салдаты зын æмæ тæссаг фæндæгтыл («ныфс, лæджыхъæд мын лæвæрдтой»), тохы бон ын уыдысты «уартау». Фæлæ уыдон дæр йæхийау басыгъдысты Бухенвальды пецты цъæх арты.

Дыккаг рефренæй гуыры поэмæйы публицистон-æмбæстагон пафос. Ам ис маст, рис, æртхъирæн, уайдзæф. Адæймаг фæздæджы къуыбылой фестад – ацы зæрдæриссæн уавæр дзырдæй-дзырдмæ фæлхат нæ цæуы: хъайтары æнафоны мæлæт бæрæггæнæн эпитеттæ кæрæдзи ивынц («æдзард» – «зынгхуыст» – «цæрынхъуаг»), æмæ уымæй тыхджындæр кæны сæ ахадындзинад» (Мамиаты И.).

Мамиаты Изетæ дарддæр афтæ æвзары Георгийы уацмыс: «Йæ эмоцион хъомыс рæзы мард лæппуйы зæххон бæллицтæ æмæ æнкъарæнтæй. Тæригъæд кæны йæ мад, йæ уарзон чызгæн, йæ мæлæтæй сын уыйбæрц зындзинад кæй скодта, уый тыххæй. «Ацы рухс æхсæв цъæх артау, Гыцци, мигъ куы дæн дæ сæрмæ», – дзуры ныййарæгмæ, æвдисы йæ цæттæдзинад мады рис уæд та истæмæй фæрог кæнынмæ. Æмæ ассоциацийы хуызы æрымысæм Нарты Бедухайы сæруæлдай уарзты æвдисæн».

Лæппу хæстмæ фæдисы куы фæраст, уæд йæ уис æрдæгхастæй баззад, æмæ ныр йæ мадмæ æрхатыд, мæ цæвæг мын искæмæн ратт, згæйæн æвгъау у, зæгъгæ. Царды æрдзон æвидигæ фæткыл дзуры мард салдаты ацы курдиат. Лирикон герой йæхи сыгъд хъысмæтыл дæр куыд нæ хъынцъым кæны, фæлæ тынгдæр та риссы уарзон чызджы «стъæлд амондыл». Сæ фæстаг фембæлд раст знон цыма уыди, йе 'рдынæрфыджы сурæт цæсты раз афтæ ирдæй лæууы. Æмæ уыцы æнкъарæн фæсайдта Будзийы, æндæримæ йын фæивддзаг. Лæппуйы рæдыд автор æмбарын кæны æцæгæлон чызджы æддаг бакасты динамикон, цардбæллон æууæлтæй:

*Далæ рацæуы мæ уаз зæд,*
*Ме скаст, ме ʻнæрцæф Зæринæ.*
*Дымгæ асимы йæ дысты,*
*Куы йæ дзаг риуты ыстæлфы.*

Чызджы æнæрыст, æнæмæт зæрдæйы уаг бæрæг у йæ цырд архайдæй дæр («Хъазынц йе ʻнгуылдзтæ, ирвæзынц цырд-цырд урс æмдынг фæдджитыл»), йæ райдзаст фæлыстæй («Зæххыл къабайы фæдджитæ – рог гæлæбутау – дзыгъуыртæ»). Лирикон герой афтæ смондаг æхсыры фынчытæм («Гъæй-джиди, ныр дзы ныххуыпп кæн!»), æмæ уыцы хæрз хуымæтæг, фæлæ æнæрцæугæ фæндонæй тыхджын агайы чиныгкæсæджы зæрдæ.

Фæкъæмдзæстыг Бындзыг, уарзон чызг ын æндæримæ кæй фæивддзаг, уымæй. Фæлæ йæм нæй азым хæссæн: ницыуал баззад йæхи хуызæнæй кæддæры «хъæлдзæг, худæндзаст, рæуæгвад» Зæринæмæ, чызг «ныггуыбыр», «палто – ауыгъдау йæ гуырыл». Æнкъард, æфхæрдхуыз у йæ цæсгом. Фыссæг пайда кæны карз æмæ тыхджын абарстытæй, ис сын, срастгæнæн кæмæн нæй, ахæм егъау, адзалæмдых бæллæхы нысаниуæг:

*Йе ʻнкъард ныхыл йæ ристæ –*
*Сау цыртдзæвæнтыл фыстытау,*
*Раст зæйы хафтау – йæ рустæ,*
*Ивад царм æмæ ыстджытæ.*

Поэмæйы хъайтары цæстæй (уæле дæлæмæ, дардыл афæлгæст) уынæм ивгъуыд хæсты æвирхъау бæрджытæ: фæндæгтыл – цæнкуыл, саугуырм, сахъат адæм. Фæлæ нæм æдзард салдаты абоны фæдзæхстæй æрбакæлы рагон нæртон дуджы бынысæфты их-уазал уылæн:

*Адæм, уе ʻппæтмæ дæр сидын.*
*Карз, ныггуыппæввонг у рæстæг,*
*Зæхх фæфæлдæхдзæн дæлгоммæ.*

Джусойты Нафи афтæ фыссы: «Мæнмæ дзы иууыл хуыздæр æмæ æнусондæр кæсынц йæ лирикæйы хуыздæр уацмыстæ, йæ кадæг «Бындзыг» æмæ йæ роман «Карды комыл». Фыццаджыдæр, уымæн, æмæ уыцы уацмысты иууыл ирддæрæй æмæ хъæздыгдæрæй зынынц, æрттивæнтæ кæнынц поэты курдиаты миниуджытæ, хохаг ирон лæджы характер, уый удыхъæды бындурондæр æууæлтæ: лæгдзинад, лæгуарзон, хæрзæгъдау, зындзинæдты фæразон, ныхасы рæсугъддзинад æмæ хъуыдыйы рæстдзинадыл дзурæг чи у, уыцы дзырдаив, стæй

ноджы ӕгъуыстаг ӕфсӕрмдзӕстыг. Ацы миниуджытӕй нывӕзт у, мӕ хъуыдыйӕ, Георгийы лирикӕйы мидӕг авторы фӕлгонц, кӕнӕ лирикон хъайтар...»

Хӕст ӕмӕ сабыр фӕллойы темӕ сӕйраг бынат ахсынц Георгийы сфӕлдыстады, фӕлӕ ахсджиаг фӕзынд у йӕ интимон лирикӕ дӕр. Уарзондзинадыл фыст ӕмдзӕвгӕтӕ бӕрӕг дарынц сӕ фӕлмӕн, зӕрдӕмӕхъаргӕ лиризмӕй, адӕмон ӕвзагмӕ хӕстӕгдзинадӕй. Уыцы миниуджыты тыххӕй дзы бирӕтӕ систы зарджытӕ. Георгийы интимон лирикӕ лӕуд уыд фольклорон поэтикӕйы реализммӕ рахизыны фӕндагыл.

Рӕзты, ивыны ӕууӕлтӕ уынӕм ӕмдзӕвгӕ «Мӕйрухс ӕхсӕв»-ы. Ам ӕмбӕлӕм ирон сылгоймаджы сурӕт ӕвдисӕг иумӕйаг бынӕттыл («саурӕсугъд», «йӕ дзыкку дыууӕ быдӕй – йӕ риуыл»). Ис дзы авторӕн йӕхи поэтикон уынынадыл дзурӕг фӕзилӕнтӕ дӕр. Лирикон геройы уарзон чызг нӕу аргъӕутты буцхаст рӕсугъд, уымӕн «адджын у куыствӕлладӕй йӕ фын», йӕ урс цӕсгом «тӕппал хурмӕ фӕсау». Фольклорон у лӕппуйы курдиат «рӕувад уддзӕф» ӕмӕ «хӕххон донмӕ», цӕмӕй йын хъахъхъӕной йӕ «царды рухсы» фын. Цӕвиттон хӕссы йӕхицӕй: «Кӕсыс, ӕз дӕр мӕ къахкъухтыл цӕуын», зӕгъгӕ. Ацы кӕройнаг рӕнхъӕй, фиппайы Джусойты Нафи, «уӕрццау стахт ӕцӕг уарзондзинад ӕмӕ нын бауырнын кодта, уацмыс зӕрдӕйӕ фыст кӕй у... Ацы «къахкъухтыл цӕуын» радта ӕмдзӕвгӕйӕн психологон реалондзинад».

«Мӕ чысыл малусӕг»-ы лирикон герой сиды мӕйрухс ӕхсӕв йӕ уарзонмӕ. «Ам чиныгкӕсӕг традицион метафорӕйы («мӕ сӕфт хуры хай») ӕмрӕнхъ ӕмбӕлы ног поэтикон фӕлгонцы ивӕнтыл («Мӕ чысыл/ тӕнбазыр/ урсдӕллагхъуыр малусӕг»). Ацы эпитеттӕ афтӕ уӕздан сты, ӕмӕ адӕймагмӕ ӕвзӕрын кӕнынц ӕрвон, сыгъдӕг фидыцы ӕнкъарӕн. «Аивадон параллелизмы нысаниуӕг ис ӕмдзӕвгӕйы дидинвӕлыст бал бӕласӕн. Иуӕй, уарзты ӕвдисӕн у, йӕхӕдӕг дӕр – ӕвзонгады символ. Иннӕмӕй та, ныхмӕвӕрд цӕуы, цавӕрдӕр аххосӕгты азарӕй чи нӕ сӕнтыст, дыууӕ уды уыцы ахастытӕм. Ӕмдзӕвгӕйы рӕнхъытӕй афтӕ зыны, цыма ӕппӕт бӕллӕхты дӕр азымаг уый у:

*Уӕ кӕрты къуымы бал бӕлас,*
*Мӕ тӕригъӕдӕй бахус уӕд, –*
*Нӕ уарзондзинад иунӕг аз*
*Йӕ бон нӕ баци басусӕг.*

Æмдзæвгæ «Ма кæ»-йы поэт – лирикон хъайтар – фембæлд æнахуыр рæсугъд чызгыл æмæ йын лæгъстæ кæны, цæмæй йæм «ма дзура рæвдаугæ», «ма йæм кæса цъæхдзастæй», уымæн æмæ йын йæ царды уалдзæджы иу æндæр ахæм рæсугъд чызг йæ уарзтæй стыр адджын хъизæмæрттæ бавзарын кодта. «Хъама йын йæ зæрдæйы сагъдæй ныууагъта, æмæ ныр ног маст, ног зæрдæдзæфæн æвгъау у. Лæгъстæ йын кæны, цæмæй йын батæригъæд кæна». Æмдзæвгæйы, иуæй, поэты ивгъуыд уарзт тыхджын у æмæ мах æлвасы йæхимæ, иннæмæй та, æвдисы, цавæр рæсугъд æмæ номхæссæн у, поэт лæгъстæ кæмæн кæны, уыцы чызг.

Æмдзæвгæ «Дæ лæвар»-ы сылгоймаджы рæсугъддзинады хъару поэты зæрдæ сынкъуысын кодта. Уый пайда кæны поэтикон абарстытæй. Чызджы «сау хъоппæг цæстытæ», «дидинæггъуыз былтæ», «бонвæрнон урс хъуыр» поэты уарзты æнкъарæнты ахæссынц уæлæрвтæм. Йе ‘мдзæвгæтæ «Мæйрухс æхсæв»-ы, «Мæ чысыл малусæг»-ы хъайтары сыгъдæг уарзондзинад дæр арф æмбæлы зæрдæйыл.

Ис ахæм хатдзæг скæнæн: Георгийы интимон лирикæйы хъайтары ахаст уарзон чызгмæ у уæздан. Кæд цыдæр аххосæгтæм гæсгæ дыууæ уарзон уды фæхицæн вæййынц, уæддæр ивгъуыд уарзты рухс лæдæрсы лæппуйы зæрдæйæ, æнусмæ дзы судзгæ фæд уадзы.

Бирæ алыхуызон темæтыл фыссы Георги æмдзæвгæтæ. Йæ мæт йæ сагъæс сты йæ ирон æвзаджы хъысмæт æмæ, дыууæ хайы чи фæци, уыцы Ирыстон. Кæд цыбыр æмдзæвгæтæ сты, уæддæр сæ мидис, сæ хъуыды у арф (æмдзæвгæтæ «Ме ‘взаг», «Дыууæ хайæ конд у нæ чысыл зæрдæ...», «Æз уарзын цард...»).

Георгийы æмдзæвгæтæ сты дзаг лиризмæй. Йæ уацмыстæй бирæтыл ирон композитортæ ныффыстой зæрдæмæхъаргæ зарджытæ, æмæ зæлынц Ирыстоны алы къуымты, уымæн æмæ зарæг у ныфс æмæ зонд дæттæг. Уый хизы азты сæрты фæлтæрæй-фæлтæрмæ, æмæ, цалынмæ ирон зарæг хъуыса, уæдмæ нæй ирон æвзагæн сæфæн, афтæ æмдзæвгæтæ дæр цæрдзысты зарджыты.

Поэт хæларæй цард Ирыстоны композитортимæ. Æнгом сфæлдыстадон бастдзинад ын уыд Хаханты Дудар, Æлборты Феликс æмæ иннæтимæ. Йе сфæлдыстады ис ахæм æмдзæвгæтæ, кæцытæн азарæн ис æнæ музыкæйæ дæр.

Хистæр фæлтæрæй чи нæ хъуыды кæны, Ирыстоны адæмон артисттæ Суанты Ким æмæ Годжыцаты Исахъ-иу сæ хъуытазмыр хъæлæстæй сæ концертон программæты ирон театры сценæйæ æмæ радиойы уылæнтæй йæ ныхæстыл фыст «Чызгайы зарæг», «О, уыцы дыууæ сау

цæсты» куыд аив зарыдисты, уый. Афтæ иннæ зарæггæнджытæ дæр дзыхæй-дзыхмæ истой лиризмæй дзаг æмдзæвгæтыл арæзт зарджытæ æмæ сын лæвар кодтой ног цард.

Дзугаты Георги йæ хъус дардта сывæллæтты литературæмæ дæр. Йæ чысыл хæлæрттæн фыст чингуытæ «Дзабо», «Радзырдтæ», «Хæлæрттæ», «Аргъæуттæ æмæ радзырдтæ» бæрæгæй æвдисынц авторы арæхстдзинад сабитæн аив уацмыстæ нывæндыны хъуыддаджы. Йæ уацмыстæй цалдæр хаст æрцыдисты «Сывæллæтты антологи»-мæ. Рæзгæ фæлтæрæн рæдау æмæ ахадгæ хуынтæ сты йæ пьесæ-аргъæуттæ: «Хуры хъæбул», «Арсы уазæг». Сабитæн ныффыста дзæвгар мидисджын уацмысы, хъæлдзæг радзырдтæ, аив æнцонæмбарæн æвзагæй фыст æмдзæвгæтæ. Рæвдауæндæтты кусджытæн сæ хъомыладон куысты стыр ахадындзинад æмæ æххуыс сты, Георги хъазты хуызы чысыл сабитæн цы æмдзæвгæтæ ныффыста, аив поэтикон мадзæлттæй пайда кæнгæйæ, уыдон: «Уалдзæджы цин», «Карк æмæ сабитæ» æмæ иннæтæ.

Фыссæг стыр аргъ кодта йе ’мдугон рæстуд адæймæгтæн, йæ Ирыстоны рæсугъд сомбоныл чи тох кодта, йæ мадæлон æвзаг æмæ литературæйы рæзты цæрайæ чи цард, уыдонæн, æмæ сын сæ рухс ном ардта йæ поэтикон рæнхъыты.

1961 азы Хуссар Ирыстоны паддзахадон рауагъдад хицæн чиныгæй рауагъта йæ «Равзæрст уацмыстæ». Хаст æм æрцыдисты, бирæ азты дæргъы æнувыдæй кæуыл бакуыста, уыцы уацмыстæн сæ хуыздæртæ.

Радзырд «Æнайы лæвар»-ы Георги æвдисы, Хуссар Ирыстоны лыгъд адæмæн сæ тыхсты рæстæджы Ленин цы стыр æххуыс бакодта, уый. Уарзон фæтæджы лæвæрттæй иу – фæныкгъуыз хауджын кæлмæрзæн – æрхаудта ирон сылгоймагмæ. Уый стыр хæзнайау 30 азы дæргъы февæрдта кæлмæрзæн. Йæ царды кæрон куы бамбæрста, уæд рынчынæй байгом кодта чырын, систа кæлмæрзæн æмæ йæ балæвар кодта йæ фырты чысыл чызг Заремæйæн, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуа лæвæрд.

Ирон æмæ уырыссаг адæмы ‘хсæн æфсымæрон хæлардзинады темæйыл фыст у Георгийы радзырд «Хæлæрттæ». Уыцы хæлардзинадæн фыдæлтæй фæстæмæ ис арф уидæгтæ. Ацы радзырд æрцыд тæлмац уырыссаг, украинаг æмæ гуырдзиаг æвзæгтæм. Центрон мыхуыр ын скодта аккаг аргъ, банымадта йæ дæсны нывгæнæджы сфæлдыстадон æнтыстыл. Георги хорз сарæхст пионертæ Хазби æмæ Юричы бæллицтæ, зæрдæйы уаг, миддуне равдисынмæ, бахай сын кодта нациты минæвæртты хуыздæр миниуджытæ...

Георгийы поэтикон æмæ беллетристон уацмыстæ хицæн чингуытæй мыхуыры цыдысты алы азты Мæскуы æмæ Тбилисы уырыссаг æмæ гуырдзиаг æвзæгтыл. Чиныгкæсджытæ æмæ сын критиктæ скодтой аккаг аргъ.

Йæ уацмыстæй бирæтæ тæлмацгонд æрцыдысты уырыссаг, гуырдзиаг, украинаг, белорусаг, абхазаг æмæ æндæр æвзæгтæм. Георги йæхæдæг арæхстджынæй тæлмац кодта йæ мадæлон æвзагмæ дзырдаивады хуыздæр уацмыстæ. Иттæг хорз раивта А.С. Пушкины, М.Ю. Лермонтовы, М. Исаковскийы, Т.Г. Шевченкойы æмæ бирæ æндæр зындгонд авторты поэтикон уацмыстæ.

Георгийы сфæлдыстадæн егъау нысаниуæг ис ирон советон литературæйы рæзты. Уый йæм бахаста уæзгæ æмæ цæстуарзон хуынтæ. Уымæн ирд æвдисæн у, йæ равзаргæ уацмыстæ рауагъдад «Ирыстон»-ы 1961-1966 азты æртæ томæй мыхуыры кæй рацыдысты, уый. Чиныгкæсæджы зæрдæ агайынц сæ адæймагуарзон ахастæй, цæстæвæрæн сты сæ аив кондæй, сæ хъæздыг æвзаг æмæ рæсугъд стилæй.

Дзугайы-фырты прозаикон уацмыстæ сты дзæвгар. Йæ автобиографион роман «Карды комыл»-ы æвдыст цæуынц немыцаг концлагеры карз æмæ æвирхъау æгъдæуттæ, уацары бахауæг хæстонты ныфс æмæ удвидар, сæ патриотизм. Йæ сæйраг персонаж – Дзæнæгаты Гаги – у авторæн йæхи прототип. Карды комыл цæуæгау уыд йæ фæндаг мæлæт æмæ царды тæссонд арæныл, фæлæ, зындоны хъизæмæрттæ æвзаргæйæ дæр, нæ фесæфта йæ адæймагон æууæлтæ, нæ фæтасыд йæ удыхъæд.

Георгийы сфæлдыстад куы кæсай, уæд адæймагмæ афтæ фæзыны, цыма автор ам, горæты нæй, фæлæ кæмдæр дард хæххон хъæуы цæры иунæгæй, фыссы æмæ сæ уырдыгæй æрвиты. Хохаг комулæфт – ацы ахсджиаг миниуæг йæ уацмысты сæрдыгон дымгæйау дыууæрдæм расим-басим кæны. Уый уыд Георгийæн йæ поэзийы ахсджиагдæр рахæцæн. Йæ уацмыстæй бирæтæ хаст æрцыдысты Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны ахуыргæнæн чингуытæм.

Поэты литературон æмæ æхсæнадон фæллойæн Советон дуджы аккаг аргъ скодта хицауад – хорзæхджынгонд æрцыд «Кады нысан»-ы орденæй, майдантæй, Кады грамотæйæ æмæ 1976 азы та сси Хетæгкаты Къостайы номыл литературон премийы лауреат йæ прозаикон уацмысты хуыздæртæй иу – роман «Сыгъзæрин суадон»-ы тыххæй.

1985 азы апрелы мæйы, Дзугаты Георги йæ лæджы кары куы бацыд, уæд йæ зæрдæйы куыст банцад. Амард æцæг ирон, уæздан лæг. Кæстæртæн – буц хистæр, æмгæрттæн – уарзон æмæ фæзминаг.

Джусойты Нафи Георгийы мысгæйæ «Рæстдзинад»-ы фæрстыл афтæ фыссы: «...Цалынмæ нæ базæронд дæн, уæдмæ арæх цыдтæн Цхинвалы уæлмæрдмæ, уым ме ´мгæрттæй ныгæд чи ис, уыдон уынынмæ. Арæхиу лæууыдтæн Джиуæры цырты уæлхъус. Уæлион дунейы нæ фембæлд фылдæрхатт зарæгыл фæуд кодта. Ныр мæ ныхасмæ хъуыста æдзух æгомыгæй, æмæ иухатт уый фæдыл райгуырдысты ацы ныхæстæ:

*Æмыр уайдзæфтæ хастон, æмæ диссаг, –*
*Дæлзæххæй мыл йæ ил-лæ-лай фæцыд...*
*Æмæ уæд та æз багоймыг дæн:*
*Мæ цæсты сыг мæ уды рæбын сысы,*
*Мæ мидныммæр йæ зарæгæн хъырнын...*

Æмæ афтæ уыдзæн, мæ фæстаг балцы куы араст уон, уæдмæ».

Дзугаты Георги йе сфæлдыстадон бирæ фæллæйттæй (мыхуыры йын рацыд цыппор чиныгæй фылдæр) алыхуызон литературон жанрты самадта æнусты цыртдзæвæн æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ йæ рæсугъд кæстæртæн, Дзугаты фæрнджын мыггагæн, уарзон хæлæрттæн, йæ удæй фылдæр кæй уарзта, уыцы æфхæрд Ирыстонæн. Йе сфæлдыстад у «фламингойы базырау рæсугъд». Фламингойы базыр та рæсугъдæй мин-мин хуызы хъулонæй ферттивы тæхгæтæхын арвы риуыл, æмæ йæм зæххæй фæкомкоммæ дæ – дæ цæст дзы нал райсдзынæ.

Фыссæг уыд йæ дуджы хъæбул, æмдзу кодта йемæ, рыст йæ рыстæй, цин кодта йæ цинæй. Уыдис ын йæхи хъысмæт, йæхи хъæлæс, кæцы никæимæ хæццæ кодта æмæ кæны. «Национ культурæ цæмæй бæрзонд къæпхæнмæ схиза, сбирæ уой йæ зиууæттæ, рæзой кæстæр фæлтæр, æрыгон фысджытæ – уый уыд йæ хъуыдыты сæйрагдæр рахæцæн». Дзугайы-фырт ирон литературæйы къæбицмæ цы дзадджын хуынтæ бахаста, уыдон, æнæмæнгæй, лæмбынæгæй сты иртасæн куысты аккаг. Йæ поэтикон дуне у алыхуызон æмæ вазыгджын, йе сфæлдыстад – бирæвæрсыг. Арф æнкъары хъæууон куысты поэзи, йæхирдыгонау уыны Ирыстоны диссаджы æрдз.

# ГЕОРГИЙЫ ТЫХХÆЙ ЙЕ 'МДУГОНТЫ ХЪУЫДЫТÆ

Георги йæ цард, йæ тых æмæ тыхджын курдиат радта ирон аив дзырды сæрвæлтау. Йе 'взонджы бонтæй фæстæмæ, раст фæндзай азы дæргъы – æнусы æмбис! – уырдыг фæлæууыд ирон аив дзырды раз æмæ йын лæггад кодта æгъдауджын, нымд кæстæрау...

Æмæ никуы бафæллад, никуы сивта йæ зæрдæ йæ лæггадыл, йе 'нусон фыдæбоныл, йæ иунæг уарзон – поэзийыл.

...Æз дæр æмæ мæ фæлтæр дæр фыццаг Гафез æмæ Дзугаты Георгийæ базыдтам æфсымæры рæвдыд, æфсымæры уайдзæф, æфсымæры æххуыс нæ царды æмæ нæ куысты. Æбузн лæгæй худинагдæр ницы уыд нæ хæхты, æмæ сын зæгъын: бузныг! Нæ зæрдыл лæудзæн, цалынмæ мысынхъом уæм, уæдмæ.

Нæ зæрдæйы рæбын ис Георгийæн йæ аив дзырды фидыц æмæ хъомыс дæр. Æмæ йын кæд æххæст аргъ скæнын нæ бафæрæзтам, уæддæр æй хатæм, зонæм, нымайæм.

Дзугаты Георги ирон дзырды зиуы кусы иузæрдыг хосдзауæй. Бирæ йын бантыст, кæд йæ царды фæндаг фынджы рæгъау æмлæгъз æмæ раст нæ уыд, кæд дзы бирæ фыдæвзарæнты фæци, уæддæр. Абон нæ разы сты йæ лирикæйы чингуытæ, йæ кадджытæ, йæ уацаутæ æмæ романтæ, йæ поэтикон тæлмацтæ, йæ пьесæтæ æмæ критикон уацтæ...

Георги нырма йæ хосгæрсты уæлхъус лæууы, нæ уистæ фæрсæйфæрстæм хæссæм... Георгийы æгъдау, не 'рвылбоны царды фарн, нæ удыхъæды комулæфт мах хатæм рагæй фæстæмæ, стæй чингуытæй нæ – лæгæй-лæгмæ. Æмæ уый немæ ис кæддæриддæр, уый нымад у нæ зæрдæйы æвæрæнты. Нæ хъуыдыйы дæр абон фыццаг уый ис.

*Нафи*

Уалдзæджы тæмæны Ирыстоны арф кæмтты хъарм бæстæй æртæхæг мæлгъæвзаг булæмæргъы сæдæхъæлæсон зарæджы зæлтæ куыд фæзæлынц, афтæ æрбацыд ирон поэзимæ йæ хæдбындур æмдзæвгæтимæ, йæ фыццаг чиныг «Хуры тын»-ы минмырон зарджытимæ нæ поэт дæр.

Дзугаты Георги уыдис Ирыстоны зæлланг зарæджы хъырнджытæй, стыр Къостайы «Балцы зарæг»-æн хъырнджытæй æмæ йæ фæдонтæй иу.

Дзугаты Георгийы зарæг зæлы æмæ цæрдзæн цæрæнбонтæм,

мыггагмæ, цалынмæ ирон æмдзæвгæ, ирон зарæг уа, ирон хъæздыг æвзагыл дзурæг уа, уæдмæ.

*АСАТЫ Реуаз*

...Георгийы сфæлдыстад – йæ бирæ ‘мдзæвгæтæ, радзырдтæ, уацаутæ, романтæ, пьесæтæ – у цæстæвæрæн. Рафæлдах ын йæ чингуытæй кæцыфæнды, йæ фыццаг фарсæй йæ фæстаг фарсы онг дзы дæ цæст фæиртасын нал бакомдзæн, дæ зæрдæ дын уый бар нал ратдзæн.

Георгийæн йæ адæмы ‘хсæн æнæкъæмдзæстыгæй цæрынæн фаг у иунæг миниуæг дæр – лæгау-лæджы миниуæг, адæймаджы зæрдæйы тæгтæ фæриссынæй бахизын. Ахæм миниуæг вæййы æцæг фыссæг-гуманистмæ, зынгзæрдæ поэт-интернационалистмæ, рæстзæрдæ коммунистмæ.

Зæрдæ ‘рхæндæг у, зонд – фæлмæцыд нæ хистæр æмбалы фæзианæй, æмæ нырма не ‘нкъарæнтæ нæ ахсынц, ирон литературæйыл, æмткæй нæ культурæйыл цы стыр зиан æрцыд, уый. Фæлæ рацæудзæн рæстæг, райхæлдзæн зæрдæйы ‘рхæндæг, айсæфдзæн зонды фæлмæцыд, æмæ уæд банкъардзыстæм, нæ хистæр æмбалы сæр, йæ зондамынд нæ куыд тынг хъуыдис, уый. Георгийæн йæ зондамынд та уыд дзыхæй, ныхасæй, мораль кæсынæй, хъуыдыты тæрхонæй нæ, фæлæ хи цæвиттонæй. Уый никуы загъта, зæрдæ цæмæй фæрыстаид, лæг цæмæй фæхъыг уыдаид, ахæм дзырд, нæдæр æрвылбон царды, нæдæр быцæуы рæстæджы.

*ГÆБУЛТЫ Мелитон*

Уæздан æмæ хæдæфсармæй фæцард не ‘хсæн Георги. Рæдау, æнæхин уыд царды дæр, куысты дæр. Никуы никæй хъыджы бацыд йæ цæргæйæ, хистæртимæ – хистæр, кæстæртимæ – кæстæр. Литературон æвзонг фæсивæдæн – сæ зондамонæг, сæ хъомылгæнæг...

Æнæкæрон зынаргъ сты, Георги йæ дзыллæйæн цы хъæздыг аив бынтæ ныууагъта, уыдон. Уыцы литературон хæзнатæ нæ рæзгæ фæлтæры ахуыр кæнынц цæрын, кусын, тох кæнын. Уарзын нын кæнынц нæ Фыдыбæстæ, сидынц нæм æфсымæрон адæмты 'хсæн æнусон хæлардзинадмæ.

Йе сфæлдыстад у вазыгджын æмæ æппæтвæрсыг. Поэзийы гуыргъахъ фæндæгтыл фæцыд сæрбæрзондæй. «Цыты лæг уæвгæйæ, хуымæтæг адæймагæй фæцард йæ царды бонты».

Хасæхъойы нæргæ хæдзары кадхæссæг æмæ хæстарыд, куыствæллад, мыггаджы буц хистæрæн йæ рухс фæлгонц æнусты цæрдзæн йæ хæлæрттæ æмæ йæ чиныгкæсджыты зæрдæты, цалынмæ хохæй дур тула, быдыры цалх зила.

*ГАГЛОЙТЫ Владимир*

...Георги не ‘хсæн цыди, царди æххæст цардæй, куыста... Поэзийы суадон цыхцырæгæй æнхъæвзта йæ сисы бырынкъæй. Хъуыстам ын йæ зæлланг хъæлæс, уыдтам ын йæ хæлар мидбылхудт, æнкъардтам йæ уæздан юморы тæлмæнтæ... Уыдис уый хистæртимæ зонджын хистæр, кæстæртимæ – хуыздæр кæстæр – сæ зондамонæг, сæ хъомылгæнæг...

Æмæ ныр... Лæууæм йæ уæлхъус сæркъулæй, æрхуымæй...

...Æгъатыр у мæлæт!.. Уымæ нымады дæр не сты курдиат, лæджыхъæд, кар æмæ цин... Цæрынмæ бæллыс, дæ адæмы хъæбул дæ, бирæ хæрзты сын куы бацæуис, цырагъ сын дæндагæй куы дарис, уый дæ фæнды, уыдæттæ сау мæлæт нæ зоны. Æмæ бахъавыд мæнæ нæ хуыздæрмæ абон.

Нæ! Фæсайдта дæ, сау мæлæт, дæ фын: нæхи Дзугерæн, нæ буц поэтæн нæй мæлæн, йæ сисы бырынкъæй йæхицæн æнусбонмæ самадта цырт! Йæ номыл тъымы-тъыматæм лæудзæн, йæхæдæг фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæрдзæн, æмæ йæ рухс курдиат йæ аивады хæзнадонæй æнустæм æрттивдзæн!

*БУКУЫЛТЫ Алыкси*

Дзугаты Георги уыд нæ интеллигенцийы хистæр фæлтæры хуыздæр минæвар. Ирон дзырд, ирон æгъдауæн, ирондзинадæн стыр аргъ чи кодта, ирон аивадон культурæ бæрзондæй-бæрзондмæ чи иста, ирон аив дзырды рæсугъддзинад йæ адæмæн чи уарзын кодта, кæстæр фæлтæрæй аивадон литературæмæ чи æрбахызт, уыдонæн ирд цæвиттон чи уыд, ахæм адæймаг уыд Георги.

...Георги æмдзу кодта нæ эпохалон фæзындтимæ æмæ рæсугъд, райгæ зæрдæйæ кæддæриддæр цин кодта алы прогрессивон ногдзинадыл. Уый нырма йæхимæ æнкъардта фаг хъару йæ адæмæн, национ культурæйæн балæггад кæныны хъуыддаджы, фæлæ æнæнхъæлæджы не ‘хсæнæй фæхъуыд, нал байхъусдзыстæм йæ рæсугъд ирон зардмæ, йæ рæсугъд ирон дзырдмæ. Георги стыр хæзнатæ ныууагъта ирон чиныгкæсæгæн, æмæ, цалынмæ ирон дзырд, ирон зарæг хъуыса Ирыстоны кæмтты, уæдмæ нæ ферох уыдзæн нæ хистæр æмгар Дзугаты Георгийы рухс ном.

*ТЪЕХТЫ Баграт*

Ирыстоны æрдзы рæсугъддзинад, йæ адæмы хъæздыг удыхъæд уыдисты Дзугеры сæйраг темæтæ.

...Æхсаргардау цæрдзысты йæ æлвæст уацмыстæ, фæлтæртæн уыдзысты æхсардзинад æмæ нæ адæмæн лæггад кæныны цæвиттон.

*ТЕДЕТЫ Герас*

# НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*ХУЫГАТЫ Ирлан*

# ХЪОДЫГОНД

*Уацау-новеллæ*

*Дæлимон дæр, зындоны бахаугæйæ,*
*хæрзтæ дзурынмæ фæуыдзæн.*
ЦÆГОЛТЫ Георги

* * *

Цымæ, алы бон ардæм цы цæуынц, цы сæ хъæуы мæнæй? Истæмæй сын зæрдæ, мыййаг, бавæрдтон? Æви сæ исты дарын?.. Цæй æдылытæ сты: лæгæты кæй бадын, æрмæст уый охыл мын сты куырыхон æнхъæл, кæй ницы дзурын, æрмæстдæр мæ уый тыххæй схуыдтой пехуымпар.

Нæ мæ хъæуынц сæ хуынтæ дæр: истæмæйты ирвæздзынæн – уидæгтæй, зокъотæй æмæ хъæддаг кæрдотæй... Æз нæ дæн хосгæнæг, дæсны дæр нæ дæн; мæ бон сын нæу сæ цæнкуылты сæ къахыл слæууын кæнын, нæу сын мæ бон сæ хæйрæджыты фæсурын; сæ номдзыд цуанæтты стджытæ кæм сты, уымæн дæр сын ницы зонын.

Æрвылбон æрбацæуынц ардæм, æрæвæрынц зæххыл сæ хуымилиæгтæ, æрбадынц сæхæдæг дæр æмæ мæ лæгæты тарфмæ нымдзаст вæййынц. Рæстæгæй-рæстæгмæ сусубусугæнгæ цыдæртæ дзурынц. Се 'хсæн цы нæлгоймæгтæ ис, уыдон иууылдæр – рыгъд æмæ цæнкуылтæ. Иннæтæ – зæронд устытæ æмæ сывæллæттæ. Цæй тар æмæ мæллæг сты сæ цыргъуадул цæсгæмттæ, цæй æрттывд кæнынц сæ нарæгкъæртт цæстытæ!

Уыдонмæ æз нæ зынын, фæлæ сæ æз хорз уынын. Цæмæй рухс хорз æвзарай, уый тыххæй хъуамæ дæхæдæг талынджы уай.

* * *

Адæймаджы цæсгом! Раст у, æвæдза: фылдæр хатт æппæты зындæр фенæн, æппæты зындæр бамбаринаг вæййы уæлцъарыл. Афтæ куы нæ уаид, уæд цы фæуиккой нæ цæстытæ – æрмæст æддæ цы ис, айдагъдæр уый чи уыны?

Уыдон сты, сæ амæттаг йæ хуыккомæй йæхæдæг кæд рабырдзæн, уымæ фæразон-быхсонæй æнхъæлмæгæсæг тугдзыхты балы хуызæн.

Æз сæм алы бон нæ рацæуын. Бæргæ, æрвылбон-иу сæм куы рацæуин, уæд сæ, чи зоны, раджы фервæзтаин! Фæлæ нæу мæ бон алы хатт сайын, суанг мæ сæрибар æмæ ме 'нцойады сæрвæлтау дæр. Куы рацæуын, уæддæр сын фæзæгъын: ацæут уæ хæдзæрттæм фарнимæ, мæ бон уын баххуыс кæнын нæу. Пехуымпар æмæ мын хосгæнæг æнхъæл кæй стут, уымæй рæдийут. Æз сымахæн уе 'взæрдæртæй æвзæрдæр дæн, сымахæй алчидæр мæнæй хуыздæр у. Ныууадзут мæ.

Уыдон та фенхъæлынц – уый сæм дзуры фырнымд æмæ æфсæрмыгæнаг. Уый рæстдзинад кæй у, уый сæ нæ уырны. О, уæд та, æнусон чи басгуыхдзæн, ахæм дыуæ ныхасы кæрæдзийыл бабæттын куы зонин! Уæд цæуылнæ уаид уыцы дзырдтæн хъысмæты фидиуæг схонæн?

Стыр поэттæ иууылдæр пехуымпартæ уыдысты: уыдон нын, суанг мин азты фæстæ адæм цы зардзысты, уыцы зарджытæ дæр бацамыдтой.

* * *

Бафæлладтæн, абон ацæудзынæн ардыгæй. Нырмæ дæр цæмæ лæууыдтæн? Цы боны хорзмæ ма кастæн? Æнхъæлдтон, цы мæ хонынц, уый кæй нæ дæн, уый бамбардзысты æмæ мæ ферох кæндзысты. Куыннæ стæй: бонæй-бонмæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц, иннæ хъæутæй дæр ма мæм къордгæйттæй ивылынц æнамонд адæм. Куыддæртæй мæ хъустыл æрцыд, зæгъгæ, дам, кæйдæрты сдзæбæх кодтон сæ уæззау низтæй, чидæртæ фервæзтысты сæ мидутæхсæнтæй æмæ та ногæй сахуыр сты цардыл цин кæнын... Мæгуыр сæ бон, алы мæнг хабæрттыл чи æууæнды! Мæнæн мæ бон исты куы уаид, уæд уал фыццаг мæхи сахуыр кæнин цин кæнын! Уыдон æнхъæлынц, æз æргом рацæуæг дзуар дæн, æз – сæ низтæ, сæ фыдбылызтæ ныхъуырæг æнæбын сæрсæфæн дæн.

Цыма, куы бакуырм уой, уымæй тæрсынц, уыйау мæм хæрз хæстæг æрбацæуынц, фæлæ мын мæ цæсгоммæ нæ кæсынц. Алкæй дæр сæ фæфæнды мæ дзаумæттæй искæцыйы кæроныл бандзæвын. Хъавгæ сæ аиуварс кæнынил фæцархайын, æмæ уæд мæ къухтæ æгъатыр уацары бахауынц. Суанг ма мын мæ лæдзæгæн дæр пъатæ кæнын райдайынц. Æз та, цалынмæ мæ сæ мондæгтæ не суадзынц æмæ нæ ацæуынц, уæдмæ фæлæууын, фыр æфсæрмæй æмæ фырмæстæй судзгæ æмæ кæугæ. Уыдон алы хатт дæр ацæуынц куыддæр æнæнхъæлæджы, æвиппайды. Æмæ мыл уæд æртыхсы ме 'ххормаг. Æви мæм мæ ахсæн, акæс сæм абон, кæннæуæд райсом дæ бон нал бауыдзæн, зæгъгæ, куы сдзуры, æрмæст уæд рацæуын? Рацæуын, цæмæй сын сæ нартхоры ссадæй конд хъæбæр кæрдзыны гуылтыл æмæ сæ смаггæнаг цыхты къæрттыл мæ

бар цæуа. Рацæуын, цæмæй сæ ацыдмæ ма 'нхъæлмæ кæсон, цæмæй сын фæстæдæр сусæгæй сæ мæгуыр хордзентæ ма къахон.

Мæ ахсæнæн йæхион йæхирдыгæй куы фæвæййы, уæд райдайынц йæ уайдзæфтæ: ницæйаг, цæй тагъд смондаг дæ? Дæ бон райсоммæ банхъæлмæ кæсын нæ уыд, мæлгæ акодтаис!? Цæй æбузн дæ, мæ ахсæн, цæ! Куыд дæ ныхъхъус чындæуа?

* * *

Мæ ахсæнæй æвзæрдæр та – мæ зæрдæ. «Ма йæм хъус, – дзуры мæм, – кургæ æмæ давгæ чи нæ кæны, уымæн йæ фаг хæрыны бар ис». Фæлæ, йæ дзыхыл хæцын цы тæригъæдджын зæрдæ нæ зоны, уый мын цыфæнды дзурæд! Мæ ахсæн æрмæст æгъатыр æмæ æбузн у; мæ зæрдæ та ма сылгоймагау дзæгъæлдзых дæр у. Æрмæст дзых йæхиуыл хæцын зоны, зæрдæ – нæ. Дзурынæй, дам, нæ дзурын – хуыздæр. Фæлæ уымæн йæ зæгъын у æнцон!

Æнудæй сулæфæнтæ нæй. Ахсæв, æнæмæнг, тæрккъæвда уыдзæн. Фæлæ уæдмæ æз ацæудзынæн. Мæ фæнд конд у. Æгæр фидар дæр ма у мæ фæнд; уæд та ма баззаис, зæгъгæ, дæр мын нал ской кæндзæн... Уыдон мæм райсом бирæ фенхъæлмæ кæсдзысты, фæлæ дзæгъæлы, нал мæ фендзысты. Уæдмæ адард уыдзæн ме 'ххормаг. Мæ ахсæн мæ нал домдзæн, æцæгдзинад цы у, уый дзурын.

Цы 'мбисонд у ацы хъæхъхъаг смаггæнаг цыхт! Цы хæрзад у сæ кæрдзын! Афтæ хæрзад мæм кæсынц, æмæ хæргæ-хæрын кæуын райдайын. Уæдæ уæд æз цæй кæлæнгæнæг дæн! Сымах стут кæлæнгæнджытæ.

* * *

Афон у: мæйыл – адæймаджы худæнбыл цæсгомы æндæрг, афтæмæй уыцы стыр, уыцы тымбылæй хæхты сæрмæ стылд. Уæдæ мæм рухс дар, цæмæй ма фæиртæсон нарæг къахвæндагæй.

Арт нæ ахуыссын кæндзынæн, пыхсытæ ма йыл баппардзынæн: уадз судзæд. Судзæд йæхицæн. Æз та цæудзынæн æмæ хъуыды кæндзынæн: уым баззад мæ хъарм лæгæт, уым, цины къæрццытæгæнгæ, судзы арт... Мæ фæндаггон лæдзæг та кæм и? Мæнæ и.

Фыццаг къахдзæф кæмæн бантыст, уый, дам, йæ фæндаджы æмбис ацыд, – афтæ фæдзурынц махмæ. Уый æцæг уа афтæ? Афтæ куы нæ уаид, уæд хуыздæр: фæлтау мæ фæндаг цыфæнды даргъ дæр уæд, уæддæр ацы хъуыды раст ма уæд.

Цæуынмæ нал арæхсын. Фæлæ та сахуыр уыдзынæн. Уый зын нæу. Цæуын ахуыр кæнынмæ адæймаг рæвдздæр у æнцад бадынæй; æгомыгæй лæууынæй дзурынæл тагъддæр фæцайдагъ вæййы.

* * *

Къахдзæф, дыккаг, иу ма. Цы стыр зонды хицау уыд, æвæдза, йæхицæн фыццагдæр фæндаггон лæдзæг чи ракодта, уый! Фæлæ иу зондджыны сæрмæ дæр уый не 'рцыдаид, къуылых дæр нæ уыд, зæгъгæ, уæд. Стæй, куырыхон иу ран æнцад цæуылнæ хъуамæ бада, ноджы ма къуылых куы уа, уæд?

Фидар къæхтæ хорз сты, фæлæ уыдонæй бæллиццагдæр та – фидар æрбадæнтæ. Бирæ стыр хъуыддæгтæ, дардыл нывæст фæндтæ сæ фæзындæй бузныг хъуамæ уой æрбадæнтæй.

Къахдзæф, æмæ ма иу, стæй та ноджыдæр. Рог ирдгæ цæсгомыл æмбæлы. Рахизæрдыгæй – къæдзæхтæ, галиуæрдыгæй – сæрсæфæн. Доны нарæг уаццаг дæлæуæз кæцæйдæр кæсаджы цæппузыртау æвзист цæхæр калы. Сау арвыл – стыр фæлурс мæй æмæ стъалытæ. Стъалытæ, æнæнымæц стъалытæ! Банымайæн сын нæй, фæлæ сæ бæрц бæлвырд у. Куыд хъуамæ уа стъалыты нымæц, цас сты, уымæй фылдæр кæнæ къаддæр? Цымæ, алцыдæр, куыддæриддæр у, афтæ цæмæн у? Æндæрхуызон цæуылнæ у?

Æз цæмæн дæн æз, цæуылнæ дæн, зæронд устытæй мæм сæ иу йæ фидар зылын къæхтыл цы рæсугъд цæнкуылы æрбахæссы, уый? Кæнæ цæуылнæ дæн уыцы зæронд ус? Цæуылнæ райгуырдтæн кънйазæй? Цæуылнæ дæн æз, иу риу кæимæ дадтам, уыцы æфсымæр, кæнæ йæ бæх? Цæуылнæ дæн ацы лæдзæг? Уæд, гæнæн ис, æмæ йæ æцæг пехуымпар дæр ракодтаид тæрс бæласæй!

* * *

Фидæн ныл тас æфтауы, ивгъуыд – зæрдæйы рухс. Сомбон – тар æхсæв æмæ фæндаг, ивгъуыд – рухс бон æмæ дæ къона. Фæлæ хæрз дзæгъæлы стауынц дæсныты æмæ къамæйфæрсджыты. Стырдæр кады аккаг сты таурæгъгæнджытæ æмæ ивгъуыд дугты пехуымпартæ. Цы 'рцыди, уый арфдæр æмæ алæмæттагдæр у, цы нæма 'рцыд, уымæй.

Ахъуыды ма кæн, куыд рауад афтæ, цæмæй дын дæ фæндаггон лæдзæг æрмæст ацы хъæды лыггаг суа, æрмæст ацы æлыджы къуыбыр – дæ дурын, ацы æфсæйнаджы схъис та – дæ кард? Алы дзаума дæр æххæст æмæ рæсугъд у йæ хæдхуызæй, йæ хæдбарæй, дунейы сконд æмæ фæзындыл йе 'нæмбæрст, æнахуыр хъуыдытæй – сæнттæй.

Афтæ дунейы сæфтыл йæ хъуыдытæ нывæнды алы дзаума дæр. Уымæн æмæ уæд кæрон æрцæудзæн йæ иунæгдзинадæн дæр. О, фæлæ нæ иу дæр иунæг кæддæр кæй нал уыдзæн, уый бамбарынæн, пехуымпар уай, уый ницæмæн хъæуы.

Дур сцыргъ кæнынæн цæугæдоны хъæуы сæдæ азы, æви уый дуры

хъæуы æнус, цæмæй цæугæдон бацæуа йæ хуылфы, – фæлæ æнусы дæргъы хъæбыс-хъæбыс кæрæдзиуыл дæвдæг сты. Дуры нæ фæнды, цы у, ууыл тох кæнын. Куы йæ фæндид, уæд æй чи хъыгдарид! Цæугæдоны, дур цæмæй уа, уый куыд фæнды, афтæ дуры та фæнды, цæугæдон куы суаид, фæлæ уый æвиппайды не 'фты йæ къухы.

Уый охыл сæ сæдæ азы, сæдæ къахдзæфы скæнын хъæуы кæрæдзимæ.

* * *

Рæстæг цæугæдон у... Искуы сæмхуызон кæндзæн хицæн дзаумætты фæлгæттæ, æмæ сæ алкæцы дæр суыдзæн алцы дæр, уымæн æмæ алы дзаумайы дæр фæнды, æндæр исты дзаума куы суаид, уый. Никæцыйы дзы фæфæнды, йæхæдæг цы у, æрмæст уымæй баззайын, стæй иннæтæй хъауджыдæр хъулон куыд уа – хæдхуыз.

Суанг хæрзаудæны дæр, цалынмæ зæххыл хæрам ис, уæдмæ нæ фæнды хæрзаудæн уа; уый дæр хъуамæ уа хæрам, цалынмæ хæрамæй хæрзаудæн нæ рауайа, уæдмæ. Хæрзаудæны фæнды хæрамæй хæрзаудæн скæнын, хæрамы куыд фæнды хæрзаудæнæй хæрам скæнын, афтæ. Нæлгоймаг ус ракуры, сылгоймаг чындзы ацæуы, æмæ архайынц кæрæдзи хуызæн суæвынил, цалынмæ не сиу уой, уæдмæ.

Ахъуыды ма кæн, ногæй та баиу уыдзысты арв æмæ зæхх! Мах фæкуыддæр вæййæм, дунейы æнæкæрон тыгъдадыл хъуыды кæнгæйæ, уымæн æмæ кæддæр-кæддæр фидæны цы уыдзæн, уый нæ бон бæлвырд сныв кæнын нæу. Фæлæ нæ тасы уымæй фылдæр æфтауы дунейы мидысконды æнæкæрон сусæгдзинæдтыл хъуыды; бирæ зындæр бамбарæн у, йæ афон цалынмæ æрцæуы, уæдмæ чи нæ фæдих вæййы, уыцы нæмыг, кæнæ дих чи нал кæны, уыцы рыджы мур!

* * *

Къахдзæф, æмæ ма иу, æмæ ма ноджыдæр. Раст у, фæлтау пехуымпары къухты лæдзæг у, æрвылрайсом уыцы иу адæймаг уай, уый бæсты. Суанг нæ амæлæты бонмæ, цы стæм, æрмæст уымæй баззайын нæ ныхыфысты кæй ис, стыр бæллæх уый у! Нæ фæци адæймаджы йæхицæй йæ фæллад суадзыны хорзæх!

Нæу адæймагæй йæ фæллад суадзын зæххы бон дæр, уыцы адæймаг æнæхъæн комбæсты фыццаг магусаты магусадæр куы уа, уæддæр. Адæймагæн йæ цæстыты раз цы у йæ бон сныв кæнын, уый ивы дунесконд: ссудзы арвыл стъалытæ, хæхты сæрмæ ссæуын кæны хур, райхæлын кæны дидинæджы къуск. Уый руаджы ис дунейы сконд. Дæ цæстытæ сæхгæн, æмæ – нал ис.

Тарф фынæй – уый у цыбыр рæстæгмæйы мæлæт. Цалынмæ фынæй

дæ, уæдмæ æрмæст дæхæдæг нæ уадзыс дæхицæй дæ фæллад: дæуæй йæ фæллад уадзы æппæт дуне дæр.

Цал къахдзæфы акодтон? Фæстæмæ куы фæкæсон, уæд ма мæм, цымæ, мæ лæгæты акомкоммæ цы стыр урс дур ис, уый зындзæн?

* * *

Къахдзæф, стæй та, ноджыдæр ма. Цы зæгъдзысты, райсом мын мæ афтид лæгæт æмæ уазал артдзæст куы феной, уæд? Чи зоны, исчи сæ зæгъа, нæ смаггæнаг цыхтæй сфæлмæцыд æмæ ацыд. Иннæтæ зæгъдзысты – йæхи уæлæрвтæм systa.

Ехх, бæргæ, рæстдзинад зонын мæ бон куы уаид, рæстдзинад дзурын куы уæндин! Уæд сын зæгъин: æцæг адæймаг уай, уый фаг нæу, фаг нæу, сыгъдæгуд уыдзынæ, уый дæр: уыдæттæ хъуамæ мыггагмæ ферох кæнын бауа дæ бон.

Æз зæгъин: мах, æцæг адæмы, айдæнмæ кæсыны сæр дæр ницæмæн хъæуы; уымæн, æмæ мах цæргæ дæр, хъуыды дæр æмæ 'нкъаргæ дæр кæнæм айдæны цур лæууæгау. Æцæг адæймаг хъалæй дæр æмæ фынæйæ дæр айдæны цур уæвæгау вæййы. Æцæг адæймагæн йæ бон нæу нæдæр æвзæртæ дзурын, нæдæр хуыр-хуыр кæнын.

Æцæгдзинад куы зонин, уæд уыдæттæ зæгъин.

* * *

Рæстаджы адæймагмæ нæй сусæгтæ æмæ 'мбæхст хъуыдытæ, нæй йын, æгадгæнæг митыл фæцайдагъ уа, уый гæнæн дæр. Æцæг адæймаг нæдæр бухъхъытæ кæндзæн, нæдæр йæ алыварс æвзæр тæфæй сафдзæн, нæ йæм ис хæраймаг хъуыдытæ. Уымæ ис сахсæн йæ алы хъуыдыйæн дæр, йæ алы æнкъарæнæн та – ехс. Æнæмарг адæймаг у æргом; æдзухдæр цæттæ у йæ сыгъдæг къухæй искæй къух райсынмæ.

Рæстуд адæймаг – цыфæнды хæрдыл дæр разы; нæу æддæхъус æмæ кадыл мæлæг. Рæстаг адæймаг зæронд хихор кæсагау агуры арф рæттæ.

Ахæм адæймагæн нæу йæ бон хæлæг кæнын. Хæлæг кæнынæй йæм æгаддæр ницы кæсы, уымæн æмæ йын йæ бындуры уыны искæй йæхицæй амондджындæрыл нымайын. Хуыцауы уарзон адæймаг, æнамонд куы вæййы, уæддæр амондджын у: йæ амонд уыны, цы йæм нæй, уый дæр æм кæй ис, уым.

Мадзурайæ нæу æмбæхстзæрдæ, фæлæ, цæмæй мæнг ныхас ма зæгъа, уый тыххæй, цы зæгъа, уый алы хатт нæ фæзоны.

Йæ бæрæг гакк та у худын, æмæ уый дзурæг у йæ хъомысыл; афтæмæй йын æй иннæтæ хонынц кæнгæ цæсгом.

Æцæг адæймаджы мидбылхудт цины нысан нæу, æнкъарды нысан у. Ахæмæн йе 'рхуым, мидутæхсæн рогдæр хæссæн у, цыма дон-дон ленк кæны, афтæ. Уымæн цин кæнын хохы сæрмæ хизæгау у.

Æз уыдæттæ зæгъин, дзурынмæ куы арæхсин, уæд.

* * *

Рæстæй цæрæг адæймагæн йæ хæлæртты æмæ йе знæгты нымæц æмхуызон сты: йæ хæлæрттæ иууылдæр – йе знæгтæ. Уарзы сæ, йæхи куыд уарзы, раст афтæ, уымæн æмæ уый йæхæдæг йæхицæн у хуыздæр хæлар дæр æмæ цыфыддæр знаг дæр.

Адæймагау адæймаг тынг нымайы йæ ныййарджыты, цыма йæ кæстæртæ сты, афтæ, уымæн æмæ йæ зоны, кæддæр æнæбон кæй суыдзысты, уый. Уæлдай æнувыддæр та у сабитыл, уымæн æмæ уыдонмæ хаудзæн йе 'нæбон.

Уый уарзы, чи нал ис, уыдоны: уыдон æй кæнынц æнæнцой; уый удæгæстимæ мадзура у, уый мæрдтимæ фæкæны ныхас.

Уыцы адæймаг нæ тæрсы мæлæтæй, уымæн æмæ уый мæлæтæй бæрзонддæр у. Гъе, æрмæстдæр уым ис йæ иунæг уæлæхох.

Æцæг адæймаг тæрсы цардæй, уымæн æмæ йæ зоны, цард уымæй егъаудæр кæй у. Гъе, æрмæстдæр уым ис йæ фырнымд, йæ быхсыны бындур.

Æз уыдæттæ зæгъин, дзурын куы уæндин, уæд. Стæй ма...

* * *

Æцæг адæймаг кæддæриддæр зоны, кæмæй у, уый. Фæлæ ма зоны уый дæр, æмæ йын алы æндæр знæмы дæр кæй ис фаззон. Æмæ агуры йæ фаззоны, стæй – йæхи.

Адæймаг чи у, уый фыццаг нæ ныццæвдзæн, æрмæст ын, сайыс, зæгъгæ, ма зæгъæнт, æндæр. Уый суанг рæстдзинады охыл дæр нæ зæгъдзæн мæнг ныхас.

Лæгау лæг куыдфæндыйы цæстæй кæсы йæхи æнæниздзинад æмæ йæхи царды уавæртæм: уыдон ын сты уæлдай уаргъы хуызæн, исты хорзы куы нæ бацæуа, уæд. Куы фесгуыха, уæд та – уæлдайдæр.

Хуыцауы уазæг адæймаг фыццаг хъуыддаг саразы, уый фæстæ та уымæй зæрдæ бавæры.

Хъуыддаджы адæймаг, фыццаг уон, зæгъгæ, уый тыххæй размæ тыхбырст нæ кæндзæн. Уый райсдзæн, иннæты цы нæ хъæуы, уый æмæ дзы скæндзæн, алкæй дæр æхсызгонæй цы хъæуы, уый.

Уыдæттæ зæгъин æз.

* * *

Къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф. Фæстæмæ куы фæкæсон, уæд ма, цымæ, уыцы стыр дур фендзынæн? Нæ, къахвæндаг фæзылд рахизæрдæм, къæдзæхы иувæрсты. Уыныс, мæй кæцырдыгæй февзæрд: дæ ауuон фыццаг дæ фæстæ цыд, ныр та – дæ иувæрсты, дæ фарсмæ йæхи сæрды дуртыл. Цымæ, уый гæнæн ис, цæмæй адæймагæн ауuон ма уа? Æвæццæгæн, уый тыххæй хъуамæ авгау уай сыгъдæг, кæнæ та дæхæдæг дæхицæн рухс кæнай цырагъау.

Цæмæ рацыдтæн? Кæдæм цæуын? Кæдæм мæ хоны ацы фæндаг? Иннæ рæтты хуызæн адæм кæм цæры, исты ахæм хæххон хъæумæ. Иу адæймаг иннæйы халдих нæу, фæлæ адæм алы ран дæр халæмдих сты.

Хорз куыдз, дам, йæ мард дардмæ хæссы, ацæуы йæ хицауæй, цæмæй йын ма базоной, йæ мард кæм ис, уый. Цæмæй искуы куыдзы мард ныккæнон, уый зондæй кæд ацыдтæн æз дæр? Адæмы астæу ныммæлын, цæмæй дæ смагæй бæстæ байдзаг уа, худинаг у. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, мард худинаг нал æмбары, зæгъгæ. Мард адæймаг бæгънæг адæймагæй фыддæр у.

Кæд уымæн фæдзурынц махмæ: уæд мæ мард фен, зæгъгæ, искæмæй сæ рæстдзинад базонын куы фæфæнды, уæд.

Иунæг уа, уый æцæг кæй фæфæнды, уый надвæдыл нæ фæцæуы; уæд цæуылнæ ахизыс фæндагæй иуварс, цæуылнæ ссæуыс хохы сæрмæ? Гъы, мæнгард, сайæгой.

Иннæты сайын йæ цæсгом хъæцы æрмæст хинæвдылд æмæ æнаккагæн, æрмæстдæр хуымæтæг æмæ растзæрдæйæн у йæ бон йæхи фæливын.

* * *

Дымгæ фæтыхджындæр, рауазал кодта; уартæ разæй дæрддзæф кæмдæр, къæдзæхты сæрмæ бæзджын мигъ стъалыты бамбæхста. Уардзæн. Афтæмæй бамбæхсæн бынат дæр хæстæг никуы зыны. Куыд хорз уыд хус хъарм лæгæты; бад æмæ кæс арты 'взæгтæм, хъус æрвнæрды гæрæхтæм, дымгæ куыд ниуы нарæг кæмтты, уымæ!

Уæд та уæртæ, фысы сæры æнгæс цы къæдзæх у, уый бын бамбæхсин? Федтай: бафæндыд дæ 'хсызгон хъуыдытæ кæнын дæ хъарм лæгæт æмæ артыл, æмæ æнæнхъæлæджы цас фæриссын кодтай дæхи! Цæуылнæ ахуыссын кодтай арт? Æвгъау сты йæ рухс, йæ хъарм æмæ йæ хъæлдзæг къæрццытæ дзæгъæлы сæфынæн.

Мигъ стырæй-стырдæр кæны, æрбахæстæг; дымгæ тæрккъæвдайы тæф хæссы. Цæй, ницы кæны: мæ дойны цæмæй басæттон, уый мын уыдзæн. Дойны хорз у: дойны чи 'мбары, уый дойныйæ нæ амæлдзæн. Бирæтæ, цы сæ хъæуы, уый кæй нæ фембарынц, уый тыххæй амæлынц.

Алы рыст дæр – хорз. Æххормаг дæр – хорз. Ехх, цæй дзæбæх уыд уæ хъæхъхъаг тæфгæнаг цыхт! Фæлæ ныр ме 'ххормаг дард у. Дард – сымахæй, дард – мæнæй; æмæ мæ ахсæн ныхъхъус, ницы дзуры – фæтæргай. Бафтыд, бафтыд мæ къухы йæ ныхъхъус кæнын.

* * *

Цæуыл фæхъуыды кæны куырыхон лæг хæргæ-хæрын? Хæринагыл. Куырыхон хъуыды уый тыххæй нæу, æмæ йыл дæхи хъуыдытæ нывæндай. Уый тыххæй у, цæмæй йæ æххæст кæнай æмæ ахуыр кæнай иу хъуыддагыл: цæр иу боны цардæй. Æппæтæй æххæст цæмæй уай, уымæн ис иунæг фæрæз – цы хъæуы, уый æрвылбоны хуымæтæг хъуыддæгтæй æххæст кæн. Хæдзонд амондджын у йæ алы архайдæй дæр. Куырыхон куы фæхæры, уæд йæ уды бузн вæййы йæ ахсæны, йæ арм сылгоймагыл рæвдаугæ куы æрхæссы, уæд йæ уды бузн вæййы йæ къухы æнгуылдзты, дзургæ куы фæкæны, уæд та – йе 'взагыл. Æдылыйы уд та æдзух кæмдæр æврæгътимæ хæты. Фæлæ уым дæр нæ арвы уыны, нæ – æврæгъты. Куырыхоны уд вæййы бузныг, æдылыйы уд та – æбузн. Æдылы никуы сразы уыдзæн, цæмæй ма зноны бон иу хатт рацæра: æдылыйæн йæ ивгъуыд бон афтид у. Æдылы у мард адæймаг: ды æрмæстдæр уæд дæ ды, æмæ амондджын куы уай. Иннæ бонты цард цардыл нымад нæу.

Дæумæ алы ног бон дæр æрцæуы æнæнхъæлæджы ирвæзынгæнæгæй, кæй аккаг нæ дæ, ахæм ирвæзынгæнæгæй. Хуыцауæй лæвæрд бонтæй алкæцы дæр аудинаг у!.. Науæд æнцон амарæн у. Мард бон æвзæр тæф кæны. Хорз бон никуы фæвæййы.

Цымæ, цас рацыдтæн? Мæ къæхтæ, мæ астæу цы тынг риссынц! Мæ фæндаггон лæдзæгæй мæ армытъæпæн схаудта. Цы тынг бафæлладтæн! Уæд та аздæхин, цалынмæ нæ ферæджы, æгæр нæ адард дæн, уæдмæ? Æмæ дарддæр та цы? Ногæй та баддзынæ лæгæты æмæ дæхи ницымбарæг скæндзынæ, ома дæ фæнд уæлæнгай нæ уыд, зæгъгæ? Ма бакæн афтæ: æфсæрмы кæндзынæ, дæ дзæгъæлдзых зæрдæ дын дæ уд æрдуйæ нарæгдæр скæндзæн.

* * *

Къахдзæф, дыккаг, æртыккаг. Хуыцауы сконд бон, зæгъгæ, загътон. Афтæ фæзæгъынц иууылдæр. Фæлæ æз исты Хуыцауыл æууæндæг дæн? Куы æууæндон, уæддæр нæ, сымах Хуыцауыл нæ. Сымах Хуыцауыл не 'ууæндын, уымæн æмæ сымахæй алкæй дæр афтæ фæфæнды, æмæ йæ Хуыцау иннæтæй уæлдай куы хъулон кæнид. Афтæмæй уе 'ппæты фаг иу Хуыцау дæр нæу. Уымæн фæзынд алымыггаг хуыцæуттæ дæр.

Мах адæммæ та ноджы диссагдæр: алы комæн – йæхи хуыцау, алы хохаг хъæуæн – йæхи чысыл хуыцаугонд, æмæ алы хæдзарæн – йæхи сæрмагонд хæйрæг, алы лæгæтæн дæр – фæйнæ пехуымпары.

Уæдæ цавæр Хуыцауыл æууæндын æз та? Разæй, сомбоны æз Хуыцау нæ зонын; зонын, мæ фæстæ чи баззад, уый. Разæй æдзухдæр ис мигъ, сæрсæфæн, фыдæвзарæнтæ; æрмæст фæсте ис дæ къæхты бын фидар зæхх. Хуыцау у рæстдзинад, уый у нæ ивгъуыд æмæ нæ цæринаг абон; у, цы уыдис æмæ аивæн цæмæн нал ис, уый. Цард Хуыцауы фæндæй æрцæуæг рæстдзинад у, æмæ вæййы рæсугъд æмæ уæздан зæрдæйæн козбау митæ кæнæг, кæнæ та – лæджы æфсарм рæхойæг, къахыргæнæг. Алы цæрæг уд дæр лæууы ивгъуыд æмæ фидæны арæныл, дæ æви нæ дæ, уый арæныл, æмæ аразы уыцы рæстдзинад – Хуыцауы дæр – æмæ йæ скæрды йæхи нывтыл.

Кæд кæддæр адæймаджы Хуыцау сфæлдыста, уæд ныр та адæймаг у Хуыцауы сфæлдисæг. Мæхæдæг цы Хуыцау скæнон, гъе уыцы Хуыцауыл æууæндын. Æрмæстдæр мын уыцы Хуыцау уыдзæн ахъазгæнæг. Разæй дæр мын æрмæстдæр уыцы Хуыцау ис.

* * *

Хуыцауы æфхæрæн ныхæстæ – уыдон дæр сты Хуыцауæн табу кæнын; цыфæнды ныхас æмæ хъуыддаг дæр – кæнæ Хуыцау кæй ис, кæнæ кæй нæй, ууыл дзурæг. Æз, Хуыцау кæй ис, ууыл нæ дызæрдыг кæнын, – æмæ-иу Ды дæр, рæстæг куы æрцæуа, уæд дызæрдыггаг ма скæн, æз дæр кæй дæн, уый: афтæ амоны канд Хуыцауæн табу нæ, фæлæ алы хæрзгæнæг дæр. Фыдгæнд æмæ æфсармцух та цыфæнды цъаммар зæрдæйы дæр сæхимидæг хъæддыхæй дзурынц афтæ: нæ уыди, нæ уыди, нæ уыди.

Кæй ис æмæ кæй нæй, зæгъгæ, дзурджытæй дыууæтæй фыццæгты фарс цы Хуыцау у, иннæтæ та нымады кæмæ не сты, æз ахæм Хуыцауыл æууæндын.

Æз цавæр Хуыцауыл æууæндын? Мæнæ ахæм. Цæмæй хорз лæг куы табу кæна, Дæу куыд фæнды, афтæ уæд, Хуыцау, зæгъгæ, æмæ йын уымæн та ахæм дзуапп чи ратта: «Дæу куыд фæнды, афтæ уæд, рæстзæрдæ адæймаг, уымæн æмæ Мæ фæнд дæр ахæм у».

Фæлæ уæддæр нæй, æз кæуыл æууæндын, ахæм Хуыцау. Мæн та æндæр нæ хъæуы.

* * *

Иу къахдзæф, дыууæ, æртæ. Нæ, афтæ зын нæу цæуын. Раст дзурынц не 'дылы адæм, зæгъгæ, фæндагыл цæуæг фæтых уыдзæн. Къахдзæф къахдзæфы фæстæ кæн – æмæ цыфæнды хох дæр фæсте аззайдзæн.

Мæнæ ацы лæгъз тъæпæн дур уыныс? Цæуын кæй фæнды, уымæн цыфæнды цæхгæр хох дæр ахæм тъæпæн лæгъз дуртæй у. Размæ чи цæуы, уый цæлхдурты йæ фæстæ уадзы.

Нæй нæдæр фидæн, нæй нæдæр абон. Нæ каст æдзухдæр у ивгъуыдмæ. Кæрæдзимæ куы фемдзаст вæййæм, уæд фенæм, цы нал ис, уый раст, раджы чи ахуыссыд, уыцы стъалыты рухс уынæгау. Нæ къухтæ артмæ тавгæйæ, æнкъарæм æрмæст ивгъуыды хъарм; суанг ма нæ зонд дæр фæсте зайы уысмæй, уымæн æмæ алы хъуыды æмæ алы 'нкъарæн бамбарынæн дæр рæстæг хъæуы, – ноджы ма сын уый фæстæ сæ мидис, сæ нысан дæр бахынцын æмбæлы. Ис ницы у: нæма зæгъдзынæ «ис», æмæ уæдмæ фæцыдæр: уыди. Мах æдзухдæр вæййæм, нæхи цы кары æнхъæл стæм, уымæй хистæр; суанг нæ мæлæт дæр, куы амæлæм, уымæй раздæр вæййы, фидæн бон нæ, фæлæ ивгъуыды.

* * *

Тагъд кæнын мæ никуыдæм хъæуы: кæдæм цæуон, уый мын нæй. Кæдæмфæнды куы цæуай, уæддæр дæ дæ фæндаг ингæнмæ хоны. Цæуыс æм, суанг дæ лæгæты иу ран бадгæйæ дæр. Тыгъдады нæй фæндаг, ис дзы æрмæст ницабæрæг, æнæнысан рацу-бацу; æрмæст рæстæг у æцæг фæндаг: уымæй нæй иуварс ахизæн, нæй дзы фæстæмæ здæхæн.

Ис æрмæстдæр ды æмæ дæ рæстæг, дæ фæндаг. Ды нæ цæуыс дæ фæндагыл, дæ фæндаг цæуы дæуылтыл. Судзины бын æндах куыд ласт у, афтæ дæ фæндаг дæр æмæ дæ рæстæг дæр дæу иннæрдæм хизынц. Арв æмæ зæхх, хурыскаст æмæ хурныгуылдтæ, тымыгътæ æмæ тæрккъæвдатæ – æнæхъæн дун-дуне йе 'хситт æмæ гыбар-гыбуримæ тæхы, дæу иннæрдæм ахизы, афтæмæй; æмæ, æцæгдæр, дæуæй, лæгæты бадæгæй, дæхицæй дæр рауад дунетæ ныхъуырæг лæгæт!

Размæ, мæ зæрдæ, размæ, мæ дзæгъæлдзых зæрдæ! Мæ къæхтæ дæр, фæндаджы райдиан куыд рыстысты, афтæ нал риссынц. Фæлæ ныр мæ аууон æмраст мæ разæй цæуы, æмæ мæ развæндаг æвзæр уынын. Дæ бынаты дæ бон бадын куы нæ уа, дæ бон цырагъау рухс кæнын куы нæ уа, авгау сыгъдæг куы нæ уай, – уæд æдзухдæр цу рухсмæ, цæмæй дæ дæхи аууон ма хъыгдара, дæ развæндаг уынын дæ уадза.

* * *

Ком талынджы куыд тагъд анығъуылд! Ныр нал уындзынæ дæ аууон. Ныр дæхæдæг сдæ аууоны хуызæн; ныр ды авг æмæ уæлдæфы хуызæн рæсуг дæ. Хорз у, талынг рухсæй стырдæр кæй у, уый. Талынг рухсæй тæригъæдгæнагдæр у: талынг нæ кæны уæлæрвты цæрджыты 'нгæсæн, рухс та – дурты хуызæн.

Дымгæйы тыхджын футт æрбахаста йемæ къæвдайы фыццаг ставд æмæ уазал æртæхтæ. Мæ тæрныхыл мын дзы иуы тъупп фæцыд, æмæ мæ цæсгом æгасæй дæр схуылыдз.

Разæй фæзынд æрвæрттывд – йæ цард айдагъ иу цæсты фæныкъуылд йеддæмæ кæмæн нæ хæссы, ахæм сæрбынмæ фæлдæхт къабузджын, цæхæркалгæ бæлас! Йæ хæдуæлвæд арв дæр ныццæлхъ ласта – æмæ нынкъуысти зæхх йе 'вирхъау гыбар-гыбурæй, раст цыма дыууæ хохы сыкъатæй схæцыдысты дыууæ дзæбидырау. Дæхимæ фæкæс, зæххон лæг!

Адæймаг зæххæн дæр æмæ арвæн дæр æцæгæлон у: æндæр уыйбæрц тас кæцæй ис йæ зæрдæйы? Æцæгæлон у, æцæгæлон: уый афтæ куы нæ уаид, уæд цæмæн бахъуыдаид адæймаджы йæхицæн цæрæн бынæттæ æмæ мæсгуытæ амайын, афтæ куы нæ уаид, уæд адæймаг нæ къахид ныккæндтæ æмæ æвæрæнтæ нæ кæнид хæлц æмæ нуазинæгтæй. Фæлæ афтæ сырдтæ дæр кæнынц, кæд уыдон зæххон дунейæн æцæгæлон не сты, уæддæр. Уæдæ уæд цæмæй хицæн кæнынц? А-а-а, сырдтæ сæхицæн дзаумæттæ нæ хуыйынц, стæй топхос хусæй нæ дарынц се 'мбæхсæнты!

* * *

Ногæй та æрвæрттывд – ныр та æмраст, цирхъау ныццавта арвмæ, раст цыма зæххы бынæй сирвæзт, æмæ та – æфсæйнаг æмæ мастæй дзаг арвы цæлхъ; ноджы ма иу алæмæты дæвдæг къæлæт фехста къæдзæхты сæрмæ йæхи, æмæ арвæй райхъуысти ехсы къæрцц, ехсы цъæхснаг цыбыр къæрццы хуызæн.

Æрлæуу: уый цæй æндæрг февзæрд разæй? Бындзæфхад? Цыртдзæвæн? Сырд? Адæймаг? Æви цæстсайæн у? Куы йæм фæхæстæгдæр уай, уæд æй базондзынæ.

Фæндаг сцъыф, дуртыл къæхтæ бырынц. Хæхты фæхстæй фемæхстысты доны сау лæсæнтæ. Ацы знæт дон дæ къæцæл ласæгау куы нæ фæласид, кæнæ дæ дымгæ куы нæ фæхæссид сау æнæбын сæрсæфæнмæ!

Афтæ дæр вæййы: дымгæ стыр бæлæстæ æд уидæгтæ зæххæй стоны æмæ сæ уаддзалхау фæхъазы. Кæсыс: зæххыл æрмæстдæр ичъийы къутæр хæцы фидар, уымæн æмæ йæ уидæгтæ йæ къалиутæй дæргъвæтиндæр сты. Йæ уд æмæ йæхæдæг æгасæй дæр цы у, уый, дзæгъæлхætæг адæм æмæ куыйтыл цы къæмдзыгтæ хæцы, уыдон не сты, фæлæ, дунемæ чи нæ зыны, уыцы уидæгтæ.

* * *

Адæймаг куы нæ разынид: дур кæнæ къодах бындзæфхад кæд нæ уа, уæд фæлтау сырд дæр уæд. Сырдимæ тагъддæр баныхас кæндзынæ: кæнæ фæтæрсдзæн æмæ ацæудзæн, кæнæ дæ амардзæн æмæ бахæрдзæн;

фæлæ адæймагæн та цытæ кæндзынæ? Уымæн хъæуы «æгас цу» зæгъын. Стæй дзуапмæ æнхъæлмæ кæсын. Ох, уый кæд уыдзæн! Уæд та фæндагæй хохы 'рдæм аздæхин?

Ногæй та исдугмæ зæхх ныррухс, цыма йæ сæрмæ мин мæйы стылди, уыйау, – фæлæ дзы ныр мæ цæст иу æндæрг дæр нал ацахста. Цы нæ ауайдзæн цæстытыл ахæм æхсæв! Ахæм æхсæв æвронгæй баззайын стыр диссаг уаид; мæнæн мæхи дæр æрфæндыд æхситт кæнын, хъæр кæнын, мæ къæхтæ зæххыл хойын æмæ мæ лæдзæгæй дурты цæвын!

* * *

Иу хатт ма мын дымгæ фæстагмæ мæ цæсгомыл армыдзаг дон бацъæпп ласта æмæ йæхæдæг уарынимæ афардæг. Иу хатт ма фæсте дард кæмдæр арв ныннæрыд. Стæй бæстæ ныссабыр; æрмæст къададæттæ уайынц сусæг сырсыргæнгæ айнæг къæдзæхты фæхстыл, æмæ ма хæхты дыдæгътæй райхъуысы дымгæйы къуыззитт.

Ныддонласт дæн бынтондæр æмæ уазалæй ныммæлдзынæн. Уæд та хохмæ схизин, цæмæй ам фæндагыл мæ мард ма сысмаг уа?

Ногæй та арвыл стъалытæ æрттивын райдыдтой, мигъты 'хсæнæй раленк кодта цæлхыдзаг мæй; мæ ауон айтынг, ныддаргъ мæ размæ; фæндаг кæм фæвæййы, уым та сæрсæфæнмæ ныххауы, æмæ мыл йæ фæдыл ахæссыны тас æфтауы.

Ай та цы у? Фæндагыл цы хуыссы? Адæймаг. Чи у? Цы агуры ам? Æмæ æз цы агурын? Æз дæр ам куы дæн. Цы йын хъуамæ акæнон ныр?

Ууыл дæр мæнау – бызгъуыртæ, йæ цæсгом – цъыфæйдзæгтæ, йæ цæстытæ – æхгæд, фæлæ улæфы, йæ зæрдæ зына-нæзына, фæлæ иугæндзон тæпп-тæпп кæны. Куыд æмæ цы кæнон? Йæ сæрты нæ ахиздзынæ æмæ дæ фæндаджы кой нæ кæндзынæ дарддæр: дур куы нæу, мыййаг. Гъей, мæнæ лæг! Цæй, æрчъиц. Цы дын кæнон, уымæн ницы зонын. Хуыздæр уаид, дæ къæхтыл фидар куы лæууис, уæд, цæмæй дын «æгас цу» зæгъын уа мæ бон. Дзуапмæ æнхъæлмæ кæсын мæ, уадз, цасфæнды дæр бахъæуæд, цæмæй дарддæр мæ фæндаг дарон. Райхъал у, мæнæ лæг! Уæд та фæлтау сырд куы уыдаис, æххормаг кæнæ тæппуд сырд. Мæ фæндагыл дурау цы лæг ныффæлдæхт, уымæн цы кæнон, уый нæ зонын.

* * *

Чи уа? Кæцæй уа? Кæдæм цыдтæ, мæнæ лæг? Нæдæр зæронд у, нæдæр æрыгон, уындæй та – мæ туг, ме стæджы хуызæн. Мæ ныхмæ кæй цыд, уый бæлвырд у. Мæ разæй куы цыдаид, уæд ын йæ къахвæдтæ федтаин. Йæ тыхтæ фесты, æвæццæгæн, æмæ фыръæххормагæй слæмæгъ. Кæнæ та йæ арв æрцавта. Цы дын кæнон ныр, æнæзонгæ лæг?

Ныр, хæххон фæндагыл кæй ныффæлдæхтæ ахæм æхсæв, уый цы амоны? Æз мæ лæдзæг куы райстон æмæ мæ фæндон куы сæххæст кодтон, раст уыцы æхсæв? Дæ сæрты куы ахизон, дуры сæрты хизæгау, уæд ды ныммæлдзынæ. Ам куы баззайон, уæд та дыууæйæ дæр ныммæлдзыстæм. Мемæ дæ ахæссин, фæлæ тæрсын, куы æрчъицай, уæд мæ, уыцырдæм мæ нæ хæссыс, зæгъгæ, куы фелгъитай, уымæй. Стæй, ацы фæндаг кæдæм цæуы, уымæн дæр чи цы зоны? Чи зоны, æмæ дæс бонмæ дæр ма ссарон фысымуат. Арт æмæ хæринаг кæм ис, ахæм хæстæгдæр бынат та – мæхи лæгæт.

Æлгъыст фæу, мæнæ æнæзонгæ лæг! Æндæр гæнæн мын нæй. Дурæй уæлдай кæй ницы дзурыс, уымæй дæр бæрæг у, мæнæй ныфсфидардæр кæй дæ, дæ нысан мæнæй ахсджиагдæр кæй у. Ахæсдзынæн дæ мæ лæгæтмæ, æлгъыстаджы æнæзонгæ лæг.

* * *

Æмæ, æниу, дур дæр куы уаис, уæддæр мæ бон нæ бауыдаид дæ сæрты ахизын. Æз, чи зоны, ахизон, фæлæ дыл æндæр исчи йæ къах скъуырдзæн. Зоныс, иухатт цы 'рцыд? Иу лæг фæндагыл йæ къах скъуырдта æмæ дзуры: ацы дур иуварс куы аппарон, уæд дзы цы рамбулдзынæн, уынгæ дæр мæ куы ничи кæны? Фæлтау фенхъæлмæ кæсон, исты стыр лæг – кънйаз, къупецаг кæнæ æндæр номдзыд цалынмæ рацæйцæуа, уæдмæ. Æрхуыссыд лæг кæрдæгыл æмæ бафынæй. Куы райхъал, уæд дур фæндагыл нал уыд. Уæд лæг йæ къухтæй йæ цæсгом амбæхста, æмæ дзы цыма исты адавдæуыд, уыйау зæрдиагæй скуыдта.

Къахдзæф æмæ та къахдзæф, стæй та æртыккаг къахдзæф. Цæй уæззау у, цæ, адæймаг, де 'ккой йæ куы сæвæрай, уæд! Цæй зын хæссæн у. Адæймаг уый тыххæй сфæлдыст у, цæмæй йæ къæхтыл цæуа, уæд дæумæ худинаг нæ кæсы, мæнæ æнæзонгæ æгоммæгæс? Хъусыс мæ? Куыннæ мæ хъусыс: дæ хъусты дын, мыййаг, къæрмæджытæ куы ничи батъыста. Цæстытæн вæййы сулæфты сахат, фæлæ хъустæ æппынæдзух дæр цæттæйæ лæууынц, уыдонæн æхгæнæн нæй. Мæрдтæ дæр ма куы хъусынц.

Хъус-ма, мæ мадзура лымæн, цалынмæ дæ æз ме 'ккойы хæссон, уæдмæ нæ амæлдзынæ? Иугæр уым, уæле, нæ амардтæ, уæд мæ бауадз, æмæ дæ ныххæссон бынатмæ: бахъуыды кæн, дæ мард дын нæ хæсдзынæн, хъæддаг куыйтæн æй аппардзынæн къæдзæхæй. Уый, цалынмæ æгас дæ, уæдмæ дæ хъарм æмæ фæлмæн. Демæ мын хъарм у, раст мыл цыма хъуынджын нымæт конд ис, уыйау.

* * *

Бахъарм дæн, фæлæ мын зын у демæ. Уыцы мæллæг уæвгæйæ, ахæм уæззау куыд дæ? Æвæццæгæн, тæригъæдджын дæ мæнау. Уыцы тæригъæдтæ нын æнцой нæ дæттынц, иу ран бадын нæ уадзынц. Цалынмæ бадгæ фæкæнæм, уæдмæ ныл бынтондæр æруæз кæнынц, æлхъивынц нæ, цæугæ-цæуын та афтæ зын нал вæййы: уæд нæ дæ тæригъæдтæ сывæллоны узæгау узынц æмæ фæрогдæр вæййынц. Уый алы хæссинаг дæр афтæ у, цалынмæ цæуыс, хæссыс æй, уæдмæ рогдæр у, уымæн æмæ хæссинаг дæр уымæн хуыйны, цæмæй йæ хæсгæ кæнай, де 'фцæджы дарынæн нæу, иу ран бадгæйæ. Иу ран, кæй ницы мæт ис, сæрибар чи у, æрмæстдæр уый бады. Сæрибар чи у, уый бады йæ бынаты, цыма баст у, уыйау. Нæ, дымгæ нæу сæрибары фæлгонц, сæрибары фæлгонц – бæлас, кæнæ авдæны баст сывæллон у.

Дæумæ та куыд кæсы – хорз дæм кæсы ме рагъыл бадын? Адæймаг фæрæз нæу æндæр адæймаджы хæссынæн. Уый тыххæй ис бæх, хæрæг. Уыдонæн цыппæргай къæхтæ ис, се рагъ, уæ уазæгдæтты цы фæлмæн бандæттæ ис, уыдоныл бадынæй æхсызгондæр бадæн у. Ныххатыр мын кæн, ме 'нцондарæн хæлар, хæрæг кæнæ бæх кæй нæ дæн, уый.

Кæддæр мæнмæ дæр уыди бæх. Мæ фыдæй мын бынæн баззад зæронд хъыримагимæ. Мæ фыд уыцы бæхæй рахауд, йæ сæр дурмæ æрхаста æмæ фæмард. Афтæ рауайы, æмæ нын нæ фыдæлтæй бынæн баззайы, сæхæдæг сæ мæлæт цæмæй ссарынц, уый. Мæ фыд къуылых уыд, æмæ йын-иу дзырдтон, бæхыл бадыны бæсты лæдзæг райс дæ къухмæ æмæ цу, – нæй, нæ байхъуыста.

Æнæрай макуы фæуай, мæ мадзура æмбæлццон! Мæ фæндаггон лæдзæг дæу тыххæй уым баззад!

* * *

Цæй, уæддæр мын мæ лæдзæгыл хæцыны фадат нæ уыдаид. Мæ дыууæ къухы дæр мын ды дæхирдыгæй фæкодтай, сбастай мын сæ, мæ зынхæссæн, мæ тыхджын, фæуæлахиз уæвæн кæуыл нæй, уыцы хæлар. Æмæ цы? – кæугæ нæ кæнын, цæуын æмæ худын. Худгæ рагæй нал кодтон! Æнцон мын у, раст цыма мæ фæйнæ къухы дæр фæндаггон лæдзджытæ ис, уыйау. Ды мæнæн – мæ фæндаггон лæдзæг, мæ хæларзæрдæ, мæ лæггадгæнаг æмбал.

Фæлæ мæм уæддæр мæ лæдзæг æвгъау кæсы: хорз, фидар, хæрздæфаг лæдзæг, æз æй бирæ азты размæ тæрс бæласæй ралыг кодтон. Къуылых нæ дæн, фæлæ бирæ рацу-бацу кодтон, стæй мын хæлар адæймаг дæр нæ уыди. Æмбæлццон мæ хъуыдис, дæ хуызæн мадзура æмбæлццон. Æмæ ма зоныс, цы: мæ къæхтæ рæвдз цыдысты,

фæлæ мын мæ къухтæ хъыгдарыны хос уыдысты: цы сæ фæкодтаин, уый нæ зыдтон. Афтæ мæм каст, цыма мын цæугæ-цæуын цыдæр æнахуыр дзедзырой кæнынц, цыма мын адæм мæ къухтæм кæсынц æмæ сыл худынц. Уæд ракодтон лæдзæг, мæ рахиз къухмæ йæ райстон, – æмæ уæд мæ галиу къухы змæлд дæр уыцы дзæбæх, куыд æмбæлы, афтæ сси.

* * *

Нæма амардтæ? Ма амæл, ма тагъд кæн, мæ фæразон хæлар. Цæуæм. Къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф. Цымæ, фæстæмæ куы фæкæсон, уæд ма мæм, мæ лæдзæг кæм баззад, уыцы бынат зындзæн?

Ма тæрс, ды нæ амæлдзынæ. Æхсæз азы мыл куы цыд, уæд, се стджытæ хурмæ чи тавта, ахæм дыууæ зæронд лæджы ныхас фехъуыстон. Мах хъулæй хъазыдыстæм, худтыстæм, хъæрæй цæуылдæр быцæу кодтам. Уæд дзы иу иннæмæн афтæ: «Куыд æнахъинон у, уæвгæйæ та, дуне, адон искуы иууылдæр амæлдзысты». «Уый афтæ нæу, – загъта иннæ, – адон нæ амæлдзысты. Мæлгæ мах нæ акæнæм, æндæр чидæр амæлы».

Æмæ уый раст у: сывæллон йæ ныййарæгæн æнусон у. Æмæ йæм йæ ахаст дæр ахæм у: цыма цавæрдæр, мæлæт кæмæн нæй, ахæм бæрзонд рантыст у. Æндæр цæмæн бахъæуид ныййарæджы рухс дунемæ фидæны мæрдты уадзын!

Иу къахдзæф, дыууæ къахдзæфы, æртæ къахдзæфы.

* * *

Мæнæн ис лæгæт. Уым судзы арт, æмæ дзы у хъарм. Ис дзы дон æмæ хæринаг: хорз адæм мæ æнцад-æнцой нæ уадзынц. Уыдон ахæм хæрзад кæрдзынтæ кæнынц, ахæм адджын цыхт ахсынц! Æз сæ куы фæхæрын, уæд кæугæ дæр ма фæкæнын. Уыдон хуымæтæг не сты, уыдон уæларвон зæдтæ сты. Фæлæ йæ сæхæдæг нæ зонынц. Куыд хорз у, кæй йæ нæ зонынц, уый! Куы йæ базониккой, уайтæккæ дæр кæлмытæ æмæ хæфсытæ фестиккой.

Зоныс, уыдон афтæ æнхъæлынц, æмæ æз пехуымпар дæн. Ма худ, ме 'рхуым хæлар. Уый æцæг афтæ у. Æрбацæуынц, цæмæй сын æз сæ низтæ фæсурон, цæмæй сæ ахуыр кæнон. Æмæ сæ ахуыр кæнын: зæгъын сын, æз уыдонæн се 'взæрдæртæй æвзæрдæр дæн, фæлæ мыл уыдон не 'ууæндынц, æмæ мын мæ къухтæн батæ кæнын райдайынц. Куыд хорз у, куыд, æвæдза, æз æвзæр ахуыргæнæг кæй дæн, мæ бон сæ мæхиуыл бауæндын кæнын кæй нæу æмæ мыл кæй не 'ууæндынц, уый!

Семæ ис, æппындæр тагъд чи никуы фæкæны, иу ахæм чызг. Уый мæм æрбацæуы æппæты фæстæ, æрмæст иунæг уый не 'фсæрмы кæны мæ цæсгоммæ кæсын; мæхæдæг фефсæрмы вæййын: афтæ рæсугъд у,

æмæ мæ фæхуыдугмæ бирæ нал фæхъæуы. Мæ зæрдыл мын æрлæууын кæны, йæ ном нæ дзурыны тыххæй сомы кæмæн бакодтон, уый.

* * *

Дзырдæуы, зæгъгæ, дам, иннæ 'взæгты ис ахæм дзырд, æмæ нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы иу къонайы цур базæронд уой, уый куы фæфæнды, уæд сын се 'нкъарæнтæ чи 'вдисы.

Цы у уарзондзинад? – мах æвзаджы ахæм дзырд нæй. Дзырд ис, фæлæ ахæм нæу... Махмæ сылгоймагæн нæй афтæ зæгъæн: æз дæ уарзын. Уæд дæ уый æндæрбæстаг фенхъæлдзæн.

Диссаг та куыд нæу: иу дзырдæй зæгъæн ис, дæ фæдонты райгуырын куы фæнда, уæд ды цæуыл тыхсыс, уый! Чи зоны, æрмæст мах æвзаг у раст, æмæ алы хатт дæр сылгоймагæн ахæм дзырд зæгъын уыдзæн гæды ныхас. Чи зоны, æмæ уый нæхицæн мах бинойнаг нæ равзарæм, уый нæ цот равзарынц сæхицæн мад.

* * *

Санчъех, санчъех, санчъех. Зæгъ-ма мын, цæй, цæмæн у махмæ худинаг хи сывæллоны ræвдауын? Искæй сывæллæтты ис рæвдауæн, хи сывæллоны – нæ. Æз ыл бирæ фæхъуыды кодтон. Фыццаг æнхъæлдтон: æфсæрмы кæнынц, уымæн æмæ сæ сывæллон у сæ тæригъæдджын ахастыты, сæ лæмæгъдзинад, æмæ сæ фосимæ цы æууæлтæ халæмдих кæнынц, уыдоны æвдисæн. Уый фæстæ та хъуыды кодтон: нæ сæ рæвдауынц, уымæн æмæ сæм ницы бар дарынц, уыдон сын уæлæрвтæй лæвæрд сты.

Æмæ æцæгдæр: тæригъæддаг хъуыддаг вæййы æрмæст нæлгоймаг кæнæ æрмæст сылгоймагæн; фæлæ куы баиу вæййынц, уæд нал вæййы сылгоймаг æмæ нæлгоймаг: æрмæстдæр ма вæййы, ног цард чи райдыдта, уыцы адæймаг.

Мæ къуылых фыд йæхицæн, къуылых уæвгæйæ, лæдзæг нæ ракодта, æз та, къуылых нæ дæн, афтæмæй ракодтон. Мæ фыдмæ уыд бæх, мæнмæ та нал ис. Уымæн æмæ йæ радтон, йæ тудджынтæй чи лыгъди, иу ахæм лæгæн. Мæн цæмæн хъæуы бæх? Хæлæрттæ мын нæй, нæй мын знæгтæ дæр, нæй мын нæдæр, тагъд кæмæ кæнон, нæдæр, лидзгæ кæмæй кæнон, уый. Дæхицæй та тæргæбæхæй дæр нæ алидздзынæ. Ам сæйраг тагъд кæнын нæу. Фæндаджы дæргъыл нæ, фæлæ дзы рæстæгыл фæтых уæвын хъæуы. Рæстæг. Айдагъ уый у.

* * *

Иу, дыууæ, æртæ – санчъех санчъехы фæдыл. Æз демæ фембæлды агъоммæ бирæ хъуыды кодтон: уæд мæ мæ дзæгъæлдзых зæрдæ иуран нал

уагъта. Дзырдта мын: æцæг фæндаггонæн, дам, бæстыл нæй сæрфæцæвæн бынат, цыфæнды лæгæт дæр, дам, у æрмæст йæ фæндаджы иу хай. Уый фæстæ та мын дзырдта, зæгъгæ, дам, адæймаг йæхæдæг дæр æрмæст фæндаджы иу хай у. Æз æнхъæлдтон, æппынфæстаг мын, фæндаг йæхæдæг дæр нæй, зæгъгæ дæр ма зæгъдзæн. Фæлæ нæ загъта. Æмæ раст у: цыдæр ма хъуамæ баззайа; æмæ цы, фæндаг йеддæмæ ма хъуамæ цы баззайа? Куыд хъуыды кæныс? Цæй, уæд та фæндагæн адæймаджы снывонд кæнæм: æрмæстдæр афтæмæй скæндзыстæм кад адæймагæн дæр.

Раст, раст дзуры ме 'нæнцой зæрдæ йæ талф-тулфы. Уыныс, ды цыма ныртæккæ æппындæр нæ дæ, дæ фæндаг та ис. Уымæн æмæ дæ æз, ме 'нæдзуапп æмæ стырзæрдæ хæссинаг, хæссын дæ фæндагыл. Марды дæр фæхæссынц уæлмæрдмæ, æмæ ма ноджы дарддæр дæр – хуртæ æмæ йын мæйты иувæрсты хæссы Зæхх йæ марды чырын!

Цымæ, адæймаг хъусы, Зæхх хуртæ æмæ мæйты иувæрсты куыд тæхы, уый? Хъусы: гъе, уый у цард; цыфæнды æнкъарæн дæр – уарзт, æнæуынондзинад, æргъуыц, æлгъæй мард, æфсæст, æххормаг, дойны, судзгæ буар, ризæг, цин, мæстæй фыцын, тæригъæд, хæлæг, рæвдыд, рыст, суанг дæ фыдфынтæ дæр сты уыцы тахты тæлмæнтæ. Дæ тæхын куы банцайа, уæд фæуыдзысты, растдæр та – æрбайсæфдзысты тæлмæнтæ дæр. Уымæй раздæр нæ, уымæй раздæр нæ.

Æгас ма дæ, мæ къухылтухгæ, мæ фæстæмæнæдзураг хæлар?

* * *

Фынæй кæн, уадз дæ фæллад. Адæймаг бафынæй уа, уымæй афтæ нæ тæрсы, райхъал уа, уæмæй куыд тæрсы. Афтæ уыди, чидæр мын мæ лæгæты рацæуæны дурыны цы карз арахъхъ ныууагъта, уымæй дойны куы састон, уæд. Фыццаг цæуылдæр мидбылты худын райдыдтон, стæй мæ былтæ кæрæдзийæ фæиртæстысты, æмæ мын мæ зæрдæ цытæ хъуыр-хъуыр кодта, уый хъуыстой мæ хъустæ, æмæ-иу ме 'взаджы кæрон абадтысты; стæй базарыдтæн. Фæлæ чысыл фæстæдæр фæтарстæн уыцы æнæнхъæлæджы амондæй, – æмæ дурын дуртыл ныццæхх кодтон. Дзæгъæлы нæ фæдзурынц не 'дылы адæм, иунæгæй куы нуазай, уæд дын фæстæмæзæвæтджын дары æмæ дары, зæгъгæ. Уыцы райсом, кæй райхъал дæн, ууыл фæфæсмон кодтон.

Ноздджынмæ хæйрæг зонддджын кæсы. Хæйрæг æвронгтæй йæхи хизы, уымæн æмæ тæрсы, куы йæ багæды кæной, уымæй. Уый цин кæндзæн алы цинæнхъæлыл дæр æмæ хъуыдыты алы дзæгъæл змæлды агурдзæн, чи дзы нæй, уыцы апп.

Къахдзæф, санчъех, ног къахдзæф. Хъуыдыты дзæгъæлдзу, мидныммæры схæтаг у...

* * *

Цæуын, цæуын, цæуын. Ныр мæ галиуварс – къæдзæхтæ, мæ рахизæрдыгæй – сæрсæфæн; мæй мын йæ рухс мæ цæсгоммæ саразта, мæ аууон та мæ фæстæ аззади. Ды мæ цæуын кæныс рухсмæ, мæ куырыхон хæлар; æз дзæбæх уынын фæндаг, суанг – йæ алы дур дæр; ма тæрс, нæ дзы фæиртæсдзынæн. Æрмæст мæлгæ ма акæн.

Мæ аууон, загътон? Нæ, мæ аууон нæ, уый нæ дыууæйы аууон у. Чи ма йæ сбæрæг кæндзæн ныр, мæ аууон кæм фæвæййы æмæ дæ аууон кæм райдайы, уый. Мах ныр стæм дзæбæх бæрæг æмæ иузæрдион бæхы хуызæн.

Цымæ, дыууæ ауунæй афтæ æнцонæй иу кæй рауад, уый цы нысан кæны? Уыцы иудзинады баиу сты алыхуызон адæймæгты æмæ дзаумæтты ауæттæ. Æрмæстдæр сæ рухс хицæн кæны кæрæдзийæ.

Хорз у, талынг рухсæй фылдæр кæй у, уый. Талынгæн йæ бон у рухсы баауон кæнын. Иннæмæй та, талынг цас у, уымæй фылдæр суа, уый гæнæн нæй, арт куы ахуысса, уæд; рухс та иугæндзон фылдæрæй-фылдæр кæны, уымæн æмæ ахæм стыр арт нæй, пыхсытæ баппарæн ма кæуыл нæ уа. Цы нысан кæны уый та?

* * *

Уыди, уыди мæм кæддæр бæх. Дзырдтон ма йæ. Махмæ афтæ фæзæгъынц: дæрдтыл ма дзур, цард цыбыр у. Бæндæн йæ даргъæй фидауы, ныхас йæ цыбырæй. Фæлæ нæ дыууæйæн иумæ цы ныхасаг ис? Иу дзургæ куы фæкæны, иннæ æрмæст хъусгæ, уæд уый ныхас нæу, фæлæ иу иннæйы дæлдзинæг кæны. Уый ды ласыс мæнæй бæндæн, мæ хинæйдзаг, мæ сæрæн хæлар.

Уæд æз æрыгон уыдтæн, æмæ мын ме 'взонг зæрдæ дзырдта æнахуыр тасæфтауæг хабæрттæ. Æз сæ ныртæккæ нал бауæндин сфæлхатын. Фæлæ, кæд дæу фæнды, уæд дын сæ зæгъдзынæн. Уæд нæ зыдтон, æрмæст мæ къухтæ нæ, фæлæ мæхи æгасæй дæр цы фæкæнон, уый. Ницавæр куыст мын хаста æнцой, уымæн æмæ æнæнцой уыдтæн. Нæ фæлладтæн, мæ бон нæ уыд æхсæв фынæй кæнын, уымæн æмæ мæ фын бон æмæ æхсæвæй даргъдæр уыд, мæ цард иууылдæр фын уыд, бындзытæ æмæ фаджысы тæфæй былтæмдзаг фын. Мæ удхæссæг уыдысты цæвæг æмæ гутон. Суанг ма мын, йæ бæх, йæ хоры мыггæгтæ æмæ йæ бæлæсты талатимæ удæгæстимæ ныхасгæнæгау цы фыд ныхас кодта, уымæй дæр ме сæфт уыдтон. Уыдонимæ ныхас кодта, мемæ – никуы.

* * *

Уæвгæ, иу хатт ныхас кодта мемæ дæр. Дзырдта хуыздæртæй-хуыздæры къæбуты тыххæй. Дзырдта, зæгъгæ, дæ фæстæ чи ис,

уыдон дæуæн ничи сты. Фæстæмæ кæсын никуы хъæуы, суанг, ныццæвынмæ дæ хъавынц, уый куы зонай, уæддæр. Бæрзонд æмæ номдзыд адæймаджы къæбут цымыдисагдæр у магусайы цæсгомæй. Хъуыддагмæ афтæ кæс, цыма æппæты фæсте ды дæ. Иннæты разæй фæуын диссаг нæу; дæхæдæг фæу дæхи разæй.

Цалынмæ уыдæттæ дзырдта, уæдмæ йæм кастæн æмæ хъуыды кодтон: чи дæ? Æз дæ нæ зонын. Уæд уый бахудæнбыл æмæ мæм йæ къæбут фездæхта. Ныццæвын мæ йæ бафæндыд, фæлæ уый фæстæмæ нæ фæкасти.

О, мæ уд бафæллад æнцад-æнцойæ, æмæ цалынмæ уыцы масты рæдзæмæдзæйы ныгъуылдæй хуым кодтон, кæнæ хос карстон, уæдмæ ме 'взонг зæрдæ хъæр кодта: нæ мæ фæнды фынæй, фæнды мæ, иудадзыг дæр хъал æмæ хъæбатыр куыд уон! Фæнды мæ, хинæйдзаг æмæ тæссаг куы уаин, ницытæй-мацытæй амонд аразын æмæ йæ хæларæй, мидбылхудтау лæвар кæнын! Фæнды мæ искæйиты цытджын æмæ æгад кæнын; фæнды мæ искæмæн стыр мæстытæ кæнын! Фæнды мæ худын æмæ кафын; фæнды мæ цард исын æмæ цард дæттын; хъæуынц мæ æппæт зæххон сылгоймæгтæ æмæ зæххæн йæ сыгъзæринтæ; фæнды мæ, чи мæ бахъыгдара, уый фенын!

Тæрсыс, мæ сахъ æмбал? Афтæ, гъе.

Бирæ азтæ рацыд уæдæй; мæ зæрдæ æруазал æмæ сси сылгоймагау дзæгъæлдзых; фæлæ æз ныр зонын: нæу йæ бон дзæдæлæн пехуымпар суæвын.

* * *

Мæ мады нæ хъуыды кæнын, æз куы райгуырдтæн, уæд амард. Ахæм нывонды аккаг нæ уыдтæн, фæлæ йæ уый нæ зыдта. Æниу, æдзухдæр исты нывыл нæ вæййы!

Мад нын фыццаг дары йе 'хсыр, уый фæстæ йын цъирæм йæ туг, стæй йын бадæттæм дон. Уый нæ афтæ бузныг фæвæййы, ахæм зæрдæбын арфæйы ныхæстæ нын фæкæны, æмæ дзы хæсджынæй баззайæм мыггагмæ, фæстаг сулæфты онг. Мах уымæй фæзынæм дунемæ, уый та дунейæ махуылты аивгъуыйы.

Мæн мæ фыдыхо схъомыл кодта. Иу дзидзи кæимæ дадтам, уыцы æфсымæр уыд мæнæй афæдзы 'рдæг хистæр. Ме 'фсымæр рæсугъд æмæ сæрæн лæппу уыд. Æз, ард кæй ном нæ дзурыны тыххæй бахордтон, уый куы федтон, уæд бамбæрстон, мæ зæрдæ цæуыл фæдис кодта, уый: мæ фырттæ рагагъоммæ равзæрстой сæхицæн мад æмæ сæ фæнды рухс дунемæ рантысын.

* * *

Æнæкæрон быдыры иу дидинæг æртон: дидинджыты басты быдыр нæ бацæудзæн. Нал мæ хъуыдысты зæххыл цæрæг сылгоймæгтæ иууыл:

хъæуы æрмæстдæр иу, иу фаг у; дыууæ сылгоймаджы хицау чи у, уый иуы хицау дæр нæу. Нæ сыхæгтæн бирæ устытæ дарыны бар ис, æмæ уыдон, сылгоймаг цы у, уый нæ зонынц.

Уæдмæ мæ фыд йæ фыдæлтæм фæцыд. Мæнæн æрмæстдæр иу бæх баззад, ирæд цæмæй бафыстаин, уый мын нæ уыд, æмæ чызг сразы йе скъæфыныл. Мах æм ме 'фсымæримæ, дыууæйæ дæр бæхтыл, афтæмæй æнхъæлмæ кастыстæм хъæугæрон. Чызг мын афтæ, де 'фсымæры бæх, дам, тыхджындæр у, æмæ æз уыимæ сбаддзынæн; ды та разæй цу. Фæсайдтой мæ. Ме 'фсымæр мæ фæсте æрбахста, æмæ амардтæн. Нал æй хъуыды кæнын, фæстæмæ фæкæсын мæ фæндгæ нæ кодта æви мæ къухы нал бафтыд.

Амардтæн: йе 'фсымæр чъылдымырдыгæй кæй æрбахса, уыдонæй алчидæр мард у. Фæивгъуыдта, фæлæ мæ уæддæр амардта. Мæ риу мын цæрдхуынкъ фæкодта, æз ахаудтæн, ныддис кодтон æмæ амардтæн.

Фыййæуттæ мæ ссардтой; фæлæ мæ нæ баныгæдтой. Мæхи куы æрæмбæрстон, уæд сæ, цæуылнæ мæ баныгæдтой, уымæй бафарстон. Зæгъын, адæмы астæу æнæныгæдæй баззайын худинаг у, мард адæймаг бæгънæг адæймагæй æвзæрдæр у. Мæнмæ нæ кæсгæйæ, загътой: «Дæ бæх бæхбæттæныл бастæй лæууы, дæ бон та у, удæгас суай, уый, фæлæ дæ хъæуы дæ маст райсын».

Æз фыййæуттæн хæрзбон загътон æмæ, мæ бæх идадзæй ласгæ, ацыдтæн...

* * *

Ныххатыр мын кæн, мæ тызмæг хæлар, бæх кæнæ хæрæг кæй нæ дæн, уый тыххæй. Æз дзургæ бирæ кæнын; ды та бынтон мадзура дæ. Уæвгæ, дзургæ æз нæ кæнын, мæ дзæгъæлдзых зæрдæ дзуры. Хорз, æмæ, мæ ахсæн куыд зоны дзурын, уый нæ фехъуыстай. Уæвгæ та, мæ ахсæн æбузн æмæ дзæнгæлгæнаг ныхас кæнын зоны, мæ зæрдæ та дзæгъæлдзых у сылгоймагау.

Фæлæ уый дæр раздæр ахæм нæ уыди. Дæ фарсмæ сылгоймаг куы нæ уа, уæд дæхæдæг сындæггай суыдзынæ сылгоймаджы хуызæн.

Нæлгоймагæй ис рауайæн сылæнгæс, фæлæ сылгоймагæй лæг никуы рауайдзæн. Нæлгоймаг сылгоймагæй стырдæр у; уымæй исты куы ахауа, уæд суыдзæн сылгоймаг, фæлæ нæлгоймагмæ, цы йын ис, уымæй фылдæр ницы бафтдзæн. Сылгоймагæй ист æрцыд – нæлгоймагæн лæвæрд у уæлдайджынтæй. Уый раст у. Нæлгоймаг сылгоймагæн куы ратта йæ уæлдæйттæ, уæд æмхуызон суыдзысты, æмæ уæд нал уыдзæн нæдæр сылгоймаг, нæдæр нæлгоймаг, нал райгуырдзæн ног адæймаг. Сылгоймаг – æнæбын сæрсæфæн, нæлгоймаг – хох.

Мигъ æмæ кæлмытæй æмыдзаг сæрсæфæнмæ кæсæгау кæсы нæлгоймаг сылгоймагмæ, цалынмæ йæ сæр нæ разилы, уæдмæ. Сылгоймаг уый никуы бамбардзæн.

* * *

Санчъех, санчъех, санчъех. Бæстæ ныхъхъус; къæдзæхты скъуыдтæй нал хъуысы дымгæйы уынæр, нал хъуысы хæхтæй згъорæг дæттæн сæ хъæр. Хъуысынц мæм æрмæст мæхи къахдзæфтæ æмæ мæхи зæрдæйы куыст. Размæ, мæ зæрдæ; ма мын бафæллай.

Стæй ма мæм хъуысы мæхи улæфт дæр: сулæфт – раулæфт, сулæфт – раулæфт. Сулæфын раулæфынæй зындæр у. Сулæфт æгомыджы уацары ис, раулæфты рæстæг та ис дзæгъæл бæр-бæр, æхситтытæ æмæ чъырттытæ кæнæн дæр. Æнæ сулæфгæ бирæ нæ бафæраздзынæ, раулæфты та гыццыл афæстиатгæнæн дæр ис. Сулæфтæн йæ бон махыл цæуы, раулæфтыл та – мах бон. Сулæфт – уацары нывæфтыд, раулæфт – сæрибары.

Нæ сулæфтæй мах баст стæм арвимæ, кæсаг донимæ куыд баст у, афтæ. Арвæй исæм нæ улæфт, зæххыл та, æрдзы лæвæрттæй пайда кæнгæйæ, кæнæм æрмæст хилгæ. Зæххыл цæрæм, фæлæ нын цæрыны фадат дæтты арв. Царды æцæг хос æрмæст арв у: улæфын нæ суанг фынæйæ дæр нæ рох кæны. Уæдæ ныл арвæн йæ бон зæххæй фылдæр цæуы. Мах стæм арвы, зæхх та у мах.

Гыццыл баулæфин? Уæртæ, сындзы къутæр цы фæзилæны ис, уырдæм куы бахæццæ уæм, уæд нæ фæллад суадздзыстæм, ме 'нæнцой хæлар. Разы дæ ды дæр, мæнмæ гæсгæ. Тæрсгæ ма кæн, зæхмæ дæ куы 'руадзон, уæд дæхи нæ ныццæвдзынæ; хъавгæ дæ æрæвæрдзынæн. О, фæлæ уый, цалынмæ æгас уай, уæдмæ; куыддæр амæлай, афтæ дæ къæдзæхæй асхойдзынæн. Дарддæр дæ-иу бирæгътæ æмæ хъæддаг куыйтæ хæссæнт сæ уæцъæфты...

* * *

О, уый афтæ уыд, мæ бæхы ластон идадзæй, нæ йыл уыд мæ бон сбадын, цалынмæ, мæ зæрдæ мæ цы агуры, уый базыдтаин, уæдмæ. Бафарстон æй, æцæг æй нал фæнды мæнæн хъизæмæрттæ æвзарын кæнын. Хъуыдыты аныгъуылд. Раст гъеуæд рацыд мæ размæ, цы лæджы кой дын кодтон, уый.

Уыныс, мæ ныхас куыд æрхæц-схæц у? Мацы мæ бадом, мæ лæмбынæг хæлар. Уый æрмæст царды цыд у фæткыл: дзургæ-дзурыны та, цæуыл дзурыс, уымæй иуварс ахизыс, ома, дарддæр цы уыдзæн кæнæ раздæр цы уыдис, уыдæттæм фездæхыс. Чи дæм хъусы, уый куыд фæнды, афтæ лæгъз ницæмæн ис радзурæн; уыцы хъустæ æдзухдæр

ænхъæлмæ кæсынц æндæр раныхас фехъусынмæ. Адæймаджы фæфæнды, йæхи тыххæй йын куы дзуриккой, уый.

* * *

Куыд базыдтон, афтæмæй лæг йæ туджджынтæй лыгъд. Мæ бæх æмæ йын мæ хъыримаг радтон æмæ ссæрибар кодтон мæ зæрдæ. Мæ зæрдæ мæм сдзырдта: хорз, фæуæд афтæ. Йæ туг ын чи хъуамæ райстаид, уый амард. Мард чи фæци, уый та дын афтæ зынаргъ нæ уыд, цæмæй йын йæ марæгæн хъизæмæрттæ бавзарын кæнай. Уый уыд уыцы иу рæстæг хæлар æмæ знаг; нып сæ иутæй дæр нал у æмæ сæ иннæтæй дæр; уый дæр амард: йæ маст кæмæй райса, уый нал ис. Уæд ма йæ бафарстон: кæд, йæ туг чи райстаид, уый нал ис, уæд ма удæгас чи у? Мæ зæрдæ мын загъта: ныууадз дæ хъуыдытæ; ивгæ чи кæны, æрмæстдæр уый баззайы йæхи хуызæнæй.

Уыцы лæг ма мæм уæлбæхæй æрдзырдта, æз дæр дын исты лæггад куы бакæнин, уый мæ фæнды, зæгъгæ. Æз ын бафæдзæхстон, цæмæй фæсхохы фыййæуттæн зæгъа: хуыздæр уыдаид, абон уæ райсомæй цы мард ацыд, уый куы баныгæдтаиккат, уæд, уымæн æмæ йе смаг кæлы. «Ницы кæны, – дзуапп мын радта уый, – адæймаг адæймагæн йæ митæм гæсгæ аргъ кæны, Хуыцау та – йæ фæндтæм гæсгæ; рæсугъд боцъо дарын кæй фæфæнды, уый фыццаг æнæдастхуыз вæййы». Бæхы фæрстæ æрбалхъывта æмæ ацыд.

Æз мæхимæ фæкастæн, уари цы мæлхъæй раппæлыд, раст уый хуызæн. Зоныс æй? «Рæсугъд къæдзил», – загъта уари. «Бæгуыдæр!» – фæхъæр кодта мæлхъ, – фæлæ йæ уари нал фехъуыста, уый уæдмæ дард уыд.

Дзæбæх фидар бадт мыл æркодтай, ме 'гъатыр хæлар: æмбаргæ дæр æй нæ бакодтон, уыцы сындз къутæр нын фæсте куыд аззад, уый! Фæстæмæ куы фæкæсон, уæд ма йæ, цымæ, фендзынæн? Дард дзы ацыдыстæм? Æниу, цы уæлдай у? Мыййаг мын, фæстæмæ аздæхæм æмæ нæ фæллад уыцы къудзийы бын суадзæм, зæгъгæ, куы нæ зæгъыс? Ха!

* * *

Иу къахдзæф, дыууæ, æртыккаг. Фæстæмæ нæ кæсдзыстæм. Уæртæ мæйы рухсмæ цы тъæпæн дур æрттивы, уый раз баулæфдзыстæм.

Мæ зæрдæ куы ссæрибар, уæд уый дæр мæ ахсæнау дзæвгар рæстæгмæ ныхъхъус. Авд азы, авд зымæджы цыдтæн хæхты, æхсæв мæ-иу кæм æрæййæфта, уым кодтон æхсæвиуат, хордтон, мæ къух цæуыл хæст кодта, уый, никæмæн хъæр кодтон мæ ном.

Хæхтæ: уый цы у? Зын у йæ цард хæххон лæгæн, фæлæ ам арв хæстæгдæр у. Быдыры цы адæмтæ цæры, уыдонмæ афтæ хæстæг нæу.

Ды та куыд хъуыды кæныс? Зæххы уæлцъар цæмæй спуси вæййы? Йæ хуылфы судзы æнахъинон гуыппарт, æмæ уымæй. О, фæлæ уыцы артмæ дæр мах иннæтæй æввахсдæр стæм! Хæхтæ – цæвиттон æмæ бæрцамонæг сты: хæхтæ чи никуы федта, уый нæ зоны царды хуыдалынг дæлдзинджытæ, нæ йын зоны йе 'рттиваг бæрзæндтæ. Быдыры цæрæгæн кæцырдæмфæнды дæр у йæ бон цæуын, суанг йæ цæстытæ бастæй дæр йæ къах не скъуырдзæн; йæ бон цæугæ-цæуын фынæй кæнын дæр ма у. Хæхтæ та къæрцхъус уæвын домынц суанг, фынæй чи кæны, уыдонæй дæр. Хæхбæсты мæрдтæ дæр хъуамæ къæрцхъус уой. Быдыры адæм кæрæдзи хуызæн тынгдæр хъуамæ уой: хæлар адæймаг æдылы адæймагæй бирæ бæллиццагдæр нæу. Æрмæст хæхтæ бæрæг кæнынц, бæрзонд æмæ ныллæг цы у, уый: хæхты нæ адæмы астæу райгуырынц æппæты табуйаг дæр æмæ æппæты æнаккаг дæр.

Æз æнаккæгты нæ фауын, чи дæн æз, æмæ ныллæгдзинадыл дзурон? Æз фауын бæрзæндты. Тæссагдæр сæ чи у? Æнаккæгтæй æмæ фыдгæнджытæй ма тæрс, дæхи хъахъхъæн зæрдæхæлар æмæ растзæрдæтæй: уыдоны раз фæрæдийын тæссагдæр у!

* * *

О. Æз цыдтæн – æмæ дис кодтон: цас адæм ис зæххыл! Цæй гыццыл ма баззад уæгъд бынат! Адæмыл æмбæлдтæн алы къахдзæфæн дæр. Сæ уындæй мæ цæстытæ риссын райдыдтой, сæ хъæлæстæй къуырма кодтой мæ хъустæ. Фæлæ мæ уæддæр хъуыд сæ алкæмæн дæр зæгъын «æгас цу» – æмæ уый фæстæ дзуапмæ æнхъæлмæ кæсын. Цæй æнтъыснæг æмæ-иу даргъ уыд уыцы рæстæг!

Куыд дæм кæсы, æгæстæ фылдæр сты æви мæрдтæ? Æз бирæ фæхъуыды кодтон. Фыццаг мæм фæкаст: æгæстæ фылдæр сты, уымæн æмæ дыууæ 'фсымæрæн ис иу иумæйаг мард. Уый фæстæ мæм мæрдтæ фæкастысты фылдæр, уымæн æмæ иу мин фыдæлæн ис иунæг удæгас фæдон. Афтæ у: раздæр уыдысты æрмæст æгæстæ (мæрдтæ цот нæ кæнынц); стæй фæзындысты мæрдтæ, æмæ уыдон фыццаг уыдысты æгæстæй къаддæр, уымæн æмæ æрмæст æгæстæй цæуынц ног æгæстæ æмæ ног мæрдтæ. Рæстæджы цыдимæ мæрдтæ фæфылдæр сты æгæстæй: уымæн, æмæ гуыргæ кæнæм иу æнусы фагæн, мæлгæ та кæнæм бынтондæр. Ивгъуыд бонтæ сты мин-минтæ, абон та у иу; алы ивгъуыд бон дæр йедзаг у мæрдтæй, удæгæстæй дзаг у æрмæстдæр абон.

* * *

Размæ, размæ, размæ. Кæлæнгæнæг нæ дæ, ме 'нæнхъæлæджы æмбал? Раздæр мæ-иу мæ къæхтæй хъуыд домын, цæмæй цæуой, ныр мæ сæхæдæг

хæссынц размæ. Кæсын ме 'рчъитæм: раст цыма æз нæ дæн, фæлæ æндæр исчи цæуы. Цымæ, æцæг хæссын æз хинæйдзаджы? Кæд мын мæхи ды хæссыс, мыййаг, хинæйдзаг? Цы зæгъдзынæ? Хæсгæ чи кæны æмæ хæсгæ кæй кæнынц, уыдонæй чи хинæйдзагдæр у? Чи хæссы, уый, уымæн æмæ йæхиуыл хинæй рацæуын бауагъта. Фæлæ иннæ дæр хуыздæр нæу: зоны, йæ хиндзинад хæрæджы хъустау зыны, уæддæр хæцы йæ хиндзинадыл, цæмæй иннæ йæхицæй ныббуц уа! Уый та, дыууæйæ дæр сæ кæрæдзийæн фæндаггоны лæдзджытæ кæй сты, уый нысан кæны.

Хъыг дын ма уæд, мæ хинæйдзаг хæлар. Уый æз нæ дзурын, нæдæр мæ зæрдæ æмæ мæ ахсæн дзурынц. Уый мæ къæхтæ дзурынц, æнæ мæнæй сæхæдæг цы къæхтæ цæуынц æмæ риссынц, уыдон. Æз ногæй базыдтон цæуын: мæ къæхтæ хъæрзын сæхицæн ныууадзынц, мæнмæ та дзы æрхауы хинæйдзаг цин. Æмæ цы, кæд ахсæны бон у дзурын, уæд къæхтæ цæуылнæ хъуамæ зоной дзурын?

Алы дзаума дæр зоны дзурын. Ехсæй мæ ныцъцъыкк кæн, æмæ, чи зоны, æз мацы сдзурон, фæлæ ды фехъусдзынæ, мæ царм куыд цъæхахст кæны йæ дудгæ рыстæй. Хохæй хаугæ дур фæдзæхсы бæллæхæй, цæмæй фæндаггон цырддзаст уа. Цæвæг йæхи дурыл куы сцæвы, уæд йæ хъæр дзаг вæййы фæсмонæй. Хъаматæ дзуарсагондæй куы сæмбæлынц, уæд сæ ныхас вæййы судзгæ масты къæрцц. Сыфтæрты сусу-бусу æнуд бон у дымгæйы рæвдыдыл зарæг.

Дун-дуне вæййы æнæсым, фæлæ æдзæм та – нæ.

* * *

Ды бафæрсдзынæ, сæ къухы сын цы федтон табуйаг дзаумайæ, хъама æмæ топпыхос табуйаг кæдæй нырмæ систы? Нæ зонын, мæ растзæрдæ хæлар. Хъама æмæ топпыхос æрхъуыды кодтой, табуйагæй цы ис, уый бахъахъхъæнынæн: æмæ, иугæр афтæ у, уæд сæхæдæг дæр табуйаг сты. Хъама табуйаг куы нæ уаид, уæд ын, æнаккаг цæмæй суа, уый мадзал дæр нæ уаид.

Знаг куы 'рбалæбуры, уæд лæг йæ хъама сласы кæрддзæмæй æмæ йæ цард снывонд кæны, йæ мæрдтæй йын цы баззад, уыдон дæр цæй сæрвæлтау фесты мард, уыдæттæн. Ахæм аргъ кæны растзæрдæ лæг йæ мæлæтæн! Йæ цардæй йын йæ мæлæт кадджындæр у. Царды – ничи уаллон у, йæ адзалы бон та – хуыцау. Æгад, æнæфсарм адæймæгтæ та царды сты хуыцæуттау, адзалы бон – уаллæттæ.

* * *

Цæуын санчъехгай. Адæймаг куы амæлы, уæд хъуамæ æндæр цыдæр райгуыра. Уд сисын амоны уд бауадзын. Ахуыр, фæлтæрддзинад,

фæдзæхст – ахуырад цæрын байдайы, ахуыргæнæг куы амæлы, уæд.

Цæгатаг моладзанты ныхæстæм гæсгæ та, искуы æгæсты цардвæндаджы тæккæ кæрон ногæй нал уыдзæн мæрдтæ, мæрдтæ иууылдæр суыдзысты удæгæстæ, æмæ та уыдзæн, æппæты фыццаг куыд уыд, афтæ. Уыдзысты æрмæстдæр удæгæстæ æнæ мæрдтæй; æгæстæ мæлгæ нал кæндзысты. Удæгæстæ иууылдæр амæлдзысты, мæрдтæ иууылдæр райгас уыдзысты; ныр цардæн куыд ис кæрон, афтæ кæрон æрцæуудзæн мæлæтæн: цæг сæхгæндзæн. Гъа! Мæхи æнæмæлæтыл ма искуыдты баууæндин, тынг мæ куы бафæндид, уæд; фæлæ куыд ис æнæ мæрдтæ цæрæн?

Цæгатаг моладзантæ, Хуыцау сæм кæй æрæрвыста, ахæм цавæрдæр зæрдæхæлар пехуымпары кой фæкæнынц. Уыдон æй амардтой, фæлæ пехуымпар Хуыцауы барвæндæй райгас æмæ сын загъта: кæсут, æз райгас дæн – æмæ мæ хуызæн куы уат, уæд сымах бон дæр уыдзæн, райгас уат, уый. Пехуымпары хуыдтой Чырысти, мах æвзагыл нысан кæны, Чи Рысти, Уый. Хорз ном у пехуымпарæн. Фæлæ цæмæ райгас? Маргæ кæй акодтой, уыцы пехуымпарæй ма хуыздæр цы хъуамæ уа? Кæд, æнæмæнг, хъуамæ райгас уыдаид, уæд Хуыцауы барвæнды разæй хъуамæ марджыты фæсмон æййæфтаид, уыдаид сæ тæригъæдтæ сыгъдæггæнæн лæгъстæйаг куывд, адæм уал се 'ппæт дæр хъуамæ сæххæст кодтаиккой Пехуымпары фæдзæхст, уыйау суыдаиккой цæстуарзон зæрдæхæлар. Уæд йæ сæрнывонд уыдаид æмбæрст. Дзурынц ма, зæгъгæ, дам, йæхæдæг зыдта, кæй йæ амардзысты æмæ кæй судæгас уыдзæн, уый. Уæд уый цæй хъизæмар у, цæй мæлæт у уый? Хал дзы халыл нæ хæцы, уый дын аргъау. Мах аргъæуттæ хуыздæр сты.

* * *

Радзурон дын дзы иу? Хохаг сугмæ хъæдмæ ацыд, æмæ йыл хæйрæг фембæлд. Зæрдæбын ныхæстæ фæкодтой, стæй, кæрæдзийæн хæрзбон куы загътой, уæд ын хæйрæг бафæдзæхста, цæмæй, хæйрæджы кæй федта, уый макæмæн схъæр кæна. «Цæуылнæ?» – бадис кодта хохаг. «Уымæн æмæ дыл ничи бауæнддзæн», – загъта йын хæйрæг. Хохаг ахъуыды кодта, стæй хæйрæджы рацахста, йæ голладжы йæ ныппæрста, æвдисæн, дам, мын уыдзынæ, зæгъгæ. Уый фæстæ лæг æндæр кæуылдæр амбæлд, æмæ йæ уый куы бафарста, йæ голладжы цы ис, уымæй, уæд ын лæг загъта: «Хæйрæг». Уый йын загъта, цæмæй йæ равдиса. Хохаг æй, алидздзæн, зæгъгæ, не 'вдисы. Афтæ цæуы хохаг йæ хæйрæгимæ, æмæ, йæ голладжы хæйрæг кæй ис, ууыл ничи æууæнды.

Цæгатаг моладзантæ дæр цæмæйдæр уыцы хохаджы хуызæн сты. Хохаг йæ голладжы ком нæ райхæлдта, адоны та куыддæр бафæнды сæ пехуымпары равдисын, афтæ сын уæлæрвтæм атæхы.

* * *

Къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф. Иу хъуыддаг дзы цæуы мæ зæрдæмæ уæлæрвтæм тæхгæ пехуымпарæй. Сæрыстыр нæу: йæхи ехсæй нæмын бауагъта. Зын быхсæн æфхæрд у уый. Æз æй зонын.

Мæ бæх æмæ мæ хæцæнгарз куы радтон уыцы лæгæн, уымæн йæ дыккаг бон фембæлдтæн иу кънйазыл, зынаргъ хæцæнгæрзтæй иф-тонг фæсдзæуинтимæ. Мах кънйæзтæ! Кæд уыд махмæ кънйæзтæ? Зæрæдтæ афтæ фæдзурынц, махмæ, дам, никуы ницавæр кънйæзтæ уыд. Нæ фыдæлтæм хъæздыгдзинадæн ницы нысан уыд. Алкæмæн дæр, цæмæй йын кънйазы кад кæной, уымæн хъама æмæ хæрзæгъдау фаг уыд. Ныртæккæйы кънйæзтæ хъал æмæ æнæрвæссон сты: кънйæзты хуызæнæй сæм ницы ис. Дзæгъæлы нæ баззад æмбисонд: фысты дзуг, дам, фæстæрдæм куы раздæхы, уæд æппæты къуылых фыс фæразæй вæййы. Фæлæ йæ бон разæй цæуын цастæ хъуамæ бауа! Къуылых дзæгъæлы нæ вæййы.

* * *

Æцæг кънйазы цæмæн хъæуы, сæрыстыр уа, уый æнæуи дæр кънйаз нæу? Кънйазы ном дæр æй цæмæн хъæуы, æнæуи дæр ын кънйазы кад куы ис? Æз æдзухдæр мæ цæстытæй мæ хъустыл тынгдæр æууæндыдтæн, зæрæдтæ-иу куы дзырдтой, удæгас кънйаз федтой, зæгъгæ, уæд. Æмæ уæвгæйæ та нæ кънйæзтæ иууылдæр сты æндæр адæмыхæттытимæ хæццæйæ гуырдтæ æмæ æндæр динил хæст. Уыдон сарæх сты, нæ адæм сæ ном, сæ кадыл сæ къух куы систой, æцæгæлон æмæ фæсарæйнагæй цыдæриддæр ис, уыдонæн сæ сæрæй ныллæг ку-вын куы райдыдтой, уæд. Цагъартæ дæр уымæн систæм.

Кънйаз мæ, чи дæн, уымæй бафарста. Æмæ та уæд мæ ном мæ зæрдыл æрлæууыд. Мæ ном-иу мæ зæрдыл æрлæууыд, æрмæстдæр-иу мæ исчи куы бафарста, уæд. Уый хорз нæу. Дæ ном хъуамæ дæ былалгъыл уа кæддæриддæр: цыфæнды куы дзурай, уæддæр æй дæхи номæй хъæуы дзурын. Æз ын афтæ, уæддæр дын, зæгъын, æцæгдзинад нæ зæгъдзынæн, æмæ мын ахæм кадджын адæймаг гæды ныхас ма зæгъын кæнæд. Цæуылнæ йын зæгъдзынæн рæстдзинад, уымæй мæ куы бафарста, уæд ын æз дзуапп радтон, зæгъын, ферох мæ, циу уый – мæнæ мæ мæ ном куыд ферох, афтæ. Уый мæм иуцасдæр фæкаст, йæ роцъойыл иуварс ахæцыд, афтæмæй дзы иунæг ныхас дæр не схаудта. Æз уæд нæ бамбæрстон, уый цы нысан кæны, уый. Стæй мын афтæ, æз, дам, дын феххуыс кæнин дæ ном дæ зæрдыл æрлæууын кæнынæн, фæлæ мæ не 'вдæлы. Ехсæй мæ ныдздзæхст ласта, æмæ, худгæйæ, афардæг сты.

* * *

Искуы ехсы над бавзæрстай, мæ сæрыстыр хæлар? Зоныс, куыд тынг риссы? Дæхæдæг, чи зоны, нæ ныхъхъæр кæндзынæ; уыйхыгъд дæ царм æнæхъæн къуыри додой кæндзæн йæ рыстыл. Зоныс цæмæн? Хъамайы цæф ехсы кæнæ лæдзæджы цæфæй хуыздæр у; нæ фыдæлтæ-иу искæй канд маргæ нæ, фæлæ бынсæфт фæкæнынмæ куы хъавыдысты, уæд æй хъамайæн йæ тъæпæнæй цавтой. Алы ехсмæ дæр ис алæмæтон миниуæг: ехсы цæф дæ хæрæг фестын кæндзæн, уый размæ æгас комы кадджындæрыл нымад кæд уыдтæ, уæддæр.

Афтæмæй, кæсыс, бынтон дзæгъæлы дæ куырдтон хатыртæ, дæу йе рагъыл хæссы, хæрæг цы вæййы, ахæм хæрæг.

Дæ сæрмæ ма хæссыс ныр, дарддæр афтæ цæуын æмæ хæрæджы иудадзыг уастмæ хъусын? Дзæгъæлы, дзæгъæлы: алцæуыл æрвæссын нæ хъæуы, хъуамæ, цæуыл не 'рвæссыс, ахæм дæр исты уа.

* * *

Къахдзæф, санчъех, къахдзæф. О, фæлæ Чи Рысти, Уый хæрæг нæ фестад. Цæуылнæ? Уымæн æмæ сæрыстыр нæ уыд. Ахæм – цы нымæт цæгъдай – хъуынджындæр. Сæрыстырæн та, хæрæг дзы куы рауайа, уымæй тæссаг вæййы.

Моладзантæн дæр радзырдтон, голладжы цы хæйрæг уыд, уый тыххæй. Æмбаргæ дæр мæ нæ бакодтой, мæнмæ гæсгæ. Иу дзы сылгоймагау æфсæрмдзаст худт бакодта æмæ афтæ: дæ голладжы дæр, дам, æвæццæгæн, зæд нæй. Уый цы нысан кæны? Æз ыл бирæ фæхъуыды кодтон. Цыма дзы исты нысан ис, афтæ мæм фæкаст, æцæгдзинадæй та – ницы. Фæлæ дзы кæд хъуыды ницы уыйбæрц уыд, уæддæр æй хорз загъта. Мæнмæ голлаг уæвгæ дæр нæ уыд; куы мæм уыдаид – уæд уыцы зондаби афтæ дæр нæ загътаид! Куыд поэттæ, афтæ сын ницы у, ацы саудартæн, фæлæ куырыхон не сты, нæ. Рæстдзинады охыл куырыхон цыфæнды дæр йæ тæккæ номæй зæгъдзæн; фæлæ поэт цы нæ æдылы дзырд æрхъуыды кæндзæн рæсугъд ныхасы охыл!

Кæнæ ма – ноджы. «Æмæ цы, – зæгъын уыцы æфсæрмдзаст саударæн, – кæд уым рæстдзинадæй ницы ис, кæд æппындæр нæ уыд зæххыл Чи Рысти, Уый, уæд та?» Уый та ногæй бахудти, фæсырх æмæ загъта: «Афтæ куы уа, уæддæр мæн фæнды, Чи Рысти, Уымæ хæстæгдæр куы уаин рæстдзинады бæсты».

Цы у уый? Исты нысан ын ис? Ис афтæ уæвæн, цæмæй хорз рæдыд, разы цы рæстдзинадæй нæ баззайай, уымæй хуыздæр уа? Фæлæ сырх та цæмæн аци?

* * *

Уыдон ма, сæрыстыр кæй не сты, уымæй уæлдай сæм æфсæрмдзаст дæр нæй: зæхх, дам, ииуылдæр махæн баззайдзæн бынтæн. Цымæ, куыдæй? Цымæ, цæмæ æркæндзæн адæймаджы ахæм рæдыд хъуыды?

Фыстау сæ æрмахуыр цæмæн фæнды? Уымæн æмæ кæрдæгхор сырдтæн æрдзы зайæгхал лæвар у, тугдзыхты та холы амал кæнын хъæуы. Уыйхыгъд фыццæгтæ æппынæдзух хæргæ кæнынц, иннæтæн та ма рæстæг вæййы сæхи ирхæфсынæн дæр, уарзынæн дæр. Домбай, уæгъд рæстæг ын бирæ кæй ис, сырдты паддзах уымæн у. Уый цуан æппындæр нæ кæны, уый тох кæны, уымæй дæр йæхи æмсæртимæ. Æмæ куы фæхæрд вæййы, уæд æй йæ паддзахиуæгыл йæ къух сисын бахъæуы.

Ау, хъуамæ фысты бауа зæхх? Цы уыдзæн зæхх æнæ мысы æмæ æнæ бирæгъ? – паддзахад нæ, фæлæ хизæнуат.

* * *

Къахдзæф, дыккаг, иу ма. Зæхх, дам, тымбыл у, мæ лæгæты къæсæрыл цы стыр дур ис, уыйау. Ахæм къори-айкæй исты рацæуа? Цы фæуыдзысты адæм? Кæдæм хæсдзысты сæ табуйаг дзаумæттæ, цавæр кувæндоны сæ бафæнддзæн уыдон сæвæрын? Уыдонæн нæ уыдзæн иумæйаг кувæндоны æвæрæн, кувæндон зæххау егъау куы уа, уæддæр, уымæн æмæ дзыллæтæ алыхуызон адæмыхæттытæй гуырд сты, сæ табуйæгтæ дæр фæйнæхуызон уымæн сты. Уый тыххæй сты табуйæгты сæйрагдæртæ æндон æмæ топпыхос. Табуйæгтæ цыфæнды алыхуызон кæд сты, уæддæр æндон æмæ топпыхос алкæмæ дæр æмхуызон кадджын сты!

Чи зоны, раст сты цæгатаг моладзантæ, искуы мыггагмæ цæргæйæ чи баззайдзæн, æрмæст ахæм удæгæстæ райгуырдзысты. Рацæудзæн айкæй ног, фыццаг æмæ фæстаг, мæлæт кæмæн нæй, ахæм знæм, æрмæст фыстæ нæ. Кæд уымæн скъуындæг зæхх, кæд, мыййаг, алкæй дæр афтæ кæй фæнды, цæмæй уыцы знæмы уый фырттæ, уый туг, уый стæг уа фылдæр, уымæн цæуынц табуйæгты разæй æндон æмæ топпыхос?

Алы нæлгоймаджы дæр фæнды, цæмæй йе знæмы фылдæр уа уый фырттæ, уый тугæй равзæргæтæ. Æмæ алы знæмы дæр фæнды, цæмæй уыцы æнусон кувæндоны – Зæххыл, фылдæр уой уый æвзаг, уый аргъæуттæ, æгъдæуттæ æмæ табуйæгтæ.

Æцæгдæр афтæ у: куыд ма ис адæймаджы тугмондагæн хуыздæр бамбарын кæнæн – йæ фырттæн, йæ туг йе стæгæн, йæ кадджытæн æнусон царды фæндиагæй уæлдай? Нæлгоймæгтæ маст хæссынц, сæ сылгоймагыл сын æндæр нæлгоймаг йæ цæст кæй æрæвæры, уый охыл нæ, фæлæ æнусон царды тыххæй; æмæ адæмтæ ерыс кæнынц къуындæг зæххыл ахæм цардыл. Дунейыл нæй хæрамдзинад: ис дзы ерыс

хъысмæты стырадыл, уæлахизыл. Цы ма уа уæлахизы комулæфтæй хайгонд цæсгомæй рæсугъддæр?

Фæлæ чи фæуæлахиз уыдзæн? Йæ дзых нæ гом кæнгæйæ, йæ уæрджытыл нæ лæугæйæ, чи кува, уый. Уымæн йæ хъуыдытæ сты Хуыцауæй лæвар уæлахизыл. Уый фæзæгъы: Хуыцау, балæвар мын кæн уæлахиз. Мæн уый айдагъ мæхи тыххæй нæ хъæуы. Æз ын йæ хорзæхтæй спайда кæндзынæн, куыд æмбæлы, афтæ рæстзæрдæйæ. Æз куы фæуæлахиз уон, уæд, састы бынаты чи баззайа, ахæмтæ нæ уыдзæн.

* * *

Куыд хъуыды кæныс, ме 'нæрхъуыды хæлар: ацы ерысы нæ дыууæ нæ фæхæрд стæм? Мах дæуимæ – фæстæгтæ стæм; мах нæ фендзыстæм никæй цæсгом, фæстæмæ куы фæкæсæм, уæд; махæн нæ бон у æрмæст зындгондты æмæ уæлахиздзауты къæбуттæ уынын.

Нæ адæм дæр баззадысты састы бынаты: нæ табуйæгтæн нæ уыдзæн бынат уыцы кувæндоны, нæ дзурдзысты уæлахиздзаутæ мах æвзагыл, нæ зардзысты мах зарджытæ. Дзæгъæлы фæкалдтой нæ кадджын фыдæлтæ кæйдæр туг: нæ уайдзæн мах туг уæлахиздзауты тугдадзинты.

Æвгъауаг! Фæлæ ис аргъ махæн дæр, ис. Кафын куыд зонæм, уый та? Мах хуызæн ничи зоны кафын. Æндæр адæмтæм ис бирæ кæфтытæ, махмæ та ис иунæг – фæлæ цавæр! Иннæтæ сæ кафты æвдисынц сæ тыхджындæр æнкъарæнтæ æмæ æуууæлтæ, кæнæ та фæзмынц цæрæгойты. Мах кафты та, кæд исчи æвдыст æрцæуы, уæд æрмæстдæр хуыцæуттæ. Æмæ, кæд хуыцæуттæ кафын зонынц, уæд мах та нæ кафты стæм хуыцæутты хуызæн.

Размæ, размæ, къахдзæфгай.

* * *

Фæлæ ис æндæр хуызы уæлахизтæ дæр. Куыд хъуыды кæныс ды та, мæ хинæйдзаг хæлар? Цæй, æмæ афтæ бакæнæм, цæмæй махыл фæуæлахиз уой! Ма уæм сæрыстыр, цæмæй нæ хæрджытæ ма рауайа.

Цымæ, фæхæрд уæвгæйæ, нæй уæлахизгæнæн? Уæлахиздзаутæ куырм сты, сæ уæлахизтæ сæ бакуырм кæнынц, сæ фыдбылыз ис, хуыздæрты-хуыздæры къæбут куыд рæсугъд у, уый кæй нæ зонынц, уым æвæрд.

Æрмæст фæуæлахиз уай, уый фаг нæу: æрмæст рæсугъд уæлахиз у хорз. Æз федтон, сæдæ хатты чи фæуæлахиз, ахæм адæймаг. Фæлæ иу хатт састы бынаты куы баззадаид, уæд уый йæхицæн хуыздæр уыдаид.

* * *

Æз зонын, хæдзары хицау уа, уый кæй нæ бафæндыд, ахæм лæджы дæр. Хæдзары хицау уай, уый дæ нæ фæнды – уыдзынæ уазæг.

Æз зонын ахæм лæджы, боныгон худгæ чи кæны, æхсæв та – кæугæ. Ныммæл, æнамонд: æрмæстдæр амонд у царды сæрыл дзурæг.

Æз зонын æвзæр миниуджытæй сæрибар адæймаджы дæр. Фæлæ, æвзæр миниуджытыл хæст кæй нæ дæ, уый нырма фаг нæу, хъуамæ дæм хæрзтæ дæр уа.

* * *

Афтæ, афтæ: æргом фæхæрд дызæрдыггаг уæлахизæй хуыздæр у. Алкæй дæр фæнды, йæ алыварс æрмæст раст адæм куы уаид, фæлæ йæхæдæг раст адæймаг уа, уый алкæй нæ фæфæнды. Зæхх дæ рæбинагдæр бæллиццæй хъацæнджын кæнын – нæ, уый мæнæ нæу! Ома дæ тугæй, паддзахиуæг ыл чи кæндзæн, уыдоны хæрзæбонæн зæхх сойджын кæнын! Фæлæ æрмæст уыйадыл ссардзæн иудзинад састы баззайæг æцæг уæлахиздзауимæ.

Адзалы раз ииуылдæр иунæг вæййынц: æрмæст иунæг хатт æмбæлы йемæ алчи лæгæй-лæгмæ. Алкæмæн дæр йæ мæлæт æндæрхуызон у, никæй мæлæтимæ йын ис фæхæццæ кæнæн, райгуырдæн, цардæн куыд нæй фæхæццæ кæнæн, афтæ. Фæлæ искуыдæр ма адæймагæн уæлдай нæу, æппæт адæмимæ амæла, æви иунæгæй йæ къонайы фарсмæ, кæнæ йæ лæгæты? Фæзæгъынц: дыууæ хатты ничи мæлы, адзал иу хатт вæййы. Уый афтæ нæу: суанг æртæ мæлæты дæр ис иу адæймагæн: йæхион, æппæтадæмон æмæ æппæтдунеон.

* * *

Къахдзæф, иу ма, ноджыдæр ма. Уыдон дзурынц: баууæнд, кæннод дæ мæлæты фæстæ, зындоны куы нæ уай, уæддæр дзæгъæлдзу кæндзынæ зындон æмæ дзæнæты 'хсæн, зæххыл ауунонау хъеллау кæндзынæ, дæ дзæгъæлдзых зæрдæ та дын цыдæртæ гуым-гуым кæндзæн æмæ дæ скæндзæн дæ хъуырмæ.

Омæ хорз, афтæ дæр фæуæд. Цæмæн мæ хъæуы табуйаг, куы мæ бафæнда, уæд æй цъыфмæ нывзилын мæ бон куы нæ уа, уæд?

Адæм, æвæдза, сæхицæн дурзæрдæ хуыцæуттæ сарæзтой! Æмæ адæмæн уыдоны æппæтуынаг цæстæй бамбæхсæн никуы ис. Адæймаг та æнæ сусæгдзинад адæймаг нæу, фæлæ – фос. Суанг æй йæ Хуыцауæй дæр фæхъæуы ауон ран; æмæ йæ, цымæ, Хуыцау иунæгæй никуы ныуадзы, ау, уæд та йæхи хъуыдыйы ацæуыны сахат?

Æнæуи æз æндæр хуызы дзырдтон. Æцæг æй нæ хъуыды кæнын, дæуыл куы амбæлдтæн æмæ дæ ме 'рагъыл куы сæвæрдтон, уый размæ уыд æви фæстæдæр. Худгæ ма кæн: æрмæст æдылы нæ фæкæны йæхиимæ быцæу, æрмæст æдылы вæййы æппынæдзух йæхицæй разы.

Иу рæстдзинад кæм ис, уым æндæр рæстдзинадæн бынат нæй. Алы æдылыдзинадæн дæр ис йæхи рæстдзинад; æдылы бынтон æнæзонд нæ вæййы. Фæлæ дæумæ куыд хуыздæр кæсы, æдылы дæ хоной æви æнæзонд? Афтæ, афтæ. Æнæзонд æдылыйæ хуыздæр у.

* * *

Ахæм коммæгæс, ахæм сæрыстыр уай, уый ницæмæн хъæуы: хъуамæ истæуыл æлгъ кæнын дæр зонай. Мæ зæрды ме 'фсымæры туг ныккалын куы уыдаид, мæ фæнд æххæст кæнынмæ куы цыдаин, уæд мæ цæвын дæр ничи бауæндыдаид. Стæй сын æфсон дæр нæ уыдаид: æз бæхыл бадтаин æд хъыримаг, мæ ном дæр загътаин. Кънйазæн нæ, фæлæ суанг хæйрæгæн дæр. Ном æмбæхсын раст нæу, уый æдылы хъуыддаг у, искæй тугагур куы уай, уæд дæр. Уæд ды тугисæг нæ дæ, фæлæ къæрных.

Гъе, афтæ мæ фыццаг маргæ акодтой, уый фæстæ та мæ хæрæг фестын кодтой. Фæлæ, æз хæрæг куы нæ фестадаин, уæд дæуæн, йæхæдæг дæ йе 'ккой чи сæвæрдтаид, ахæм хæрæг кæм уыдаид?

Къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф. Уæд ма мæ хъама дæр мæхимæ уыд, фæлæ йыл æз хъуыды дæр нæ акодтон. Ме 'муд куы 'рцыдтæн, уæд мæм мæ зæрдæ сдзырдта, хæрæгыл, дам, хъама нæ фидауы. Изæрæй æрхæццæ дæн тæрсбынмæ, ракодтон мæхицæн лæдзæг, мæ хъама та æд рон уыцы тæрсы бын баныгæдтон. Куыд дæм кæсы: уымæй мæ хъамайы кад истæмæй фæчъизи кодтон?

Мæ худ дæр аппæрстон, мæ цухъхъайы бæрцытæ дæр раскъуыдтон. Басылыхъмæ нæ бавнæлдтон: басылыхъхъ хорз у хуры дæр æмæ къæвдайы дæр. Басылыхъхъ мæнæн у, бæхæн цæстытæ æмбæрзæн цы у, уый: цæуыс, дæ къæхты бынмæ кæсыс, дæ развæндаг йеддæмæ ницы уыныс. Хорз у афтæ.

Æхсæвиуат дæр кодтон уыцы хъæды, дымгæ цы зæронд наз бæлас афæлдæхта, уый бын, æмæ мæ фыны федтон мæ фыды. Йæ астæуы онг уыд бæгънæг, йæ гуыбын фазт. Дон бацагуырдта, æмæ йын радтон. Дурынæй цы дон нызта, уый тугæмхæццæйæ цыхцырæй фæстæмæ калд йæ цæфæй. Уый тыххæй йын нæ уыд бафсис. Æз ын куы загътон, ме 'фсымæр мæ фæсте æрбахста, зæгъгæ, уæд мæ бафарста, фæстæмæ фæкæсын, дам, дæ æцæг нæ фæндыд?

* * *

Райсомæй мæ цæстытæ байгом кодтон æмæ федтон бæлæстæ. Кæд мын ихæн уыд, уæддæр ма дзæвгар рæстæг хуыссыдтæн афтæ. Иуварс лæууыд мæрдон хус фæткъуы бæлас. Уый бæлæстæн се 'ппæты рæсугъддæр уыд.

Искуы бафиппайдтай, фæззæджы сыфтæр æрмæст удæгас бæлæстæй кæй згъæлы? Саст къалиу æмæ хус бæласæй сыфтæр нæ хауы. Цард мæлæтæн холы у. Цæмæй амæлай, уый тыххæй хъуамæ удæгас уай. Цæргæ куы нæ кæнай, уæд мæлгæ куыд хъуамæ акæнай?

Искуы нæ зæппæдзты мидæмæ бакастæ? Цæсгæмттæй сæры къуыдыртæн цæрæццагдæр хуыз ис. Сæры къуыдыртæ цæстмæми не сты. Цæсгом – æрмæст дзыппыдаргæ цæсгом у, ивæн хайау. Тынг ыл куы ахъуыды кæнай, уæд уындзынæ æрмæст сæры къуыдыртæ, цæсгæмттæ дæ хъуыдыйы дæр нæ уыдзысты. Бæлас йæ сыфтæр куы азгъалы, уæд йе 'цæгдзинад йе стæгдары разыны. Фæлæ адæймаджы стæгдартæ кæрæдзи халдих сты, бæлæстæй, сæ уд æмæ сæ хъæдæй, алкæцы дæр у æрмæст йæхи хуызæн. Алы бæласæн дæр ис йæхи хъæлæс, йæхи хъæр, йæхи змæлд: йæхи къалиутæ – уæлæрвтæм ивæзт къухтæ. Æрмæст хæрис бæлас у састзæрдæ æрхæндæджы фæлгонц.

Бæлæстæн сæ къалиутæ сæ уидæгтæй даргъдæр кæй сты, уый цы нысан кæны? Бæлас дæр хæцгæ зæххыл кæны, цæргæ та арв æмæ хурæй. Уымæн йæ сæр нæ разилын кæндзæн цыфæнды цæхгæр къуылдым дæр: уыцы æмраст ивазы йæхи хæрдмæ.

Уыйхыгъд ичъийæн йæ фылдæр хай зæхмæ, талынгмæ арæзт у. Уыдон ын арвæй адджындæр сты. Уымæн хæцы зæххыл бæласæй тынгдæр.

Зæхх йæхимæ æлвасы, йæхи æнгæс цы у, уый; арв та – йæхи æнгæс цы у æмæ йæ цы хъæуы, уый. Ивазынц нæ алырдæм фæндыры тæнтау, – уымæн вæййæм маст æмæ хъизæмары хай, фæлæ зæлланг дæр уымæн кæнæм!

Буар дур у, хæссинаг; аппар æй æмæ стæхдзынæ уæларвмæ, Чи Рысти, Уыйау!

Сыстадтæн, райстон мæ фæндаггон лæдзæг æмæ араст дæн. Гъе уæд федтон, лæдзæгимæ цæуын куыд хорз у, уый: къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф – къæхтæ дæр цæуынц, къухтæ дæр сты сæ бынаты, нæ дæ хъыгдарынц.

* * *

Адæм бирæ ис зæххыл, фæлæ дзы æдасæй салам кæмæн раттай, «æгас цу» кæмæн зæгъай æмæ æхцонæй дзуапмæ кæмæ банхъæлмæ кæсай, ахæмтыл стæм хатт фембæлдзынæ. Адæймаджы мин хатты бахъæуы сфæлтæрын, цæмæй хæларзæрдæйы фыдзæрдæйæ иртасын базона. Стæй ууыл куы сахуыр уай, уæд та дæм уымæй æнцондæр, хуымæтæгдæр ницыуал кæсдзæн. Фыдзæрдæйы æргомзæрдæйæ куыд раиртасæн ис, уый зоныс? Ам сæрыкæхцмæ нæ, фæлæ цæсгоммæ кæсын хъæуы. Цы у адæймаджы цæсгом, цы 'вдисы уыцы мæнг цæсгом? Сæрыкæхц цы 'вдисы, цæуыл дзуры, уый махмæ нæ хауы, мах æй бам-

барынхъом не стæм; цæмæн у сæрыкæхцæн йæ хуыз цæсгомы хуызæй æцæгдæр? Уымæн æмæ йæм æппындæр ницы 'нкъарæнтæ æмæ монцтæ ис, мард у. Адæймаджы цæсгомыл та зыны, йæхицæн цы Хуыцау сныв кодта, уый. Æвдисы, йæ уд ын дунеимæ цы монцтæ бæттынц, уыдон. Цæсгæмттæ, дуне цы айдæнты зыны, уыдон сты. Фæлмæнзæрдæйы цæсгом – сыгъдæг æмæ лæгъз айдæн, йæхæдæг цыфæнды фыдуынд куы уа, уæддæр; фыдзæрдæйы цæсгом – тар æмæ гæлиртæ, цыфæнды рæсугъд куы уа, уæддæр; фæлæ рæстуды цæсгом, куырыхоны цæсгом йæхæдæг цæхæртæ калы тары; уый кæнгæ цæсгом дæр нæу æмæ айдæн дæр, уый у цырагъ. Æз ахæм нырма нæма федтон.

Цæгатаг моладзантæ дзурынц, зæгъгæ, сæ сыгъдæджытæ, æнæтæригъæдтæ сæ амæлæты фæстæ 'мбийгæ нæ кæнынц. Нæ зонын, æцæг сæм ис ахæмтæ, фæлæ, кæд искуы сты, уæд хъуамæ æцæгæйдæр афтæ уа: æнæтæригъæды цæсгом, марды цæсгомæй йæхæдæг чи æрлæбыры, ахæм мæнг цæсгом нæу, уымæн раив-баивгæнæн нæй.

О, адæм бирæ уыди, фæлæ хæларзæрдæтæ бирæ нæ уыдысты; фембæлдтытæ дæр бирæ, цаутæ та – нæ. Æмæ уый хорз у. Мæн цаутæ нæ хъуыд. Фæндаг, æрмæст фæндаг. Фæлæ мын фæндаг дæр нæма уыд; æрмæст – рахау-бахау. Уый фæстæ, мæ рахау-бахау куы фæцис, фæндаг уæд фæзынд.

* * *

Иухатт мыл, хъæдæй рацæйцæугæйæ, амбæлди æртæ адæймаджы – лæг æмæ ус сæ лæппуимæ. Уæдмæ мæ фæндаггон лæдзæджы дæргъ æртæ уылынджы цыбырдæр фæци. Уыдон сæ хъæуккæгтæн ластой цæхх. Лæппу бадт йæ мады хъæбысы уæрдоны, цыдаид ыл авд азы бæрц. Афтæ зынд, цыма фынæй у. Фæлæ сын салам куы радтон, уæд мæм ракаст, æмæ йын йæ хуыз æмæ йæ цæстæнгасæй тæрсæгау фæкодтон. Ахæм цæстæнгас вæййы, цардæй чи сфæлмæцы, ахæм зæронд лæгтæн; æнцъылдтæ цæсгом æмæ Сырдоны фындзы хуызæн цыргъ къæдз фындз. Йæ фыды йын бафарстон, цы кæны, ахæм хуыз ын цæмæн ис, зæгъгæ. Фыды ныхæстæм гæсгæ, лæппу рынчын уыд цавæрдæр æбæрæг низæй, фондз азы йыл куы сæххæст, уæдæй фæстæмæ зæронд кæнын райдыдта.

Зæххыл цы низы хатт нæй, цы! Адæймаг сæ ныхмæ ахæм æнæбон цæмæн у? Уымæн, æмæ низтæ нæ тæригъæдтæй гуырынц, фæлæ нæ уыйхыгъд та стырдæр тæригъæдтæй ирвæзын кæнынц. Æрмæстдæр рысты бон у адæймаджы бауромын; тæригъæд хъуыддаг мондæгтæй гуыры, рыст та мондæгтæ суадзыны зыгъуым у.

Уæрдонæй иуцалдæр къахдзæфы фæсте куы аззадыстæм, уæд та лæджы бафарстон, зæгъын, дæу аххосæй дзы ницы ис? Йæ бон мæ уыд, йæ къамбецы цы уисæй тардта, уымæй æрцæфтæ кæнын. Уымæн

йæ цæсгом кæд Нарты Ацæмæзы цæсгомау рæсугъд уыд, уæддæр йæ фырты цæсгомæй тынгдæр æфтыдта адæймагыл тас. Загъта мын, уый, дам, дæ хъуыддаг нæу, фæлæ аххосджын уый нæу, аххосджын йæ бинойнаг у. Йæ бинойнаг куырысдзау у; ныр-иу мæйы зæрондыл æртæ 'хсæвы фæд-фæдыл ус-бирæгъ фестдзæни.

Адæймаг хæрæг кæй фесты, уый æз хорз зыдтон, фæлæ, ус-бирæгъ чи фесты, ахæм сылгоймаг фыццаг хатт федтон. Уый уыди æрыгон æмæ рæсугъд, зæронд гыццыл лæппу та йын фыццаг хъæбул уыд. Лæг ма йæ ныхæстæм бафтыдта, сывæллон ма йæ бæргæ кæй хъæуы, фæлæ тæрсы, ахæм зæронд лæг та йын куы райгуыра.

* * *

Лæджы куы бафарстон, йæ бинойнаг ус-бирæгъ куыд фестдзæн, уымæн ницы хуызы ис фенæн, зæгъгæ, уæд мын бамбарын кодта, æрмæст семæ ацæуынмæ мæ ныфс кæд бахæссон, уæд, кæннод мæ цымыдисы тыххæй ам райсомраджыйæ талынгмæ кæй не 'нхъæлмæ кæсдзысты. Мемæ нырма афтæ хуымæтæг æмæ бæстон ныхас никуыма ничи кодта.

Стæй мæхæдæг дæр ахæм хуымæтæг нырмæ никуы уыдтæн. Цы дæн, уый ныры хуызæн никуы рабæрæг, кæд адæймаг нæ, фæлæ хæрæг уыдтæн, уæддæр. Гыццылæй бирæ алыхуызон таурæгътæ фехъуыстон ус-бирæгъты тыххæй, фæлæ сæм мæ хъус никуы 'рдардтон, ахадгæ никуы уыдысты мæ цæсты. Ныр гыццыл сывæллонау æрхъæцмæ нал хъæцыдтæн æмæ сæ уæрдоны фæстæ араст дæн.

* * *

Къахдзæф къахдзæфы фæдыл. Нæма амардтæ, мæ цымыдис хæлар? Дæ хъустæ уæрæхгом сты, алцыдæр хъусынц. Дæ цымыдис дæ мæлын нæ бауадздзæн дæ афонæй раздæр. Зоныс, нæ цымыдисы руаджы мах кæнæм æвзонгдæр, нæ зонындзинæдтæй та кæнæм карджындæр, æмæ ма нæ суанг сафгæ дæр кæнынц. Гыццыл зæронд лæппуйы цæстытæ уыдысты фыдвæллад æмæ афтид, æмæ мыл уый тас æфтыдта.

Уыныс, мæнмæ афтæ диссаг нал кæсы ме 'нæрхъæц, кæдæмдæр тæхын мæ тых мæ бонæй, æз хæрæг нал дæн, æз дæн ахъаззаг араппаг бæх! Цымæ, кæм ис уыцы урс тъæпæн дур, дæу дæ фæллад суадзыны тыххæй æрæвæрынмæ кæуыл хъавыдтæн, уый? Мæйы рухсмæ цæхæртæ цы дур калы, уый! Афтæ дард у ныр, æмæ дæ бауырнæд, æхсызгон дæр ма мын у, йæ иуварсты кæй раивгъуыдтам: ныр, æрмæст цалдæр къахдзæфы куы фæфæстиат уыдаиккам, ууыл ахъуыды кæнынæй дæр тæрсын.

Тынг куы згъорай, уæд фыццаг къахдзæф акæнынæй æрлæууын зындæр у. Цы аххосджын дæ фæци кæцыдæр къахдзæф, цæмæй

фæстаг суа? Цæуыс размæ, къахдзæф къахдзæфы фæстæ; æмæ, цы дæ, уымæй дæ алы къахдзæфы дæр дæхæдæг дæ; алы уысм дæр у æрмæст къахдзæфы дæр, цы къахдзæф хъуамæ акæнай, уый. Æцæг дзурынц не 'дылы адæм фыццаг къахдзæфы тыххæй, зæгъгæ, хъæуы мин-мин къахдзæфы акæнын, цæмæй, иу къахдзæф цы ахады, уый бамбарай, цæмæй фыццаг къахдзæфы аргъ базонай!

* * *

Æхсæвиуатæн равзæрстам бæзджын æхсæрбын. Лæг мæ куыд бафæдзæхста, афтæмæй хъуамæ ма бафынæй уон. Æрмæст уæд фендзынæн, цы фенын мæ фæнды, уый. Æрбадтæн кæрдæгыл, мæ фæсонтæ æхсæры хъæбæр зæнгмæ сарæзтон. Сылгоймаг йæхи дардта, куыд вæййы, афтæ. Фæлæ мын мæ цæстæнгас æлвæста йæхимæ. Æртæйæ дæр схуыссыдысты уæрдоны сæ цæххы голджытыл, сæ гыццыл зæронд лæппу – се 'хсæн.

Куыддæр цæлхыдзаг мæй арвыл ссыд, афтæ мæ хуыссæг йæ быны анорста; мæхи ныхъхъæддых кодтон, фæлæ мыл уæддæр, ныронг кæй никуыма бавзæрстон, ахæм адджын рæдзæ-мæдзæ æртыхст. Къаннæг цъæх сыл бирæгъ мæ цуры алæууыд æмæ мын афтæ: «Æрмæст нæ чи уарзы, цæрддзу ныл чи кæны, уыдоны хъыджы бацæуæм. Саби йæхи фæбуцтæ кæны, уымæн æмæ зоны мады уарзт; лæг йæ усы фæнæмы, уымæн æмæ йæ йæ бинойнаг уарзы. Æцæгæлонæй тас у, уымæн æмæ нæ зоныс, уый хъæддаг сырдау йæхи кæд цы хуызы равдисдзæн, уый; чи дæ уарзы, уый та де 'рмахуыр зæд у – сæууон уæлдæфау сыгъдæг æмæ æргом у дæ цуры. Уый сæрдыгон хур бон аууон не 'ппары. Йæ утæхсæнтæ дын зонгæ сты, – уымæн дын хæссынц амонд. Уымæй адджындæр ницы ис, дæ уарзон адæймагæн стыр тухæнтæ æвзарын кæнай; уыцы æнаххос уд куыд хъизæмæрттæ кæны, уымæ кæсгæйæ йын зæгъай: ма мæ уарз, уыныс, куыд азымджын æмæ дурзæрдæ дæн; Хуыцау нæй, уарзондзинад нæй; ис æрмæст тас, хъахбайдзинад æмæ бирæгъы ниуын».

* * *

Бæлвырд нæ зæгъдзынæн, афтæтæ мын бирæгъ дзырдта, уый, фæлæ ацы ныхæстæ хъуыстон. Æз æй бафарстон, уый цы нысан кæны, зæгъгæ; æмæ мын дзуапп радта: ма æууæнд, мæ лæг дын цы дзуры, ууыл. Стæй мыл йæхи ныццавта æмæ мын йе ссыртæ мæ хурхы фæсагъта. Фæлæ уый мæнæн æрхаста, æрмæст уарзон сылгоймаг цы 'нæкæрон æхсызгондзинад æрхæссы, ахæм цин.

Куы райхъал дæн, уæд мæ йæ лæг бафарста, федтон, цы фенын мæ фæндыд, уый. Æз мæ хурх асгæрстон æмæ, æгас æхсæв кæй фæфынæй

кодтон, ууыл басастæн. Уый бахудт æмæ мæ, дарддæр ма семæ цæуын æви нæ, уымæй бафарста. Æз ын разыйы дзуапп радтон.

* * *

Къахдзæф, санчъех, къахдзæф. Цы ныхъхъус дæ? Æз зонын, ме 'нæууæнк æмбал, ды хъуыды кæныс: «Цытæ мын радзырдтай, уыдонæй æнæхъоладæр хабар нæй». Æз дын нæдæр сомы кæнын, нæдæр ард хæрын, æцæг афтæ кæй уыд, ууыл, фæлæ дын дзырд дæттын, мæнылцы 'рцыд, уымæн æндæрхуызы радзурæн нæй.

Дыккаг æхсæв дæр та гыццыл сабийау фæфынæй кодтон. Сыл бирæгъ та æрбацыд æмæ мын афтæ: «Хуыцау нæй, зæгъгæ, дзæгъæлы дзурыс. Куы уаид, уæд – хуыздæр. Уæд æдас уаиккам. Хуыцауæй чи тæрсы, уый æндæр ницæмæйуал æмæ никæмæйуал тæрсы. Уый уæд марды хуызæн у, уымæн æмæ æдзухдæр цæттæ у мæлынмæ; мард мæлынæй нæ тæрсы, цæрын та йын æхсызгон у».

Бафарстон æй, æлгъыст æй цæй тыххæй баййæфта, уымæй. Сылгоймаг мын радзырдта, йæ фыд æрыгонæй бирæгъы хуыкком кæй ссардта æмæ йын йæ авд лæппыны кæй амардта. Мад-бирæгъ сын холы дзæгъæлы æрбахаста æмæ авд боны æмæ авд æхсæвы фæниудта. Стæй ма мын загъта, йæ лæппу бирæгъы фырт кæй у æмæ йын æрмæстдæр бирæгъы цæрæнбоны бæрц цæрæнбон кæй ис; уымæн у афтæ зæронд ныридæгæн. Йæ сывæллон куы амæла, уæд фервæздзæн йæ кæлæнæй.

Æз æнхъæлдтон, йæхи та мыл ныццæвдзæн, фæлæ уый фæцыдæр.

Лæг та мæ райсомæй куы бафарста, исты федтон æви нæ, уæд ын ницы схъæр кодтон, æрмæст загътон, зæгъгæ ма мæ фæнды иу хатт бавзарын. Уый та ногæй бахудт.

Цыдыстæм хъæды. Æз саунæмыджы гагатæ æртыдтон æмæ сæ лæппумæ бадардтон. Уый йæ мадмæ бакаст, æмæ йын мад куы загъта, райс сæ, ма тæрс, уый хæларзæрдæ адæймаг у, зæгъгæ, уæд сæ райста.

* * *

Адæймагæн, æрдзы иу иннæуыл куыд баст у, уый зонын йæ бон нæу. Афтæ йæм фæкæсы, цыма сæ зоны, æмæ арæх уымæн фæдзуры: «уымæн æмæ...» Фæзæгъы: ахаудтæн, уымæн æмæ, мæ фæндагыл цы дур уыд, уый нæ федтон. Фæлæ хъуыддаг æндæрхуызон вæййы: дæ къах абон скъуырдтай, хаугæ та бирæ азты фæстæ акодтай. Мах аххосджын цы дуры фæкæнæм, аххосджын уый нæ вæййы. Уымæн вæййы нæ ныхас дæлвæдзыг-уæлвæдзыг. Хъусыс, æз дæр та загътон: «уымæн».

Уæд та æрлæууиккам? Уæртæ, фысы сæры хуызæн цы къæдзæх у, уый бакомкоммæ куы бахæццæ уæм, уæд баулæфдзыстæм.

Сылгоймаг мæ, хæларзæрдæ у, зæгъгæ, куы загъта, уæд та ахъуыды кодтон: дзæгъæлы загътай афтæ; райсом дын дæ бирæгъы лæппыны фæхынцын мæ бон нал суыдзæн. Цæмæ йæ хынцон, æнæуи дæр хæларзæрдæ куы дæн, уæд? Æххæст ма мæ мæ цалдæр цъæх фæткъуыйы тыххæй дзуар дæр схон.

Мæн нæ фæндыд, хæларзæрдæ уыдаин, уый, нæ мæ фæндыд, нæдæр хæларзæрдæ, нæдæр фыдзæрдæ, нæдæр хæрæг, нæдæр бирæгъ уон, уый. Нæ зыдтон, цы мæ фæндыд, уый. Æз барæй аззадтæн сæ уæрдоны фæстæ æмæ бафарстон мæ зæрдæйы. Уый мын загъта: «мацы дæ фæнда»-йæ хуыздæр ницы ис. Фæлæ мæ сылгоймаг нæ уагъта. Æз ын дардæй кастæн йæ чъылдыммæ, цыдтæн æмæ мæхицæн мæ бæллицты ныв кодтон, ахсæв йемæ куыд ныхæстæ кæндзынæн, уыдæттæ.

Æз уыдтæн ахст адæймаджы уавæры. Никуы уыдтæн фæндвидар; фæлæ фыццаг хатт уыдтæн амондджын, фæндвидар кæй нæ дæн, уымæй. Цæмæй дæ ныхас лæгъз уа, уый тыххæй, йæхи фæндагыл цы сылгоймаг цæуы, уымæн дæ сæрибар макуы ратт.

* * *

Уыцы 'хсæв бирæгъ йæ дзыхы тæрхъус æрбахаста, мæ къæхты бынмæ мын æй æрæппæрста æмæ мын афтæ: уый дын дæ хæларзæрдæйы тыххæй. Тæрхъус удæгас уыд, фæгæпп ласта æмæ лидзынмæ фæци. Æз æй бафарстон, уый цы амоны, уымæй. Бирæгъ мын афтæ: лидзгæ кæн; дæхи хъахъхъæн мæ сæрыхицауæй, уымæн æмæ Хуыцауæй нæ тæрсыс.

Мæ цæстытæ байгом кодтон, райстон мæ лæдзæг æмæ фæцæуæг дæн. Згъорын нæ уæндыдтæн; тарстæн – мæ улæфт мын уæлдæфы змæлд хъусын куы нæ уадза. Фæндагæй иуварс ацыдтæн, цыдæр мигъæмбæрзт лæнкаумæ ныххызтæн, æмæ кæд арвæй стыр тымбыл мæй каст, уæддæр нæдæр мæ къæхтæ зындысты, нæдæр мæ лæдзæджы фындз. Иуцасдæр афтæ цыдтæн. Мæ фæсте къæхты хъæр куы фехъуыст, уæд мæм диссаг нæ фæкаст. Тарстæн, фæлæ мæ зæрдæ ныхъхъус кодтон, мæхи дæр фæстæмæ фæкæсын нæ бауагътон. Мæ хæдфæстæ йæ тыхулæфт хъуыст, афтæмæй сæдæ къахдзæфы бæрц акодтон: уыдонæй алкæцыйæн дæр гæнæн уыд, æмæ суыдаид фæстаг къахдзæф, фæлæ уæддæр фæстæмæ нæ фæкастæн.

Æмæ уæд фæсте баззад. Хъуыстон ма йын йæ тыхст æмæ удисæджы хъæрзын.

* * *

Уалынмæ бахæццæ дæн иу гыццыл цæугæдонмæ, мæхи сбæгънæг кодтон æмæ цалдæр азы дæргъы фыццаг хатт мæхи цынадтон. Мæ

сæрмæ мæ дзаумæттæ æмæ мæ лæдзæг, афтæмæй доны иннæ фарсмæ ахызтæн. Уым цалдæр кæроджы æртыдтон, бахордтон сæ æмæ доны был æрбадтæн. Доны цъар лыстæг уылæнтæй зына-нæзына змæлыд. Цымæ дзы цы фендзынæн, зæгъгæ йæм ныккастæн.

Цæуын, цæуын, цæуын. Ды куыд хъуыды кæныс, мæ бирæтæзонаг æмбал? Цæмæй хид саразай, уый тыххæй цы хъæуы? Раст зæгъыс, хъæдæрмæг æмæ фæрæт. Хъæдæрмæг æмæ фæрæты разæй та? Къухтæ, къухтæ. Куыд хъуыды кæныс, къухты разæй та? Цæугæдон, цæугæдон!

Ме уæнгтæ æнахуыр цыдæр рог уыдысты, æмæ зыдтон, уый сæ афтæ дон æмæ кæрог не срог кодтой, мæ фыццаг уæлахизы æнкъарæн сæ срог кодта: æз мæхæдæг равдыстон абон уæлахиздзауы къæбут æмæ фыццаг хатт баззадтæн мæхицæй разыйæ. Разыйы уынæр мæм хъуыст чысыл цæугæдоны сыр-сырæй дæр.

Бон æрбацъæх. Сыстадтæн æмæ араст дæн дарддæр. Къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф.

* * *

Куы 'рбабон, уæд разæй разынд айнæг къæдзæх, йæ уæлæ мæсыг, дарддæр та – цалдæр зæппадзы. Сæ разы ма иунæгæй лæууыд, дымгæтæ кæй фæхостой, ахæм зæронд кæрз бæлас. Æз æрхуыссыдтæн йæ быны æмæ бафынæй дæн. Фæстаг рæстæг æнцонæй бафынæй вæййын. Мæ зын – мæ сæр дурыл æрæвæрын; алы дур дæр мæм каст ачъарайаг мутакайæ фæлмæндæр. Мæ мидвынæйммæ айхъуыстон зарæг; зарыд зæлланггæнаг хъæлдзæг хъæлæс:

*Хохаг мæсыг самадта, самадта зæппадз;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Уый фæстæ ацыд хуымзæхмæ, цæмæй йæм хор уа;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Уый фæстæ та сминæвар кодта æлдары чызгмæ;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Ирæдæн Хъызларæй фосы дзуг æртардта;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Фыдæлты карзæй æнæсайд фырттæ æдзух æнтысы;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Иу цъæхдзæст чызг æмæ йын авд лæппуйы дунемæ рантыст;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Сæнайы хох æмæ Джимарайæ уындджындæр уыдысты;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*
*Æмæ сæ райгуырæн хæхты сæрвæлтау лæугæ хæхтау уыдысты;*
*Ой, о-ри, о-ри-ра.*

Фехъуыстай искуы ацы зарæг? Æз – нæ, æрмæст уыцы иунæг хатт. Æмæ ма æнæхъæнæй дæр нæ.

Зарæг, цы цаутыл арæзт æрцыд, уыдон дзурынмæ кæм бахæццæ ис, раст уым æрдæгыл фескъуыд. Бæстæ ныссабыр. Æз улæфгæ дæр нал кодтон, афтæмæй æнхъæлмæ кастæн; æнхъæлмæ кастæн, дарддæр цы уыдзæн, уый фехъусынмæ. Зарæджы уыйбæрц уыд цард, амонд, маст, æмæ æз худтæн æмæ куыдтон, афтæмæй йæм хъуыстон. Рæстæг ауад мæ цæстытыл; уыцы мæгуыр амондджын хохаджы ауон мæ рæзты рацыд, йемæ – йæ цот æмæ йæ цоты цот иууылдæр; рæстæджы дымгæйы сыбар-сыбур сыхъуыст кæрдæгæй, йемæ хаста æнусты карз тæф, царды масты ад æмæ зæрдæдзæбæхгæнæн улæфт уыди уыцы дымгæйы.

Æз бадтæн кæрдæджы астæу æмæ диссаджы зарæггæнæджы фенын æнхъæлæй ракæс-бакæс кодтон. Фæлæ иу цъиуызмæлæг дæр нæ уыд мæ алыварс. Æрмæст къæдзæх, мæсыг æмæ зæппадз.

«Æз дæуæй раздæр уыдтæн», – загъта мæсыг. «Æз уыдзынæн дæ фæстæ дæр», – загъта зæппадз. Къæдзæх æгомыгæй лæууыди.

Иу, дыууæ, æртæ къахдзæфы.

* * *

Сыстадтæн, райстон мæ фæндаггон лæдзæг æмæ араст дæн. Къахдзæфгай цæуынц мæ къæхтæ, мæ къухтæ дæр – сæ бынаты, нæ мæ хъыгдарынц. Хорз у афтæ.

Хорз у? Фæндаггоны лæдзæг – тæссаг дзаума у; уымæн дæр цыфæнды лæдзæгау дыууæ кæроны ис. Лæдзæг, чи ныккъæдз вæййы, уый фæрастдæр кæны; фæлæ, цымæ, æмраст чи у, уый куыд фæстæмæ уыцы лæдзæг нæ ныккъæдз кæндзæн; куыд дæм кæсы дæумæ?

Къæдзæхы рындзæй мæм разынд рæсугъд æрдуз, стæй æндæр къæдзæхы ауонæй гыццыл хохаг хъæу. Мæ размæ цалдæр хъæхъхъаг аргъонахъ куыдзы, сæ сæт калгæ æмæ хъæрæй рæйгæ, ратахтысты. Æз æрлæууыдтæн æмæ, кæд куыйты исчи баиргъæвид, зæгъгæ, æнхъæлмæ кастæн, фæлæ бæстыл иу лæг зынæг нæ уыди. Аргъонахътæ уыдысты æвирхъауы налат æмæ знæт, ахæмтæ æрмæст сыдæймæлæгæй рауадаид. Æз фæтарстæн æмæ, кæй фæтарстæн, уый охыл мæхимæ рамæсты дæн. Фырмæстæй мæ лæдзæгæй куыйтæй иуы фæрæхуыстон, æмæ мæ лæдзæджы фындз йæ цæсты фæныхст. Куыдз удаист хъыллист ныккодта, йæ мидбынаты цъилау ныззылд. Иннæ куыйтæ йыл сæхи андзæрстой æмæ йæ гæбазгай фæйнæрдæм рæдывтой. Æз разылдтæн æмæ дарддæр мæ цыды кой кодтон.

Æнæхъæн бон цыдтæн æнæрлæугæйæ, фæлæ иу адæймагыл дæр нæ сæмбæлдтæн. Уыд тынг æнтæф æмæ æнуд, ахæм æнуды фæстæ

æхсæвы, æнæмæнг, тæрккъæвда вæййы. Изæрырдæм иу къахвæндаг мæ размæ фæци; хуыдта мæ, фыццаг уагъылы æмæ кæркмисындзæджы бæзджын къутæртæй дзаг адæгты рæзты, æхсæвы та мæ бахæццæ кодта хæхтæм. Зæронд мæйы стыр тымбылæг ауыгъдæй лæууыд мæ рахизæрдыгæй. Мæ галиуварс – цæхгæр айнæг къæдзæх, мæ рахиз фарс – æнæбын ком, йæ бынæй дард кæцæйдæр ферттив-ферттив кодта калмау къæдз-мæдзытæй æвзист цæугæдон. Йæ хъæр афтæ цыд, раст цыма уый дон нæ калди, фæлæ комы бынты тылди стыр, мæйы рухсмæ цæхæртæкалгæ, æрттиваг дзæнхъа дур.

Уый уыд, æз æхсæвы мæхи цы гыццыл цæугæдоны æхсадтон, уый. Хид кæуыл арæзтон, уый.

* * *

Цыдтæн æмæ хъуыдытæ кодтон, мæ дзæгъæлпъири зæрдæ дæр та мæ къуымы бакодта. Стæй мыл фæсте æрбадымдта уазал дымгæ. Мæ зæрды нæ уыд фæстæмæ фæкæсын, фæлæ айдагъ дымгæ кæй уыд, уымæ гæсгæ, ницæуыл ахъуыды кæнгæйæ, фæстæмæ фæкастæн. Федтон, æрбаййафы мæ егъау мигъы хъуынтъыз къуыбылой. Зæхх иу уысм ныррухс, цыма йæм мин мæйы рухс фæхæццæ, афтæ; арв дæр, цыма скъуыйгæ акодта, уыйау нынныæрыд. Æвиппайды æрлæмæгъ дæн, мæ туг иууылдæр кæдæмдæр аивылæгау кодта, æмæ æрхаудтæн.

Къахдзæф, къахдзæф, къахдзæф. Ахаудтæн дæлгоммæ. Хъуыстон, уарыны уæззау æртæхтæ цæвынц уæлахиздзауы къæбут, – æмæ мын уæд кæйдæр хъæлæс загъта: æгæстæ мард сты дæуæн; фæлæуу, цалынмæ уый амæла, уæдмæ.

Куыд дæм кæсы, уый цы нысан кæны?

Стæй айхъуыстон арты къæрццытæ; мæ цæстытæй ракастæн æмæ суыдтон мæ лæгæты бацæуæн... Уыди сæумæрайсом.

Нæ, ме 'нæрæнцой æмбал, æвæццæгæн, мемæ дæ фæллад не суадздзынæ! Уыныс: мах фæсте фæуагътам уыцы фысы сæры хуызæн дур, æллæх, ме 'дылы фысы сæр!

* * *

Карз тæрхон мын ма хæсс. Бирæ цæуын нæ нал хъæуы. Мæнæ базыдтон уыцы цæугæдоны цæхгæр фæзилæн. Фæзилæны фæстæ фæдих дыууæ къабазыл, цæмæй та сæдæ къахдзæфы дæлдæр ногæй баиу уой. Æртæсæдæ къахдзæфæй фылдæр нын нал баззад, мæ хиваст æмбал. Багъæц, ма амæл. Худæг дæр уыдзæн тæккæ къæсæрыл амæлын.

Уым ис арт, дон æмæ хæринаг. Ды хæрдзынæ æмæ кæудзынæ. Райсом æрбацæудзысты уыцы сыгъдæг адæм æмæ зæгъдзысты: Хуыцауæй

разы, ныр нын дыууæ пехуымпары ис! Фæлæ мах нæ худдзыстæм. Ныр мах дыууæйæ иумæ кæудзыстæм не 'нæбондзинадыл æмæ сæ тæрдзыстæм, цæмæй кæлмытæ æмæ хæфсытæ ма фестой. Фæлтау нын нæ къухтæн дæр кæнæнт батæ!

Тагъд, бынтон тагъд фендзыстæм, мæ лæгæты бакомкоммæ цы тымбыл урс стыр дур ис, уый. Æцæг у, æцæг уый айчы хуызæн тымбыл.

Афтæ йæ, къуырийы размæ мæм цы абырæг æхсæвиуат кодта, уый схуыдта.

* * *

Уый дæр, кæд фыдгонд у, уæддæр æнæмаст лæг у. Æрбацыд æмæ мæм дзуры: цæй æнкъард дæ, мард дæр, дам ма хъæлдзæгдæр куы вæййы. Уый фæстæ мын афтæ: ды, дам, нæ базыдтай дæ бæхы, фæлæ дæ уый базыдта. «Æз, – зæгъын, – дæу дæр нæ базыдтон». Базондзынæ, дам, мæ, дæ хъыримаг дын дæ маст куыд райста, уый дын куы радзурон, уæд. Æмæ мын радзырдта: куы фембæлдыстæм, уымæй æртæ азы фæстæ сæмбæлд цуанон лæгыл. Уый стыгъта, хæрз æрæджы цы сæгъ амардта, уый царм, æмæ бæлццоны йемæ сихор скæнынмæ хуыдта.

Абырæг сразы. Физонæг куы бахордтой, уæд бæласы ауон бадтысты, афтæмæй цуанон абырæджы бафарста, йæ бæх æмæ йын йæ хæцæнгарз кæм уыдысты, уымæй. Абырæг ын загъта, зæгъгæ йын йæ хæлары лæвар сты. Цуанон иуцасдæр ницы сдзырдта, стæй та афтæ бакодта, кæд, дам, дæ хæларæн цъæх цæстытæ, бурбын зачъе æмæ уыгардгонд роцъо уыд, уæд уый у, иу мады дзидзи кæимæ дадтой, уыцы æфсымæр. Сылгоймаджы тыххæй йæ багæрах кодта, афтæмæй уый та уый аккаг нæ уыди. Фæстæдæр та бафарста абырæджы, йæ хæлары туг райсын æй нæ фæнды? Абырæг ын загъта: мæн нæ фæнды, фæлæ дæм кæд, дæ цардæй схицæн уай, ахæм фæнд ис, уæд дæ нæ бахъыгдардзынæн. Уæд та цуанон цæуылдæр ныхъхъуыды кодта æмæ ногæй бафарста: абырæг æм йæ хъыримаг иу уысммæ куы авæра, уæд уый æххуысыл нымад уыдзæн? Цуанон лæгæн йæхимæ дæр кæй уыд хæцæнгарз, уымæ гæсгæ йын абырæг хъыримаг райсыны бар радта. Лæг бæласы фæстæ слæууыд æмæ йæ тæккæ зæрдæсæр топп ныццавта.

Æнамонд: цас æнхъæлмæ кæсын æй бахъуыд! Хуыцау галуæрдоныл цæуы, дугъон бæхыл нæ бады.

* * *

Æз абырæджы бафарстон, абырæг куыд сси, уымæй. Куыд радзырдта, афтæмæй кæддæр йæ фыд амардта иу къниазы, æмбойны чи скъниаз и, уæддæр йæхи цагъары дардæй чи дардта, ахæмы. Уыцы

къниазы фырт та йын йæ кæстæр æфсымæры амардта. Къниазы фырт йæ фыдæй фыддæр, ницæйагдæр разынди. Йæ бон нæ уыд комкоммæ адæймаджы цæстытæм кæсын, йе 'фсæр-иу цыдæр хиндзастæй ныззылын кæнгæйæ, йе 'взагæй йæ рæбинаг дæндаг куы нæ ныхъхъывтаид, уæд. Раст цыма йе 'взаджы кæрон хæйрæг бадти æмæ йæхицæн хъарм, æмбæхст бынат агуырдта, уыйау.

Афтæ. Уыцы къниазы фырт ын амардта йæ кæстæр æфсымæры. Уæд йе 'фсымæры туг райсынил ард бахордта, æмæ йын ахæм гæнæн уайтагъд æнæнхъæлæджы фæцис. Æнæнхъæлæджы гæнæн та æдзухдæр ардбахæрæджы фарс вæййы. Уæд абырæг къниазæн афтæ, зæгъгæ, кæрæдзи амарын кæддæриддæр нæ къухы бафтдзæн, фæлæ уал æй фæнды базонын: йе 'фсымæр ма йæ мæлæты размæ исты загъта? Къниаз бахудт: «Сомы дын кæнын, де 'фсымæр мын загъта: ме 'фсымæр дæ куы мара, уæд æз дæр уым уыдзынæн». Сæ тох цыбыр уыд. Къниазы хъæвд фæмæнг, æмæ йæхæдæг йæ гуыбын абырæджы кардмæ бахаста. Йæ цæсгомыл фæзынд стыр дис, æмæ ма йæ цъæх-цъæхид былты змæлд загъта: «Ард дын хæрын – Аллаху Акбар – де 'фсымæры дын уынын. Дæ фæстæ лæууы». «Æз ыл бауæндыдтæн, – загъта абырæг, – æмæ йын уæд ныххатыр кодтон».

* * *

Къуындæг у, уынгæг у, æвæдза, ацы рухс дуне, афтæ нæу – куыд хъуыды кæныс ды та? Нæ вæййы, цæмæй царды мидæг æрмæстдæр иунæг хатт сæмбæлай адæймагыл. Иугæр ыл иу хатт сæмбæлдтæ, уæд ыл, æнæмæнг, дыккаг хатт дæр фембæлдзынæ. Кæд нæ – уæд дæм, кæддæр кæй федтай, ахæм æртыккаг чидæр уымæй исты хабар хæсдзæн. Мæн фæндыд абырæгæн зæгъын, уыцы къниазимæ кæддæр кæй сæмбæлдтæн, фæлæ абырæг йæ нымæт зæххыл æрытыдта, æрхуыссыд ыл æмæ йæ цæстытæ æрæхгæдта. Афтæ мæм фæкаст, цыма йæ дарддæр мемæ дзурын нал фæнды.

Æз, фынæй у, зæгъгæ, куыд ахъуыды кодтон, афтæ мæм æнæнхъæлæджы цъынддзастæй сдзырдта: «Дæ хъыримаг дын дæ маст райста. Хорз хæцæнгарз у, иу хатт дæр нæ фæивгъуыдта. Æнæхъавгæйæ дæр-иу куы фехстон хæрдмæ, уæддæр-иу маргъ зæхмæ æрхаудта. Уæдæ мæ дæ бæх та йæхæдæг хаста фæндаггон къупецæгтæ æмæ къазнайы чырæты размæ».

Æз æй, абырæг кæй у, уымæй разы у æви нæ, зæгъгæ, бафарстон. Дзуапп мын радта: «Алчидæр цæры йæ цæсгом æмæ йе 'фсарммæ гæсгæ; алчидæр кувы, куыд зоны, афтæ; нæ фыны цы 'лгъыстытæ скалæм нæ дзыхæй, уыдон дæр не Скæнæджы цæсты табутæ сты.

Фæлæ раттын чи зоны, уый тыхы фæрцы никуы ницы байсдзæн. Куырыхон æмæ тыхджын исынц, æрмæстдæр сын цы дæттынц, уый, кæнæ та æппындæр ницы. Фæлтау дæ хуызæн куы уаин. Мæн куы амарой, уæд мæ хъыримаг мæ туг нæ райсдзæн. Йæхицæй чи лидзы, уый хатгай йæхæдæг йæхимæ комкоммæ æрбацæуы. Рæсугъд боцъо дыл æрзад».

Æз ахъуыды кодтон æмæ йын загътон, мæ хуызæн уа, уый йæ кæй фæнды, ууыл не 'ууæндын. Цы хæрзты цæуын? Цы мæм ис? Цæуыл цæуы мæ бон? Цы дæн? Ницы; цы мæм ис, уый мæнæй нæу. Мæнæн ис æрмæст лæгæт, арт, мæ уæлæдарæс æмæ фæндаггон лæдзæг. Уыдон æнцон байсæн сты. Æмæ сæ, уæвгæ, исын дæр нæ хъæуы: мæхæдæг сæ ратдзынæн, æвгъау мæм нæ кæсынц, – фæлæ кæй хъæуынц мæ лæдзæг æмæ мæ бызгъуыртæ? Æвгъау мæм цы фæкæса, ахæмæй та мæнмæ ницы ис: уæд цæмæй рæдау дæн, цæмæй зондджын дæн? Дæлимон дæр зындоны хæрзтæ дзурынмæ фæуыдзæн.

* * *

Иу, дыууæ, æртæ. Уал къахдзæфы. Уый басаст, мæ хуызæн уа, уый йæ кæй нæ фæнды, ууыл. Де 'фсымæры, дам, раджы хъуыд амарын. Уæд, дам, дæхи 'фхæрд нæ райстаис, фæлæ де 'фсымæры, дæ раздæры 'фсымæры, де 'фсымæр гадзрахатæй кæуыл рацыд, уыцы 'фсымæры маст. Афтæ, дам ын зæгъын æмбæлд: нæ, ме 'фсымæр, нæ – дæу æз уыцы зондимæ цæрын нæ бауадздзынæн, цыма дын ахæм æфсымæр уыдтæн, уый хуызæн æфхæрд дæр чи ныббара. Æз дæ нæ бафхæрдзынæн. Æфхæрд чи бары, ахæм æфсымæр дын куы уа, хъыг уый у. Де знаг куы рæдийа, уæд æм ма 'внал, фæлæ де 'рдхорды бауром. Æцæгæлонæн дæ бон у ныббарын, де 'фсымæрæн – нæ. Иу æфсымæр куы фæрæдийа æмæ йæ иннæ куы нæ бараст кæна, уæд дыууæ дæр сæфт сты. Уæд сæ дыууæйæн дæр сæ хуыздæр хос – мæлæт. Дыууæ æфсымæры – хъамайы дыууæ комы, нæй сын басæттæн. Иу – æфсад у, дыууæ та – уæлахиз. Мæлæтæй тæрсын нæ хъæуы. Цард мæлæтæй тæссагдæр у. Ацы дунемæ худгæйæ никуыма ничи райгуырд; фæлæ, ацы дунейæ худгæйæ чи ахицæн, ахæмтæ уыдис. Эски-стигъæг эшафотмæ куыд сцæйхызт, афтæ йæм адæм хъæр кодтой: «Гъей, хъæбатыр! Ды бирæты туг ныккалдтай; равдис-ма ныр, лæгау лæг куыд фæмæлы, уый». «Кæсут», – загъта Эски. Æмæ худти. Афтæ чи амæлы, уый свæййы æнæмæлæт. Мæлынæй чи нæ тæрсы, уымæн ис искæй марыны бар. Тас циу, уый йæ фæсонæрхæджы дæр кæмæн нæй, уымæн мæлæты бон дæр ницы у, тæппуд та удæгæстыл нымад нæ цæуы.

«Марæн нæй», – загътон æз. «Уыдон дæр афтæ дзырдтой, – загъта абырæг, – марæн нæй, фæлæ дæу, Эски, уый тыххæй амардзыстæм». Уыдон æй амардтой сæ фыртæссæй, цагъарты хуызæн, тæрсгæризгæйæ. Уый та мардта, цыма къарол у, уыйау».

* * *

Къахайст, къахдзæф, санчъех. Æз æй бафарстон, иу дзидзийы æхсырæй хаст кæимæ уыдтæн, уыцы 'фсымæры мын баныгæдта æви нæ, уымæй. Иуцасдæр ницы сдзырдта, стæй йæ цæстытæ байгом кодта æмæ загъта: «Хъуыды ма кæныс, мæнæ мын дæ хъыримаг æмæ дæ бæхы куы радтай, уæд мæ цы куырдтай, уый? Уæд фæсхох æз æцæг ссардтон фыййæутты æмæ сын загътон, дæу цы фæндыд, уый».

Ногæй та фæхъус, æмæ йæ уæд бафарстон, цы йын загътой уыдон, уымæй. Абырæг йæ фарсыл æрзылд, йе 'ргом лæгæты къулмæ сарæзта: загътой мын, баныгæдтой дæу, зæгъгæ.

Кæс, мæ фынæй хæлар: разæй урс тæпп уыныс? Уый мах дур у, мæ лæгæты бацæуæны акомкоммæ цы урс дур ис, уый! Мæй йæхæдæг нал зыны, галиуæрдыгæй цы хæхты рагъ ис, уый фæстæ амбæхсти, фæлæ дур уæддæр æрттивы мæйы рухсмæ, раст цыма зæхмæ æрхауæг мæй у, уыйау. Дур ныртæккæ къæдзæхы аууон фæуыдзæн, фæлæ та нæм ногæй куы разына, уæд нæм уыдзæн хæрз хæстæг æмæ нæм суанг бонмæ афтæ зындзæн. Цæр, ма амæл; нæ дæ баныгæндзынæн; фелгъитдзынæн дæ æмæ дæ къæдзæхæй асхойдзынæн: æмæ дæ-иу бирæгътæ æмæ хъæддаг куыйтæ баныгæнæнт сæ хытъынты.

Бафарстон æй, ома, ме 'фсымæр ницы загъта, уыцы сылгоймаг уый аккаг кæй нæу, цæмæй уый тыххæй де 'фсымæрыл топп ныххуырсай. Циу, цы хабар у, цæуылнæ у уый аккаг?! Фæлæ абырæг уæдмæ бафынæй. Кæнæ та йæхи фынæйæфсон скодта. Райсомæй куы райхъал дæн, уæд абырæг уым нал уыд.

* * *

Уыцы фембæлды фæстæ мын мæ лæгæт бынтондæр скъуындæг, фæлæ ма уæддæр æнæхъæн къуыри феууылдтон, уым баззайын мæ кæй нал фæнды, уыцы хъуыды. Стæй гуызавæ нал кодтон.

Стъалытæ иугай тайынц арвыл, мæ сабыр æмбал. Ныридæгæн уыйын райдыдтон канд стыр урс дур нæ, фæлæ ма, йæхицæй мæ мæхи атонын цы сау къæйдур мæрагонд нæ уадзы, уый дæр. Ды уыдтæ мæ тухиты сæр, ды мæ раздæхтай фæстæмæ мæ хæдзармæ, ды, мæ мадзура, мæнæн лæвæрдтай разамынд.

Куыд тынг бастадтæн, куыд тынг мæ ахсы хуыссæг! Куы бафынæй уон, уæд фæстæмæ нал райхъал уыдзынæн, суанг уый куы зонин, уæддæр мæ, цымæ, уый бауромид? Ныртæккæ æз цы дæн, уымæй дæн, ма у æппындæр, зæгъгæ, ахæм бæллиццы ахасты. Суадз дæ фæллад, мæ дзæгъæлдзых зæрдæ.

Æрмæстдæр фынæйæ ис адæймагæн йæхицæй йæ фæллад суадзыны фадат. Фынæй уай, уый – æппæты бæрзонддæр æнцойад. Фынæй уай – гыццыл мæлæт. Фæлæ искуы исчи фæтарст фæскуыст бафынæйæ? Нæ фæтарст. Мах хæйрæгæй тæрсæгау тæрсæм æгъуыссæг æхсæвтæй. Уыдон нын сты æцæг хъизæмар, æцæг утæхсæн.

Цæмæн хъуамæ тæрсай адзалæй, кæд æмæ уый, фынтæ куы нæ уынай, уыцы 'хсæвæй уæлдай ницы у, уæд? Мæрдтæ цæмæй фынтæ уыной, уымæн гæнæн нæй.

Ныр та – фынæй, фынæй, фынæй. Райхъал рохуатæй бæллæхдæр у.

Æз дæм хæлæг кæнын, дæ зæрдыл кæй ницы дарыс, уый тыххæй, ме 'нæстъæлф æмбал. Растдæр зæгъгæйæ та – æхсызгон мын у дæ уавæр – цы тынг бахионтæ стæм кæрæдзийæн, ме 'нæзонгæ хæлар! Æмæ цæуылнæ хъуамæ бахæстæг уыдаиккам: æхсæв-бонмæ дæ æз ме рагъыл фæхастон, ды та мын æппарын кодтай мæ фæндаггон лæдзæг!..

*Уырыссаг æвзагæй*
*БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац*

# ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

# УАЛДЗÆДЖЫ РУХС

## ОДÆ ЦÆССЫГÆН

О ды! Цæсты хъæбул æнæлаз,
Сæумæйы 'ртæхау ирд цæссыг.
Æдæрсгæ рустыл ды æвдисыс
Лæгæн йæ цин æмæ йæ хъыг.

Дзындзы фæрдыг, ды салд цæссыг дæ,
Уæддæр дæуæн дзы нæй æмбал.
Дæу равзарынц фыр буцæн алкæд,
Кæнынц зæрин тагыл дæ хал.

Цæрддзугæнæг рæубазыр мигъты,
Æмбæрзут арвы цъæх сымах.
Йæ дойны сау зæххæн ысуадзы
Уæ цæссыг – царды хос – æртæх.

Ды – уаз æнкъарæнты æвдисæн –
Æрвыгау аив дæ, сыгъдæг,
Кæндзынæн рухс зæдау дын табу,
Мæ цæст уа цалынмæ уынæг!

Поэт!.. Куы басур уа дæ цæссыг
Дæуæн дæр (ма 'руадзæд Хуыцау).
Йæ фæрцы адæмæн нæ кæныс
Дæ уарзт æмæ дæ цин æвгъау!

Лæгæн цæрдзæн æдзухдæр йемæ
Цæссыг – сæууон æртæхы 'рвад,
Цалынмæ не 'рцъынд уа æнустæм
Дунеты рухс уынæг – йæ мад!

*04.12.2020*

# ОДÆ УАЛДЗÆГÆН

О, зарæгау æвидигæ, æгæрон,
Зæххыл цæрæгæн царды тых дæттыс,
Дзындзы æрттывд уæлтæмæнты цæхæрау
Рæууон бæллицты базырджын кæныс.

Æрвон рухс та мæ зæрдæмæ ныккасти,
Цъæхдзаст уалдзæг, ыскодтай мын кæлæн.
Мæ лирæтæ зæрдæрайгæ æристон –
Æнæ зарæг нæй а зæххыл цæрæн!

Дæ комулæфтæй дуне райгас ногæй,
Йæ риуы дзаг ысулæфыди зæхх,
Дыргъ бæлæстæ хæмпус дидинæг калынц,
Йæ уæлцъар зæххæн ахуырстау фæцъæх.

Тæрккъæвдатæ та фемæхстысты арвæй,
Фæтынгдæр и цæугæдæтты уынæр,
Æрдзы мырон хъæлæсæй мæргътæ зарынц.
Цы ис нæ царды уалдзæгæй хуыздæр!..

Сырхмæтæджы æнæмæлгæ хæрздæфтæ,
Йæ дидин сыфтыл – райсомы æртæх.
Зæрин хуры тын, урс мигъы бындзыг дæ,
Æхсæрдзæны æнæуромгæ тæх.

Мæ зæрдæйы ныфс, буц уалдзæг, дæ фæрцы,
Дæ тавицæй ысвæййын æз цæрдуд,
Уæлмонцæй та мæ лирæйыл æрцагътон,
Ды зарæгау – æнæкæрон, рæсугъд!..

*04.12.2020*

# ОДÆ ДИДИНÆГÆН

О дидинæг, цъæх гауызыл хæдныв
Дæу бакодта кæлæнгæнæг цъæх уалдзæг.
Рыст зæрдæйæн æвдадзы хос фæдæ.
Æрдзы фидауц, лæварæн айс мæ зарæг.

Йæ комулæфтæй райгас кодта дæу,
Зæрдæскъæфæн рæсугъддзинад дын радта,
Адджын тæфæй фæхайджын кодта дæу,
Ыстæй дыл уæд йæ цæстысыг ныууагъта.

Ныккæсы дæм мæйрухс æхсæвты мæй,
Дæу Бонвæрнон – сæууон ыстъалы – уарзы,
Дæ дидинсыфтыл уаз æртæх – тæнгъæд,
Йæхи сæм арвæй хуры тын ивазы.

Рæубазыр дымгæ – быдырты зæлдæф –
Мæйрухс æхсæв йæ хъæбысы дæу узы.
Ныссабыр вæййы æрдз дæр, цыма раст
Авдæны зарæг – алолаймæ хъусы!

Кæй цæст æрхæцыд фыццаг хатт дæуыл,
Кæй зæрдæ байдзаг ронджы кæхцау уарзтæй,
Кæмæн разылд дæ хæрздæфæй йæ сæр,
Дæ дидин сыфтæн чи бафсæсти батæй?




КОЛЫТЫ Аксо

# МАДЫ МАЙРÆМЫ КАДЫ ЗАРÆГ

1

Уæ Мады Майрæм! Мах Дæумæ кувæм, Дæумæ дзыназæм!
Уæ нæ Æхсин, уæ не стыр ныфс Мады Майрæм!
Мах æмхуызонæй Дæу стыр кæнæм, Дæу стауæм.
Дæу аккаг дзырдтæ кæцæй æрхæссæм, мах кæм ссарæм?
Дæ кадмæ гæсгæ, Дæуæн æгъдауæй мах куыд сзарæм?
Не ’взаг къуымых у, нæ дзырд мæгуыр у Дæумæ кувынæн,
Нæ хъару чысыл у, нæ уæнг мæллæг у Дæуæн кувынæн,
Фæлæ Дæ курæм, ахъаз нын бакæн бафæзмынæн,
Мæгуыр æвзагæй фыдæлтимæ афтæ зарынæн:

2

Уæ не стыр Æхсин, Дæуæй циндзинад зæххыл парттывта!
Нæ рагон æлгъыст Дæ уды фæрцы Хуыцау фехæлдта;
Ахауд, Адамы дæлзæххы бынæй арвмæ фелвæста,
Кæугæ Евæ йæ цæстысыгтæ Дæуæй асæрфта.

3

Цин хъуамæ кæнай: Дæхæдæг сдæ арвæй бæрзонддæр!
Кæдæм не 'ххæссы лæджы нæ, фæлæ зæдты зонд дæр,
Кæйонг нæ уыны лæджы нæ, фæлæ зæдты цæст дæр,
Кæмæн нæ зыны йæ рухсы раз хуры рухс дæр!

4

Цин хъуамæ кæнай: Ды ныллæууыдтæ уæларвон асин!
Кæуыл æрхызти уæларвæй зæхмæ Хуыцау Йæхæдæг,
Æмæ байдыдтой Дæу стауджытæ зындоныл хизын,
Ныллæууыдтæ сæ уый сæрыл хидæн Ды Дæхæдæг.

5

Цин хъуамæ кæнай: Дæуæй райгуырди царды Сфæлдисæг!
Хуыцау йæхæдæг æппæты дарæг æмæ уромæг.
Дæхæдæг та сдæ Уымæн Йæхицæн йе стыр ныййарæг:
Адæм æппæтæн æнæсæрыстыр бæлвырд кувинаг!

6

Цин хъуамæ кæнай: Ды дзы фæзындтæ дзыллæйы æхсæн,
Æцæг Хуыцауæн аипджын зæххыл сыгъдæг бынатæн,
Бæлвырд фæзындтæ æгæр сабыр дунейы кадæн
Æмæ нын сдæ бæлвырд райдайæн не ’нусон цардæн.

7

Цин хъуамæ кæнай: Дæуæй стауынц сæхи чызджытæ,
Сæхи дыл фæдзæхсынц сæ зæнæгтимæ зæххон чындзытæ;
Дæу стыр кæнынц Дæуæй хорзгæндтæ зæронд устытæ,
Æмæ дæм кувынц зæрдæйы бынæй Дæуæй бузныгтæ.

8

Цин хъуамæ кæнай: Дæ фæрцы талынг зæххыл срухс и,
Нæ чъизи зæрдæ Дæ фæрцы митау махæн сурс и.
Раст дины æгъдау Дæ фæрцы махмæ арвæй æрцыди,
Нæ Бæрзонд Хуыцау тæригъæдджынтæм Дæуæй басидти.

9

Цин хъуамæ кæнай: зæххыл æрзадтæ, хосы дидинæг,
Дæ уынд адæмæн æцæгæй фæци æвдадзы хосæн!
Бæлвырд рабады æвзæр, фыднизæй Дæ номмæ сидæг,
Уый тыххæй æмæ Дæ ном æвдадз у арвæй зæххы 'хсæн!

10

Цин хъуамæ кæнай: Дæуæй равзæрди сæфт царды бæлас,
Нæ тæригъæдтæ дзæнæты дуар кæмæ сæхгæдтой;
Адамы хъæдгом, Евæйы æфхæрд Дæ фæрцы байгас;
Дæ фæзындмæ дæлдзæхæй арвмæ уымæн куы куывтой.

11

Цин хъуамæ кæнай: Дæ ном айхъуысти кæрæтты!
Ахæм зæхх нал и, Дæ кой кæм нæй, Дæу чи нæ зоны,
Дæу тæхудиаг, стыр амондджын кæм нæ хуындæуы
Æмæ Дæ номыл сыгъдæг кувæндон кæм нæ чындæуы.

12

Цин хъуамæ кæнай:  Дæуæй фегуырди царды суадон!
Бæстæн разынди æцæг, бæлвырдæй хосы хæзнадон.
Уымæй нуазæг нæ бацагурдзæн æндæр, хуыздæр дон,
Тæхудиаг у, афтæ чи зæгъы, уымæй бафсæдон.

13

Цин хъуамæ кæнай: Ды махæн сдæ удджын кувæндон.
Æртæйуонæн æмбисонд, сыгъдæг стыр бадæндон!
Кæмæн у уынгæг дуне æгасæй йæ арвы кæрон,
Дæумæ ссардта йæхимæ гæсгæ сыгъдæг бадæндон.

14

Цин хъуамæ кæнай: Дæуыл схаудта амондджын хал!
Дæуыл æрæнцад чызджыты æхсæн Хуыцауы фæндон,
Дæ гуыбын сси Аудынгæнаг стыр доны мал,
Хуыцауы Дзырдæн æнаипп æмæ сыгъдæг уазæгдон!

15
Цин хъуамæ кæнай: Дæхæдæг дæ стыр минæвар!
Фыдзондджын адæм сæ Хуыцауимæ кæмæй фидауынц,
Кæй фæрцы арынц уæлдайджынимæ сæ рагон лæвар,
Æмæ сæхиуыл сæ рагон хæстæ кæй нал нымайынц.

16
Цин хъуамæ кæнай: стыр сусæггад кæуыл раргом и!
Æнæмбаргæ ми адæмы æхсæн кæуыл æрцыди,
Ахæм хъуыддагæн æнаипп бынат кæм цæттæ и.
Фыццагон дзырдæн æнаипп буар кæмæ разынди.

17
Цин хъуамæ кæнай: аргæ-арын хæрзæнæнизæй,
Арды фæстæ дæр сыгъдæг, æнаипп, æнæхъæн чызгæй
Баззадтæ зæххыл стыр диссагæн æцæг сыгъдæгæй,
Махæн не 'ппæтæн Чызгон Мадæлон, бæрзонд кувгæйæ.

18
Цин хъуамæ кæнай: херувимтæй дæр цытджындæр уæвæг,
Зæдтæ, дауджытæй Хуыцауы разы бæрзонддæр кувæг!
Нæ куывдтæ махæн Уымæ Дæхæдæг бæлвырддæр хæссæг,
Æмæ нын уымæй стыр хæзнатæ, хорзæхтæ курæг!

19
Цин хъуамæ кæнай: Дæуæй фехæлди хæйрæджы къона,
Йæ тых фæкуынæг, йæ хъару асаст, цы ма ракæна,
Йæ рагон фыдгонд дзæгъæл куы фæци, – цы ма, цы кæна.
Йæ æлдардзинадæй йæ къух фæивгъуыди – цæрддзу фæкæна.

20
Мах дæр цин кæнæм: ахæм тыхджынæй Ды махæн кæй дæ,
Арвæй зæххы ‘хсæн стыр хæзнайæн, стыр хæларæн!
Ды кæддæриддæр Дæ кадджын Фыртæн Йæ цуры кæй дæ,
Кæмæй нын курыс алыхуызон хæрзтæ, махæн, мæгуыртæн.

21
Амондджын уаид, Дæуæн зæрдæйæ лæгъстæ чи кæнид,
Йæ куывд, йæ лæгъстæ ахæм искæмæн дзæгъæл нæ фæуид;
Стыр хæрзтæ йыл йæ куывдмæ гæсгæ бæргæ æрцæуид,
Ды рæдау кæй дæ, уый йæхи цæстæй æцæг куы фенид.

22
Фæлæ мæгуырад махæн нæ фæдыл цæугæ куы кæны;
Дæуыл цытæ сси, нæ фылдæр ууыл кæлгæ куы кæны;
Æнæмбаргæйæ, уыдонæн йæхи дæсны куы хоны,
Ахæм хъуыддæгтæ уырныны бæсты зонды агуры.

23
Æмæ афтæмæй Дæуæн Де стырад ницæмæ дары,
Йæхицæн хорзæй Дæуæй йæхæдæг куы ницы 'нхъæлы.
Йæ зæрдæ хъалæй, йæ зонд цыбырæй афтæ куы зæгъы:
Цы дзы ракурон, йæ бон цы суыдзæн, цы мын ратдзæни?

24
Афтæ нæ хъæуы, – цæмæн рæдийæм, цæуылнæ зонæм,
Нæ бахъуаджы Уымæ зæрдæйæ хъуамæ здæхæм;
Нæхицæн хæрзтæ Уымæй, уырнгæйæ, хъуамæ курæм,
Æмæ хæларæй, фæлмæнзæрдæйæ хъуамæ зæгъæм:

25
Уæ Бæрзонд Æхсин! Ахъаз нын бакæн Де стыр хорзæхæй,
Фервæзын нæ кæн Дæ тыхджын куывдтæй нæ уынгæг бонтæй,
Æрæмбæрз нæ-иу нæ бахъуаджы Дæхи æмбæрзæнæй
Æмæ нын фæсур фыдбылыз дардмæ нæхи зæрдтæй.

# МАХ ФЫД

Нæ уæларвон, нæ уарзæгой фыд!
Дæуæн арв у Дæ бæрзонд бадæн!
Кæрæй-кæронмæ дунейы афтид
Циу, уымæй æгасæй – дæ къæхтæ 'нцайæн.

Сыгъдæг æрттивæд хуры тынтау
Дæ ном нæ мидæг иууыл сыгъдæг,
Дæ хуыз нæ удты зæдты удтау
Махæн дæр фæуæд зæрдæрухсгæнæг.

Æрцу махмæ Дæ æнусон кадæй,
Æрæвæр не 'хсæн Дæ бæрзонд бадæн,
Паддзахад ныл кæн Дæ хорз фæндонæй
Æмæ нæ хъахъхъæн Дæхи Сæйрадæн.

Нæ цард, нæ мæлæт, нæ уд æгасæй
Дæуыл æфтауæм нæ буартимæ,
Араз нын нæ цард Дæхи фæндонæй
Æмæ нæ фæндаг – Дæ фæндагимæ.

Уром нын нæ цард Дæ зæххон хæрзтæй,
Удæй, буарæй, нæ алцæмæн дæр,
Дæтт нын алы бон æнæхъæнджынæй
Дæумæ кувджытæн нæ алкæмæн дæр.

Бар нын Дæхæдæг нæ æвзæр ракæндтæ,
Кæцытæй зайæм стыр хæсджынæй,
Дæ стырады раз мах, æдылытæ,
Фылдæр уæлдайæ æнæфæсмонæй.

Мах нæхуыдтæг дæр афтæ куы кæнæм,
Чи нæ цы дары, уыдон æппæтæн.
Махæн ракæндтæ хæлар куы кæнæм
Стырæй, чысылæй нæ фыдзæрдætæн.

Æмæ нæ бахиз фыдæвзарæнæй,
Рагæй-æрæгмæ нæ фыдызнагæй,
Æвзæр фыдвæндтæй, хæйрæджы митæй,
Фыдæбонтæ 'мæ ахæм истытæй.

Фæлæ нæ бавæр æнæ зианæй,
Фыдбылыз æмæ алцы æвзæрæй,
Цæмæйдæриддæр уды талынгæй
Æмæ уыимæ фыды фыдуагæй.

Дæуæн æппæтдæр Дæ къухы куы ис:
Æлдардзинадæй Паддзахадимæ,
Дуне æппæтыл кадæй куы зилыс
Дæ бар цæугæйæ, Дæ стырадимæ.

* * *

Зæд уæларвæй æртахти,
Арвы, зæххы кæрæттæ
Сæ бындзарæй сæнкъуыста.
Ингæн æмбæрзт кæмæй уыд,
Уыцы дур дæр атылди,
Æмæ Чырысти ингæнæй
Йе стырадæй рацыди.
Минæвæрттæ, дисгæнгæ,
Уыцы ранмæ тындзыдтой,
Бацыдысты ингæнмæ
Æмæ Йæ уым нал федтой.
Йæ фæстæ сæм раргом и,
Йæ цæфтæ Йын басгæрстой,
Амонын сын нал хъуыди:
Хуыцау-лæгæй Йæ базыдтой.
Дзуттытæ та цы загътой?
Цæй æмæ иу фæнд бакæнæм,
Хъарагъултæм басидæм,
Гæртамæй сæ балхæнæм:
Давгæ нын Æй акодтой,–
Афтæ сын зæгъын кæнæм,
Кæннод ма цы кæндзыстæм,
Худинаг куы кæндзыстæм!
Райгас бонæй фæстæмæ
Зæххыл дæр ма ацарди.

Фæлæ айонг куыд уыди,
Æрмæст ма иуæй-иу хатт
Минæвæрттæм разынди,
Æмæ уыцы разындæй
Сæ зæрдæты бацыди.
Афтæ цардæй ацарди
Æрмæст дыууиссæдз боны.
Ацы дыууиссæдзæм бон
Ир зæрдæвæрæн хонынц.
Уæларвмæ дæр куы ссыди
Йæхæдæг ацы боны.
Амондджын у уыцы лæг,
Ай зæрдæйæ чи зоны.
Зæххæй хицæн куы кодта,
Минæвæртты акодта
Иу хох, Елон хуыйнгæ,
Уый сæрмæ сæ скодта;
Зæрдæтæ сын февæрдта,
Арфæтæ сын фæкодта,
Йæхи фæхицæн кодта.
Арвмæ йæхи куы systa,
Минæвæрттæ уырдыгæй,
Цингæнгæ æмæ хъазгæ,
Раздæхтысты иунæгæй,
Сæ Хуыцауы уарзгæйæ.
Бацыдысты Сионмæ
Æмæ, ’нцайгæ бадгæйæ,
Æнхъæл кæсын байдыдтой,
Цæстысыгæй кувгæйæ,
Зæрдæвæрды сæххæстмæ,
Сыгъдæг Уды æрцæуынмæ,
Зонд æмæ тыхдзинадæй
Уымæй сæхи сæххæстмæ.
Ацы хорз сыл куы æрцыди
Уайтагъддæр дæсæм бонмæ,

Йæ бæрæгбон куы кæнæм
Кæрдæгхæссæн номимæ.
Райсомраджы фæзынди
Дымгæ æмæ кадимæ,
Сæ сæр зондæй айдзаг и
Цæхæрджын æвзæгтимæ:
Уайтагъддæр сыл фæзынди,
Алы ’взагæй базыдтой,
Рацыдысты æмбырдмæ,
Амонын дæр байдыдтой.
Адæм æй куы фехъуыстой,
Уæд дис кæнын байдыдтой:
Ай та цавæр диссаг у –
Æвзæгтæ кæм базыдтой?
Мах сæ дзæбæх куы зонæм,
Æмæ куы ницы зыдтой!
Фæлæ æндæр куы уынæм,
Цы ма кæнæм сæ фыдгой?
Ацы бонæй фæстæмæ
Дин ахастой муртæдтæм,
Суанг Иерусалимæй
Алы бæсты кæрæттæм.
Ацы динæй кæй стæм,
Не сфæлдисæг Хуыцауы
Амæй стыр кæй кæнæм.
О нæ Хуыцау Чырысти!
Æвзæрæй нæ бахъахъхъæн,
Уæларвæй нæм рафæлгæс,
Дæ цæстæй нæ рахъахъхъæн,
Дæ дин рох нæ ма бауадз,
Хæйрæгæй нæ бахъахъхъæн,
Райтау ныл уæларвæй
Дæ кадджын Мады кæрдæн.

*ГОСТИТЫ Ларисæ*

# ДЫУУÆ НЫХАСЫ КОЛЫТЫ АКСОЙЫ ТЫХХÆЙ

Алы адæмæн дæр ис, фæндагамонæг сын чи басгуыхы, сæ национ хиæмбарынады символ кæй ном свæййы, йæ зæрдиаг фæллой сæ культурæйы райрæзтыл кæмæн фæзыны, ахæм лæг. Уыдонæй иу – протоиерей Колыты Виссарионы фырт Алекси (Аксо). Уый уыди, ирон (аллон) рæстдинмæ цæстахадгæ æвæрæн чи бахаста, йе 'нæзæрдæхудт цард æмæ удуæлдай сауджынлæггадæй адæмы зæрдæ йæхимæ чи аздæхта æмæ сын цæргæбонты цырагъдарæй чи лæууыд, аргъуаны уыцы кусджытæй.

Колыты Алекси (Аксо) райгуырди 1822 азы, Ирыхъæуы. 1839 азы бакасти Дзæуджыхъæуы дины училище. Уый фæстæ йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта Тифлисы дины семинары æмæ йæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци 1845 азы. Уыцы аз сæрмагонд цытджын уавæры Аксойы сауджынæй снысан кодтой Дзæуджыхъæуы Сыгъдæг Мады Майрæмы Райгуырды номыл аргъуанмæ (бынæттон цæрджытæ йæ хонынц Ирон аргъуан), æмæ дзы суанг йæ 'мæлæты бонмæ фæкуыста.

Колыты Аксо уыди Дзæуджыхъæуы зылды благъоцы* хистæр. Йæ уацамындты уый кæддæриддæр йе 'мбæстæгтæм сидти, цæмæй сæ чырыстон дин цудын ма бауадзой, цæмæй æрбангом уой рæстдин уырнынады алыварс. 1863 азы фыд Алексийæн Сионы аргъуаны, Тифлисы, саккаг кодтой протоиерейы уаз ном.

Фыд Колыты Алексийы царды фылдæр хай баст у канд сауджыны нæ, фæлæ ахуыргæнæджы куыстимæ дæр. 1845 азæй фæстæмæ уый уыди Дзæуджыхъæуы дины училищейы уæлдæр хайады инспектор æмæ ахуыргæнæг. Аксо фыды хуызæн мæт кодта æмæ аудыдта йæ благъоцы скъолатыл, йæ рæстæг æмæ зонындзинæдтæ æвгъау нæ кодта рæзгæ фæлтæрæн. Ирон сылыстæгæн ахуырмæ фæндаг акæныны арфæйаг хъуыддаг дæр фыццаджыдæр Колыты сауджыны номимæ баст у. 1862 азы Ирон аргъуаны зылды, Дзæуджыхъæуы, уый ирон æнахъом чызджытæн байгом кодта иукъласон скъола.

* Благъоц – дины зылдты цæдис. *(Ред.)*

Хъыгагæн, йæ бирæ фæндтæ сæххæст кæнын Аксойæн кæронмæ нæ бантыст – 1866 азы рæуджыты низ райста, æмæ 11 августы йæ цардбæллон æмæ адæмуарзаг зæрдæ йæ кусынæй банцад. Цыдис ыл æрмæстдæр цыппар æмæ дыууиссæдз азы. Бирæ хæрзты бацыд Иры кувæг адæмæн, æмæ йыл уыдон тынг фæхъыг кодтой. Бавæрдтой йæ Сыгъдæг Мады Майрæмы райгуырды номыл аргъуаны кæрты.

XIX æнусы 50-æм азты кæрон – 60-æм азты райдианты архимандрит Иосифы (Чепиговский) разамындæй Аксо æрлæууыди дины чингуытæ йæ мадæлон æвзагмæ тæлмац кæныны фарны фæндагыл. 1860 азы 26 апрелы уый сси Динон-аргъуанон æмæ ахуыргæнæн чингуытæ ирон æвзагмæ тæлмацгæнæг комитеты уæнг. 1858 азы Аксо ирон æвзагмæ раивта Зæринком Иуанейы литурги. Хъыгагæн, къухфыст рухс нæ федта, фæлæ уыйхыгъд Чъонкъадзе Даниилæн стыр æххуыс фæци, 1861 азы Тифлисы ирон æвзагыл рауадзынмæ Зæринком Иуанейы литурги куы цæттæ кодта, уæд.

1862 азы фыд Колыты Алексийы тæлмацæй Тифлисы типографийы ирон æвзагыл рацыд «Последование Св. Крещения и Миропомазания», стæй ма ноджы, йæ дыууæ тæлмацы дæр сæ бынат кæм ссардтой, уыцы æмбырдгонд «Переводы из Требника». Цалдæр азы дæргъы Комитет куыста Григорий Мжедловы конд «Сыгъдæг Евангели»-йы тæлмацы ног редакцийыл. Фыд Алекси биноныгæй базылд Лукайы Евангелийы тæлмацмæ æмæ йæ æнæхъæнæй дæр сраст кодта, бакуыста Матфейы Евангелийыл дæр. 1864 азы «Сыгъдæг Евангели» ирон æвзагыл джиппы рацыд Тифлисы. Тæлмацы комитеты куыстæн стыр аргъ кодта Хетæгкаты Къоста.

Колыты Аксо дины уацмыстæ йæ мадæлон æвзагмæ æмдзæвгæты хуызы дæр тæлмац кодта. Зынгæ ирон ахуыргонд Æлборты Барысбийы (1886–1968) хъуыдымæ гæсгæ, уый уыди «фыццаг ирон поэт», ирон литературæйæн сæрæвæрæн уый скодта [Алборов: 9]. Аксо иронау ныффыста: «Мады Майрæмы кады зарæг», «Чырыстийы рухс райгасдзинад» æмæ «Мах фыд».

Колыты Аксойы поэтикон сфæлдыстады фыццаг фæлтæрæнтæй иу у, Иууылрухс Хуыцауныййарæджы кадæн йæ мадæлон æвзагыл кæй ныффыста, уыцы акафист (кады зарæг. – *Г.Л.*). Райдианы йæ кувæг дзыллæ дзыхæй-дзыхмæ истой, æмæ афтæмæй ахæлиу адæмы 'хсæн, фæлæ фæстæдæр хицæнæй мыхуыры рацыд, «Стауыны зарæг Хуыцауы ныййарæгæн», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ. 1911 азы та йæ, «Мады Майрæмы

кады зарæг», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ ныммыхуыр кодта ирон журнал «Чырыстон цард» [Чырыстон цард 1911: 286–292].

Акафист Аксо ныффыста, йæ бирæ диссæгты фæрцы йæ кой дардыл кæмæн айхъуыст æмæ Иры сыгъдæг аудæгыл нымад чи æрцыди, Хуыцауныййарæджы уыцы диссæгтæвдисæг Мæздæггаг (Ибериаг) уазнывы кадæн. Диссæгтæвдисæг уазныв, таурæгъмæ гæсгæ, XII æнусы кæрон – XIII æнусы райдианы аллон-ирæттæн балæвар кодта гуырдзиаг æхсин-паддзах Тамар. Уыдон æй сæ зæрдæтæм Ног Дзуары хуызы айстой æмæ йæ сæ кувæндæттæй иуы бафснайдтой. XIII æнусы кæрон ирæттæ хæхбæстæй быдырмæ, Терчы арæнхахмæ (Хъызлары сахармæ æввахс), куы лыгъдысты, уæд сæ Ног Дзуар семæ Мæздæджы сахармæ рахастой.

Мæздæгмæ нæма бахæццæ сты, афтæ, Ног Дзуар кæм æвæрд уыди, уыцы уæрдоны ифтыгъд галтæ дзыхълæуд фæкодтой æмæ дарддæр аккуырсын нал бакуымдтой. Уыйадыл Мæздæг æмæ Маджары алчер Гай (Такъæты) уынаффæ рахаста, цæмæй уыцы ран чысыл кувæндон арæзт æрцæуа. Уæдæй фæстæмæ диссæгтæвдисæг уазныв арæхдæр хонын райдыдтой «Мæздæггаг», кæнæ та «Мæздæггаг-Ибериаг». 1797 азы уазныв ахастæуыд Иуууылрухс Майрæмы Куадзæны номыл хъæдын аргъуанмæ, 1894 азы та – Мæздæджы йын сæрмагондæй кæй сарæзтой, Майрæмы Куадзæны уыцы аргъуанмæ.

Уазнывы кадгæнæн бæрæгбæтты Ирыстоны алы кæрæттæй Мæздæгмæ æмбырд кодтой бирæ кувæг адæм. Афтæ-иу уыди кæддæриддæр Кæрдæгхæссæны æмæ Майрæмы Куадзæны бонты. Сæхицæн табуйагыл кæй нымадтой, уыцы уазнывыл цин кæнгæйæ æмæ зæрдæрайæ йæ номыл бæрæгбæтты архайгæйæ, кувæг ирæттæ зарыдысты сæ удæн адджын суæвæг акафист, сæ уарзон сауджын Колыты Аксойы фыст. Рæстæджы цыдимæ ирон хъæуты дæр Колыты сауджыны фыст акафист арæхæй-арæхдæр зæлын райдыдта, Хуыцауныййарæджы диссæгтæвдисæг Мæздæггаг уазнывимæ-иу сæм, Иуууылрухс Синод 1894 азы цы дзуарцыд сфидар кодта, уый куы бахæццæ ис, уæд. Алы аз дæр диссæгтæвдисæг уазныв дыууæ мæйы æмгъуыдмæ хастой Мæздæгæй Дзæуджыхъæумæ. Ирон культурæйы зынгæ архайæг Цомайты Харлампи фыста: «Хуыцауныййарæджы акафист у уæлтæмæн гимн, æмæ ирæтты зæрдæтæм уæлдай тынгдæр бахъары, кувæг дзыллæ йæ ирон адæмы рагондæр табуйаг – Мæздæджы Хуыцауныййарæджы уазнывы раз куы фæзарынц, уæд» [Цомаев: 6].

Колыты Аксойы фыст Иууылрухс Хуыцауныйййарæджы акафисты рантысты æууæлтæм уæлдай лæмбынæгдæр йæ хъус æрдардта Æлборты Барысби. Цæвиттон, Ирыстоны рагæй-æрæгмæ стыр кад кодтой Мады Майрæмæн. Йæ кувæндæттæ иу æмæ дыууæ нæ уыди алы комы дæр. Се 'хсæн ахуыргонд рахицæн кодта Дæллаг Хъæнийы Майрæмыдзуар, кæнæ Ногдзуар, Зруджы Майрæм æмæ Тербаты Майрæмы. Бæрæгбæтты рæстæг-иу уыцы кувæндæтты адæмæй къухбакæнæн нæ уыд, уым-иу Мады Майрæмы кады зарджытæ зарыдысты.

Уыцы зарджыты ныхæстæ Аксойы акафистимæ абаргæйæ, Æлборты Барысби æрцыди цымыдисаг хатдзæгмæ: акафистыл кусгæйæ, автор парахатæй спайда кодта Мады Майрæмы кадæн конд ирон адæмон зарджытæй, се 'хсæн – «Зруджы Майрæмы зарæг» æмæ «Тербаты Майрæмы зарæг», уыимæ уыдон та сæ рæстæджы арæзт æрцыдысты рагон аргъуаны зарджыты бындурыл [Алборов: 10, 15-16]. Зæгъæм, алы рæнхъы фæстæ дæр æппæт кувджытæ æмхъæлæсæй кæй азарынц, акафисты уыцы базард «Уæ нæ Æхсин, уæ не стыр ныфс Мадмайрæм!» æнæхъæнæй дæр у «Тербаты Майрæмы зарæг»-æн йæ фыццаг рæнхъы халдих: «Не 'хсин, не стыр ныфс Мады Майрæм».

Акафисты æдæппæтæй ис фондз æмæ ссæдз строфайы, фæйнæ цыппæрдæс-фынддæс уæнгæй арæзт фондз æмæ фондзыссæдз рæнхъы. Строфатæ æртыккагæй нудæсæммæ райдайынц, «Цин хъуамæ кæнай», зæгъгæ, уыцы ныхæстæй.

Æлборты Барысбийы хъуыдымæ гæсгæ, акафист «фыст у иттæг зæрдиагæй» [Алборов: 9], йæ хуыздæр рæнхъытæ та сты фыццаг строфайы. Фыд Колыты Алексийы акафисты Иууылрухс Хуыцауныйййарæг барст цæуы «Хуыцау цы асиныл æрхызт», «зындоны сæрты цы хид ис», уыдонимæ. Автор зæгъы: «Йæ тæмæнæй хуры æрттывд мынæг кæны», «мæгуырты сæрылхæцæг у Йæ Хъæбулы раз», «Дунескæнæджы раттæг кадаккаг ныйййарæг» [Алборов: 13].

Барысби куыд зæгъы, афтæмæй Хуыцауныйййарæджы фæстаг миниуæг Аксо йæ акафисты уæлдай ирддæрæй равдыста, уымæн æмæ Хуыцауныйййарæг ирон адæммæ, фыццаджыдæр, нымад уыди сылгоймæгты бæрзонд аудæгыл. Уымæй куырдтой уыдон, цæмæй сæ сылгоймаг æмæ ныйййарæджы амондæй фæхайджын кæн, æмæ уымæн кодтой Йæ кадæн сæрмагонд бæрæгбæттæ: «Чызджыты бадæн», «Устыты бадæн» æмæ æнд. Фæлæ уæддæр Хуыцауныйййарæджы уыцы

миниуæг Аксойы акафисты, адæмон зарджытимæ абаргæйæ, æппæты сæйрагдæрыл нымад нæ цæуы [Алборов: 16].

Æлборты Барысби куыд бафиппайдта, афтæмæй Аксо йæ акафисты адæмон æвзаджы арæх æмбæлæг дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй цы рæнхъыты спайда кодта, уым ритмикæ æмæ техникон æгъдауæй дæр рауадысты Хетæгкаты Къостайы иуæй-иу адæмон зарджыты бындурыл арæзт æмдзæвгæты æнгæс. Ацы ран дæнцæгæн æрхæссæн ис «Хъуыбады» [Алборов: 14]. Колыты сауджын йæ поэтикон уацмысты арæх адæмон стихарæзты хуызтæй кæй пайда кодта, уыцы æууæл сæ иртасæн куыстыты банысан кодтой æндæр ахуыргæндтæ дæр [Ардасенов 1959; Березов 1990].

Иууылрухс Хуыцауныййарæджы акафист сæ зæрдæмæ айстой адæмон зарæггæнджытæ дæр æмæ йæ, ранæй-рæтты йæм цыдæр ивддзинæдтæ бахæсгæйæ, зæрдæбынæй зарыдысты куывдтæ æмæ чындзæхсæвты. Иу ахæм зарæг Æлборты Барысби 1920–1921 азты ныффыста дыууæ æмæ цыппарыссæдзаздзыд зындгонд зарæггæнæг æмæ кадæггæнæг Хъалæгаты Иналдыхъойы дзыхæй Джимарайы хъæуы.

Фыд Колыты Алекси дыккаг поэтикон уацмыс йæ мадæлон æвзагыл ныффыста Чырыстийы Куадзæны кадæн. 1868 азы уыцы зарæджы фыццаг хай (17 строфайы) параллелон уырыссаг тæлмацимæ, фæлæ авторы ном нæ банысан кæнгæйæ, «Из песни на Воскресение Христово», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ мыхуыргонд æрцыд академик А. Шифнеры чиныджы [Шифнер 1868: 55–59]. Цорæты Василийы æмбырдгонд æрмæджыты æхсæн кæй уыди, уымæ гæсгæ бирæ азты дæргъы ирон тексты авторыл дæр уый нымадтой, æцæгдзинадæй та Цорæйы-фырт уыди æрмæстдæр уырыссаг тæлмацы автор. Уыцы рæдыд фыццаг раргом кодта протоиерей Гатуты Алекси [Гатуев 1901: 78]. Æрмæстдæр 1913 азы журнал «Чырыстон цард», «Чырыстийы рухс райгасдзинад», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ ныммыхуыр кодта зарæджы текст æххæстæй, стæй йын йæ авторы ном бацамонгæйæ [Чырыстон цард 1913: 32–34].

Хъусджытæ æмæ кæсджыты канд Чырыстийы царды цаутимæ нæ зонгæ кодта уацмыс, фæлæ ма сын æмбарын кодта иуæй-иу ирон бæрæгбæтты (зæгъæм, Кæрдæгхæссæны) мидис дæр. Зарæджы текст иртасгæйæ, Æлборты Барысби банысан кодта, ацы уацмыс фысгæйæ дæр, Иууылрухс Хуыцауныййарæджы зарæгау, фыд Колыты Алекси

кæй спайда кодта стихарæзты адæмон формæтæй. Дыууæ фæстаг рæнхъы ирон фынджы зарæгимæ абаргæйæ, ахуыргонд уыдонмæ раиртæста иумæйаг æууæлтæ. Ӕлборы-фырт фыссы, зæгъгæ, ацы уацмыс йæ ритмæй адæмон зарджытæ «Ӕфсати», «Уастырджи» æмæ «Аларды» зæрдыл кæй æрлæууын кæны.

Фыд Колыты Алексийы æртыккаг поэтикон уацмыс хуыйны «Мах Фыд». Уый у чырыстон куывд «Отче наш»-ы поэтикон рацарæзт ирон æвзагмæ. Аксойы къухфыст æфснайд у Наукон архивы [НА СОИГСИ: 1-2], уымæ гæсгæ, бæлвырд у, кæд ыл бакуыста, уый дæр – 1865 азы 14 октябры. Барысби куыд бафиппайдта, афтæмæй уацмысы рæнхъарæзт у Къостайы æмдзæвгæ «Чи дæ?»-йы æнгæс. Къухфыст авторы къухæй корректурон рæстытæ кæй æрцыд, уый, ахуыргонды хъуыдымæ гæсгæ, æвдисæн у, æнафоны мæлæты аххосæй Аксойæн йæ уацмысы редактурæ кæронмæ ахæццæ кæнын кæй нæ бантыст.

Протоиерей Гатуты Алекси фыста, фыд Колыты Алексийы поэтикон уацмыстæм адæмæн цы ахаст уыд, уый тыххæй: «…Алы ирон хъæуы дæр сæ хъус дардтой æмæ сæ зæрдыл бадарынмæ тырныдтой сæ ныхæстæ æмæ айзæлд; æмæ сæрдыгон мæйрухс æхсæвты, ирæттæ быдырæй куы здæхтысты, уæд алы ран дæр хъуысти, училищейы ахуырдзау лæппутæ æмæ чызджытæ алы хъæуты кæй ахæлиу кодтой, уыцы кадгæнæн куывд» [Гатуев 1901: 78–79].

Фыццаг ирон поэтикон фæлтæрæнтæ, Ӕлборты Барысбийы хъуыдымæ гæсгæ, ахсджиаг уыдысты сæ аивадон æххæстдзинадæй нæ, фæлæ «фыццаг ирон интеллигенцийы зонды уæрæхыл кæй ахадыдтой» æмæ, «райгуыринаг чи уыди, уыцы ирон литературон æвзаг бабæлвырд кæнынæн æмæ райрæзтæн» кæй ахъаз кодтой, уымæй [Алборов: 24]. Уыимæ, Колыты Аксо йæ динон-поэтикон уацмысты ралæууыди, «аргъуаны тексттæ сфæлдисынæн уырыссаг æмæ ирон поэзийы æууæлтæй спайда кæнын чи бафæлвæрдта, ахæм фыццаг ирон поэт» [Алборов: 24].

Барысби аккаг аргъ скодта протоиерей Колыты Алексийы сфæлдыстадæн, уымæн æмæ уый, «ирон адæмæн ахсджиагдæр чи у, дин æмæ æгъдауы уыцы фарстатæ æвзæрста æмæ сæ æнцонæмбарæн хуызы мадæлон ирон æвзагыл, мадæлон ирон дзыхæйдзургæ сфæлдыстады фæрæзтæй пайда кæнгæйæ, рæгъмæ хаста» [Алборов: 24]. Ӕппæт уыдæттæ бахынцгæйæ, зын у, протоиерей Колыты Алексийы дины

темæйыл фыст поэтикон уацмыстæ «адæм сæ зæрдæмæ нæ айстой æмæ ирон поэзийы рæстæн ницы ахъаз фесты», зæгъгæ, Ардасенты Хадзыбатыры уыцы цæхгæр хатдзæгимæ сразы уæвын [Ардасенов 1959: 67].

*КОСТЫ Лизæйы тæлмац*

## ЛИТЕРАТУРÆ


*Алборов* – Алборов Б. А. Колиев Алексей (Аксо) Виссарионович (1822–1866) – переводчик // НА СОИГСИ. Ф. 19. Литература. Оп. 1. Д. 217.

*Ардасенов* – Ардасенов Х. Очерк развития осетинской литературы. – Орджоникидзе, 1959 г.

*Березов* – Березов Б. Подвижник. Просветитель. Педагог. Поэт // Социалистическая Осетия. 15.09.1990 г. № 213.

*Гатуев* – Гатуев А. Свящ. Христианство в Осетии. Исторический очерк. Владикавказ, 1901 г.

*Колыты* – Колыты А., прот. Чырыстийы рухс райгасдзинад (Куадзæн бон) // ЧЦ. 1913 г. № 1.

*НА СОИГСИ* – НА СОИГСИ. Ф. 2. Литература. Оп. 1. Д. 1.

*Цомаев* – Цомаев Х. Краткие биографические сведения о переводчиках и издателях священно-церковно-богослужебных книг на осетинском языке и библиографические заметки о их трудах // НА СОИГСИ. Ф. Лингвистика. Оп. 1. Д. 58. П. 33.

*Чырыстон цард* – Чырыстон цард. 1911 г. № 8.

*Чырыстон цард* – Чырыстон цард. 1913 г. № 1.

*Шифнер* – Шифнер А. Осетинские тексты, собранные Дан. Чонкадзе и Вас. Цораевым. СПб., 1868 г.

# ФЫСДЖЫТЫ ЦАРДÆЙ

# ÆРДХÆРÆНЫ УАРЗТ

Зæххыл цас диссæгтæ ис, фæлæ дзы уарзондзинадæй тыхджындæр ницы ис. Цы у адæймагæн йæ цард æнæ уарзт? Цы ис, цы нæй, никæмæй ницы дары, никæмæн ницы нысан кæны, никæй мысы, никæуыл тыхсы. Æнæмæт, ницы уынæг æмæ æнкъарæг гуыргъохъо нæ базоны адæймаджы уд бæрзондгæнæн æнкъарæн, уарзт, йæ узæлд...

Бынтон æндæр у, æцæг уарзты æнкъарæнтæ чи банкъары, уыдоны цард. Бæллиццаг, алæмæттаг, уæларвон, уалдзæгау рæсугъд æмæ царддæттæг... Уарзоны фендæй зæрдæ адæймаджы риуæй рагæппæввонг свæййы, йæ тагъд куыстæй цыма зæхх дæр банкъуысы æмæ йæ арфæй сыгъдæг суадæттæ цыма фемæхсынц, уыйау аивы цард. Райгуыры Азау æмæ Таймуразы сомыгæнæн уарзт.

Сыгъдæг æмæ æрдхæрæны уарзтæн уыд æмæ абон дæр ис бирæ æвдисæнтæ. Ахæм уыд уырыссаг поэзийы классик Владимир Маяковскийы уарзт дæр.

Цæвиттон, Владимир Маяковский 1928 азы Парижы сфæлдыстадон балцы куы уыд, уæд ыл æрцыд йæ царды ахсджиагдæр цау. Йæхицæн æнхъæл куыд нæ уыд, афтæ бауарзта æрыгон хæрзконд чызг Татьянæ Яковлевайы.

Се ‘хсæн цы хъуамæ уыдаид иумæйагæй, фæлæ дзы поэт йæхицæн стыр ныфсытæ æвæрдта. Уарзты цæхæры сыгъдис æмæ хъынцъым кодта. Татьянæ уыд фæлмæн, уæздан æмæ йæ алфамбылай хъуыстгонд курдиатджын адæмы рæдау цæстæнгасæй, узæлдæй – хъал. Шаляпин æмæ Прокофьевы музæ. Бахъомыл Пушкин æмæ Тютчевы литературон сфæлдыстадыл.

Татьянæ райгуырд Санкт-Петербурджы 1906 азы. Йæ фыдыфсымæр Александр Яковлев цард Парижы, уыд хъуыстгонд нывгæнæг. Йæ номимæ баст у фыццаг дизайнерон куыстыты фæзынд æрмæст Уæрæсейы нæ, фæлæ фæсарæнты дæр. Уæд Францы куыста, месье Ситроентæ цы хæдтулгæтæ арæзтой, уыдоны дизайнтыл, æмæ йæ ном уыд хъуыстгонд. Татьянæ Парижмæ куы

ацыд, уæд æм йæ хæстæджы хорз зонгæты руаджы дардтой хорз цæстæнгас, æмæ хæрзконд чызджы уайтагъд модæтæвдисæгæй кусынмæ айстой.

Маяковскийы ныфсджын, фæрæтæй амадау цæхгæр æмæ карз æмдзæвгæтæ йын йæ зæрдæмæ фæндаг куыд не ссардтой, афтæ йын фыццаг йæхæдæг дæр зæрдиаг нæ уыд. Нæ батад йæ зæрдæ поэты кадджын æмæ хъуыстгонд номæй. Йæ кæцыфæнды сонт фæндон сæххæст кæнынмæ цæттæ кæй уыд, уый дæр хъал чызджы зæрдæйы ницы аивта. Фæлæ-иу дыууæйæ иумæ куы тезгъо кодтой, уæд афтæ хорз фидыдтой кæрæдзиимæ, æмæ-иу адæм сæ фæстæ цымыдисæй кастысты.

Рæстæг цыдис. Рæбинаг ссис Татьянæйы зæрдæйы поэты сурæт. Владимир æй хуыдта Уæрæсемæ, цæмæй сæ цард баиу кæной. Фæлæ йæ хорз цардыл йæ къух ауигъын зæрдæ нæ бакуымдта. Чи зоны, цы уыд йæ хъуыдыйы. Маяковский зæрдæсастæй Мæскуымæ иунæгæй æрбаздæхт. Йæ уды сагъæстæй райгуырд ног æмдзæвгæ «Письмо Татьяне Яковлевой». Уым ис ахæм рæнхъытæ:

*Иди сюда, иди на перекресток*
*Моих больших и неуклюжих рук.*
*Не хочешь? Оставайся и зимуй,*
*И это оскорбление на общий счет нанижем.*
*Я все равно тебя когда-нибудь возьму –*
*одну*
*или вдвоем с Парижем!*

Парижы Владимир Маяковский цы гонорар райста, уый иууылдæр сæвæрдта банчы Парижы хъуыстгонд дидинджыты дуканийы номыл æмæ семæ бафыста бадзырд, цæмæй къуыри цалдæр хатты Татьянæйæн йæ хæдзармæ хæссой йæ номæй уардитæ, орхидеятæ, гортензитæ, хризантемæтæ, алы æмæ алы диссаджы рæсугъд дидинджыты бæстытæ. Дуканийы кусджытæ сæ ныхасæн хицæуттæ разындысты. Æрыгон лæппуйы сонт фæндон кæронмæ æххæстгонд æрцыд. Хастой уарзон сылгоймаджы хæдзармæ рæсугъд дидинджыты бæстытæ, сæ уæлæ цыбыр фыстæг – «Маяковскийæ».

Маяковскийæн Уæрæсейæ фæсарæнтæм цæуыны бар нал лæвæрдтой. Æнкъард кодта уарзон сылгоймагыл. Уæлдайдæр ма, Лилия

 

Брик йæ хойæ цы писмо райста, уым мæнг ныхæстæ куы бакаст, ома, Татьянæ мой кæнынвæнд скодта, зæгъгæ, уæд Маяковский афæлурс æмæ бынтон йæхимæ ныххъуыста. Поэтыл æртын авд азы дæр нæ сæххæст, афтæ йæ къух йæхимæ систа.

Уыцы æвирхъау хабарæй Татьянæ фестъæлфыд. Йæхи цардæй йæ фылдæр чи уарзы, уыцы нæлгоймаг кæмдæр кæй цæры æмæ йæм æнхъæлмæ кæй кæсы, уыцы хъуыдыйыл куы сахуыр æмæ йын йæ уарзтæн аргъ куы скодта, уæд æнæнхъæлæджы фæзынд мæлæт. Иунæджы æнкъарæнтæ æмæ фæсмонгæнæджы хъуыды нал уæгъд кодтой Татьянæйы. Ныр бамбæрста, йæхæдæг дæр æй къаддæр кæй нæ уарзта, уый. Цæстытыл уадысты, фыццаг фембæлды фæстæ йæ изæрыгон сæхимæ куы хæццæ кодта, уæд æнæнхъæлæджы йæ разы йæ уæрджытыл куыд æрхауд æмæ йæ йæ риуы æвиппайды ссудзгæ уарзтыл куыд æууæндын кодта, уыцы ныв. Куыд дзы куырдта, цæмæй сæ цард баиу кæной. Фæлæ Татьянæмæ уыдон фæкастысты тæлтæг митæ. Ныр æдзæмæй лæууыд æмæ нæ зыдта, куыд цæрдзæн дарддæр æнæ поэтæй, йæ æрдхæрæны уарзт, йæ уарзондзинады фыстæджытæ æмæ алæмæты тæфгæнаг дидинджыты бæстытæй. Дуне йæм фæкаст уазал æмæ афтид.

Цалдæр боны фæстæ дуар æрбахостæуыд. Къæсæрыл лæууыд æвæджиауы дидинджыты бастимæ нæлгоймаг. Сæ уæлæ гыццыл гæххæттыл фыст – «Маяковскийæ».

Цыдысты азтæ, дидинджыты дуканийы кусджытæ иу карæй иннæмæ хызтысты. Сæрыл халас сбадт, фæлæ уæддæр дæсгай азты Маяковскийы номæй дидинджыты бæстытæй нæ цух кодта Татьянæйы хæдзар. Уарзондзинад разынд мæлæтæй тыхджындæр.

Дыккаг Дунеон хæсты рæстæг, бахæрынæн куы ницыуал уыд, уæд Татьянæ уынджы уæй кодта йæ дидинджытæ æмæ уыцы æхцатæй цардамæлттæ кодта. Фæстæдæр-иу дзырдта: «Маяковский мæ фервæзын кодта мæлæтæй».

1970 азы инженер Аркадий Ривлин уазæгуаты уыд йе ‘мзæххонмæ Парижы æмæ йæ йæ цымыдисдзинад иу ран нал уагъта.

– Татьянæ, уæдæ адæм кæй дзурынц, уыцы дидинджыты таурæгъ æцæг уыд? – афарста йæ æфсæрмдзастæй Аркадий.

– Ацым дæ цай, Аркадий, кæд тагъд нæ кæныс, уæд ма нoджыдæр аныхæстæ кæнæм, – загъта ас кары хæрзконд сылгоймаг.

Сахаты фæстæ дуар æрбахостæуыд, æмæ къæсæрыл лæууыд хæрзконд нæлгоймаг диссаджы рæсугъд бур-бурид хризантемæты бастимæ. Сæ алæмæттаг тæфимæ дымгæ уатмæ æрбахаста уарзты цин æмæ æрбайхъуыст: «Маяковскийæ!».

***ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ***

# ÆНÆРОХ ИВГЪУЫД

*ХЕТÆГКАТЫ Къоста*

# ЦÆЛЫККАТЫ АННÆМÆ

Æвæццæгæн, дис кæндзынæ, писмо дæу номыл кæй æрвитын, ууыл... Дæ номыл мын писмо æрвитыны бар ис æви нæ – нæ зонын, стæй мæ йæ зонын дæр нæ фæнды. Æз фыссын уымæн, æмæ дæм нæ фыссын мæ бон нæу... Дæ номыл та йæ уымæн æрвитын, æмæ æууæндын мæ куыдзы зæрдæйыл, – уый мын дзуры, Дзæуджыхъæуы цы ног хабæрттæ уа, уыдон мæм ды иннæтæй æнæзивæгдæрæй кæй фысдзынæ, уый. Мæ ныхæстæ дæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуой, уæд-иу мын мæ писмо аскъуыдтæ кæн, нылхынцъ-иу кæн де 'рфгуытæ, мæстджынæй-иу ракæс æмæ-иу мæ сæрхъæн схон.

Ды дæ мидбылты худыс... гъемæ, Хуыцауæй разы!.. Мæнæн тынг æхсызгон у демæ дардæй аныхас кæнын... Фыццаджыдæр дын арфæ кæнын, курсытæ каст кæй фæдæ, уый тыххæй. Ныр, æвæццæгæн, де 'мгæрæтты ауайæн дæр нал уыдзæн, фæлæ ницы кæны – мах дын-иу дардæй дæр стыр зæрдиагæй нæ худ сисдзыстæм, ды та-иу нын нæ зæрдæ алхæн, зына-нæзына дæ сæрæй акувгæйæ. Хорз?

Тæхуды, ныр дæумæ æрмæст цæсты тигъæй уæддæр бакæс... Мæн ныр дæр нæма уырны, мæ дзæуджыхъæуккаг æрдхæрдтæй 400 версты дарддæр дæн, уый. Афтæмæй та уый æцæг афтæ у... Ныр фондз боны дæн нæхимæ Лабæйы, фæлæ мæхи нæма æрæмбæрстон. Æрмæстдæр абон райхæлдтон мæ чумæдантæ, абон бафснайдтон мæ уат... Дæ портрет дын (нырмæ дын æй нæ хъæр кодтон, ныр ыл сæттын, мæхицæн дæ сурæт кæй снын кодтон, ууыл)... мæ мады къамы фарсмæ сауыгътон.

«Искæй бынтæ мæхи кæй бакодтон», уый мын ныббар. Æз юрист нæ дæн, æз нывгæнæг дæн, æмæ нывгæнæгæн ахæм бартæ ис... Ехх, Аннæ, Аннæ Александровнæ! Дæуæн циу?.. Ды нырма æрыгон дæ, цардбæллон, дæ тæккæ тыхыл. Ды нырма нæма зоныс, адæймаджы цæсгом æмæ царды æцæгдзинад куыд фæныхæвæрд вæййынц, уый... Æз дæм хæлæг кæнын. Додойаг дæ сæр, мыййаг, уыцы хæларзæрдæ æмæ курдиатыл царды мæнгарддзинæдтæ куы фæуæлахиз уой, уæд. Æнæкæрон уарзтæй уарз кусын æмæ адæмы. Сахуыр кæн ууыл дæхи, æмæ уæд дæуæй амонд-джындæр ничи уыдзæн зæххыл. Æрмæст худгæ нæ... Ахуыр кæнынмæ

 

дæ нæ хъавын, æз дзурын, фидарæй мæ цы уырны, уыдæттæ. Уæвгæ-иу мæн тынг арæх фæндыдис демæ æрдхордау, æфсымæрау фæныхас кæнын, фæлæ... мæ хъуыддæгтæ ныкуыддæртæ вæййынц.

Æвæдза, хуымæтæджы зонгæ уæвынæй дарддæр бахызтæн, адæй-маджы мæ зæрдæмæ арф æрбайстон, бауарзтон æй... йе 'ххуыс мæ тынг æхсызгон кæй хъæуы, уый банкъардтон, афтæ æнæхатыр хъыс-мæт не 'хсæн февзæрын кæны талынг, фидар къултæ... Сымахмæ куы 'рцардтæн, уæддæр раст афтæ рауад. Ахæм æмбисонд ис (уырыссаг æмбисонд): «Цæйнæфæлтау искæд бон кæрæдзийæ хицæн кæнæм, фæл-тау кæрæдзийыл ма сахуыр уæм». Æз уæ бинонтыл афтæ фæцахуыр дæн, æмæ цыма æнæ сымах цæрын нал базонин, афтæ мæм кæсы... Уæ царды хъысмæт мын зынаргъ уыди мæхи царды хъысмæты хуызæн... Æвæццæгæн мæм иу ахæм хъуыды, иу ахæм бæллиц нæ уыд, сымахæй кæй басусæг кодтаин (уе 'ппæтæй дæр зæгъын). Ды, чи зоны, æмæ уый не 'мбæрстай... Еленæ дæр æй кæцæй зыдтаид, фæлæ йæ Алыксандр, æвæццæгæн, хорз æмбæрста.

Уыцы зæрдæты бахæстæгдзинад адæмы тæрсын кæны... Уыдон цард æнæ æууæнчы гæххæтт, æнæ вексельтæ æмæ æнæ нотариалон

гæххæттытæй не 'мбарынц. Æмæ, «раст хъуыды ницæмæ даргæйæ, фыдбылызтæм бырсгæйæ», халынц адæймаджы зæрдæйы дзæбæх ахастдзинæдтæ. Иурæстæджы мах Алыккаты чызгимæ (Анечкæимæ) хæлæрттæ уыдыстæм, фæлæ ныр мæнæй афтæ дзуры, цыма йæ æз кургæ кодтон æмæ мын нæ бакуымдта. О, ницæйаг кадмæ бæллыны монц! Мыййаг æй куы фенай, уæд-иу ын зæгъ, мæсты йæм нæ кæнын, стæй дзы мæ маст райсынмæ дæр нæ хъавын... Дæхи хъахъхъæн, – дæ хорз хæлар кæй дæн, уымæ гæсгæ дын зæгъын, – хъахъхъæн дæхи уыцы уæлæхох былысчъилтæй... Фысс, курын дæ, фысс, дæ зæрдæ цыдæриддæр зæгъа, дæ сæры цыдæриддæр хъуыдытæ фегуыра, уыдон... Æнæкæрон бузныг дæ уыдзынæн. Иннæтæм афтæ бадзурын мæ бон нæу, уыдон хъуыддæгты лæуд сты, нæ сæ 'вдæлы... Музыкæйы та дæ хъуыддæгтæ куыд цæуынц? Салам æппæтæн дæр.

Михалæн йæ фæлварæнтæ куыд ацыдысты? Гази ацыд æви нæма? Сæрды цы ми кæнынмæ хъавыс? Иу дзырдæй, фысс æппæт дæр, бæлвырддæр æмæ арæхдæр.

*Къоста,*
*Георгиевско-Осетинское,*
*1891 азы 15 июнь*

***

Æрмæст ма цалдæр боны баззад мæ ацæуынмæ. Афтæмæй нырма кæрæдзи дæр нæма бамбæрстам... Бæлвырд мацы базон, афтæмæй ахæм зæрдæйы низимæ ацу, уæд уый тынг зын хъуыддаг уаид. Æз тæрсын: цымæ мæ цæмæ æркæндзæн уыцы зæрдæйы низ...

«Цæмæн фембæлдыстæм»... Хъуыды ма кæныс, Дзæуджыхъæуы мæ уæ хæдзарæй иу æнæзонгæ лæг куыд феддæдуар кодта, уый? «Рагæй мын "ацу" дæ цæстæнгас дзуры» æмæ а. д., – фыстон дæм ме 'мдзæвгæ «Хæрзбон»-ы мæ рацыдæй иу бон раздæр... «Иунæг та дæн, иунæг, æнæ хицоны хъæстæ» – мæ зæрдæйы тугтæ кæлгæйæ, сирвæзтысты уыцы ныхæстæ мæ риуæй, Червинскийты сылгоймаджы фатеры æхсæв-бонмæ æррайы рацу-бацу куы кодтон, уæд.

Уый фæстæ мæ Дзæуджыхъæуæй арвыстой... Бахаудтон Хъæрæсейы хæхты талынг цъасмæ, æвзист æмæ здыйы æрзæткъахæнтæм... «Бæрзонд хохы фахсыл сæрыстыр рæсугъдæй пæлæхсар сыкъаджын дзæбидыр лæууы» – уыцы ныхæстæй æз хъавыдтæн мæ зæрдæйы уаг

равдисынмæ, астæуккаг Хъæрæсейы æдзæрæг хæхты æцæг дзæбидырау рахау-бахау кæнгæйæ...

Æз мæхи нал баурæдтон æмæ дæм писмо ныффыстон... æвæццæгæн, хъæддаг, тынг худæджы писмо... «Мæн ма сæрибарæй ацæрын фæнды... æз нырма гимназ æрæджы каст фæдæн», – ахæм иттæг уæздан хуызы мын фехъусын кодта Гаго де 'нæразы... Æмæ йæ æз нæ бамбæрстон... Æз сусæгæй ссыдтæн Дзæуджыхъæумæ æмæ хъуыддаг цæхгæр æрæвæрдтон; дзуапп уыди уыцы иухуызон, раст уыцы ныхæсты халдих, æрмæст фыццаг хаттæй карздæр...

«Зын у... ахæстонау мын цард сæнад», – ныхъхъæрзыдтон уæд æз мæ фыр зæрдæрыстæй... «Æрталынг зонд, мынæг – цæстытæ»... – куыдтон æндæр æмдзæвгæйы æмæ а. д. Уыцы рæстæджы цы æмдзæвгæтæ ныффыстон, уыдон уæлдай æнкъарддæр сты... Мæ фыды зиан мын бынтондæр мæ зæрдæ асаста... Афтæ мæм фæкаст, цыма ацы æнæкæрон дунейы бынтон иунæг дæн... Райдианы мæм мæ цард æппындæр ницыуал каст, стæй мæхиуыл иучысыл фæхæцыдтæн, хъуыды кæнын байдыдтон... Мæ уавæр бынтон æвзæр уыди. Ацы дунейыл мын иу хæлуарæджы тын дæр нал баззад, фыдбылызæй мæ иу секунды бæрц уæддæр чи бахъахъхъæдтаид... Мæ бон уыди мæхицæн алцы бакæнын дæр.

Диссаджы уавæр! Умæй тынгдæр ма цæмæ бабæлла адæймаг! Фæлæ, ме скæнæг Хуыцау! Ахæм ма дзы сæр зилынгæнæг бæрзæнд уыдзæни! Адæймаджы бынмæ дзы куыд æбуæлгъы сæрсæфæн байгом вæййы! Суанг ма «базонындзинады æмæ сæрибары» паддзах, дзæнætæй кæй фæсырдтой, уый йæхæдæг дæр куы нæ бафæрæзта уыцы сæрсæфæнмæ кæсын... Нæ, нæ хъæуы ахæм сæрибар! Никæцы адæймаг ын бафæраздзæн. Нæ хъæуы! Мæнæн мæ бон нæу, искæуыл æнувыд ма у, афтæмæй цæрын, мæ зæды хайыл кæй нымайон, æнæ ахæм адæймаг цæрын... «Æппæтдæр – фидæны. Нæ хъæуы амонд! Нæ йыл дæн ахуыр, нæ мæ фæнды. Æрмæстдæр иу уысм, иу рæвдыды мисхал, – æз ууыл ратдзынæн мæ цард». Æз мæхицæн ссардзынæн куыст æмæ, мæ зæды хай кæй хонон, ахæм искæй. Мæ амонд ссарыны тыххæй мæ зæрдæйы цы стыр бæллиц уыд, уый мыл афтæ æнæхатырæй кæм разылд, уым æз бынтондæр умæй мæ къух сисдзынæн, йæ амарын мæ къухы бафтдзæнис, – афтæ хъуыды кодтон æз, чысыл мæхиуыл хæцынхъом куы фæдæн, уæд. «Кæнын дын арфæ æз дæ иузæрдыг ныхасæн», – афтæ фыстон уæд дæумæ дæр: «Хæрзбон, хæрзбон æнусмæ! Ды мын

нæ разы кæныс, æмæ та исын æз мæ лæдзæг æмæ хызын, æз уарзын цард, сæрибар æмæ 'нцойад». «Фыццагау та æз дунейыл хæтдзынæн, – афтæ фæдæн æз ме 'мдзæвгæ, – æппæт адæмы уарзгæйæ, адæмы тыххæй кувын æмæ уарзын», зæгъгæ. О, æппæт адæмы тыххæй дæр!

Ахæм нысан æрæвæрдтон уæд мæ царды. Мæ разæнгарддзинадæн цыма кæрон дæр нал уыди... «Æз пахуымпар нæ дæн», – сæрыстырæй загътон æз, мæхимæ æууæнкджынæй цы хæс райстон, уый сæраппонд. «Æдзæрæг ранмæ нæ лидзын æз фыд хахуыртæй, фыдæй»... «Æппæт дуне – мæ аргъуан, мæ табуйаг та – уарзт, уæлхур уæлæрвтæ – мæ фыдыбæстæ мæнæн!» – афтæ фæдæн æз ме 'мдзæвгæ (ме 'мдзæвгæты æмбырдгонды йæ цензурæ нæ ауагъта).

Æрцыдтæн Стъараполмæ... Стыр зæрдиагæй бавнæлдтон æз (буц хуынды кæфтытæ?) уым алыхуызон æхсæнадон куыстытæм... Фæлæ! Йæ алы дзырд дæр цалдæр хатты кæмæн кастæн, нæдæр уыцы газет, мæ сæр разилыны онг кæуыл фæкусын, нæдæр уыцы ныв кæныны хъуыддаг, нæдæр алыхуызон хорз хъуыддæгты тыххæй арæзт хъазтизæртæ, ахуырадон æмæ артистты кусæндæттæ æмæ æмбырдтæ, нæдæр нозт æмæ хæрд – ницæй бон уыди мæнæй дæ диссаджы сурæт баауон кæнын.

Фæстæмæ та мыл æрхæндæг бахæцыди. Хатгай-иу афтæ дæр ахъуыды кодтон, цæй æмæ мæхи фыдæнæн ракурон кæйфæнды дæр, фыццагдæр кæуыл амбæлон, уыцы Аграфенæ кæнæ Матренæйы... Æмæ афтæмæй, бынтон ницæйаг, гуыбын æмæ рагъы мæты цард кæнгæйæ, демæ ног фембæлды адджын бæллицтæн сæ хурхыл бахæцон... Мæ амондæн, уыцы низы катайтæ кæддæриддæр уыдысты хæрз цыбыр, цæсты фæныкъуылдау, æмæ æз сæ ныхмæ карз тох кодтон кæддæриддæр. «Айс мæ дæ зæрдæмæ», – стыр фæсмон кæнгæйæ, дзырдтон «мæ адджын хъуыдыты уарзон хæлармæ». «Æмæ уыцы ницæйаг царды амондыл хъуыды, баууæнд, амæлдзæн тæккæ абон». Æмæ æцæгдæр, уыцы хъуыды-иу алы хатт дæр амарди, æз та-иу ноджы тыхджындæр мæ зæрдæ дарын байдыдтон мæ бæллиццаг хъуыдыйыл, морфийыл ахуыр адæймаг уыцы хъылмайыл куыд фæдары йæ зæрдæ, афтæ.

«Ды афтæ ма банхъæл, нæ хæхтæ ферох кодтон», – ног та сирвæзти мæ артау судзгæ риуæй. Æмæ ды, куыд мæм кæсы, афтæмæй тынг хорз бамбæрстай, уыцы æмдзæвгæ кæй тыххæй фыст уыди, уый. Чысыл фæстæдæр æз базыдтон, чындз кæй дæ, уый. Уый тыххæй æз ныффыстон цалдæр æмдзæвгæйы, алыхуызон æмдзæвгæтæ, тынг æнкъард æмæ суанг мæстджынæй фыст æмдзæвгæтæ дæр... Уыдоны кой нæ кæндзынæн, æр-

мæст дзы дыууæ æмдзæвгæйы тыххæй зæгъдзынæн, – уыдон иучысыл сабырдæр уагыл фыст сты – «Айнæг» æмæ «Цæуыл кæнон фæсмон». Фарон уалдзæг æз ацыдтæн Петырбухмæ, кæд, зæгъын, мæ сагъæстæй иучысыл фæхицæн уаин. Дыууæ мæйы рацыд, афтæ фæстæмæ сыздæхтæн нoджы фыддæрæй, нoджы рынчындæрæй. Ахъаззаг рынчын фæдæн.

– Гъеныр-гъе, – загътон æз мæхи-нымæры, – хъысмæт мын æппынфæстаг йæхæдæг амоны, чи хъæуы, ахæм кæрон... 18 июлы, хъуыды дæр æй нæ кодтон, афтæмæй æрхуыссыдтæн мæ кусæн стъолыл æмæ бафынæй дæн хлороформæй. Райхъал дæн сынтæджы, бæстытæй, мæ уæлхъус лæуу-ыдысты, операци мын чи кодта, уыцы цыппар дохтыры æмæ хъæлдзæг ныхæстæ кодтой. Фервæзтæн, хъысмæт мын нæма саккаг кодта мæлæт.

Сынтæгæй стын мæ бон нæма уыд, афтæ мын, Дзæуджыхъæуæй чи 'рцыд, ахæм ирон лæг фехъусын кодта, æрыгон афицер Дз. хорзау кæй нал у, Кисловодскмæ йæм йæ хæстæджытæ кæй ацыдысты. Ноджы мын радзырдта йæ раздæры хабæрттæ дæр...

Тынг зын мын уыди уыцы хабар. Мæн фæндыд дæуæн де стыр зыны сахат дæ уæлхъус балæууын... Фæлæ мæ ныфс нæ бахастон дæуæн уый тыххæй фæсномыгæй зæгъын дæр... Дз. кæй нал ис, уый æз базыдтон Петырбухы рынчындоны, дыккаг операцийы фæстæ мæхи хъуыддаг дæр дыууæйыл куы уыдис, уæд. Цы гæнæн уыд! Ды уæд æдзухдæр мæ цæстыты раз лæууыдтæ æнæкæрон зæрдæрыстæй, стыр хъыгзæрдæйæ... Æз уæд нæ фæфæстиат уыдаин мæхи тæссаг цард дæр дæуæн иу дзæбæх ныхас зæгъыны сæраппонд раттыныл... Фæлæ мæ ныфс нæ бахастон... Стæй мын, æниу, ахæм бар дæр уыди?

Дæс мæйы дæргъы мæ ихсыд буар карз тох фæкодта мæлæты ныхмæ, саугуыстгæнджыты стыр рынчындоны зын бауырнæн æбуалгъ цаутæм 7 мæйы дæргъы алы сахат фæкастæн, æмæ мæ уыдæттæ тынг уæззау уавæрмæ æркодтой. Сæрд мæ искуы сабыр ран арвитын хъуыди, стæй ма мæ хъæдгоммæ дæр тынг биноныг зилын хъуыд... Амыдтой мын Хъырыммæ, Одессæмæ кæнæ Кисловодскмæ ацæуын. Мæхи тынгдæр фæндыд Кисловодскмæ дæумæ хæстæгдæр уæвыны тыххæй. Фæлæ мæ демæ сæмбæлыны хъуыды тæрсын кодта, æмæ уæд сфæнд кодтон сæрды бонтæ Дзæуджыхъæуы арвитын, Шредерстæм... Æмæ къуырцдзæвæны бахаудтæн! Мæ «сусæгдзинадæй» ницы рауад... Хæрхæмбæлд фæдæн демæ... Æрмæстдæр Хуыцау æмæ мæ зæрдæ зонынц, æз куыд тыххæй урæдтон, мæ риуы ацы фæстаг фондз мæйы бонæй-бон тынгдæр чи фæйлауæнтæ кодта, уыцы арты пиллон... Фæлæ йæ дæхæдæг куы зоныс,

уыцы хъуыддаг мæ къухы кæй не 'фтыд, уый. Æмæ та мæнæ дæ разы дæн – æдылыдзæф, тæригъæддаг, æнæбон...

Мæ бæллæх бынтон æндæр хуызы бæллæх у: æхсæнады мидæг æз ахæм бынаты дæн, æмæ мæ хъысмæт æндæр царддæгас æмæ æмбаргæ адæймаджы хъысмæтимæ сбæттын – уый «æрра ми» у. Мæ царды нысантæ, мæ домæнтæ æмæ мæ принциптæ афтæ æндæрхуызон сты, афтæ «æнæпрактикон æмæ æнахъинон», æмæ уыдон ныртæккæйы уавæрты хъомылгæндтæй искæмæн хъарын у «æнæхатыр ми», «фыдзæрдæ адæймаджы ми». Æмæ ма мæ уæд цы хъæуы? Мæхицæн æнцад цæуылнæ ныббадын, кæйдæрты фæзмынынил цы сбæндæн дæн?

– Омæ, æз уарзгæ куы кæнын, уарзгæ, дыууиссæдз мин æфсымæры бон дæр куыд нæу, уымæй тыхджындæр куы уарзын, – дзуапп фæдæттын æз, ныры цард кæй бындурыл арæзт цæуы, уыцы зондджындзинады фæрстытæн. – Æз уарзгæ кæнын, æмæ мæ уымæ гæсгæ фæнды, уымæ гæсгæ æз домын, цæмæй уыцы уарзон адæймаг æппынæдзух мемæ уа, алы сахат, алы минут йæ уындæй мæхи рæвдауон, йæ фæлмæн улæфтæй мæхи æфсадон, мæ царды алы уысм дæр ын æнæвгъауæй дæттон... афтæ мæ фæнды, æз домын... – Фæлæуу, фæлæуу! Дæ царды æппæт уыцы уысмтæ дæ уарзон адæймагæн цы ратдзысты йæ зæрдæйы улæфты бæсты? – Цы? Куыд цы?! Уарзондзинад, ме 'хсидгæ, æнæсивгæ уарзондзинад. – Уый фехъуыстам... æндæр ма, æндæр ма цы? – Нодджы ма æнæзæрдæхудт куыст, сыгъдæгзæрдæ тырнындзинæдтæ, ссæст æмæ æфхæрд кæстæр æфсымæрыл аудын, нодджыдæр ма нывкæнынад, музыкæ, поэзи... – Æмæ уæд сывæллæттæ та? Æгуыстдзинад, низ, мæгуырдзинад та? Ха-ха-ха!.. – О, уый дæр вæййы, фæлæ, æз цы адæймаджы уарзын, уый иннæты хуызæн нæу... Уый дæр цæры, æз цы хъуыдытæй цæрын, ахæм хъуыдытæй, йæ зæрдæйы рæвдауы ахæм принциптæ, тындзы ахæм идеалтæм... Мæгуырæй йын тас нæу, уымæн æмæ дыууæ рæстзæрдæ интеллигентæн кусæджы фæллой кæддæриддæр йæхицæн ссардзæн бынат æмæ, чи æмбæлы, ахæм мызд. Кæд нын Хуыцау сывæллæттæ балæвар кæна, уæд уыдоныл мæт кæнын суыдзæн не стырдæр цин, æмæ махæн кæддæриддæр нæ бон бауыдзæн уыдонæй фæллойуарзаг кусджытæ æмæ рæстзæрдæ граждантæ схъомыл кæнын. Иннæ æнæнхъæлæджы цаутæй та хызт никуы ничи вæййы. – О, ды афтæ хъуыды кæныс, фæлæ уый та? – Уый дæр афтæ. – Цæмæй йæ зоныс? Уырны дæ, æцæг афтæ у, уый? – Зонын æй! Уырны мæ! Æндæр æй æз афтæ бирæ уарзин? – Æцæг? Кæд æцæг афтæ у, уæд уæдæ уæ фæндаг гауызтыл цæуæд! – афтæ мын фæзæгъы мæ зонд...

Æмæ уæд мæ сæр разилы, æз скъоладзауы хуызæн цæттæ вæййын дæ къæхты раз æрхауынмæ æмæ дын сæ баты бын фæкæнынмæ... Æмæ мæ уыцы сахат куыд тынг фæуырны нæ амонд! Æз уæд мæ дыууæ къухы хуызæн бæлвырдæй фæуынын, æз æмæ ды кæй райгуырдыстæм æрмæстдæр кæрæдзи амондæн, æрмæстдæр ды мемæ, æз та æрмæстдæр демæ кæй сараздзыстæм, æппæт дунетæ дæр цæргæ-цæрæнбонты кæмæй æппæлынц, æппæт адæмтæ дæсгай мин азты дæргъы афтæ тынг кæмæ бæллынц, уыцы рæсугъд æмæ амондджын цард... Цы сты уыдон? Сæнттæ, зондиртæст адæймаджы сæнттæ цæгъдын æви æцæгдзинад, цард æмæ амонд чи дæтты, ахæм æцæгдзинад?

Цæй æмæ, мæ зынаргъ, алыг кæнæм уыцы хъуыддаг! Цæй æмæ райхалæм уыцы стыр æлхынцъ. Ды дæр мын афтæ раргом кæн де 'нкъарæнтæ, дæ хъуыдытæ æмæ дæ дызæрдыгдзинæдтæ.

Ард дын хæрын, дæ хъуыдытæ мын æргомæй куы зæгъай, уæд, цыфæнды зын бауромæн куы уой, уæддæр дæ бузныгæй уæлдай хъаст нæ ракæндзынæн... Бауæнд мыл, – æз мæхæдæг цы дæн, уый хорз зонын. Ницы мын бахай кодта хъысмæт, – нæдæр æрыгон кар, нæдæр кондуынд, нæдæр хъæздыгдзинад, нæдæр бæллиццаг карьерæ. Мæгуыр ирон кусæг лæг уæвгæйæ, æз ахæм къахдзæф акæнынмæ мæ ныфс æрмæстдæр уымæн хæссын, æмæ æз æнæкæрон бирæ уарзын дæу, – мæхи хуызæн мæгуыр, фæллойгæнæг ирон сылгоймаджы.

«Ныр æз дæу дæн»... Стæрхон мын кæн, æрмæст рагацау бæстон ахъуыды кæн æппæтыл дæр. Мемæ йæ хъысмæт сбæттæн ис æрмæстдæр ахæм адæймагæн, мæ хъуыдытыл, мæ тырнæнтыл æмæ мæ архайдыл кæронмæ разы чи уа, æмæ, уæлдайдæр та, кæмдæриддæр æмæ æппынæдзух дæу чи у, уыцы хивæнд Къостайы риуы цы æнæкæрон бирæ уарзондзинад ис, уымæн йæ иу фондзыссæдзæймаг хай уæддæр кæмæ уа.

*1898 азы 6 декабрь*

Ныронг ацы «доклады гæххæтт» бадæттынмæ мæ ныфс нæ хастон. Абон ын, цыфæнды куы уа, уæддæр æнæ ратгæ нæй. Цалынмæ æз ам дæн, уæдмæ дзуапп раттын дæ къухы куы нæ бафта, кæнæ дæ куы нæ фæнда, уæд дæм писмомæ æнхъæлмæ кæсдзынæн 20 декабры онг Стъараполы, «Северный Кавказ»-ы редакцимæ.

*1898 азы 9 декабрь*

*Фыстæджытæ сты уырыссаг æвзагæй тæлмацгонд*

*БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо*

# ОЛЬГÆ КАЗБЕГИМÆ

Мæ уарзон Ольгæ!

Ацы хатт дæм иронау фыссын. Адæмы мæгуыр æмæ зындзинæдты коймæ кæй нæ фæмæсты дæ, æрмæст дæм гъе уый тыххæй ныффыс-тон уайдзæфтæ. Ды цæйдæр æндæр хъуыддаджы тыххæй æнхъæл дæ, æмæ мæ мард фен, куы йæ бамбæхсай мæнæй. Мæ цард дæ цардимæ цæйты тыххæй иу кæнын, уый мæхи хъуыддаг у, ды рæдигæ ма кæн, кæннод дын «уæфсджын дзабыртæй дæ рæсугъд былтæ фæнæмдзынæн»! Æцæг, æцæг, арфдæр-иу хъуыды кæн, фысгæйæ. Цавæр «проклятæй» Иванов ис Петырбухы, цы та нæ «ед» кæны, куы ницы йæ «ед» кæнæм. Тæрсгæ ма кæн, дæ зæрдæ дæр æгомыг рыст ма кæнæд. Мемæ цæргæйæ, ахæм мæттæ куы кæнай, уæд дыууæ бонваг не суыдзынæ.

Ам ницы хабар ис. «Хазби»-йы хъуыддаг кæнæ ацæудзæн, кæнæ нæ. «Спичытæ» мæ алыварс базмæлыдысты. Полицæ мын базонын кодтой, ам дæр мын цæрæн нæй, æмæ сфæнд кодтон мæймæ тæхын, фæлæ тæрсын, æрæгæй ардæм уымæн дæр йе 'ууæлтæ хорз нал сты. Столыпин, зæгъы, Кованькойы уырдæм æрвиты. Гъемæ дзы «военное положение» æвæрдзысты. Цы бон мыл ис, сагъæссаг – мæ сæр.

Иубон ам, Шамилы бæрæгбоны, манифестаци уыд æмæ мæ цурты ацыд, æз рудзынгæй кастæн. Худæгæй дæр амардтæн æмæ мæстæй дæр. Дыууæ зæронд хебройы æмæ æрдæг с. р. н. хастой хоругвæтæ, иннæр-дыгæй æртæ зокъойы, ус-зокъотæ, хастой нывтæ. Фондз геморройджын чиновничы – сæ фæстæ, сæ фæстæ – салдæттæ æд музыкæ, æмæ-иу куы ныкъкъуыззитт кодтой: «Коль славен», зæгъгæ. Скуыызтон: о Уастыр-джи, бæрзæйсаст, зæгъгæ! Ме 'лгъыст æрцыд. Денджызы былыл парад уыд, æмæ иу афицер æд бæх фæкалд æмæ йæ, мæгуыр, æгас полчы бæхтæ æрмур кодтой. Амард, рухсаг уæд. Дæ хорзæхæй, æмæ дæ кæд æвдæлы, уæд базон, университеты юрид. факультетмæ мæ гæххæттытæ арвыстон, æмæ цы фесты? Августы фыццаг бонты уыдысты æрвыст. Череков йе Хадарцов æппын дæ цæсты кæрон никуы ауадысты? Куы фенай сæ искæй, уæд афæрс: мæ уырыссаг «Хазби» цы фæци?

Дæ хорзæхæй, Тамарæйæн йæ фындз цæппузыры хуызæн, дынджыр писмо йæм куы арвыстон Армавирмæ, цæуылнæ мæм ныффыссы дынджыр дзуапп? «Тæтæрхъан æнхъæл мын у?» Хуы-




цауыстæн, ма кæнæд. Питер ма смаг кæны æви нæ? Мæ хозяйкæйæн мын салам зæгъут.

Цы ма дæм афыссон: «уарзондзинад мын мæ риу судзы, уый? Æмæ мæ цы фæхондзынæ?» Ма дæ уырнæд, мур дæр мын ницы судзы мæ риу. Афтæ «мæ дзыхы цы 'рбабады, уый сдзурын адæргæйæ».

Цæгъдут дæргъæццон фæндырæй, и? Къино æрцыд æви нæ, Митъо дæр? Пъауле, фыссыс: «куы нæ 'рцæуай Петырбухмæ, уæд мæ амардтай». Æмæ амал куы нæ уа, уæд та? Иугæр дыл иу ахæм бæллæх куы 'рцæуа, уæд æнæцæугæ нæй! Ужель беда нагрянет и нас с тобою разлучит (2 раза).

Аникомæ фæфыссын а дыууæ боны дынджыр дæргъæццон писмо. Тамарæйæн йæ цæст æрфыджы бынæй, сау хъæлæрдзы сыфтæры бынæй куы кæса, уый каст цы кæны!

Уе 'ппæтæн дæр хъæбыс кæнынæй чи нал фæразы, уыцы Хазби.

*28 август, 1909 аз*

***

Ягода души моей, ларчик сердца моего (Мæ уды лæууæн)!

Цæмæн, цæмæн? Ирон уæвгæйæ, чиныг уырыссагау цæмæн фыссын? Æви мæ уарзондзинады фаг ирон æвзаджы дзырдтæ нæй?

Æви ме 'взаг зæгъинæгты нæ кæрды? Цæмæй хъуаг дæн? Æххæст – алцæмæй дæр.

Прангаг хæтæл йе 'ргъæвд сампалимæ цæттæдæр нæу мæнæй! Æз – рæвдз, ифтонг: æхтæнгтæ – æлвæст, згъæллаггом – дзыхы, къах – æгъдæнцойы! Мæ сагъæс, мæ катай – ды.

Дæ хид акæлдзæн, иронау кæсгæйæ. Бафыдæбон кæн (вспотей). Иронау зонын хъæуы, дæу уæлдай дæр. Уырыссагау, дæлæмæдæр милый, уæлæмæ дæр дорогой. Уый æмæ иронау: мæ уды гага, мæ зæрдæдарæн, мæ хур, мæ цæсты гагуы. Чи у мæ дуне? Мæ уд кæуыл лæууы? Дуне мын талынг æнæ кæй у? Дзаг кæмæй дæн, урс уæрыкк дын уон!

Утæппæт фарстытæн мын – дзуапп! Арæх дæ кæй ис хабар, уый хорз, фæлæ арæхдæр куы уаид, уæд хуыздæр уаид! Дæуæй хабар мæн хъæуы алы сахат, алы минут... Дæуæй улæфын, дæуæй дзаг дæн, ды мæ куы нæ уай, уæд сæфгæ кæнын!

Абон, ныртæккæ райстон дæ чиныг æмæ тæвдæй дзуапп дæттын.

Мæ уарзон, мæ дуне! Афтæ нæ зæгъыс: «Нæ, мæ зæрдæйæн ницы у, ма тæрс». Буцтæ мын нæ кæныс, кæй тæрсын, уый тыххæй?

Порок дын у, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæй, тæрсгæ дæр дзы нæ кæнын. Мæн фæнды де 'нæниздзинад, бæллын, ды мын куы сæрттивис хæххон дидинæгау, сычъийау хъал æмæ æнæнизæй хæрзконд куы уаис, хæххон суадонæй рæсугъддæр, сыгъдæгдæр, – дæумæ бакæсгæйæ, мæ фæллад уд хъал куыд кæна, зæрдæ, уарзонæй дзаг зæрдæ, бухъ куыд уа!

Уыдæттæ мæ фæнды. Ды та – порок... Хæрæг куы у порок, йæ кой дæр ма кæн! Дæуыстæн (зоныс, цас сомы у уый?), нæ дзы тæрсын! Æхсызгон мын у, дæ писмотæ бæлвырддæр кæй сты, уый. Афтæ мæм кæсы, æмæ цыма дæ хæйрæджы схъиудтытæй чысыл æрæнцадтæ. Æмæ мын æхсызгон у уый, цин кæнын. Мæнæй зæгъыс, æнкъард дæ, зæгъгæ, æмæ нæ дæн, æрра хъæлдзæг рагæй нал дæн, фæлæ æнæуый дзæбæх дæн. Цæрын амондимæ! Дæ фыд адæмæн зæхх кæй байуæрста, уый хорз у. Бузныг дзы дæн, рухсаг уæд. «Дядя Пидо» йе «дядя Георгийы» чызг кæй нæ дæ, уый мын иттæг æхсызгон у. Дæ фыды хабæрттæ бæлвырд куы базонай æмæ мын сæ арæхдæр куы дзурай, уæд мын æхсызгон уыдзæн. Зон, йæ сурæт мæ фыды хуызæн у! Дæуæн дæ буары фыд у, фæлæ мæнæн та мæ зонды фыдæлтæй у дæ фыд, æмæ рухсаг уæд. Баныхас ма кæндзыстæм уый тыххæй.

Фæлæ мыл иу бæллæх сæмбæлд, мæ зæрдыл нал лæууы дæ цæсгомы хуыз худгæйæ. Дæуæй мæ хуыз куыд ферох, уый ма хъуыды кæныс? Бæллæх у, фæлæ ныр рæхджы фендзыстæм. Æз дæм Любанмæ дæ размæ ацæудзынæн æмæ уым фендзыстæм. Фæлæ уал ныр дæхи æнцад æруадз. Фысс уымы хабæрттæ: чи цал дзæбидыры амардта, чи цал балеры æрцахста.

Раст зæгъыс, тынг мæ фæнды де 'мбуар, афтæмæй Чырыстийы цъупмæ кæсын. Куыд рæсугъд уыдзæн ныр, уый мæ цæстытыл уайы. Фæлæ мын æгайтма ды уым дæ. Мæстæй амардаин, æппын æнæ хай куы уыдаин ацы аз хæхтæй, уæд. Фæлæ мын ныр ды уым дæ, æз дæуæй дзаг кæм дæн, уым мын дзы хай ис.

Куы 'рцæуай, уæд Любаны æнæ хъæбыс кæнгæ нæй. Мæхинымæры афтæ æрхъуыды кодтон: куыддæр фенæм, афтæ дæ æз мæ накидкæйы æрбатухдзынæн, æмæ хъарм хъæбыс арвы цæхæрау нæ дыууæйы дæр басудздзæн.

Нинæйæн хъæбыс, дынджыр хъарм хъæбыс!

П. С. Ацы иннæ писмо арвит мæ хомæ. Адрис: Г. Владикавказ, угол Надтеречной и Ольгинской, ул. маг. Братьев Солтамовых, передать Баппу Гр.

Уыцы писмойы æз фæстæмæ дæуæй дзуапп куыд райсон, афтæ. Ома уыдон рарвитдзысты Сæнамæ, дæумæ, йе дæ кæд нæ фæнды, уæд Ник. Дм., кæд уым ис, уæд. Цы фесты, уый базонын мæ фæнды тынг.

Хæрзбон уал! Ам ныридæгæн уазал у, хур кæсгæ кæны, фæлæ.

*7 июль, 1910 аз*

*БИДЖЕЛТЫ Симæ*

# ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Не ‘взаджы хъысмæты охыл æмбырдтæ куы нæма арæзтой, дзургæ дæр ыл сыгъдæг иронау уæд кодтой.

* * *

Стæм адæймаджы бон бавæййы зæгъын «Нæ!», й‘ алыварс иууылдæр æмхуызонæй куы фæхъæр кæнынц «О!», зæгъгæ, уæд.

* * *

Ныхасæй басæттæн кæмæн нæй, уыцы адæймаджы тæрныхыл дамбацайы нæмыг дæр фæцъула уыдзæн.

* * *

Дæ сафæг дæм йæхи февдисы дæ удылхæцæгæй.

* * *

Рухс фидæны сæраппонд рæстаг сырх туджы фурдтæ фæивылд…

* * *

Дæхæдæг дæхиуыл куы худай, уæд уый бирæты зæрдæмæ нæ цæуы: хъуамæ дыл уыдон худой!

* * *

Хатгай, нæ сæр цæуыл разилы, йæ агургæйæ, уый разыны нæ тæккæ фындзы бын.

* * *

Къуырттон каркæн йæ æйчытæй залиаг кæлмытæ куы рабырой, уæддæр сæ хондзæн йæ дуду дзибатæ!

* * *

Алы куыст дæр домы сæрмагонд, æмбæлгæ хуызы бавнæлд: хъазы каркау нæ ныттондзынæ!

* * *

Зæххон цард афтæ цыбыр у, æмæ хъæздыг нæ бафсæды йæ бирæ хæзнатыл цин кæнынæй... Мæгуыр та фынтæй йæхи хъал кæнынæй.

* * *

Искæмæ хæлæгæй цæсты фиутæ куы фæтайынц, уæд зæрдæ та сау æвзалы свæййы.

* * *

Сæрæй дуæрттæ чи гом кæны, уый хонæгæй цы кæны?!.

* * *

Кæйдæр къухы хъама дæу æхсарджынкæнæг нæу.

* * *

Къодах сæрыл æндон фæрæт асаст…

* * *

Кæд, знон куыд уыд æмæ цы цыд, уый дæ зæрдæмæ нæ цæуы, уæд дæ дыстæ бафæлдах æмæ бацархай дæ абоны зæрдæмæдзæугæ фæлгонцтыл.

* * *

Адæймаг уарзы, йæ бон цæуыл нæ цæуы, ахæм бæрзонд хъуыддæгтыл дзурын... Æрвылбон йæ бон цы у фæхуызæр кæнын, уый рæзты та, æнæуынгæйæ, ацæуы.

* * *

Кæйдæр уæхскыл уæззау голлаг – рог хордзен...

* * *

Раст чи фæдзуры, уый йæхæдæг зылынæй баззайы.

* * *

Нæ цæстытæй комкоммæ цы фæуынæм, ууыл дæр нæ феууæндæм, рæстдзинадæй куы фæтæрсæм, уæд.

* * *

Хуыцау дæ бахизæд, æмæ мæлдзыджы æнæуынон дæр суай... Хъазыбеджы хох дыл рафæлдæхт гъеуæд!..

* * *

Зæрдæйы хъæдгом – цæсгомыл æргом бæрæг.

* * *

Уарзондзинадæй дзаг æмæ рæвдыд зæрдæ – Хуыцауæн адджын хæстæг!

* * *

Хъызт зæрдæйы тауинаг тыллæг нæ дæты...

* * *

Зæрдæйы судзгæ цæссыгтæй айнæг дур дæр тайы...

* * *

Дæ хъизæмæрттæ сæ бæрцæй ноджы бæрцджындæр ма кæн искæмæн дæ хъæстытæй.

* * *

Нæ зæрдæ нын былдзарæй чи скъахы, уый дзы, куыд арфдæр ис, афтæ арфæйагæй æвæрд æрцæуы!

*БИДЖЕЛТЫ Симæ*

ЭТЮДТÆ

# МÆРГЪТÆ ТÆХЫНЦ ХУССАРМÆ...

Фæззæг... Нырма хъарм, нырма сызгъæрин... Нырма райсомтæ – рухс, бонтæ – бæллицмондаг!.. Нырма...

Мæ зæрдæ та бур, фæстаг сыфтæрау æнкъард кæны сæрды – амонд-джын сæрды – лæвæрттыл...

Аргъауы диссаджы рæсугъд сæрд!.. Мæ зæрдæйы дæ хæсдзынæн зынаргъ, уарзон сабийы фæлгонцау! Мæ уды баззайдзынæ уæларвон зарæджы зæлтау!..

Цæмæн дын æрцыд кæрон?.. Æз нæма бафсæстæн дæ рæвдыд, дæ цинтæй... Нæма мæ фæнды дæуæн фæндараст зæгъын: куыд хъуамæ ферох кæнон уыцы дидинджыты фæз!.. Сæрибар арвы бын булæмæр-гъы зардмæ йæхи Хурмæ чи ивæзта, уыцы дидинджыты фæз!..

Ныр та... Фæззæг... Цъиутæ тæхынц хуссармæ... Уыдон дæр мæнау агурынц сæрды хъарм... Сæрды уарзт.

Уыдон дæр мæнау мысынц йе ‘нæкæрон буц лæвæрттæ æмæ тæхынц æнæнцой сæ зонгæ дзæнæт бынæттæм.

Базырджынтæ!.. Сæрибар мæргътæ!.. Æз та хуымæтæг зæххон адæймаг, йæ уацайраг... Ахæссут мæн дæр уæ тыхджын базыртыл!..

# ФÆСМОН

Сæрдыгон изæр… Æнкъард, æрхæндæг зæрдæты ахасты фæлм йæхи хæлуарæджы тынтау æрцауыгъта хæдзары къуымты…Нæй йын асурæн... Риу судзы цыдæр æнахуыр рыстæй...

Дæ хуызист... Мæ бакомкоммæ... Æз дæм кæсын, мæ зынаргъ... Мæ уды цæджындз…

Фæллад цæстæнгас… Арф хъуыдытæй æнцъылд, бæрзонд ных... Сау-сауид сæрыхъуынтыл – зымæджы хъæлæс... Æз дæ ахæмæй ба-зыдтон...

Цал азы дыл цæуы ацы хуызисты? Дыууиссæдз?.. Къаддæр?.. Нæу мæ бон уый раиртасын... Нæу мæ бон бахизын дæ кары къæсæрыл... Не ‘хсæн – тæссаг, мæнгæфсон хид: мæ ныфс нæ хæссын ууыл цæуын. Ды зыдтай цард... Мæнгарддзинады масты тад... Гадзрахаты згæ хъамайы

цæф... Уымæн сты дæ цæстытæ тарвæд фæззыгон арвау.

Кæм дæ афонмæ?.. Æз дæ мысын, куыд фæмысы цагъайраг сæрибар Дуне!.. Æз дæ мысын, мæ зæрдæйы цæрыс... Рисгæ... Заргæ...

Æз дæ уарзын!.. Нæ алы фембæлд цыкурайы фæрдгуытау баф-тыдтон мæ хъуыдыйы сызгъæрин æндахыл æмæ сæ, иугай халгæйæ, фехъусын дæ кæддæры алы ныхас... Дæ кæддæры фæлмæн мидбылхудт ногæй срухс кæны хурау ме 'нкъард, хъызт уазал хæдзар…

Ды ацыдтæ... Дард... Æз дæ нæ урæдтон... Цæмæн?.. Æнхъæлдтон, ацы хатт дæр ныббыхсдзынæ ме 'рыгон тентекк, æнæрхъуыды митæн...

Кæм дæ, нæ зонын, фæлæ мæм афтæ фæкæсы хатгай, цыма ды дæр мæнау мысыс нæ кæддæры фембæлдтыты адджын бынæттæ... Мæнау дæ цæстыхаутыл  æрттивынц зæрдæрæхуысты цæссыгтæ...

Цы фæллад цæстæнгас у!.. Куыд нæ уыдтон раздæр, мæ цуры куы уыдтæ, уæд се 'нæкæрон цардвæллад?.. Куыд не 'нкъардтон сывæл-лонау дæ сонт уды рыст?

Мæн хъуыд æрмæстдæр уæнгрог цин!.. Домдтон дæ æппынæдзух уарзты сырхзынг æхсидав ныхæстæ... Мæн хъуыд æнæнтыст уалдзæг!.. Нæ мæм хъуыст дæ уды саумарой хъарæг, дæ зæрдæйы дудгæ рис – нæ мæ хъуыдысты.

Ныр бамбæрстон: уæд уарзтон æрмæстдæр мæхи! Буц кодтон мæ саби уд. Уæд, кæддæр, хъуыды кодтон айдагъ мæхиуыл.

...Дæу бауарзтон, куыддæр фæхицæн стæм, афтæ! Фæсмон кæнын... Фæлæ...

Фæлæ асаст кæрдзын. Мæгуыр сидзæр уд ма туглæсæнтæ кæны...

Æрмæст та Хур, цыма ницы 'рцыд ахæмæй, худгæбылæй скаст рæдыдхъуаг дунейыл.

# ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

# СЫЛГОЙМАГ – ДУНЕЙЫ РУХС

Ирæттæ нæ бацауæрстой сæхиуыл, сылгоймаджы тыххæй æмби-сæндтæ æмæ алы дзырдбæстытæ хъуыды кæнгæйæ: афтæ бирæ сты.

Æз дзы «Ирон æмбисæндты» чиныгæй иу ахадгæ къорд февзæрстон – сæ иуты дзы абон дæр ма арæх фæдзурæм, бахъуаджы сахат сæ спайда кæнæм кæм раппæлыны, рæвдыды охыл, кæм та кæйдæр фелхыскъ кæныны нысанимæ.

Æппæтæй табуйагдæр нын чи у, уымæй райдайæм – ныййарæг мадæй:

*Мады 'хсыр хæлар у.*

Хæлар дын уæд дæ мады 'хсырау, зæгъгæ, мæнгæн нæ бакæнынц. (Æз та не 'взаг мады 'хсыры хъацæнтæй хъулонхайджын схонын, йæ хъысмæтыл дзургæйæ, ома, йæхи йыл чи атигъ кодта йæ мадæлон-фыдæлон æвзагыл, уыдоны зонд уыйау уайы, цыма сæ ныййарæджы риуыл нал æрвæссынц, йе 'хсыр стуаг, зæгъгæ...)

*Мады арм мæрдты 'рдыгæй дæр ауды.*

*Мад зæйцыл мæлæг у.* (Зæйц амоны цот, байзæддæгтæ.)

*Мады къухæйдзаг лæг адджынæн хæры.*

*Мад зæнæгæн – ифтыгъд гал.*

*Мады 'лгъыст хъæбулæн цин у, искæй æлгъыст та – рын.*

*Мады зæрдæ тæнæг (тæрсаг) у.*

*Мады зæрдæ зонаг у.*

*Мады зæрдæ дур халы.*

*Йæ мады фыдсыл ничи хоны (диттой дæр).*

Ам цалдæр рагон таурæгъы мæ зæрдыл æрбалæууыдысты…

Кæддæрты, уартæ уирæгты паддзах Соломоны рæстæг, дыууæ сылгоймаджы иу сабийыл стох сты, алчидæр æй йæхи хуыдта.

Сæ хыл-быцæу Соломонмæ бахастой. Уый сын афтæ:

– Йæ гуккытыл ын фæйнæрдыгæй æрхæцут, æмæ йæ йæхирдæм фыццагдæр чи аиваза, уый уыдзæн.

Йе 'цæг мад уайтагъддæр феуæгъд кодта сабийы цонг, иннæ йæ тыхивæзт куыд кодта, афтæ. Соломон загъта:

– Арвау сбæрæг, кæй хъæбул уæ у, уый!

...Цард æмæ, дам, уыд дыууæ хæрз хойы. Дыууæ дæр моймæдзыд уыдысты, фæлæ дзы сæ иуæн цалдæр хъæбулы рантыст дунемæ, иннæмæн та Хуыцау нæ загъта, ныййарæджы амонд бавзара, уый. Цотджын ын йе 'нахъом лæппуйы радта.

Иуахæмы сæм, æдзот хойы бинонтæм, иннæ хо уазæгуаты сæмбæлд. Йæ хъæбулыл баузæлыд, уæдæ цы. Куы аивгъуыдта, уæд лæппу зæгъы йе схæссæг мадæн:

– Уыцы усæн цы фæлмæн къухтæ ис!..

Мæ фыдымад Хъæстион Хъызмыдæ афтæ дзураг уыд:

*– Мад дзургæйæ, мидæмæ улæфæм, фыд дзургæйæ та – æддæрдæм.*

Гъемæ, иугæр фыдымады кой кæм рауад, уым æрхæссон ацы æмбисонд – бирæтæн нæ уæлдай адджын:

*Фыдымад – хи мадæй зынаргъдæр.*

*Мады мардæй – æцæг сидзæр, фыдæй сидзæр – æрдæг сидзæр.*

*Йæ мады фæллой чи бафыста, ахæм нæма райгуырд.* (О, о: денджызы дон дæр, дам, уый фаг нæу. Стæй, дам, дæ мадæн дæ армытъæпæны хъайла куы скæнай, уæддæр йæ разы хæсджынæй баззайдзынæ…)

Ныр та, рагæй дæр мæ дисы цы ныхæстæ 'фтауынц, нывыл тæлмац скæнын дæр чи нæ комы уырыссаг æвзагмæ, уыдон æрхæссон:

*Мады уазал æмæ фыды хæрамæй цардысты.*

Цымæ ма уымæй æлгъыстагдæр цард ис цотæн!..

Куы йыл басæттон æргом, уæд мæнæ ацы зонды хатдзæг та суанг мæхæдæг дæр кæронмæ дзæбæх не 'мбарын, ирдæй йæ нæ ахсын, цæстылуайгæйæ:

*Фыдæбойнаг! Йæ мад, йæ фыдæн уызыны хуымы цырты хай агурдзæн, æрхуы тæбæгъты сæ 'вæрдзæн.*

Хорз уаид, исчи нæм куы ныффыссид, æмбисонды бындуры цы хъуыды-уавæр æвæрд ис, уый тыххæй…

О Хуыцау! Чызгмæ дзы уыйас ныхæстæ 'рхаудта не 'мбисæндты, ноджы – фæйнæхуызоны, æмæ сын ныккæнæн дæр нæй – ирон фыдæлтыккон философи сæ алырдæмты 'нхъæвзы раст!

*Хурау худгæ чи кæны, стъалыйау – æрттивгæ.*

*Хъуытаз – хъæлæс, мырмыраг – дзых.*

*Донæй зарагдæр.*

*Бæстæ æмæ доны аргъ чызг.*

*Абадгæ чызджы фæндыры цагъд хъарæг у.*

О, фæлæ, дам, *абадгæ чызгмæ дæр фарн кæсы.*

Цæмæ нæ фæцарæхстысты нæ цардвæлтæрд фыдæлтæ, цæмæ! Ноджы ма аивадон ахоронтæй дæр се 'мбисæндтæ сфæлгонц кæнынмæ, метафорæтæм дæр. Зæгъæм:

*Æвзæр чызг – лæмаринаг сынкъ у.*

Мæнæ ай та замманай уынаффæ амондагурæг лæппутæн:

*Ус куы курай, уæд æй йæ мадæй бафæрс!*

Æмæ чызджытæн та сæ риуы фæйнæгыл арф къахтæй зæрдыл дарынаг:

*Чызджы йæ фидис йæ ингæны дæр нæ уадзы.*

Алы лæгъстæты, уарзон ныхæсты фæстæ-иу чызг куы сразы лæппуйы хæдзары къулæнцой чындзы номимæ 'рлæууыныл, уæд-иу кæддæр – ирон æгъдауæн йæ тæккæ тыхы заманты! – куыд хорз басаст:

*Хуыцау мæ дæуæн загъта.*

Гъемæ-иу ахæм амондджын фæндагыл фембæлджытæн нæ хуыздæр арфæ фыдæлты дзыхæй:

*Æмзай, æмзæронд баут!*

*Уæ буарыхъæд кæрæдзийæн адджынæй!*

Иумæйагæй, сылгоймаджы тыххæй дæр нæм ахъаззаг нывæфтыд дзырдбæстытæ 'рхæццæ ивгъуыды фæлварæн дугтæй абонмæ – хъус сæм лæмбынæгæй дарын æмбæлы, æвæсмон цæмæй уæм, уый охыл:

*Алцыдæр сылгоймагыл баст у.* (Шерше ля фам, ома?)

*Сылгоймагæй æфсæрмы хъæуы.*

*Сылгоймаджы амонд – æфсарм æмæ хæрзæгъдау.*

*Сылгоймаг Сатана дæр уыд, фæлæ Нарт йæ зондæй цардысты.*

*Бæсты фидауц – сылгоймаг.*

Фæлæ, дам, иннæрдыгæй та:

*Сылгоймаджы Хуыцау хæйрæгæн сфæлдыста.*

*Усы хорзæй лæджы 'взæр хуыздæр у.* (Диссæгтæ æмæ царциатæ!)

Мæнæ ай та цы æбуалгъы тугдæппалгæнæн æлхыскъ у хиуарзон лæгæн сылгоймаджы:

*Усæн, цом Хуыцаумæ, зæгъгæ, куы зæгъай, уæд дæ, фæндаг кæуылты у, уымæй дæр нæ бафæрсдзæн.*

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр цард йæхионтæ кæны:

*Сылгоймаг лæджы хъаруйыл æфтауы, сылгоймаг лæджы хъару сафы.*

Æппæт дæр зондфæрсудзæн фæстагмæ нæхицæй, ома нæлгоймæгтæй, аразгæ у, мæнæ-иу ахæмтæ куы нæ уаиккам, уæд:

*Хойы зæрдæ – æфсымæрмæ, æфсымæры зæрдæ – хъæдмæ.*

Сылгоймæгты цытджын бæрæгбон у æмæ нæ йæ хорзæх уæд, не 'ппæты дæр мæнæ ацы уавæр æййафæд:

*Бинонтæ кæрæдзи куы уарзой, уæд сæ бæркад бирæ у, уæд сæ Хуыцау дæр уарзы.*

**Егар**

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

# ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН
(10.11.1948)

*Хъазиты Резойы фырт Мелитон райгуырд 1948 азы 10 ноябры Хуссар Ирыстоны Ногхъæуы.*

*Цалдæр хъæуы скъолаты ахуыргæнгæйæ, астæуккаг ахуырады фæстæ бацыд Хуссар Ирыстоны педагогон институты филологон факультеты ирон-фæсарæйнаг æвзæгты хайадмæ.*

*Уæлдæр скъолайы диплом куы райста, уæдæй фæстæмæ кусы алы бæрнон бынæтты: чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы хистæр редактор, культурæ æмæ дзыллон мыхуырон мадзæлтты Комитеты сæрдар, Парламенты сæрдары хæдивæг, Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар…*

*Мелитоны курдиат у бирæвæрсыг, къабазджын: поэт, драматург, публицист, тæлмацгæнæг. Ноджы ма у ахуыргонд литературæиртасæг, фольклорист, университеты доцент.*

*Йæ хæрзæрыгон бонтæй фæстæмæ хъазуатон фæллой кæны литературæйы. Мелитонæн цы чингуытæ рацыд мыхуыры, уыдоны нымæц 40-æй фылдæр. Йæ уацмыстæй къорд тæлмацгонд сты уырыссаг æмæ фæсарæйнаг æвзæгтæм.*

*Фæстаг рæстæг йе 'нæниздзинад фæцудыдта, гъемæ, чи йæ уарзы, уыцы адæмы фæндиаг уæд. Уыдонимæ мах дæр стæм…*

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

## НОМХЫГЪДТÆ
*Радзырд*

Пиран зыдта, адæймаг рохгæнаг у. Уæлдайдæр – ирон адæймаг. Цæргæ-цæрæнбонты йын йæ дзыхмæ къæбæр дар, йæ цæстмæ – 'хсидав, стæй йæм дæ мидбылты парахатæй нæ, гæзæмæ бахуд, – æмæ йæ Хуыцауы хай фестдзынæ.

Æз дæр дзурын… Цæмæннæ йæ хъуамæ зыдтаид, сывæллон куынæуал уыд, мыййаг? Цæрдтæй мæрдтæм кæд феввахсдæр, уый

йæхи зæрдыл дæр рæстмæ нал лæууы. Сывæллон ссæдзæм азты уыд.

Уæд дæр нæм ныббырстой нæ фыдбоны сыхæгтæ. Уæд дæр нæ хъавыдысты бындзагъд ныккæнынмæ. Уæд дæр ныл уыдон æфтыдтой зынг. Сау сыгъдæй нæ сыгътой чъырын арты. Саби æмæ зæронд не 'взæрстой. Сылгоймаг æмæ сын нæлгоймагæй уæлдай нæ уыдис. Кæмæн нæ куыд йæ бон уыд, афтæ Ирыстоны цæгат хаймæ лыгъдыстæм, нæ тугвæд уадзгæ.

Пиран алцы дæр уыдта йæхи цæстæй. Зæрдæйы хъустæ кæмæн ис, уымæн амонын нæ хъæуы, йе 'рвад чи у, йе знаг – чи. Йæ фондз æнгуылдзау алцы дæр хорз зыдта æмæ хъуыды кодта.

Лыгъды рæстæджы йæ мад тифæй куы фæрынчын… Куы йæ баныгæдтой, уæд ныххауд йæ цуры æмæ йын йæ гыццыл сæр сæвæрдта йæ ингæны хъарм сыджытыл. Фæндыдис æй…

Уæдмæ тынг тарст мæлынæй. Топпы гæрах-иу куы фæцыд, уæд-иу йæ гыццыл зæрдæ йæхи бахоста риуы къултыл. Фæлæ йæ ныр, йæ мад куынæуал уыд, уæд нал фæндыдис цæрын. Æрмæст йæ мады цур уыдаид… Уадз, мæрдтыбæсты дæр.

Немыцæгтимæ хæсты цы дудгæбæттæ 'взæрстам, зæхх нæ къæхты бын куыд сыгъдис æмæ куыд хъæрзыдта, æххуыс нæ куыд куырдта, уыдон дæр йæ алыварс тугкалæн быдырты цыдысты. Йæхи цæстытæй уыдта, йе 'мбæлттæй-иу нæмыг кæнæ бомбæйы схъис кæуыл сæмбæлд, уыдон ма-иу цыбыр рæстæджы хæрдмæ куыд хаудтой, куыд ма-иу араздыхс-баздыхс кодтой, стæй-иу куыд ныссабыр сты æнустæм. Зæххы цъарыл-иу сæ бынтондæр ницыуал æндæвта. Бирæтæм-иу дзы батæхуды кодта – ницыуал-иу зыдтой. Фервæзтысты-иу се 'ппæт тухитæй дæр. Йæ иунæг бæллиц ма-иу уыдис, фашисттæй йæ маст куы райсид æмæ афтæмæй куы ссарид йæ адзал.

Дæ-дæ-дæй, адæймагæн æнæазымæй чи смаст кæны, уыдон-иу æй раздæр сæхи сæртыл куы бавзариккой! Кæй никуы федтай, йæ ном дæр кæмæн никуы фехъуыстай, уымæ топпы кæсæны куыд кæсыс? Цы дын ракодта? Карды фындзыл æй кæдæм исыс, хорзæй дын мацы раттæуа?! Стæй цал æмæ цал хатты?!.

Нæй, нæй, нæй! Нæхицæй лæгдæрты уынын нæ кæй нæ фæфæнды, нæхицæй хуыздæр кæй никæй фенхъæлæм, хи стауынæй бынсæфт уымæн фæкæнæм: афтæ стæм, уфтæ стæм... Стæй рацæй-рабон вæййы, æмæ æппæлæгæн, табу – уæ фарнæн, йæ тæф фæкæлы!

Æцæг афтæтæ æмæ уфтæтæ стæм. О, о, нæ хъуыды сæгъы дымæгау

цыбыр у, ӕндӕра уыдӕттӕн куыд ис рохгӕнӕн? Куыд сӕ ис ныббарӕн тъымы-тъыматӕм дӕр. Махмӕ та бахуд, ӕмӕ – дӕ хъуыддаг арӕзт. Цыма нын иу хатт нӕ сӕр куы ралыг кӕнай, уӕд та дыккаг хатт хилӕджы къӕдзилау ӕрзайдзӕнис ӕмӕ нын Хуыцау ног цард ратдзӕн.

Нӕ вӕййы, никуы вӕййы афтӕ. Ӕмӕ йӕ хъуамӕ иу хатт бамбарӕм. Махӕн, ирӕттӕн, арт ӕмӕ фӕнык нӕй. Ау, дӕ фӕскъӕбуты сыгъд дӕ фындз ма хъуамӕ ӕмбуда? Ӕви не стыр зӕрдӕйӕ, нӕ иу рус нын чи ныдздзӕхст кӕна, уымӕ иннӕ дӕр хъуамӕ бадарӕм ӕмӕ нӕ, йӕ фындз кӕмӕн мизы, уыдон дӕр дзӕхстытӕй ӕмӕ нӕ тугнуазынтӕй хъазой?

Пиранӕй бӕргӕ нӕ ферох сты уыцы Мидхӕсты дудгӕбӕттӕ дӕр, Фыдыбӕстӕйон Стыр хӕсты тугкалд дӕр ӕмӕ ноджы ӕндӕр бирӕ цыдӕртӕ дӕр, фӕлӕ сӕ кӕмӕн дзура? Чи дӕм хъусы? Чи дӕ бамбардзӕнис ныры ронбӕгъд ӕмӕ хивӕнд фӕсивӕдӕй?

Ныры адӕм, йӕхи сӕ чи хуыздӕр рацараза, чи сӕ стырдӕр бынат бацахса, ӕрдузты ӕмӕ сӕ тасгӕ фынгтыл чи фылдӕр бахӕра ӕмӕ баназа, уӕлдайдӕр амӕй-ай рӕсугъддӕр сылгоймӕгтимӕ, уымӕй барынц сӕ лӕгдзинад, гормон макуы фӕуой.

Сӕ иуӕй-иутӕ та... Раст куы зӕгъӕм, уӕд афтӕ иугӕйттӕ дӕр не сты. Фӕлӕ йӕ мады куыдзы ус чи хоны? Куыйдзыхтӕ нӕм куы 'рбалӕбурдтой, уӕд ӕппӕты фыццаг сӕ ныхмӕ чи 'рлӕууыдис? Фӕсивӕд нӕ уыдысты? Кӕнӕ сӕ ныхмӕ ӕппӕты фыццаг уыдон, фӕсивӕд, нӕ райстой хӕцӕнгарз, мах нӕ сӕрмӕ худинаг не 'рхӕсдзыстӕм, зӕгъгӕ? Фӕлӕ сӕ кӕйдӕрты цӕсгӕмттӕ… Цӕсгӕмттӕ сӕ схонӕм?

Пу, куыдз, ӕвзӕр куыдз амӕлӕд ахӕм цӕсгомыл... Мады гуыбынӕй чи рацыд, уымӕ хъуамӕ адӕмы хъӕр хъуыса. Урс ӕмӕ сау цы сты, уыдӕттӕ йын зонын ӕмбӕлы, уӕдӕ цы?!. Адонӕй та сӕ иуӕй-иутӕ…

Ӕнӕзӕгъгӕ йын нӕй.

Сӕ иуӕй-иутӕ, табу уӕ фарнӕн, фӕлӕ Хуыцау адӕймагӕн сусӕггагӕй цы схай кодта, стӕй, кӕм цы хӕлд хъуыддаг ис, сусӕгӕй кӕнынӕн дӕр сӕрмӕхӕссинаг чи не сты, уыдӕттӕ куыдтӕ ӕмӕ кӕимӕты фӕаразынц, уыдон, пырпыргӕнгӕ, нымайынып схӕцынц.

Уанцон диссаг нӕу, чидӕр дын йе 'ррайӕ, уӕд та йӕ тыхст, кӕнӕ дын кӕд тӕригъӕд фӕкодта ӕмӕ уый тыххӕй равдыста йӕ буары сусӕггӕгтӕ, уӕд сӕ ӕгас адӕмыл хъуамӕ ныццицц-цицц кӕнай? Дӕ цӕсгом, кӕд дын ис, уӕд, цытӕ хъӕцы, бецау? Дӕ сӕрмӕ цытӕ хӕссыс, гормон? Ӕмӕ сӕ дӕ дудгӕбӕттӕ тынг ма бандавой, бынбауинаг.

Хъуыддæгтæ афтæтæ сты, гъе. Кæдæй нырмæ! Чи сæ нымайы?!. Кæнæ сæ нымайынил чи тыхсын кæны йæхи, комкоммæ йæм куы хауой, уæддæр?

Фæлæ-иу Пиран Чъребайы Стыр базармæ хæстæг, сæ хæдзары раз, йæ къæдз лæдзæг йе 'фсæрмæ куы сбыцæу кодта, афтæмæй-иу бонсауизæрмæ дойнаг дурыл æнæдзургæйæ куы бадтис, уæд-иу уыдæттыл хъуыды кодта. Уыдæттыл-иу уыдис йæ сагъæс. Мадзура æмæ къуырма, саузæрдæ æмæ æнæцæстуарзон, мыййаг, нæ уыдис, фæлæ.

Уымæн æмæ хорз зыдта, о, æгæр хорз дæр зыдта, иу хатт дыл зынг кæцæй фестъæлфа, уыцырдыгæй хъуамæ дыккаг хатт дæхи хизай. Мах та йæм не 'ргом сыздахæм, арв дыууæ хатты нæ цæвы, зæгъгæ! Арв дыууæ хатты дæр, æртæ хатты дæр æмæ фылдæр хæттыты дæр афтæ цæвы, афтæ, æмæ фыддæр зæгъæн нæй! Æмæ, куы нæра, уæд дæхи де знæгты фæндиаг ма кæн. Йæхи фыдæй чи хъахъхъæны, ууыл Хуыцау хуыздæр ауды. Æмæ дæхи Алардыйы цæфæй бахиз. Цæмæй, æнхъæл кæцæй нæ вæййæм, уырдыгæй дæр ныл судзгæ 'хсидавы цæф ма 'мбæла. Æндæра, æнæуый дæр афтæ бирæ не стæм æмæ алхатт-алхатт не знæгты фæндиаг ма кæнæм.

Пиран уыдæттыл кæй хъуыды кодта, уый тыххæй йæ мадзура хуыдтой. Фæлæ сыл кæимæ дзырдтаид? Кæй удмæ ныхъхъуыстаид йæ зæрдæйы сагъæссаг рис? Кæмæн амыдтаид, сæхи сæ хизын кæмæй æмæ цæмæн хъæуы, уыдæттæ?

Чи йæ æмбæрста, йæхæдæг дæр æнæ дзургæйæ кæй хъуыдытæ каст, уыдонæй ничиуал уыдис йæ цуры. Æнæ хъыпп, æнæ сыппæй… Рухсаг уæнт. Æнæ хъыпп, æнæ сыппæй фæфардæг сты се 'нусон дунемæ. Пиран йæхæдæг дæр нæ фæхатыд, Ичъынайы калмау уæлæуыл иунæгæй куыд аззад, уый.

Уыдæттæ, мадзура йæ чи хуыдта, уыдонæй се 'ннæ митау рох уыдысты. Æвзæр хъуыддагæй цы байрох кæнай, уымæн та искуы йæхи ногæй æнæ равдисгæ нæй. Ноджы фыддæрæй. Ноджы æгъатырдæрæй. Ноджы æнæзæрдæмæдзæугæдæр æмæ æлгъыстагдæрæй.

Æмæ дын уый нæ хъуыддæгтæ æмæ нæ дзинæдтæ. Куыйдзыхтæй æфсымæртæ куы загътам, нæ фæдыл сæ нæ хæдзæрттæм куы хуыдтам, уæд нын кард ныссагътой нæ фæсонты. Стъигъынц нын нæ царм. Хафынц нын фыййæгтæй нæ ис-бис. Судзынц нын нæ хæдзæрттæ. Хъавынц нæ сухты цагъд фæкæнынмæ. Цæмæй нæ фыдæлты зæххыл сæ уидæгтæ ауадзой кæронмæ, æввонгæй йын цъирой йæ сой.

Зонынц æй, уды мидæг ма нæ чи аирвæза, уыдонæй дæр кæддæр махау байрох уыдзысты сæ дудгæбæттæ, сæ фыдæлты туг ныссæлдзæн се уæнгты, се знæгтæй араздзысты æрдхæрдтæ, хъайла сын фыцдзысты сæ армы, нæ сыхæгтæ сты, зæгъгæ. Фидарæй сæ уырны, уый æнæмæнгæй афтæ кæй уыдзæнис нæ парахат зæрдæйæ. Фæлæ не 'мбарынц иу хабар – алайнаджы туг куы сфыца, уæд, цалынмæ йе знæгтæн сæ фæстаджы дзыккутыл нæ ныссæрфа йæ тугæйдзаг кард, уæдмæ йæ маст кæй не ссæуы, йе 'рсабыр кæнынмæ æнхъæлмæ кæсæн кæй нæй.

Ос-Бæгъатыр сыл туджы зæйтæ раст уый тыххæй рауагъта. Фæлæ йæ – цъаммæрттæ – фæсайдта йæ кайыс. Ома фаг нын у хæцынæн. Ныр, дам, бафидауæм. Æнæ хæцæнгæрзтæй сæмбæлæм, зæгъгæ, Къуары донып мæм æрбахиз æд хæлæрттæ, æмæ нæ кæрæдзи къухтæ хæларæй райсæм.

Дзырд дзырд у, фæлæ уыдонæн сæ ардбахæрдыл дæр нæй æуууæнк. Ос-Бæгъатыритæ æнæ хотыхтæй, сыгъдæгзæрдæйæ знæт доны тæккæ астæумæ куы бахæццæ сты, уæд сыл мæнгард уырынгонтæ уыцы фарсæй ихуарæгау ныккодтой фатдзæгъдæн…

Стæй, сæ фыдракæндыл цинæй мæлгæ, Мцхетайы къæдзæхы сæр сарæзтой бæрзонд кувæндон. Хуыцау, дам, нын цæмæй не стыр тæригъæд ныббара. Алы хатт дæр, ирæтты кæм фæмарынц, уым Хуыцауы кувæндæттæ фæаразынц сæ ракæнгæ фыдтæ ныббарыны тыххæй. Сæ фырæдзæсгом æмæ фырналатæй не Сфæлдисæджы дæр, табу Йын, хъавынц сайынмæ.

Уыдæттæ хорз зыдта Пиран. Хорз сæ зыдта, йæ зæры бонмæ цы фæлтæрддзинад райста, уымæй. Нæ адæм ныр хæстонцух, хæцæнгарзцухæй сæ удтæ афтæ тынг цæмæн рауæлдай кодтой, удæгас мæсгуытау цæмæн слæууыдысты не знæгты ныхмæ, уый дæр ын, мæгуыр, æнæзындгонд нæ уыд – иу боны худинаг не 'рхастам нæ сæрмæ. Иу боны худинагæй тæрсгæйæ нын тыхгæнæг тых не ссардзæнис, уый фæстæ, – додойаг нæ сæртæ, – уый фæстæ алцæуыл дæр æмæ алкæуыл дæр ауигъæм нæ къухтæ. Ныр нау дæлдон кæндзæнис, нæ сæртæ нæ бафснайын хъæуы, зæгъгæ, фыццаг уырытæ сæхи доны гуылфæнмæ куыд фехсынц, афтæ куыд æгуыдзæгдæрæй нæ лыскъ удтæ сусæгæй искуыдæмты скъæфдзыстæм, алы æфсæнттæ агургæ. Адæм та, фосау, сæ кæрæдзи хынцмæ агуылф кæнынц. Æмæ та не 'гуыдзæгдæртæ сæ ивæзт ахсæнты тыххæй, – цъæх арт сыл сирвæзæд! – сæ ивæзт ахсæнты тыххæй тасгæ фынгтыл ныууæй кæндзысты нæ фыдæлты зæхх. Цалынмæ, цы ныл цæуы, уый æххæстæй æрхымпырæм, уæдмæ.

Куы йæ базонæм, уæд нæм нæ мæрдтæ дæр æххуысмæ сыстынц сæ ингæнтæй, æмæ туг ныууары нæ фыдгæнджыты сæрыл.

Фæлæ зæронд лæг дис кæуыл кодта, æцæгæй дис кæуыл æмæ цæуыл кодта, уыдон – йæ фыртыфырт гыццыл Бачачо æмæ йæ митæ. О, Бачачойы митæ йæм бынтон диссаг кастысты. Уæлдайдæр, кæй уæрагыл схъомыл, йæ уыцы Дадамæ дæр кæй нал хъуыста, дзыгуын гал дымгæйы ныхмæ фыддæрадæнгæнæгау куыд цæуа, афтæ, цы ныхъхъуыды кодта йæ гыццыл зондæй, уый охыл йæхи фæнд кæй тардта, уый тыххæй.

Зæххæй къуыпп нæма дардта, – Бачачойæ зæгъын, – зæххæй къуыпп нæма дардта, ныккæндæй йæ уыцы тугкалæн фыддуджы иунæгæй æддæмæ æдæрсгæ ракæсын нæма уагътой, – макуыцæй йыл мацы фыд сæмбæла, – афтæмæй-иу æд фыссæнтæ кæрты баззад, йæ хистæр æфсымæры 'рцыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Цалынмæ, цы йæ хъæуы, уыдæттæ йын нæ фæдзырдтаид, уæдмæ йæ, мæ уд акæн, мидæмæ ницæй тыххæй æрбауагътаид. Хистæр æфсымæр-иу куыд тыхст æмæ фæлладæй æрбацыд, уый кæстæрмæ, мæ уд акæн, нымады дæр нæ уыд.

Хистæр-иу фæллад, фæлмæцыд, æгъуыссæг æмæ тыхстæй, цыма йæ æндæр ницы мæт уыд, æрбадт йæ разы. Бачачойы раз. Йæ хæцæнгарз-иу схъæбыс кодта, афтæмæй-иу ын лыстæггай хыгъд лæвæрдта – фæстаг бон нæ хæстдзагъд Ирыстонæй нæ фыдызнæгты къухæй чи, кæм, цы хуызы æмæ цы хъизæмæрттæй ацыд уымы бæстæм…

Алы бон дæр гыццыл лæппу, чи-иу нæ фæмардис, цасæй уыдисты, уыдоны фыста, бæстон номхыгъдтæ сын арæзта йæ тетрæдты. Уый фæстæ сæ, дисгæнгæ, бон ссæдз нымады кодта, ныр мæнæ цас систы, зæгъгæ.

– Ма сæ фысс! – схъæр-иу ыл кодта зæронд лæг.

Нæ йæм хъуыста гыццыл лæппу. Йæ фыдыфыдау уый дæр скъæрдта йæхи зонд. Арæзта æмæ арæзта номхыгъдтæ. Уыдонæн, мæрдтæн дæр, – йæ кой авддæлдзæх, – залиаг калмау сæ кæрон нал æмæ нал зынд. Лæппу фыст тетрæдтæ амадта кæрæдзийыл. Кæйонг ын схæццæ сты! Уæлæмæ сæм æдæрсгæ нал æххæссыд. Куыд ын фылдæр кодта мæрдты нымæц, – цы зоны саби? – афтæ сыл кæд йæхимидæг кодта цин.

– Ма сæ фысс дын загътон! – Куыд хъуамæ цыдаиккой уыдæттæ зæронд лæджы зæрдæмæ, куыд? – Басудздзынæн дын сæ! – бартхъирæн-иу æм кодта. Цæмæй зæронд лæг карздæр зындаид, уый тыххæй-иу йæ лæдзæгæй æрдаудта зæхх.

Бачачойы æрфгуытæ-иу сæлхынцъытæ сты. Хистæры ныхмæ йæ бон ницы уадиссаг дзурын уыди, фæлæ дзы 'мбæхсын райдыдта йæ номхыгъдтæ. Уæддæр, къæбæда, сæтгæ нæ бакодта, йæ номхыгъдтæ кæнын нæ ныууагъта. Уыцы зæрдæбынæй сæ фыста æмæ фыста. Йæ ахуыр æй æндæвта, цы?!.

Æмæ уый сывæллон у. Æнахъом. Хомфыд рæзинагæй цы зонд фæрсыс? Йæ хистæртæ цæуыл хъуыды кодтой, куыд æм хъуыстой, диссаг уый каст зæронд лæгмæ. Мæрдты нымайын кæй нæ фæтчы, уый Хуыцаумæ хъыг кæй кæсы, æмæ афтæмæй нымайджыты 'нæрхъуыдыйæ фылдæр кæй фæуыдзысты, уый йын кæй не 'мбарын кодтой хистæртæ, ууыл уыд йæ катай йæ Дадайæн.

Ноджы-иу сæм хистæр лæппуйы хæстон æмбæлттæ æхстуад куы ’рбакодтой, уæд-иу сывæллоны номхыгъдтæ уыцы хъуыддагхуызæй райстой. Кастысты-иу сæ. Нымайгæ сæ кодтой, искæй сæ агуырдтой, ацу æмæ йæ ды базон. Цæуылдæр-иу скатай, смæсты сты. Æргом, Пиран сæ куыд хъуыстаид æмæ æмбæрстаид, уый сæ, йæхимæ гæсгæ, æвæццæгæн, уадиссаг не 'ндæвта, æмæ йын ницы дзырдтой.

Æмæ зæронд лæг ныууырдыг йе 'фсинмæ:

– Гуыбыр, уыцы сывæллоны фыстытæ искуы ссар. Хуыцауæн хъыг цы уа, уыдæттæ стырæй, чысылæй ма кæнут, ма, гормæттæ. Ма кæнут уыдæттæ! Æви ды дæр уыдонау æнæ Хуыцауы хай дæ?!. Хъуамæ ныл æнæмæнг йæ цæхæртæ 'ркала? Басудзут уыцы… Хуыцауы къахæргæвдæг фыстытæ!

– Дæ хист дын бахæрæд! – феххæлд-иу æм ус.

Æмæ-иу ууыл фæцис сæ хыл.

Стæй йын иу бон сылгоймаг радзырдта: уæлæ уæле фысдзæрмтты цы бирæгътæ бадынц, уыдонмæ иугæйттæ æмæ сæдæгай адæймæгты тæригъæд нæ хъары. Цалынмæ, дам, мæрдты рæдзæгъдтыл не слæууой, туджы малы ма райдайой хуыдуг кæнын сæхæдæг дæр, уæдмæ, дам, нæм не 'рдардзысты сæ хъус, зæгъынц. Сывæллоны, дам, нæ мæрдтæ минтæй кæд ахиздзысты, нæ кæрæдзи нын кæд нал цæгъдын кæндзысты, уый базонын фæнды.

Æмæ зæронд лæджы сæры уæзæй йæ лæдзæг ноджы ныкъкъæдз: ау, алы буары дæр иунæг иу уд нæ фæхъизæмар кæны? Цы цъæх арты судзинаг мады хуылфæй рацыдысты уыцы налат, «уæллæгтæ» сты æви «дæллæгтæ», куыннæ сæм хъуысы не 'дзард хъæбулты сау судзгæ тæригъæд? Сæ адæм кæрæдзи хъуын-хъис хæрой, уый фæнды

бынбауинæгты? Æмæ, адæм куы нал уой, уæд ма уыдон кæмæн уæллагиуæг кæндзысты, цъæх арт сыл сирвæза?!.

Йæ фарстытæн йæ бон нæ уыдис æххæст бæстон дзуапп раттын. Æхсæвæй-бонæй нæмгуытæ, ракетæты 'хситт æнæрæнцойæ зæлыд æмæ йæ къуырма кодта. Нæ йæ уагъта арф ныхъхъуыды кæнын. Кæронмæ не 'мбæрста хабар. Нæдæр æй ахæм налат хъуыды бамбарын фæндыд. Уымæн æмæ дзы, Хуыцауы сфæлдисгæ адæймаг кæй бамбара, ахæмæй ницы уыд.

Уæддæр иу райсом бадзырдта Бачачомæ:

– Рахæсс-ма дæ тетрæдтæ.

– Алæ-æ... – ныттар лæппу.

Зæронд æм каст йæ халас æрфгуыты бынæй. Æмбæрста хъуыддаг. Æмæ бузныг уыд йæ кæстæры, йæ туг-стæджы рæстаг хивæндæй.

– Нæ сæ ныскъуыдтæ кæндзынæн!

Лæппу фырмæстæй скæуындзæг. Зыдта зæронд лæг, æнæууæнкæй сæ никæмæ ратдзæнис. Пиранæн, йæ фыдыфыдæн, йæхиау у хивæнд. Фидарæй цы ныхъхъуыды кæна, уырдæм, æцæг, дзыгуын гал дымгæйы ныхмæ куыд нырраст уа, уыйау цæудзæнис. Фæнды йын уайдзæф кæн, фæнды йын йæ былтæ цæв, йæ хъуыды йын куы нæ аивай, уæд æм ма дзур. Зæронд ус алхатт-алхатт йе 'мкъайæн разыйæ, уайдзæфгæнгæ, уымæн фæдзуры: «Къæртт дæ рахаудта, æмæ уый зæгъ!»

– Цал сты? – ныууагъта мæ, сæрибар дæн æмæ ныр мæ хъуыддæгтæ кæнон, зæгъгæ, куыд фæцæйзгъордта Бачачо, афтæ йæ афарста зæронд. – Ныридæгæн иууыл иумæ цал баисты?

– Чи? Тетрæдтæ?

– Уыцы... дзæнæты бадинæгтæ?

– Мин...

Зæронд лæджы зæрдæ мины коймæ баихæнриз кодта. Ау, армыдзаг адæмы равзаргæтæй куыйдзыхтæ минтæ, цалдæргай минтæ куы цæгъдой, уæд хъуамæ бынмиз хицæуттæ сæ раппаринаг цæстытæ бацъынд кæной, æнæхицау æмæ æнæныгæнæг фæуой?!.

«Ай цы цард у? Кæй къухтæм æрхаудтам?!. Цы куыйты рæстæг ныккодта, æвзæр куыйтæй дарддæр сын мæрдты бæсты бахæринаг макуы мацы уа? Кæдæм цæуæм куырмæджы?» – уæлæмæ сыстын, исты зæгъын æй нал фæндыдис.

Гыццыл Бачачо-иу æрхуымæй йæ номхыгъдтæм ног дзæнæты бадинæгты куы бафтыдта, ногæй та-иу сæ куы ранымадта, уæд ма-иу зæронд кæдæй-уæдæй снхас кæныны охыл уый афарста:

– Цал баисты?

Кæнæ та:

– Де знаг цал хатты фæкуыдта?

Сывæллон уый куы базыдта, йæ Дада йын йæ номхыгъдтæ нал æппарын кæны, нæ йын сæ ныскъуыдтæ кæндзæнис, уæд ыл фæцахуыр. Уый хуызæн бæстæтты-иу æм ничи хъуыста. Йæхицæй дæр, уымæй дæр разы уыд. Ныр-иу æппæты фыццаг йе 'нæуромгæ хъаст уымæн ракодта:

– Дада, зоныс ныр цал сты?!.

Стæй райдыдтой тыхсын. Сывæллон æмæ зæронд лæг. Бачачо æмæ Пиран. Ау, лæппумæ иу æнæфыст тетрад куынæуал ис, уæд... уæд... Уым… Уæле рæстаг адæмы цардхалджытæ… Куыдзы с…мæ дæр сæ ма бауагъдæуа, бынибынтон саугуырм баисты, саудзыдзыдайæ фæхитой?!. Цæстæй нал уынынц тугмондаг хæрджытæ, æмæ сын сæ зонд дæр къуыдыр кæлмытæ бахсыдтой? Дæле сæ иузæрдыг адæмы сау туг лæсæнтæ кæй кæны, уый искæй ныхасæй дæр нæ хъусынц æмбыд къуыдыртæ?

«Кæд нæ ииуылдæр æвæдсæфт фæкæнынмæ хъавынц?.. Хицауæй, лæггадгæнæгæй?.. Сабийæ, зæрондæй, сылгоймагæй, нæлгоймагæй?.. Сæфт сæ Хуыцау фæкæна, уас!.. Мах тæригъæдæй… – Зæронд лæг, бецау, бынтон ныхъхъуыста йæ зæрдæмæ. – Куыд ис уый гæнæн, иу бæстæйы, иу паддзахады дыууæ сыхаджы сæ кæрæдзи туг калой, бонкалд къаддæрыл цагъары къæлæт æвæрынмæ хъава æмæ сын, сæ бырынчъытæ бакъуырыны кой мауал кæнæм, фæлæ "ма кæ" зæгъæг ма уа? "Ма кæ" зæгъæг сæ мауал баззайа, уастæндæр, рæстаг адæмы тæригъæдæй!»

Стæй, иу æмбисæхсæв ныккæнды зæронд лæг йæ къæдз лæдзæгыл йæ сæр арæдзæ-мæдзæ кæныны 'фсон куы 'руагъта, йæ зæрдæйы катæйттыл куы уыд, уæд йæ сагъæсты фесхъиудта. Йæ тарст цæстытæ, норст цæхæр дымгæ куы ныффу кæна æмæ уый æмбæхст зынджытæ æвиппайды куыд фестъæлфой æмæ ныццæхæр калой, уыйау стъæлфæнтæ аппæрстой. Цыма йæ тынг рагæй нал федта æмæ йæ 'рымысыд, уыйау фæрсæджы каст ныккодта йе 'мкъаймæ.

– Цы кодтай, зæронд?– сылгоймаг фæтарст, фæлæ сдзырдта мынæг, фæлæ тарст хъæлæсæй. – Цы дыл æрцыд? – уæддæр ма йæ фарста йæ цæсгом æмæ йæ ризгæ къухты змæлдæй.

– Лæппу фынæй у?

Бачачо æмæ йæ мад тæрхæгыл сæхи 'руагътой æд дарæс. Лæг сæ йæхæдæг дæр уыдта. Æдде хъуыст сармадзаны нæмгуытæ, минæтæ, ракетæты 'хситт. Фæлæ 'ввахс куы нæ хæлдысты, уæд сæ нæ хъыгдардтой сæ цæстытæ фæсайынæн.

– С-с-с!..

Æцæг уыцы адджын, уыцы зæрдæбын сым-сым кодтой. Адджын æмæ дæргъвæтин сым-сым. Цыма ацы мæнгард дунейы сæхицæн нæ, фæлæ мæлдзыджы къахыл фæлæууынæй дæр тас никуы никæмæн у. Æрмæст цæр æмæ цæр! Дæ зæрдæйы фæндиаг.

Афтæмæй сæ куы феним сæ хæдзардарæг. Куыд кæнид? У сын уый æнхъæл, ныртæккæ нæ уавæры йе 'мкъай æмæ йæ фæдон сæ цæстытæ кæрæдзийыл авæрой адджын фынæйы охыл?

Куыннæ стæй. Кæмдæр уалæ Уæрæсейы цъæх арвыл хъахъхъæны кæйдæр бинонты фынтæ, йæхиуæттыл та уынгæджы бон ис. Нал сæм рæстмæ фæдзурын, нал сæм рæстмæ фыстæг æрæрвитын у йæ бон. Æмæ кæдмæ, кæдмæ уыдзæнис афтæ? Уый дæр, йæ лæппу, цæнгæтæй нæу, афтæмæй кæдмæ быхсдзæнис уым, кæйдæр æцæгæлон зæххыл? Уас сын мацы бантыса, мах нæ кæрæдзийæн чи сæцæгæлæттæ кодта, уыцы тугхортæ æмæ сымаггæнджытæн!

Зæронд тыхст йæ рыст уды. Тыхст æмæ та-иу йе 'рфгуыты бынты бакаст æнахъом лæппумæ: æнæуый йын æрхуыст куы нæ ис, уæд ныр цы ныффынæй? Йæ мад дæр цыма йемæ фынæй кæнынæй быцæу кæны. Сæхинымæры йыл худынц?

Пиран фемдзаст агтæм. Сæ хæринаггæнæн агтæм. Ныккæнд æгæр къуындæг у. Дыууæ адæймаджы дзы се уæнгтæ, куыд æмбæлы, афтæ нæ айтынг кæндзысты. Цæй цæрынæн бæззы, цæ? Агты сæ кæрæдзи сæртыл тæссонд амад скодтой.

Зæронд ус, бадгæйæ, йæ сæр сисыл бакъул кодта æмæ æркув-æркув кæны. Агты лæдзæгæй æфсонæн чысыл фесхой, æмæ фæдисгæнæгау уайтагъд ныггæр-гæр кæндзысты. Бинонтæй нæ, уæд тагъд сыхæгтæй дæр агты æрдиагмæ никæйуал цæстытыл аныдзæвдзæнис хуыссæджы цъынд...

Æцæг сæ бакъуырид лæдзæгæй? Æмæ уæд гыццыл лæппуйы 'рфæрс хъуыддæгтæй. Фæлæ ма уый фæстæ ахæм адджын фынæй ауыдзысты? Гъæйдæ-гъа... Нæ йæ уырны. Æмæ ацы тыхст заманы бинонты уыцы æхцон уысм байсын нæ бацис йæ бон.

Сыстад. Дунейы рис сисæгау. Æнæсымæй схызт тыргъмæ. Сбадт тæрхæгыл. Æнæдзургæйæ, знæгты нæмыгзгъалты хуыфтмæ, сæ сармадзанты стæм рæйдмæ, махуæтты хæдæхсты сæртæг къæр-къæрмæ хъусгæйæ, фенхъæлмæ каст Бачачойы райхъалмæ. Суанг райсоммæ. Куыддæр ыл йæ цæст схæцыд, афтæ йæм фæдзырдта йæхимæ.

– Рауай-ма ардæм.

Уыцы зæрдиагæй йæ æрфарста:

– Дæ тетрæдтæ ма кæд банымадтай?

– Цал сты, зоныс? – фæцырд лæппу.

– Чи сты?

– Куыд чи сты? – фæдис кодта лæппу. – Ирæттæ. Бынтон стæмтæй дарддæр – иууылдæр нæхи ирæттæ. Иннæтæ стæмтæй дарддæр раджы куы алыгъдысты. Æрцагуырдтой сæхиуæтты. Сæ сæртæ бафснайдтой æдас рæтты.

– Иууылдæр лæппутæ сты?

– Куыд лæппутæ? – нæ йæ æмбæрста Бачачо.

Зæронд зивæг кодта дзурынмæ.

– Лæппутæ... Чызджытæ, лæгтæ, устытæ... Цъус дзы нæй æнахъом сывæллæттæ дæр.

– Зæрæдтæ та?

– Цы зæрæдтæ?

– Зæрæдтæ дæр дзы ис?

– Æмæ зæрæдты нæ марынц? Тынг дзæбæх дæр сæ марынц. Ницæмæй сæ тæрсынц, æмæ сæ ныргæвдынц. Зæронд лæгты дæр. Зæронд устыты дæр. Тлиайы уыгæрдæнты сæ ныргæвстой сæ сынтæджыты. Зæрæдты. Æвзæнгтæй дзы ничиуал цард. Æмæ сæм схастой сæ ныфс. Стæй сæ басыгътой. Цъыбыртты сыгъд. Ног хъæуы цыппарыссæдзаздзыд Хъазиты Иосебы сбæгънæг кодтой. Афæлдæхтой йæ митыл. Их дон ыл калдтой. Ныссæлын æй кодтой. Хелцуайы зæронд усæн йæ къухдарæнимæ ралыг кодтой йе 'нгуылдз. Уымæн æмæ сын æфтауын нæ куымдта. Сывæллæтты дæр исынц милмæ. Хъæддæгтæ сты, хъæддæгтæ! Æмæ, дам, адæм! – сабийы цæстытæ мæсты 'рттывд кодтой.

Уадиссаг хъусæг-иу æм нæ уыд. Алкæмæн йæ уд йæ кой уыдис, Бачачо сæ 'ндæвта? Ныр лæппуйæн феуæгъд сты йæ дзурæнтæ. Нымадта, Ирæй сæ къухмæ чи 'фты, уыдон æгъатырæй куыд цæгъдынц, цæрдудæй сæ куыд нығæнынц, куыд сæ судзынц, стыр æфсæн хæтæлты сæ куыд

батæрынц æмæ хæтæлты ныхтыл æфсæн сыфтæ æнгом куыд нындадзынц, цæмæй... цæмæй... Уым, æфсæн хæтæлы æнæ уæлдæфæй…

Нымадта саби, нæ фыдбоны сыхæгтæ ма кæм цы æнаккаг фыдмитæ бакодтой, кæм ма цы æнахъинондæр хъуыддæгтæ сарæзтой, фæлæ йæм рыстзæрдæ зæронд нал хъуыста. Йæхинымæры йæ цым лæдзæгæй хоста йæ зæронд сæр.

Пиран скарста, йæ рыст зæрдæйы фидарæй скарста, ныртæккæ кæй ацæудзæнис, иунæг уысм дæр кæй нал бафæстиат уыдзæнис, афтæмæй æнæхъæн сахарыл фæдисы кæй фæзилдзæнис æмæ зæгъдзæн...

Кæмæн цы зæгъдзæн? Кæмæн?.. Æмæ, куы зæгъа, уæд йæ фæнд, цыфæнды раст уа, уæддæр кæй æндавы, алчи йæхи сæр бафснайынил куы у, уæд? Ацы уынгæджыйы бонты алкæмæн йæ сæр йæ кой куы сси æмæ сæ чи цы акæна, уый куынæуал зоны, уæд дæм чи байхъусдзæнис, гормон?

Лæгæн цыма йе уæнгтæ йæхицæй нал уыдысты. Рæстмæ сæ нал хатыд. Йæ зæрдæйыл ын æнцадысты дурцæндау. Æлхъывтой йæ бынмæ. Хъавыдысты йæ сыджыты бын ныккæнынмæ.

Уæддæр сыстад. Сыстад, иу заман куы уыд, уæд. Уыцы хъуыддагхуыз, уыцы фæндвидарæй араст кæдæмдæр йæ лæдзæджы 'нцæйтты. Стæй йын цыма иу рæстæджы йæ лæдзæг дæр уадиссаг ницыуал æххуыс уыд... Цыд сабыргай, фæлæ фæндвидарæй…

Зæронд адæймаг, æцæг зонды къуыбар куы феста, уæддæр æгъатыр туккалды дуджы кæй фендавы? Кæмфæнды дæр-иу кæмæндæрты, уæлдайдæр тæвдтуг хæстонтæн, зылынбаст æргъомау куы нæ уаид.

Бинонтæ талф-тулфы сæ хæдзары хъуыддæгтыл уыдысты æмæ йæ сихорафонмæ уадиссаг хъуыды дæр ничиуал æркодта. Сихорыл æй æрцагуырдта йе 'мкъай. Ныккæнды чысыл фынгыл тагъд-тагъд донхæринаг авæрдта. Адзырдта йæм:

– Зæронд, сихор скæн!

Фæлæ йын дзуапдæттæг нæ фæци. Зæронд куы нæ æмæ куы нæ зынд, уæд æм сылгоймаг, йе 'рмттæ йæ раздарæнæй сæрфгæ, бустæгæнгæ ауад:

– Цы фæдæ уæдæ?

Фæлæ зæронд лæг, æнхъæл ын куыд уыдис, афтæ тыргъы нæ разынд. Нæдæр уынджы уыдис. Нæдæр…

Ацагуырдта йæ ныккæнды, мæнгагъуысты, хæдзары уæллаг

хатæнты... Цæхæрадонмæ дæр ауад. Зæронд лæг йæ тыхстæй йæхи уырдæм дæр аппары хаттæй-хатт. Цыма йæ ныр уый хæрзгуыст æндæвта. Нæ уыд... Табу уæ фарнæн, фæлæ… нæ уыд уазæгдоны дæр.

– Æй, мæ фыдфынтæ дæ хай, кæд зæххы скъуыды нæ аирвæзтæ, – скатай сылгоймаг. Йæхимидæг æй æфсонæн æлгъыста, афтæмæй дыккаг хатт æрзылд, æнхъæл ын кæм уыд, уыцы бынæттыл.

– Зæронд, цы фæдæ уæдæ?!. Ды дæр хæстмæ фæцыдтæ, хæсты амæттаг фæуой, æнцад-æнцойæ нæ чи нæ уадзы цæрын, уыдоны сæртæ, – лæгæн йæхи ралгъитын нал бауарзта сылгоймаджы цæст. Йæ маст ныккалдта, не 'нцой цард нын чи халы, нæ уыцы фыдбоны сыхæгтыл.

Сахары хурыскæсæн хайæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ хæдæхсы зæрдæскъуынæн къæр-къæр ссыд. Нæ зынд сæ кæрон. Иугай гæрæхтæй сын дзуапп лæвæрдтой махонтæ. Фæстауæрц кодтой сæ нæмгуытыл. Цыма нæмыгыл фæстауæрц кæнынæй исчи хæст æмбулы.

– Цы фæцис уæдæ?! – сылгоймаг бынтон стыхст.

Йе ’взонгæй дæр æнæ хъуыддаг никуыдæм уыд цæуаг Пиран. Суанг йе 'ввахс хæстæг-хиуæттæм дæр. Йæ тæккæ фарсмæ куы цардаиккой, уæддæр.

Кæддæр сæ дыккагхæдзæрттæм чындзæхсæв уыд. Стыр чындзæхсæв. Чындз æркодтой. Сæхионтæ дæр цъиуæй-бæдулæй уым уыдысты. Хуынд адæмыл цæст не 'ххæссыд, æмæ ма сæ чи кæмæн лæггад кодтаид, ууыл уыдысты? Ноджы иу каст чындзмæ кодтой, иннæ – фынгмæ. Пиран уæд æвзæнгтæм нал хаудта. Рагацау ын ницы бахæс кодтой. Сæ цæсгом æм нæ бахъæцыд. Ныр æй бадты кæронмæ ничиуал æрхъуыды кодта. Стæй:

– Кæм ис? Кæм ис? – сræуæг сты.

Кæм уыд – сæ хæдзары! Сæрмагонд хонæг æм нæ барвыстой, сæхиуæттæ уым уыдысты, æмæ йæ цæсгом нæ бахъæцыд иунæгæй бацæуын. Сыхæгтæ сты, фæлæ алчи йæ уавæрмæ гæсгæ хоны сыхæгты дæр. Æнæхонгæйæ цæуын – Хуыцау бахизæд.

Уæддæр æй ныр йе 'мкъай абæрæг кодта сыхæгтæм. Цы нæ вæййы? Уæдта йын сæхи онг нæмгуытæй нал уыдис æрбацæуæн?

Никæй цæст ыл æрхæцыд. Йæ хæдзары къæсæрæй æнæ хъуыддагæй ракæсын ничи уæндыд, æмæ йыл никæй цæст æрхæцыд. Стæй сæ цыма йæ тыхсты æндавгæ дæр никæй уадиссаг кодта, йæхинымæры афтæ фæзынд зæронд усмæ.

Сылгоймаджы зæрдæ кæрчытæ райдыдтой хæрын. Йæхи цы фæкодтаид, уымæн ницыуал зыдта. Йæ масты кой кæмæн скодтаид, уый дæр нæ уыд. Æмæ уымæй тыхст ноджы тынгдæр.

Изæрмилты зæронд лæг фæзынд уæнгмард, фæллад, фæлмæцыдæй, къæдз-къæдзы. Куы йæ ауыдта сылгоймаг, уæд фырцинæй йæ цæссыгтæ нал баурæдта, фæлæ йыл уæддæр акалдта йæ маст:

– Æнæхъæн бон кæм зæххы скъуыды аирвæзтæ? Куыйдзыхтæ дæ ахордтой, мæ тæригъæд фæхæссай! Афтæ загътаис: «Мæрдтæм цæуын», æмæ дæм мæ сыджытæн бахæринаг зæрдæ ма 'хсайдтаид.

Зæронд лæгмæ дзурын нæ цыд.

– Мæ зæрдæйы низтæ – дæ хай! – ныхъхъуыдты йæ уагъта сылгоймаг.

Æмæ Пиран бадзырдта Бачачомæ:

– Цал баисты? – фæрсы йæ хауд хъæлæсæй.

Зæронд лæг изæрæй йæхи ныддаста. Ыннадта йæхи. Скодта ногæхсад дарæс. Æмæ та æрбайсæфт дыккаг райсом дæр. Фæлæ йæ сылгоймаг афтæ тыхстæй нал агуырдта. Æнхъæл уыдис, зæрæдтæ кæм фæтымбыл вæййынц, ахæм бынат ссардта. Чи зоны, Театралон фæзуаты кæмдæр. Куыйдзыхты рахауинаг цæст сыл кæдæм не схæца.

Афтæ – цалдæр боны. Æрбайсæфтис-иу æнæнхъæлæджы. Никæмæн райсомæй исты дзырдта, никæмæн – изæрæй. Æрмæст, бабынуæвджытæ цал баисты, уый базонын дзы нæ рох кодта.

Хæдзары йыл уыдæттæ ахуыр нæ уыдысты. Нæдæр хæстахуыр уыдысты. Фæлæ адæймаг алцы дæр фæбыхсы. Стæй, иу æхсæвыцъæхыл хистæр лæппу хæстæй куы 'рбаздæхт, уæд æм уый баздæхт:

– Дада, цы ми фæкæнис, цы, уынгты?

Зæронд æм не скаст.

– Куы йæ зоныс, уыцы куыйдзыхтæ Згъудеры къуылдымыл бадынц... Сæ снайпертæм горæт зыны армæвæрдау. Нæ уадзынц уынгты ацæуæг... Цъиуы цæст акъахдзысты…

– Мæлæты рæстдзæвинтæ...

Стæй йæ нывæрзæнæй систа йæ сау хъама. Уыцы бæстон æй ссадта фæлмæн дурыл. Уыцы мынæг зынджытæ-иу ферттывтой йæ цæстыты. Уыцы арæхстгай-иу ын рæстæгæй-рæстæгмæ уырзæй асгæрста йæ ком... Хъамайæн. Раст дзы цыма йæхи дасинаг уыдис. Хæсты, дам-иу нæ кæрдтæй дæр дастам нæхи. Ахуыр ыл уыд.

Хур арвыл рæстмæ нæма суад, афтæ бацыд йæ хæстон кæстæры сынтæгмæ. Нырма 'хсæвы хæсты фæстæ йæ сæр чысыл æрхаста базмæ, æмæ, куыд фынæй кæны, стæм хатт йæ фынты куыд схъæрзы, уымæ иудзæвгар фæкаст дзагъырдзастæй, стæй йын армæй рæвдаугæ адаудта йæ сау зачъе. Адзæбæх ын кодта йæ хъæццул æмæ ахызт тыргъмæ. Бачачойы бакодта йæ хъæбысы. Йæ риумæ йæ æлхъывта. Даудта йын йæ бецыкк. Нал ын æфсæст фæлмæн батæ кæнынæй. Цыма йæ фæстаг хатт уыдта. Цыма никуыуал сæмбæлдзысты æмæ цыма йæхинымæры цæуылдæр фæсмон кодта, афтæ зынд. Йæхиимæ дзурæгау æй фæдзæхста. Йæ зæрдæйы къæртт – чысыл лæппуйы:

– Дæ тетрæдты фысс зæрæдты дæр. Фысс сылгоймæгты дæр... Фысс алкæй дæр. Мыггаггай. Номгай. Макæй сæ ферох кæн. Фысс сæ... Фысс. Уадз æмæ адæм се 'ппæты дæр зоной. Кæд цæстхауд уæллæгтæм фехъуысид нæ тæригъæд, тæригъæддаг фæуой… Кæд ном цы хæссынц, æндæр уыдонæй адæмы мæт никæй ис!..

Цыдæр зæгъын æй фæндыдис йе ’мкъайæн, фæлæ йæ къух ауыгъта – сылгоймагмæ йæ зæрдæ кæд цы сдзурдзæнис, йæ сæры кæд цы фæмидæг уыдзæнис, хæйрæг – йæ зонæг. Лæджы зонд æмæ сылгоймаджы зонд æндæр æмæ æндæр уистæй быд сты – скарста. Æмæ йæ ныууагъта йæхи бар. Цыдæр та æрбаци.

Бачачо йæ фыдымадæн дзырдта, дзул хæссынмæ куы ацыдтæ, уæд, дам, скодта йæ ног дарæс. Зæронд лæг. Йæ хъама, дам, æнæ кæрддзæмæй йæ цырыхъхъы хъусы нытътъыста... Стæй, дам æй нал федтон.

Ничи дæр æй сыхæгтæй федта.

Сахары дæр нæ разынд.

Хæдзармæ нал æрбаздæхт изæрæй. Нæдæр дыккаг бон разынд. Цыма зæххы скъуыды аирвæзт, уыйау æдзæмсæфт æрбаци, æмæ йыл куыннæ куыдтаиккой æмкъайæ, чындзæй, хъæбулæй, хæстæгæй, сыхагæй… фæлæ кæуынæй адæймаг нæ удæгас кæны.

Цалдæр боны фæстæ 'гас Чъребайыл айхъуыст: Пираны мард æхстытæй, хуынчъытæй ис куыйдзыхтæм. Уæй йæ кæнынц уыйбæрц æмæ уыйбæрцыл. Раст гъæйтт-мардзæ хæстон лæппуйы аргъыл!.. Стыр хæстоныл æй банымадтой…

Хиуæттæ, сыхæгтæ сæм фæфæдис сты, кæугæ:

– Цы йæ ахаста уырдæм?

– Кæдæм фыдбылызы хаудта? – хостой сæ сæртæ.

– Зæронд адæймаг йæ бынат ма хъуамæ зона?!. Оу, мæнæ диссæгтæ æмæ 'мбисæндтæ! Æвзæнгты бон сын ницы у, æмæ сæ уый фæцæгъдынмæ хъавыд!

– Зæронд лæг куы у, уæд, кæдæм цæуы, уый нæ зыдта? – куыдтой алырдыгæй. – Фæлæ адæм раст акæнынц: «Æнамонддзинад иунæгæй нæ цæуы, нæ, æмæ уый зæгъ. Кæйдæрты, дам дзы йæ алмасийы хуызæн хъамайæ барæмпъызта».

Пиран зыдта, кæдæм цæуы, уый. Зыдта уый дæр, адæймаг рохгæнаг у. Уæлдайдæр ирон адæймаг. Абон уа æви райсом, ферох æй кæндзысты. Нал сæ æндавдзæнис йæ ном. Фæлæ йæ нæ фæндыд уыл хъуыды кæнын. Æз дæр ыл нæ дзурын.

Уæддæр Бачачо, гыццыл Бачачо, йæ фыртыфырт, ныккæнды бадт ныллæг бандоныл. Йæ тетрад йæ гыццыл уæрджытыл æрæвæрдта. Йæ цæстытæ доны зылдысты, афтæмæй йæ номхыгъды фыста йæ фыдыфыды ном æмæ мыггаг.

Уырныдта йæ, йæ фыдыфыд йæ мæлæтæй Стыр Уæлахиз кæй феввахсдæр кодта. Æмæ дзы йæхинымæры уыдис разы.

Уый хорз зыдта, йæ Дада кæдæм æмæ цæмæн цыд.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **4 февралы** РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы хæдзары арæзт æрцыд культурæйы зындгонд архайæг, нывгæнæг Гасынты Жоржы куыстыты равдыст. Уырдæм æрбацыдысты республикæйы интеллигенцийы минæвæрттæ, йе сфæлдыстадæн ын аргъгæнджытæ, ахуырдзау фæсивæд.

► **5 февралы** Цæгат Ирыстоны зарæггæнджыты паддзахадон камерон хор «Алани» Дзæуджыхъæуы равдыста концерт йæ равзæрды 40 азы кадæн.

Сæ репертуары сты алыхуызон рæстæджыты фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг зарджытæ. Сфæлдыстадон коллективæн йæ сырæзтæй нырмæ разамынд дæтты Кокойты Агуындæ.

► **14 февралы** Ирон театры уыд Шекспиры трагеди «Ромео æмæ Джульеттæ»-йы премьерæ. Сæвæрдта йæ РЦИ-Аланийы æмæ Кæсæг-Балхъары республикæйы сгуыхт артист Уалыты Гиви.

► **19 февралы** уыд журнал «Мах дуг»-ы редакцион советы æмбырд. Ныхас дзы цыд ахсджиаг фарстатыл. Сфидар дзы кодтой, журналы бындурыл тагъд рæстæджы цы Æппæтдунеон литературон конкурс расиддзысты, уый уагæвæрд.

► **23 февралы** Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны цытæн Хæстон Намысы цыртдзæвæнтыл республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав æмæ Хицауады уæнгтæ сæвæрдтой дидинджытæ.

Цæгат Ирыстонæй Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ацыд 95 мин æфсæддоны, уыдонæн се 'мбис баззадысты тохы быдыры.

► **4 мартъийы** республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав Цæгат Ирыстоны уæлдæр хæрзиуæг «Ирыстоны Намысæн»-æй схорзæхджын кодта Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист, ансамбль «Ирыстон»-ы аивадон разамонæг Плиты Махарбеджы йæ 70-æм азы юбилейы фæдыл.

► **8 мартъийы** Сылгоймæгты дунеон боны фæдыл РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав схорзæхджын кодта, нæ республикæйы алы къабæзты намысджын фæллой чи кæны, Ирыстоны кадыл кад чи æфтауы, уыцы сылгоймæгтæй иу къорды.

► **18 мартъийы** Ирон театры уыд Гаглойты Владимиры пьесæ «Нæ фехъуыстон ма зæгъут!»-ы премьерæ. Йæ режиссер – Уалыты Гиви.

*Шеф-редактор* Н. С. ДЖУСОЕВА
*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М. Т. БАГАЕВ
*Специалист*
*по информационным ресурсам* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 22.03.2021. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м².
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ №159. Цена свободная. Выход из печати 26 марта 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.



**ЦÆЛЛАГТЫ Фатимæ.** *Цъæйаг дидинджытæ*




Индекс 73247
12+